# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ЯНВАРЬ • 2023 • ФЕВРАЛЬ

1



1

IУАЩХЬЭМАХУЭ

2023

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**январь 1 февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис,
Гъут Іэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2023

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI КъардэнгъущI Зырамыку къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу*

**Гъут Iэдэм.** ХэкулIым и щапхъэ нэс................................................ 3
КъардэнгъущI Зырамыку хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр............ 14
**КъардэнгъущI Зырамыку.** Си зауэ гъуэгуанэхэр. *Гукъэк Iыжхэм щыщщ*.................. 23

*Уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбий илъэс 80 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Макъамэм и псэм зи псалъэр пэджэж............... 52
Щомахуэ Хьэсэнбий хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр...................... 57
**Щомахуэ Хьэсэнбий.** *Уэрэдхэр*........................................................ 64

## Прозэ

**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Уафэбгыкъу и нэлат. *Тхыдэ роман*........ 72
**ЩауэцIыкIу Людмилэ.** КъызэмыплъэкIыжа цIыхубз. *Рассказ*................................................... 139

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Мывэ джей пIащIэхэм къыхэщIыкIа унэхэр................................ 161

## Культурэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Актёр телъыджэт, цIыху щыпкъэт........ 165
Мысостышхуэ Пщызэбий хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.......... 171

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз....................................................... 181

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI Къардэнгъущl Зырамыку къызэральхурэ ильэси 105-рэ ирокъу*





# ХЭКУЛIЫМ И ЩАПХЪЭ НЭС

Тхьэ лъапIэм Iэзагъэ куэд зэуэ зритахэм ящыщ зыуэ дунейм тетащ КъардэнгъущI Зырамыку. Нэхъыбэм абы и цIэр япэу зэрызэхахар игъэзащIэ уэрэдыжьхэм ехьэлIауэщ. Илъэс щэ ныкъуэм къриубыдэу абы адыгэ уэрэдыжьу апхуэдизкIэ куэд игъэзэщIащи, я бжыгъэр езы дыдэми ищIэжу щытагъэнукъым. Адыгэ дэнэ щIыпIэ щымыпсэуми, Зырамыку и макъ зэхэзымыхарэ ар фIыуэ зымылъэгъуарэ щыIэу къыщIэкIынкъым.

КъинэмыщIауэ, дэтхэнэ пасэрей уэрэдми езым и хъыбар иIэж хабзэщ, абыхэм я хъыбарIуатэ Iэзэуи зыкъигъэлъэгъуащ Зырамыку. Мыбдежым къыщынаIуэрт ар артист IэщIагъэм зэрыхуеджар. Театрым егъэщIылIауэ иджыри зы IуэхущIафэ иIащ КъардэнгъущIым: абы и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэхэр, ди деж и мызакъуэу, Шэрджэсми, Адыгейми я театрхэм зыбжанэрэ щагъэуващ. Драматургиер литературэм и зы пкъыгъуэмэ, КъардэнгъущIыр адрей пкъыгъуэхэми хуэмыхейуэ къыщIокI: абы итха рассказхэр, публицистикэ тхыгъэхэр, езыр зыхэлэжьыхьыжу псэщIэ зыхилъхьэжа хъыбарыжьхэр, таурыхъхэр, ущие псысэхэр тхылъ щхьэхуэурэ Налшыки, Мейкъуапи, Москваи (урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ) къыщыдокI. Ауэ псом нэхърэ нэхъ зыхуэпэжу и гъащIэ псом ар зыхуэлэжьар адыгэ IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэбэр зэхуэхьэсыжынымрэ ахэр тедзэнымрэщ. ГъэщIэгъуэныращ, сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымыувами, Зырамыку абыхэм зыкъыщигъэлъэгъуэфащ профессионал нэсу – театрым щыщылажьэ зэманым щыгъуэ ар роль нэхъ

гугъухэр зи пщэ иралъхьэ артист нэхъыфIхэм ящыщт, тхакIуэхэм яхыхьамэ, и Iэдакъэ къыщIэкIамкIэ тхакIуэ нэхъ Iэзэхэм яхуэфащэ нэмысыр зыхуригъэщIырт, щIэныгъэрылажьэхэри, абы и цIэр щызэхаххкIэ, щIыхуэтэджын хуэдиз Iуэхуфl илэжьат. Ауэ куэдыр щыгъуазэтэкъым Зырамыку и Iэзагъым бэшэчыныгъэшхуэрэ гуащIэрэ щIэбзэу зэрыщIэлъым. Ар ямылейуэ лэжьакIуэшхуэт, езэш ищIэртэкъым, Iуэху къыпэщылъу етIысэхыртэкъым, зыгуэр щIэн хуейуэ щхьэхыу къигъанэртэкъым.

* * *

КъардэнгъущI Зырамыку ПIатIурэ и къуэр 1918 гъэм январым и 10-м Жанхъуэтхьэблэ (иджы Псыгуэнсу) къуажэм къыщалъхуащ. Пасэ дыдэу абы и адэр дунейм ехыжащ, кIэлъыкIуэу и анэми гу щимыхуауэ, езыр щIалэ цIыкIуу зеиншэ къабзэу къэнащ. Ауэ и насыпу къуэш нэхъыжьыфIхэр иIэти, ахэр жьауэу къыщхьэщытащ, икIи Зырамыку псэуху ибэу зэи зилъытэжакъым. И къуэшхэр сыт щыгъуи и щIэгъэкъуэн пэжт, щIалэр ягъэгушхуэрт, ялъэкIыххэу зыми щагъащIэртэкъым. КъинэмыщIауэ, я унэр цIыху кIуапIэт, адыгэ уэрэдыжьхэр, хъыбарыжьхэр фIыуэ ялъагъурти, ахэр я хьэщIэщым къыщIэIукI хабзэт. КъардэнгъущIхэ я деж къеблагъэхэм яхэтт хэкум щыцIэрыIуэ джэгуакIуэхэр, уэрэдрэ хъыбаркIэ Iэзэ къуажэдэсхэр. Абыхэм ящыщт, псалъэм папщIэ, усакIуэшхуэ икIи джэгуакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъанрэ абы и гъусэу уэрэд жызыIэхэмрэ, иужьрей дыдэ джэгуакIуэхэу ялъытэ Мыкъуэ Хьэцэ, Дол Хьэжпагуэ сымэ. Езы Зырамыку зэрыжиIэжу щытамкIэ, ар адыгэ уэрэд жыIэкIэм хэзыгъэгъуэзар Долыращ. Дауи, ар иджырей педагогикэм и Iэмалхэм щыгъуазэтэкъым, ауэ мо щIалэ цIыкIум и гурыхуагъэр къыщилъагъум, абы хабзэу къищтащ, шыплIэм дигъэтIысхьэурэ, здэкIуэ ефэ-ешхэхэм къыздришэкIыу. Езыр зыхэс гупым хишэрти, хьэщIэщ бжэ къуагъым къуигъэувэрт, и уэрэдхэм, хъыбарыжьхэм иригъэдаIуэрт, унэм къэкIуэжа нэужькIэ, къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, Зырамыку цIыкIур ириджэрти, езым уэрэдрэ хъыбару жиIахэр мобы жригъэIэжырт. Тэмэму къимыIуэтэжуи идэртэкъым, и гур мызэгъауэ мо щIалэ цIыкIури къиутIыпщыртэкъым. Апхуэдэурэ, Зырамыкур цIыхубэ гъуазджэм фIы дыдэу хэгъуазэ хъуащ.

И ныбжьыр нэмысауэ щIалэ цIыкIур школым къыщIэкIыу колхозым хыхьэн хуей мэхъу. ИужькIэ, 1935 гъэм, ар хохуэ Москва дэт еджапIэ цIэрыIуэм – театр гъуазджэмкIэ къэрал институтым Луначарскэм и цIэр зезыхьэм – щеджэну къыхащыпыкIа гупым. А гупым хэтащ иужькIэ зи Iэзагъыр ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми нэIусу цIэ лъапIэхэмрэ саугъэтышхуэхэмрэ къызыхуагъэфэща театр лэжьакIуэ куэд – режиссёрхэу, актёрхэу Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, Шэрий Азрум, Сибэч Быхуэ, Сонэ Мухьэрбий, Мыд Хьэжмусэ сымэ, нэгъуэщIхэри. ЕгъэджакIуэхэм яхэтт къэрал псом щыцIэрыIуэ педагог, режиссёр, актёр Iэзэхэр. Абыхэм урагъэджэн къудейр насыпырыхьышхуэт. Ауэ Зырамыку актёр IэщIагъэм зэрыхуеджэм къыдэкIуэу, консер-

ваторием кIуэурэ вокалымкIэ дерсхэм зыщигъэгъуазэрт, Москва дэт театрхэм, музейхэм, концерт гъэлъэгъуапIэхэм, ТхакIуэхэм я союзым куэдрэ къыщыщIидзырт. Абыхэм нэмыщI, студент щIалэм тхэнми пасэу гу хуещI: Москва дэсыху абы итха «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэр адыгэ драматургием и классикэу нобэми ялъытэ. 1940 гъэм еджэныр къэзыуха гупыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкIуэжым, Зырамыку драмэм и актёр Iэзэ дыдэ зэрыхъуам и щыхьэт диплом плъыжьыр IэщIэлъщ драматург зэпэщи хъуауэ къигъэзэжащ. ЕджапIэр къэзыухахэм Москва къыздрашат «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр, ар театрыщIэр къызэрызэIуаха спектаклхэм ящыщ зыуэ къыздашэжауэ щытащ. ИужькIэ ар езы театрым и сценэми, ди республикэм и къуажэхэми, хамэ щIыпIэхэми куэд дыдэрэ щагъэлъэгъуащ.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным зы илъэс иримыкъу иIэу, актёр, драматург щIалэр Дзэ Плъыжьым ираджэри, зауэр иухыу мазэ бжыгъэ дэкIыжыху сэлэт къызэрыгуэкI IэнатIэм пэрытащ. А зэманым кърибыдащ десантыдзэм хэту зэуэнри, бийм къиувыхьа дзэ пакIэм хэту фронтым и щIыбым къыщыхутэнри, нэмыцэ гъэрэщу цIыху хейхэр мин щэ бжыгъэкIэрэ зэрыкIуадэр зыхуэдэр игъэунэхунри. Ар гъэру щаубыдам щыгъуэ тIэунейрэ къыщIэпхъуэжащ, зэм къаубыдыжри Iуэм ирадзэжащ, ауэ етIуанэм щыгъуэ и насыпыр текIуэщ, бийм къыIэщIэкIыжри, Дзэ Плъыжьым къыхыхьэжащ икIи уIэгъэ хьэлъэ къытехуэу госпиталым къыщыхутэху япэ ит окопым исхэм ящыщ зыуэ зэуапIэм Iутащ.

Зырамыку хэкум къыщихьэжам щыгъуэ фэбжьым апхуэдизкIэ и гуащIэр щIихати, занщIэу театрым увыжыфакъым, зы илъэскIэ къуажэм дэсащ, зигъэхъужу, и къару щIэкIар зэщIигъэуIуэжу. Ауэ КъардэнгъущIым мыгъуагъэу илъагъунур абдежым щиухакъым. Куэд дэмыкIыу, абы илъэс бжыгъэкIэ къежьа, щIалэ дыгъэ дэзыгъуэта и щхьэгъусэр уз бзаджэм ехьри, езыр лIыгъуабэу къонэ. Алыхьым къиужэгъужауэ къыщIэкIынутэкъыми, пIэщхьагъ тынш игъуэтыжри, и щIалэ нэхъыжьым иджыри бынитI къыкIэлъыкIуащ. Ауэ зэман зырызкIэ и бынищри, абыхэм я бынитIи, абыхэм нэмыщI и шыпхъури, зыгъэгушхуэу щыта и къуэшхэри зэкIэлъхьэужьу и IэкIэ щIилъхьэжащ. ИкIи театрымрэ езым фIы дыдэу илъагъу и ныбжьэгъухэмрэ къахэкIыжын хуей мэхъу. А псом ящIыIужкIэ, и узыншагъэри щIагъуэжтэкъым. УIэгъэ хьэлъэу тIу телът, фошыгъу узым ишхырт, и Iэпкълъэпкъым щыщу къемызауэ иIэжтэкъым. Езы дыдэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, и нэхъ мащIэрауэ, абы и Iэпкълъэпкъым дохутырхэр тIощIрэ сэкIэ хэIэбащ. ИтIанэми уэрэд жиIэрт, и гушыIэ дахэр япэ итт, дэтхэнэ зыми хуэгумащIэт. Мис абыхэмрэ зауэм щишэча псом къызэреламрэщ Зырамыку «гъущI дыдэти» щIыхужаIар.

1948-1949 гъэхэм Шортэн Аскэрбий гуп зэригъэпэщырт адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр къызэхакIухьу IуэрыIуатэ ятхыжыну. Зырамыку зыкIи мычэнджэщэжу а гупым хохьэ икIи абдежым щегъэжьауэ абы и гъащIэр епха мэхъу адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, джыным, тхылъхэурэ къыдэгъэкIыным. Илъэс хыщIкIэ, нэгъуэщIу

жыпIэмэ, зылI и ныбжь нэблагъэкIэ, пэрытащ ар а IэнатIэм – ямылейуэ фIыщIэ ин дыди, хъуэпсэгъуэу узыхэпсэукIын хуэдэ мылъкушхуи къыпимыхыу, ауэ, и псэр хуитхьэщIыкIауэ, фIыуэ хузэфIэкIыр и лъэпкъым хуилэжьу. Апхуэдиз зэманым къриубыдащ Кавказ щIыналъэм адыгэ щыпсэууэ иIэ щIыпIэ псори – мэздэгу адыгэхэм я деж щегъэжьауэ шапсыгъхэм я псэупIэ хы ФIыщIэ Iуфэхэм нэсу – зыбжанэрэ къызэхэкIухьынри, Iэрытхыу, хьэмэрэ магнитофон лентым тетхауэ уэрэду, хъыбару, таурыхъыу, псалъэжьу, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэу щэ бжыгъэхэр къэугъуеинри. Абыхэм къыхащIыкIыжащ нарт хъыбархэрэ пшыналъэу тхылъ къыдэкIыгъуэ зыбжанэ, «Адыгэ IуэрыIуатэхэр» зыфIаща томышхуитIыр, «Адыгэ псалъэжьхэр» тхылъитIу зэхэлъыр, уэрэдыжьхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэр, пшынэ макъамэхэр, хъуэхъухэр, адыгэ тхыпхъэхэр, таурыхъхэр, нэгъуэщIхэри. А псори нобэ ди лъэпкъ щэнхабзэм апхуэдизкIэ кууэ хэлъ хъуащи, хэбдзыжыну ухуежьэмэ, адыгэр зэрылъэпкъыу нэхъ фагъуэу плъагъунущ.

ЗэрыжытIащи, КъардэнгъущI Зырамыку и лэжьапIэ нэхъыщхьэу илъэс пщIы бжыгъэкIэ щытар Налшык дэт Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэхутэ институтыращ (абы и цIэр зыбжанэрэ зэрахъуэкIащ, иджы зэреджэр – Урысей щIэныгъэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым хыхьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтщ). Пэжщ, зэгуэрым пIалъэкIэ и лэжьапIэр ихъуэжын хуей хъуауэ щытащ, ауэ абы щыгъуэми Зырамыку и псэм хэлъ IуэрыIуатэм пикIуэтакъым. Илъэс пщIы бжыгъэхэм кърикубыдэу абы итхыжурэ архивым щигъэтIылъахэр, тхылъхэурэ къытригъэдзэжахэр, радио эфирым кърилъхьэжахэр, сценэм щигъэзэщIа псори зэхэплъхьэжмэ, том пщIы бжыгъэ хъунщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Дауи, дэ, абы и лъэужьым тету и Iуэхум пызыщэхэм, ди къалэнхэм ящыщщ апхуэдэ лIы щыпкъэм и гъащIэмрэ IуэхущIафэу иIамрэ къэтпщытэжу утыкушхуэ къитлъхьэжыныр. Ауэ ар апхуэдизкIэ лэжьыгъэшхуэщи, тхылъ псокIи къыпхуэпщытэну ди фIэщ хъуркъым.

Мыбдежым псом хуэмыдэжу къыхэгъэщыпхъэхэм ящыщ зыщ Шортэным и унафэм щIэтрэ езым хуэдэу лъэпкъым и IуэрыIуатэр фIыуэ зылъагъу гупым хэту Зырамыку илъэс зыбжанэкIэ экспедициехэм зэрыхэтар. Ахэр мазитI-щыкIэ ежьэхэрти, ди республикэри, Осетиери, Ставрополь, Краснодар крайхэри, ди лъэпкъэгъу щыпсэу нэгъуэщI щIыпIэхэри къызэхакIухьырт. Иджырей электроникэ Iэмалхэр зэгуэр щыIэну ящIэххэртэкъым, нэхъыбэу зэратхыр къалэмкIэт, ари дэдызэсахэм хуэмыдэу, е шакъалъэм ит шакъэм хагъауэурэт, е пхъэтх (къэрэндащ) къагъэсэбэпурэт. Электроникэ жыхуэпIэным ебгъэщхь хъуну зы магнитофон къыздрашэкIырт, лIитIым зэпаIыгъыу къаIэту. Абыи бэлыхь пыщIат: магнитофон лентIыр мащIэти, уэрэдыр кIыхьмэ, и пэщIэдзэм фIэкIа ятхыртэкъым, адрейхэр IэкIэ ятхыжын хуей хъурт, абы нэмыщI, къуажэхэм я нэхъыбэм электричествэр нэсатэкъыми, а магнитофоныр зыгъэлэжьэн генератор къыздрашэкIырт, езыр бензинкIэ лажьэу, абыи макъышхуэ дыдэ ищIырти, ухуэбэлэрыгъмэ, магнитофоным итхынкIэ хъунур пшынауэ макъытэкъым, хьэмэрэ уэрэ-

ду жаІэратэкъым, атІэ моторым и ву макъым псори щІихъумэжынут. ЗэрызекІуэу щытари щхьэ зытемылъ, хьэлъэ гуэрхэр къешэкІыным хуэщІа маршынэжьт – къешхыр къатешхэу, къесыр къатесэу.

Зэманым хуэмурэ зихъуэжащ. Псалъэм папщІэ, 1972 гъэм зы мазэ пІалъэкІэ ежьауэ щыта экспедицэр япэрейхэм нэхърэ нэхъ зэгъэпэщат, магнитофонуи тІу яІыгът, УАЗ хьэлъэзешэ цІыкІуу зэрызекІуэми чэтэныщхьэ хъарзынэ телът. Абы иужьыжкІэ ежьахэр зэрызекІуэр микроавтобус, хьэмэрэ автобусышхуэт, зэзэмызи маршынэ псынщІэ къащылъыси щыІэу. Экспедицэм хэт дэтхэнэ зыми щхьэхуэу магнитофон иІыгъыжт, ари япэрейм хуэдэу мыхьэлъэжу. Мис апхуэдэурэ зэхуахьэсащ ди институт фонотекэмрэ Іэрытххэр зыщІэлъ архивымрэ дыщэ пэлъытэу нобэ щахъумэ тхыгъэхэр. Абыхэм уахэплъэмэ, нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщ зыщ КъардэнгъущІ Зырамыку къиугъуеяхэр.

ІуэрыІуатэ тхыжыныр икъукІэ Іуэху щхьэпэщ икІи къиинщ. Пшыналъэхэм, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм, псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ, таурыхъхэм, къебжэкІхэм, къуажэхьхэм зэманым къыпхахри ди деж къахьэсащ ди япэ итахэм я хъуэпсапІэхэр, я дуней еплъыкІэр, я псалъэрыІэзагъыр, анэдэлъхубзэм и ІэфІыпІэр. Ахэр къэбугъуеижу нобэрей цІыхубэм я щэнхабзэм хэбухуэнэныр лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтегъэнэжыным хуэунэтІа Іуэхущи, ущыуэу мыхьэнэ зиІэ гуэр ебгъэкІуэтэкІ, хьэмэрэ зэрыщымытауэ бгъэщІэращІэ хъунукъым. Ар зэрыщыта дыдэм хуэдэу тхылъым иптхэжмэ, аращ лъэпкъым Іуэхутхьэбзэ хуэхъунур. Зырамыку абдежми хуэмыхуу зыкъигъэлъэгъуакъым. Ар яхэтащ 1951 гъэм «Нартхэр. Къэбэрдей эпос» тхылъышхуэр зыгъэхьэзыру къыдэзыгъэкІахэм. ИужькІэ абы и закъуэу е гъусэ иІэу игъэхьэзырахэу тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ. Апхуэдэщ «Адыгэ уэрэдыжьхэр» (1969, 1979) «Адыгэ пшыналъэ» тхылъхэр (1993). Абыхэм зэщхьу сыт яхэлъ жыпІэмэ, щыри зы ІуэхугъуэкІэ зэпхащ: уэрэдыжьхэр пасэ зэманым зэрызекІуэу щыта хабзэм тету, дэтхэнэ уэрэдми и хъыбарыр и гъусэжщ. Пэжщ, хъыбархэр я кІыхьагъкІэ шэщІауэ къэІуэтэжакъым, ауэ КъардэнгъущІым ипэ тхылъ къыдэзыгъэкІахэм ари ягу къэкІыххакъым.

ХыщІ гъэхэм я пэублэм Шортэн АскэрбийрэКъардэнгъущІымрэ ягу иралъхьэ адыгэ ІуэрыІуатэм и нэхъ курыхыр къыхэщыпыкІауэ зы тхылъышхуэу къыдагъэкІыну. Зыр тІу яфІохъури, «Адыгэ ІуэрыІуатэхэр» тхылъ пІащэшхуэхэр томитІу дунейм къытохьэ. Абы ихуат нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ ящыщи, таурыхъи, пасэрей дыдэ хъыбарыжьхэри, усэхэри, хъуэхъухэри, уэрэдыжьхэри. Нобэр къыздэсым а томитІым ефІэкІыу адыгэ ІуэрыІуатэм и лІэужьыгъуэхэр къызэщІэзыубыда тхылъ дунейм къытехьакъым ди бзэкІэ тхауэ. А зэман дыдэм Зырамыкурэ ГъукІэмыхъу Іэбубэчыррэ зэдагъэхьэзыращ адыгэ псалъэжьхэр. Ари япэщІыкІэ зы тхылъым изэгъэну ялъытамэ, тхылъ тыкъыритІ хъуауэ щытащ. Апхуэдэ лэжьыгъэм фІагъыу кърикІуащ налкъутым хуэдэу ди бзэм и дахапІэ псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ зэгъэуІуауэ дунейм къытехьэныр. Ауэ а том цІыкІуитІыр гъэхьэзырыным илъэс зыбжанэ зытекІуэда лэжьыгъэшхуэ пыщІауэ къыщІэкІащ.

Япэрауэ, адыгэ тхыбзэ къыщыунэхуагъащIэхэм щегъэжьауэ дэнэ сыт хуэдэ псалъэжь къыщытрадзами къэпщытэн хуейт. Ар тхылъыжьхэу, тхылъыщIэхэу Iэджэщ, пасэрей, иджырей газетхэщ, журналхэщ. Абы нэмыщI, Iэрытхыу архивхэм хэлъыр къэгъуэтауэ, тедзапхъэхэр къыхэщыпыкIын хуейт. Езы зэхэзылъхьэхэм ятхыжахэри мащIэтэкъым. Апхуэдиз лэжьыгъэр тхылъ хьэзырыр зыIэрыхьэ дэтхэнэми илъагъуркъым, ауэ ар зыгъэзащIэм зы псалъэ налкъутыр къигъуэтын щхьэкIэ мывэкIэщхъ тонн бжыгъэхэр кIанэ зырызу зэIипщIыкIыныр и натIэщ. КъардэнгъущIым тхылъ дапщэ имыгъэхьэзырами, дэтхэнэ зыри апхуэдэ защIэу зэхэлъщ.

Абыхэм ящыщ зыщ «Андемыркъан. Адыгэ лIыхъужь эпос» жиIэу Зырамыку къыдигъэкIар. Ар ауэ сытми текстхэр щызэхуэхьэса тхылъкъым, атIэ икIи къэхутэныгъэ куущ, икIи щIэныгъэ хабзэкIэ къыхэщыпыкIа материалхэщ, абы къыдэкIуэу езы къэхутэныгъэхэр нэхъ зэIубз зыщIыж гуэдзэни дэщIыгъущ. А псори укъеджэнкIэ гурыхьу зэгъэкIужащ. Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, Андемыркъан и уэрэдымрэ и хъыбархэмрэ щыжамыIэ адыгэ здэщыпсэу щIыпIэ дунейм теткъым – Къэбэрдейми, Адыгейми, Шэрджэсми, Осетиеми, Краснодар, Ставрополь крайхэми, Тыркуми, хьэрып къэралхэми. Япэ дыдэ уэрэдыр XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм итхауэ щытащ Нэгумэ Шорэ. А лIэщIыгъуэ дыдэм иджыри зыбжанэрэ ятхыжащ икIи къытрадзэжащ Андемыркъан и уэрэдри, и хъыбарри. XX лIэщIыгъуэм къриубыдэу ахэр щэ бжыгъэу ятхыжащ Iэпэрытхыуи магнитофонкIи. А къомым, дауи, зэрызэтехуэрэ зэрызэщхьэщыкIрэ Iэджи яIэщ. Зы тхылъ игъэхьэзырын щхьэкIэ ахэр псори зырызыххэу щIипщытыкIащ еджагъэшхуэм. НэгъуэщI зыри хузэфIэмыкIауэ щытами, КъардэнгъущIым и цIэр дэтхэнэ адыгэми игъэлъэпIэну а зыр ирикъунут.

Ауэ ищIа псоми я щхьэжу, лъэпкъым дежкIи Iуэхутхьэбзэшхуэу жыпIэмэ, ущыуэнкъым том зыбжанэ хъууэ абы и жэрдэмкIэ ди институтым игъэхьэзыра «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ» лэжьыгъэшхуэр. Пэжщ, абы гупышхуэ елэжьащ, ауэ къызэхэзыублари гуп псом и купщIэу щытари Зырамыкущ. ЯпэщIыкIэ езыми абы щыгъуэ институтым и директору щыта Лъостэн Владимири я мурадат уэрэд текстхэри нотэхэри зэщIэту иту зы тхылъ пIащэфI къыдагъэкIыну. АрщхьэкIэ Iуэхум нэхъ кууэ хэгъуазэ щыхъум, нэрылъагъу хъуащ, зылI-лIитIкIэ ар зэрызэфIэмыкIынур. ДиректорыщIэу къэува Хутуев Хьэнэфий деж Iуэхур щынэсым, псалъэ къыхимыгъэкIыу, хуит ищIащ уэрэд дапщэрэ тхылъ дапщэрэ хъунуми, хэт а лэжьыгъэм къешэлIэн хуейми секторым яубзыхуу планым хагъэхьэну. Арати, наIуэ къэхъуащ зылI-лIитIым я пщэ дэзэгъэн я гугъэу кърахьэжьа Iуэхур том зыбжанэу гъэпсын зэрыхуейр, абы гупышхуэ емылэжьу зэрымыхъунур. IэпэкIэ тха текстым умыщIэххэу щыуагъэ хэтынкIэ хъунущ, жаIэри мурад ящIащ магнитофонкIэ тха фIэкIа хамыгъэхьэну. Ар нотэм ибгъэзэгъэнкIи нэхъ къезэгърабгъут – макъкIэ тхам уедэIуэжурэ нотэм иплъхьэжыфынути. АбыкIэ уэрэду къытрадзэр зыгуэри зыхэмылэжьыхьыжауэ, зэрагъэзэщIа дыдэм хуэдэу тхылъым ихуэжынут, шэч къы-

зытепхьэн зыри щымыIэу, фотокамерэм триха сурэтым и палъэу. Абы нэмыщI, уэрэдхэр адыгэбзэм и диалектхэмкIэ тхат – хэт къэбэрдеибзэу, хэт кIэмыргуеибзэу, хэти шапсыгъ, абэзэхэ, бжьэдыгъу, беслъэней псэлъэкIэу. А бзэ лIэужьыгъуэ псоми щыгъуазэ щIэныгъэлIи къешэлIэн хуей хъуащ. Ар КъБКъУ-м и доцент Иуаныкъуэ Нурбий къытехуащ. Апхуэдэу, ди адыгэбзэм и закъуэ мыхъуу, мелуан щэ бжыгъэм яIурылъ урысыбзэмкIэ дэтхэнэ зы текстри зэдзэкIамэ, лэжьыгъэм и пщIэр лъагэ зэрыхъунури нэрылъагъути, ари Iуэхум и зы Iыхьэшхуэ хъуащ. Абы щхьэкIэ зы гуп цIыкIу къызэрагъэпэщащ, Нало Заур я пашэу, Иуаныкъуэмрэ ГъукIэмыхъу Iэбубэчыррэ хэту. А псом я щхьэжу къанэр зыт: макъкIэ тхыжа уэрэдхэр нотэм илъхьэжынрат. Мис ар адрей псом нэхъ рэ нэхъ къиину къыщIэкIащ. А Iуэхум хуеджа зыри щыIэтэкъым, нотэм щыгъуазэ дэтхэнэми ар хузэфIэкIынутэкъым. Нэхъ узыщыгугъынухэр здэщыIэр Композиторхэм я союзрати, Зырамыку абы кърищурэ тIум, щым, плIым яригъэлъэгъуа щхьэкIэ, апхуэдэ лэжьыгъэм тегушхуэн къахэкIакъым. ИкIэм-икIэжым, уэрэд жыIэным хуеджауэ абыкIэ фIэкIа къамыцIыху Бэрэгъун Владимир къыкъуэкIри, ар къэуващ, сыт хуэдиз гуащIэ темыкIуадэми, къимыкIуэтыжыну. Москва дэс щIэныгъэлI нэхъ Iэзэу къэралым исхэри абырэ Зырамыкурэ я лIыгъэкIэ къешэлIа хъури, ди институтыр евэлIащ ди къэралышхуэм зэи зыми щимыгъэзэщIа лэжьыгъэшхуэм. Директорми и псалъэр игъэпэжри, текIуэдэну мылъкум щхьэкIэ къэувыIэ щымыIэу япэ томитIыр ягъэхьэзырри, Москва дэт «Советский композитор» тхылъ тедзапIэшхуэм къыщыдэкIащ. КуэдкIэ яужь къинакъым ещанэ томым и япэ тхылъри. Ауэ абы ирихьэлIэу къэралыр щIэкъутэжын Iуэхухэр къэнахуэщ, дунейр къызэIыхьэщ, ди институтми зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр къыщыунэхури, лэжьыгъэм гулъэф хуэхъуащ. Дауэ мыхъуми, ещанэ томым и етIуанэ тхылъыр зыгуэрурэ а тхылъ тедзапIэ дыдэм къыщыдэкIащ. ЕплIанэ томыр Москва яшауэ, иджыри зэлэжьыжын къэнауэ, щIэныгъэ IуэхукIэ ди гъуазэу щыта, дуней псом щыцIэрыIуэ профессор Гиппиус Е. В. сымаджэ мэхъури мэузджынтыж. Музыкэ и лъэныкъуэкIэ мы Iуэхум псэуэ хэта Бэрэгъунри абы и ужькIэ куэдрэ псэужакъым. КъинэмыщIауэ, япэхэм хуэдэу институтым мылъкушхуэ къыхуэкIуэжыртэкъым, лэжьыгъэр арыншэу гъэкIуэтэгъуейт. Арати, том зыхыблу дунейм къытехьэнкIэ дызыщыгугъа лэжьыгъэшхуэр и кIэм нэмысауэ къэнащ. Пэжщ, Зырамыку и гуащIэрэ и хьэтыркIэ мы серием хэбгъэзагъэ хъуну зы том Налшык дунейм къыщытехьащ, макъамэхэр иту. ЕплIанэ томри Москва къитхыжщ, иджыри зэ дыхэплъэжщ аби, этномузыколог ГъукIэ Анжелэ нотэхэр игъэтэрэзыжри къэдгъэтIылъыжащ. Ауэ Зырамыку а иужьрейхэр илъагъужакъым.

ГъащIэм и хабзэ гурымыхьхэм ящыщ зыщ дунеягъэкIэ дэтхэнэ зыми къылъыс пщIэр сыт щыгъуи зэримыгъуэтыжыр. Пэжыр, жыпIэмэ, КъардэнгъущI Зырамыку цIэ лъапIэхэри къыфIащауэ щытащ, нэгъуэщI лъапIэныгъэ зыкъоми ирагъэлъагъужащ. Ауэ мы зи гугъу тщIы тхылъым и пщIэр къызыгурыIуауэ хэкум исыр закъуэтIакъуэщ. ИпэжыпIэкIэ жысIэнщи, абы хуэфащэ пщIэ ауэ гъунэгъууи игъуэта-

къым. Абы и япэ томыр къыщыдэкIам щыгъуэ къэралым и ЩIэныгъэ академием IуэрыIуатэмкIэ иIэ къудамэр зэхуэсри, мы тхылъыр Совет Союз псом и гуманитар щIэныгъэм ича лъэбакъуэщIэу къалъытауэ щытащ, икIи фIыщIэ тхылъ ди институтми, республикэм и унафэщIхэми къыхуагъэкIуащ. АрщхьэкIэ а лъэхъэнэм ар къызыфIэIуэхун республикэм къикIакъым. Нобэми аращ. Дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэ а лэжьыгъэр лъапэкIэ зэрахуэу, лъэпкъым и тхыдэми, и щэнхабзэми, и гъуазджэми зыкIи хуэмыщхьэпэнухэм ехьэжьауэ презентацэхэр яхуэтщIу допсэу. А гуныкъуэгъуэр яIэу дунейм ехыжащ езы КъардэнгъущI Зырамыкуи, абы и гъусэу я псэ емыблэжу лэжьа Бэрэгъун Владимири, ГъукIэмыхъу Iэбубэчыри, Нало Заури.

Ауэ, сыт хуэдиз зэман дэмыкIми, фIым и пщIэр сэтей къэхъунущ. Зэгуэр а лэжьыгъэшхуэми, нэгъуэщIу Зырамыку хуэдэхэм ялэжьахэми яхуэфащэ лъапIэныгъэр къалъысыжынущ, мы дунейм зэхэщIыкI зиIэ цIыху тетыж закъуэмэ. Мис абы щыгъуэм и лъэпкъым псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьахэм я псэхэр къызэщыужынурэ дунейри къэщIэрэщIэжынущ.

Ар и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу зыпэрытаращ. Абы нэмыщI, ауэ Iэ сэмэгугъэ хэмылъу Зырамыку хузэфIэкIахэм ящыщщ, къапщтэмэ, Нэгумэ Шорэ урысыбзэкIэ итха «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIыжар, хьэмэрэ Махуэ Iэлисахь игъусэу «Хъуэжэ и таурыхъищэ» тхылъыр зэригъэхьэзырар, сабийхэм щхьэкIэ таурыхъ зыкъом езым къызэриIуэтэжар, рассказхэр къызэрытригъэдзар, «Адыгэ хъуэхъухэр» тхылъ дахэ дыдэр, адыгэ анекдотхэр игъэхьэзыру ахэри къызэрыдигъэкIар, Щоджэн Хьэзешэрэ абырэ зэгъусэу «Адыгэм хабзэу яIахэр» тхылъ хьэлэмэтри дунейм къызэрытехьар. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэфащэт щхьэхуэу утепсэлъыхьыну, ауэ жытIамкIэ дызыхуейр къытхуэIуэтауэ къэтлъытэнщ.



* * *

Иджыри зы Iуэхугъуэ дытемыпсэлъыхьу къэдгъанэ хъунукъым. Ар Зырамыку хэлъа цIыхугъэшхуэращ. Куэд зышэчар нэхъ зэкIуэцIылъ, нэхъ жьагъуэ щыхъур нэхъыбэщ, ауэ мыр ящыщт гъащIэм зэрыриудэкIам нэхъ гу бзаджэ ищIыным и пIэкIэ нэхъ гумащIэ хъуа закъуэтIакъуэхэм. Ар сыт щыгъуи псоми зэхуэдэу яхуэнэшхуэгушхуэт, и гушыIэ дахэр сыт щыгъуи япэ итт, гупым хыхьамэ, малъхъэдисым хуэдэу, къэзыухъуреихьхэр зыщIишэрти, абы фIэкIа зыми емыдэIуэж ищIырт. Щизакъуэм дежи бжыгъэншэу ищIэ уэрэдхэм ящыщ зыгуэр и дзапэм пылът. А уэрэдхэр зыхуауса лIыхъужь уардэхэрат абы и пщалъэр, ахэрат и чэнджэщэгъуу и гъуазэр. Абыхэм яхэлъа лIыгъэр, цIыхугъэр, бэшэчагърауэ къыщIэкIынщ езыри уэрэдым къыхэкIам хуэдэу щIыщытар. ИтIанэ, зыгуэркIэ цIыхум егуэпэныр къыдалъхуауэ и щэным хэлът. Сыт хуэдизу и жагъуэ къамыщIами, хуэфэщэн пщIэрэ нэмысрэ къыщыхуамыщI къэхъуами, а лIы къызэрымыкIуэм и гум дыджыгъэ гуэри илътэкъым, къытралъхьэр и хьэлъэу, езым и пщэ къыдэхуауэ илъытэж къалэнышхуэм хуэпэжу дунейм тетащ.

Зэгуэрым дэ къытхуихуащ ди лэжьэгъу нэхъыфI дыдэу къэтлъытэхэм ящыщ зы илъэс куэд щIауэ зыIут IэнатIэм и щхьэр зэрыIурагъэхыр тлъагъуну. Зырамыку абы деж кIуащ епсалъэу къригъэгъэзэжыну игу ирилъхьэри. АрщхьэкIэ модрейм идэртэкъым, сэ къызащIар къызащIауэ сигу техуэу згъэзэжынукъым, жиIэрт. Ар щызэхихым, Зырамыку, къыфIэмыIуэху щIыкIэу, мыр пидзыжащ:

– Ей, си къуэшыжь, ущымыуэ. Абыхэм зыгуэр къуащIэн хуейуэ я къалэнщи, ягъэзащIэ, уэ уи къалэныр абы щхьэкIэ къыумыгъанэ. Сэ зыгуэр къызищIэну сиужь къихьэ псом щхьэкIэ зызгъэгусэурэ сытIысыжу щытамэ, сщIам и зы пщIани схуэщIэнтэкъым. Уэ уи натIэ къритхам упимыкIуэт. А уи къалэнращ уэ къемэт махуэм жэуап зэрыптыжынур.

Мы дунейм къытехьэ дэтхэнэ зыми Тхьэ лъапIэм хьэл зырызрэ зы Iэзагъэ гуэррэ кърет. Ауэ зы зылъысам адрейр щыхуримыкъуж куэдрэ къохъу. КъардэнгъущI Зырамыку къыщигъэщIым, зыгуэрми щымысхьыжу къритат – ямылейуэ Iэзагъышхуэри, гурыхуагъри, макъ дахэри, гуащIэшхуэри, цIыхугъэ-гуапагъэри. КIуэаракъэ, адыгэлIым мыр хэлъащэрэт, жыхуэпIэн псори дэплъагъурт а лIы лъахъшэ нэгуфIэм. Апхуэдэ зырыз пIалъэ-пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми къызыхэкI лъэпкъыр фIыкIэ гугъэ хъунущ. Абы и ужь хуэфащэу итын щIэблэ щыIэ закъуэмэ.

**ГЪУТ Iэдэм,**  
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*  
*2018*



**Нало Заур, Мамхэгъ Къанщобий, КъардэнгъущI Зырамыку сымэ.** *1983*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Алборэ Аслъэн, Хьэмгъуокъу Леонид, КъардэнгъущI Зырамыку, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Бекъалды Анатолэ, Тхьэзэплъ Хьэсэн сымэ.** *2002*



**Бэрэгъун Владимир, Гиппиус Евгений, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур сымэ лъэпкъ IуэрыIуатэм топсэлъыхь.** *1982*





**КъардэнгъущI Зырамыкурэ Нало Зауррэ.** *1989*

# КъардэнгъущI Зырамыку хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

ЛIым сыт и пщIэр, – щыжаIэм, – «ЛIым хузэфIэкI и пщIэщ», – къажриIат Къэзанокъуэ Жэбагъы. Къэбэрдейм зи псалъэ шэч къытрамыхьэжу щытар аракъэ? Жэбагъы жиIам тепщIыхьмэ, КъардэнгъущIым лIищ я пщIэ къылъос: ди литературэм зылI и увыпIэ щеубыд, илэжьам мыхьэнэуэ иIэр къэплъытэмэ; уэрэд гъэIунымкIи цIэрыIуэ куэдым яхузэфIэмыгъэкIа зэфIигъэкIащ; щIэныгъэ IэнатIэу зыпэрытми лIы зэхъуэпсэн щилэжьащ.

Зырамыку махуэ къэс уэрамым ущыхуэзэу сэлам епх щыхъукIэ, уэ пхуэдэ къызэрыгуэкIыу къыпщохъу, укIэлъыплъыжрэ уегупсысыжыпэмэ, щэджащэхэм зэращыщыр уолъагъу.

**НАЛО Заур,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2007*

* * *

Зырамыку и цIэр фIыкIэ жыпIэ хъунут, лъэпкъ театрыр къэунэхуным, зиужьыным теухуауэ илэжьам фIэкIа абы и гъащIэм хэмытами.

Зырамыку бгъэлъапIэ хъунут, Iэщэр иIыгъыу зауэ гъуэгуанэ кIыхьыр, хьэлъэр, псэзэпылъхьэпIэкIэ гъэнщIар зэрикIуам щхьэкIи.

Ауэ зы лIыфI щIагъэлъэпIэн хуэдиз лъэныкъуэ зыбжанэу зэхэлъщ КъардэнгъущIым и цIэрыIуагъэм лъабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэр.

ЩIэи гъуни иIэкъым жыхуаIэм хуэдэщ Зырамыку IуэрыIуатэхэкIыу зэхуихьэсыжар. Нарт пшыналъэхэр, хъыбарыжь гъэщIэгъуэныщэхэр, таурыхъхэр, псалъэжьхэр, къебжэкIхэр... ЖыпIэнуракъэ, «Адыгэ IуэрыIуатэкIэ» зэджэу нобэкIэ дызэрыгушхуэ къомыр зэрымыкIуэдыжам, зэрыщыIэм КъардэнгъущI Зырамыку и фIыщIэ ин хэлъщ. ФольклористикэкIэ зэджэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ жыпIэмэ, ари мащIэ къехъуэкIынущ абы илэжьам.

Зырамыку ящыщщ пасэ дыдэу ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьахэм, сыщымыуэмэ. Адыгэ тхакIуэхэм ар нобэ ди нэхъыжь дыдэщ, ди тхьэмадэщ. «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», «Андемыркъан», «Къэбардэрэ Алътудрэ», «Хъуэжэ» жыхуаIэ тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэри Зырамыку и Iэдакъэм къыщIэкIащ, публицист, журналист лэжьыгъэ куэди иIэщ.

НэхъыфIыжу жызыIэн Тхьэм къигъэунэху, Зырамыку и пщIэмрэ и щIыхьымрэ абы зыкIи игъэлъэхъшэну къыщIэкIынкъым, ауэ си щхьэкIэ адыгэ уэрэдыжьхэм тепсэлъыхьIауэ щызэхэсхкIэ, сэ зи теплъэ си нэгу къыщIыхьэри, зи макъ си тхьэкIумэм итри КъардэнгъущI Зырамыкущ. Шэч къытесхьэркъым «Адыгэ уэрэдыжь» псалъэхэр ди лъэпкъым куэдрэ, куэдрэ зэрызэрихьэнум.

«Дыщэ фонд» жыхуаIэм хуэдэ ди радиом иIэу щытмэ, шэч хэмылъу, абы хыхьэ нэхъ пажэхэм ящыщу къыщIэкIынщ Зырамыку къигъуэтыжамрэ гъэщIэгъуэныщэу къиIуэтэжахэмрэ. Абы и макъым, и къэIуэтэжыкIэм хэлъщ къыбдамылъхуамэ зыхэплъхьэфынкIэ Iэмал имыIэу узыIэпызышэ гуэр. А жысIэм щыхьэт тIуащIэ къытехъуэну къыщIэкIынщ, радиокIэ, телевизоркIэ мыхъуу, езы Зырамыку бгъэдэсрэ гу ихакIэ ар гушыIэу зэхэзыха дэтхэнэри.

Дауи, насыпышхуэщ лъэпкъ псо зэрыбгъэгушхуэн лъэкIыныгъэ уиIэу дунейм укъытехьэныр. КъардэнгъущI Зырамыку нэхъ цIыху насыпыфIэ дыдэхэм яхэбжэн хуейт. Ауэ гъащIэм ар зэи щигъэщIакъым и удынхэм: зыр адрейм кIэлъыкIуэу жыхуаIэм хуэдэу дунейм ехыжащ абы и бынищри. Уи пкъым къикIа щIалищ уи IэкIэ щIэплъхьэжын жыхуэпIэр – ар хьэлъэ дыдэщ, гу махэрэ псэ махэрэ зиIэ цIыхур къызэмылхэм ящыщщ. Ауэ IуэхущIафэ инхэм хэт цIыхур гъащIэм и удын хьэлъэхэм нэхъ пэщIэтыфу къыщIэкIынущ. Ноби къызыхэкIа лъэпкъым хуолажьэ Зырамыку.

**IУТIЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*1998*



* * *

Дуней псом зы адыгэ тету къыщIэкIынкъым КъардэнгъущI Зырамыку и цIэр зэхэзымыхарэ ар фIыуэ зымылъагъурэ. Зырамыку хуэдэ лIы щэджащэхэр илъэсищэ къэс зэ къызыщIэхъуа лъэпкъым и насыпщ. А насыпыр адыгэхэм Алыхьым къыдипэсауэ щытащ 1918 гъэм и япэ мазэ дыдэм. Къызыхуалъхуар лъэпкъыр игъэгуфIэну, игъэбжьыфIэну арати, а къалэн лъапIэр гъэзэщIэныым пасэу, щIалэ дыдэу щIэзыдза Зырамыку щIыхуэ къытехуауэ жызыIэфын адыгэ уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум къыдэбгъуэтэну къыщIэкIынкъым.

Илъэс 60-м щIигъуауэ КъардэнгъущI Зырамыку гурэ псэкIэ хуолажьэ адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ. Ауэ сытми хуэлажьэ къудейкъым – ищIэр хъууэ, абы ищIам ущIытеIэзэщIыхьыжын щымыIэущ ар сытым дежи зэрылажьэр. И художественнэ тхыгъэхэми и хъыбар къэIуэтэжыкIэхэми «КъардэнгъущI» дамыгъэр ятелъщи, а лъэпкъ дамыгъэр зыхэбгъэгъуэщэн щыIэкъым. Ар зейр Зырамыкущ! ЩIэныгъэлI КъардэнгъущIым зэхуихьэсыжа хъыбарыжь, уэрэдыжь къомыр-щэ! Ахэр адыгэ щэнхабзэм и пхъуантэдэлъ мыкIуэдыжыну игъащIэ псокIэ ди лъэпкъым бгъэдэлъыну мылъкушхуэщ.

Абы адыгэ уэрэдыжьхэр уахътыншэ зэрищIар-щэ! Зырамыку ахэр зэригъэзащIэм хуэдэу жызыIэфын диIауи диIэнуи фIэщщIыгъуейщ. Ар уэрэджыIакIуэ къудейкъым – уэрэдхэм езым и псэр яхелъхьэ, и бзэр яIурелъхьэри, ахэр тхыдэIуатэ псэлъэгъу телъыджэ къыпхуещI. А уэрэдхэм яIурылъ бзэм, узыщIагъэдэIу макъамэхэм хуэдэкIэ къыбдэгуэ-

шэфыну ди деж щыбгъуэтынур Зырамыку и закъуэщ. А IуэхумкIэ абы зебгъэщхьыну ухуежьэныр щхьэгъэпцIэжщ. А цIыху хьэлэмэтым ещхьу уэрэд пхужыIэн щхьэкIэ... етIуанэу мыхъуу, езы КъардэнгъущI Зырамыкуу ущытын хуейщ – абы и псэр пIуту, и гур, и макъыр уиIэу. Апхуэдэ къэхъу щымыхабзэкIэ, зы Зырамыкущ дэ зэкIэ диIэр. Мис а Зыр дыхуэсакъыу тхъумэу, абы хуэмыфащэ пщIэрэ щIыхьрэ щыIэкъыми, ахэр лъыдгъэсу, зыхуей хуэдгъазэу дяпэ идгъэтыну къилэжьащ.

Зырамыку Къардэн-гъущIкъым, атIэ нартхэ я гъукIэ Лъэпкъ и кIыщым щапсыхьа Къардэн-жыр къызэфIэмыщIэжщ. Алыхьым къызэрихъумамрэ зэрыжыр быдэмрэщ илъэс 90 ныбжьым ар къытхуэзыхьэсар.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**<br>*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*<br>*2019*

* * *

Лъытэгъуейщ КъардэнгъущI Зырамыку и гуащIэдэкIыр – ар апхуэдизкIэ инщ, зэмылIэужьыгъуэщи. Зырамыку и къалэмыпэм къыщIэкIауэ дунейм къытехьащ пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэмрэ нэгъуэщI IуэрыIуатэхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ купщIафIэ куэд. Абыхэм яцыщщ Андемыркъан и хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъыр (зэхуэзыхьэсыжари зытхыжари езы Зырамыкущ). Къару ин дыдэ ирихьэлIащ Зырамыку пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыным – ахэр ди деж къэсамэ, псом япэрауэ, зи фIыщIэр КъардэнгъущI Зырамыкущ, ар мыхъуамэ, нобэрей щIэблэр щыгъуэзэнутэкъым ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа пасэрей уэрэдыжьхэм, абыхэм я макъамэхэри цIыхум яцыгъупщэжагъэнт. Дунейм тетыху, Зырамыку зыщIэкъуари зыхуэлэжьари аращ – адыгэ IуэрыIуатэм и фIыпIэр хэIущIыIу щIынырщ. Ар къехъулIащ Зырамыку – нобэрей щIэблэм хуихъумащ ди IуэрыIуатэм и хъугъуэфIыгъуэхэр. Аркъудейри пхурикъунущ Зырамыку и гуащIэдэкIыр зэрыин дыдэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Куэдым къызэранэкIыфыркъым апхуэдэ гуащIэдэкI, ар зыхузэфIэкIыр ди IуэрыIуатэм кууу щыгъуазэ, ар гурэ псэкIэ зыхэзыщIэ лэжьакIуэ Iумахуэрщ. Апхуэдэ лэжьакIуэт Зырамыку, аращ абы и IэдакъэщIэкIхэм я мыхьэнэр щIэлъытэгъуейр.

Адыгэ IуэрыIуатэр, псалъэм папщIэ, уэрэдыжьхэмрэ псалъэжьхэмрэ зэхуэхьэсыным и закъуэкъым Зырамыку зи ужь итар: зи гупсысэр жан, зи гур мызагъэ щIэныгъэлI цIэрыIуэт ар – абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди IуэрыIуатэм и купщIэмрэ и лъэпкъ фащэхэмрэ щихутэ тхыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ Андемыркъан къыдэгъуэгурыкIуа хъыбархэр Зырамыку къыщихутэ тхыгъэр. Абы хузэфIэкIащ лIыхъужь цIэрыIуэр щыпсэуа зэманыр игъэбелджылын – Зырамыку ипэкIэ зыми къехъулIакъым ар.

Шэч зыхэмылъраци, пасэрей адыгэ уэрэдхэм я купщIэмрэ япкърылъ гуащIэмрэ сэтей къэщIынымкIэ Зырамыку пэхъун бгъуэтынукъым – абы къыхуигъэщIат ар.

Дызэрыщыгъуазэщи, пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм хъыбар хьэлэмэтхэри къадогъуэгурыкIуэ. Хъыбархэм къаIуатэ уэрэдыр къежьэнкIэ щIэхъуар, ар зытеIукIар. Апхуэдэ хъыбар зыщIымыгъу зы уэрэди ущрихьэлIэнукъым Зырамыку деж. Уэрэдыр къыхидзэрэ и кIэм нигъэсамэ, абы щIыгъу хъыбарри иIуатэрт Зырамыку – фIыуэ щыгъуазэти. Уэрэдымрэ абы къыдэгъуэгурыкIуэ хъыбарымрэ зэи зэкIэщIичыртэкъым: хъыбарыр щIымыгъумэ, уэрэдыр къыбгурымыIуэнкIэ зэрыхъунур ищIэрт – ар узытеплъэкъукI мыхъун хабзэт.

ГукъэкIыж хьэлэмэтхэри къызэринэкIащ Зырамыку, абыхэм я нэхъыбапIэм лъабжьэ хуэхъуар Хэку зауэшхуэм и зэманым езым и нэгу щIэкIарщ. Абыхэм ущеджэкIэ уи фIэщ мэхъу Зырамыку зауэлI хахуэм и гъуэгу зэрикIуар, абы лIыгъэ зэрыхэлъар, зауэм и гуащIапIэ дыдэм зэрыпхыкIар.

Апхуэдэщ КъардэнгъущI Зырамыку – и уэрэдхэри, и гъащIэ гъуэгуанэри, и дуней тетыкIари. Апхуэдэущ Зырамыку ди гум къызэринар – ар ди лъэпкъым зэи щыгъупщэнукъым.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,**
*тхакIуэ, критик*
*2013*

* * *



«И насыпщ КъардэнгъущI Зырамыку хуэдэ цIыхум. Ухуеймэ – Тыркум, ухуеймэ – Иорданием, ухуеймэ – дэнэ лъэныкъуэкIи гъазэ, ар къыщамыцIыхурэ абы и гугъуфI щамыщIрэ адыгэм я мэ зыщыуа щIы кIапэ мы дуней псом теткъым.

А псор абы къыхуэзыхьар и лэжьыгъэфIырщ. Куэд, куэд дыдэ щIауэ ирокIуэ а лIы щыпкъэр щIэныгъэм и гъуэгум, жыжьи нэсащ. Сытым хуэдиз тхылъ лъэпкъым теухуауэ дунейм къытехьа абы и фIыщIэкIэ, сыт хуэдиз лэжьыгъэ зэфIэгъэкIа хъуа! Псоми псори ямыщIэнкIэ мэхъу, ауэ дэ, зэрыжаIэу, зи Iэри зи щхьэри щIэныгъэм хэлъхэм, долъагъу абы ищIэр зыхуэдизыр.

АдыгэлI нэс, цIыху гъэса, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэри и нобэри фIыуэ, фIы дыдэу зыщIэ КъардэнгъущI Зырамыку тхуилэжьамрэ тхуилэжьымрэ мыращ жыпIэу цIыхум пхужемыIэным хуэдизщ.

**ХЬЭДЭГЪЭЛI Аскэр,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*1998*

* * *

ГъащIэ борэнми щхьэ закъуэ гуауэми Зырамыку япигъэувыфащ жэщи махуи, щхьэхи псэхуи имыIэу адыгэ хэкум, и адыгэ лъэпкъым, и адыгэ културэм хуэлэжьэныр. Арауэ къызолъытэ и лъэр быдэ, и къарур мыужьых зыщIари.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*1998*

2 Заказ №219

* * *

ГъащIэм фIыщIэ хуэпщIу, ухуэарэзыуэ упсэуным Къардэнгъущl Зырамыку пцIыхуу, удэлажьэу мы дунейм утетын зыр хурикъунщ.

Мызэуи мытIэуи сэ къысхуихуащ Зырамыку и гъусэу гъуэгу сытехьэну, ди къуажэхэм, Адыгейм, Шапсыгъым дыкIуэу, нэхъыжьхэм депсалъэу. Зырамыку къэзыщIыхухэр IэплIэешэкIт, ар и хъыбаркIэ фIэкIа зымыщIэхэм закъригъэцIыхуамэ, я нэм, я псэм хуахьырт. Плъагъуну фIэкIа ухуейтэкъым ахэр зэрыгуфIэмрэ я нэхэм хуабагъэ-гуапагъэу къыщIэувэмрэ. Зырамыку дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэм дежкIи хьэщIэ лъапIэт, здагъэтIысынур ямыщIэу.

СщIэркъым Зырамыку мыпхуэдэ цIэ иратын хуей щIэхъуар. Ауэ Зырамыку цIыху нэщхъыдзэ нэкIэ пыджэхэм, зэкIуэцIылъхэм, бзаджафэ зытету зырамыкухэм, гуемыIухэм аркъудей жыжьэрэ гъунэгъуу ябгъэдыхьэртэкъым, ящыцкъым. Зырамыку цIыху гуапэщ, цIыху Iущщ, цIыху щабэщ, сытым щыгъуи дыгъэр, IэфIыгъэр, губзыгъагъэр и нэгум къиищу. Абы убгъэдэсыныр, уепсэлъылIэныр насыпщ, гуфIэгъуэщ. ЦIыхугъэ, адыгагъэ хэлъым узыIэпешэ, иджыри зыгуэрхэм сыщIигъэдэIуащэрэт, зыгуэрхэм сыхуиущиящэрэт жыпIэу.

**МАФIЭДЗ Сэрэбий,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2003*



* * *

Москва дэт театр институтым щIэсу Зырамыку итха «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм къытращIыкIа спектакль гъуэзэджэмкIэщ Къэбэрдей къэрал драмтеатрыр къызэрызэIуахауэ щытар. Адрей псом я гугъу умыщIи, лъэпкъ драматургием, театрым КъардэнгъущIым хуилэжьар куэд дыдэ и уасэщ.

Зырамыку нэгъэсауэ цIыху насыпыфIэу жыпIэ хъунущ, сыт хуэдиз гугъуехь имышэчами, сыт хуэдэ гуауэ имыгъэвами. Ар жьыщхьэ махуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыху лъагъуныгъэмрэ пщIэмрэ нэхърэ нэхъ лъапIэ, нэхъ насыпышхуэ дунейм теткъым. Ди Зырамыку ахэр къелыжу иIэщ.

**МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий,**
*Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*щIыхь зиIэ я артист*
*2003*

* * *

Щыпсалъэ къудейкIи Зырамыку и макъым музыкэ хуэмэбжьымэхэр хэлъщ... Адыгэ уэрэдыжьхэм я хъыбархэр къыщыжиIэкIэ, абы и макъым и художественнагъым узыIэпешэ, жиIэм елъытауэ и макъым хэлъ обертонхэр зэрехъуэкI, зэм зэпеш, зэми нэхъ еIэт, итIанэ кърешэхыжри, псалъэхэр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ къызэкIэлъеутIыпщ...

ЖыпІэнуракъэ, моуэ уи нэр уфІыцІи, къыпщыхъунущ адыгэ жьэгужьым упэрысрэ пасэрей лІыхъужьхэм я хъыбар уезыгъэдаІуэ джэгуакІуэм убгъэдэсу...

Зырамыку мыхьэнэшхуэ ирет уэрэдым хэт псалъэхэм, зытеухуар къызэрыбгуригъэІуэным хущІокъу, и макъыр щихъуэжкІи псалъэхэр «зэрыдэмыкІуэдыкІыным» пылъщ.

Псом хуэмыдэжу Зырамыку нэхъ жиІэр гъыбзэхэрщ. Куэдым яхужыІэркъым ди гъыбзэжьхэр, зрапщытми, пэлъэщхэркъым. Зырамыку къищІащ икІи зыхищІащ гъыбзэм и дахэри, и купщІэри. Абы гъыбзэжь щыжиІэкІэ, къыпщохъу ар зытеухуам и гуауэр езым и гуауэу, уэрэдкІэ къытхуиІуэтэж къудей мыхъуу, гурэ псэкІэ иригумэщІу. Езым и гъыбзэ жыІэкІи иІэжщ Зырамыку: моуэ Іэдэбу, иримыгузавэу икІи уимыгъэгузавэу, гукІэ, псэкІэ жеІэ...

**ДАУР Аслъэн,**
*композитор, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ*
*1998*

* * *



Жьым щхьэ ядишхыу, щІэм лъакъуэ ядишхыу, и гушыІэр япэ иту, сыт хуэдэ гуп хэмыхьами, къепщІэпщІэкІ цІыхухэм дэрэжэгъуэ ин яхилъхьэу, гупгъэдахэу псэуащ Зырамыку. Ар зэи плъагъунутэкъым нэщхъейуэ, гукъыдэжыншэу, губжьауэ. Гуп уэршэрым хэтмэ, сыт хуэдэ Іуэхум теухуауэ ирехъуи, а ирагъэжьа псалъэмакъым екІун хъыбар къыбжиІэурэ, уи ныбафэр узауэ уигъэдыхьэшхыу куэдрэ ущигъэсыфынут, таурыхъ зыдэз дыщэ пхъуантэ хуэдэт, и щхьэр тепхмэ, къыхэпхынур умыщІэу хъуэпсэгъуэ защІэу.

Апхуэдэ цІыху зэ зылъэгъуам щыгъупщэркъым, сыту жыпІэмэ лъэпкъым уригушхуэну хъугъуэфІыгъуэу бгъэдэлъ псор абы и деж щызэхуэхьэсат, дыщэ кІадэм хуэдэт.

**ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,**
*тхакІуэ, журналист*
*2013*

* * *

Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкІыу сэлам гуапэ дыдэ фызох, уэри ди шыпхъу лъапІэшхуэу Жанпагуи. ФызыгъэгуфІэр, фигу хэзыгъахъуэр фи куэду, фызыгъэгузавэ фимыІэу Тхьэм куэдрэ фытхуигъэпсэу. Фи нэгу дахэхэр, угъурлыхэр сыт щыгъуи си нэгум щІэтщ, фІыуэ фызолъагъу. Фи унэ сынихьэу сывбгъэдэсу щыщытам си гум зигъэпсэхурт. ФыцІыху угъурлыхэщ, фыцІыху гуапэхэщ, фылъагъугъуафІэхэщ. Мы дуней зэхэзэрыхьам фэ фхуэмыфащэу гугъу фызэрехьыр сэркІэ гурыІуэгъуэщ. Абы сэ сыт есщІэфын?! Ауэ Тхьэм солъэІу жьыщхьэ махуэу фыпсэуну. Алыхьым иджыри дызэригъэлъа-

гъуну жиIэ. Фэ гуапагъэу, IэфIыгъэу, адыгэ нэмысу вдэслъэгъуамрэ шыгъупIастэ IэфIу фи унагъуэм щысшхамрэ сыпсэуху сщыгъупщэнукъым.

Зырамыку, си къуэшышхуэ! Уэ лъэпкъым Iуэхуу хуэпщIар къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Тхьэм ар къызыгурыIуэн лъэпкъ дищI. Уэ бгъэхъар уасэшхуэ дыдэ зиIэ Iуэхущ. Адыгэм и тхыдэ напэкIуэцIым лыду, цIууэ итынущ. Сэ фIыуэ фызэрыслъагъум хуэдэу Тхьэми цIыхуми фыкъилъагъу. Узыншэу, фIыуэ слъагъу си шыпхъушхуэ, си къуэшышхуэ.

**АМЩЫКЪУЭ Хьэшым.**
*Иордание*
*1997*

* * *

Гуимыхущ уэ уи Iуэху лъагэхэу, лъапIэхэу, гуапэхэу адыгэм яхуэпщIэр, яхуэпщIар. Зы цIыхум и дежкIэ куэдыIуэщ уэ уи къарум къитIасэр. Дэ абы фIыуэ дыщыгъуазэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ махуэ къэс нэкIэ долъагъу дэ ахэр, тхьэкIумэкIэ зэхыдох.

**ШУПАШЭ Джэудэт.**
*Иордание*
*1998*



* * *

Зырамыку, къуэшышхуэ! Уэ лъэпкъым хуэпщIар Iуэхушхуэщ. Тхьэм ар къызыгурыIуэн лъэпкъ дищI. Уи уэрэд дахэхэмрэ уи гушыIэ шэрыуэхэмрэ сыт я уасэ, нэгъуэщIым и гугъу умыщIи. ЛIы куэдым яхузэфIэмыкIрэ яхуэмыщIэрэ уи къарум, уи зэманым, уи узыншагъэм къитIэсащ. Жэщ уимыIэу, махуэ уимыIэу лъэпкъым ухуолажьэ, уи къарури уи щIэныгъэри щхьэузыхь хуэпщIуи, иджыри ехъулIэныгъэр куэду уиIэну сынохъуэхъу.

**ТАЛЪОСТЭН Хьэшым.**
*Иордание*
*1998*

* * *

Зырамыку, уэ жыпIэ уэрэдыжьхэм дэ сыт щыгъуи ди гумрэ ди псэмрэ дыхьэу додаIуэ. Сэ солъаIуэ апхуэдэ лэжьыгъэ езыхьэкI щIэныгъэлIхэм адыгэ жылэхэр зэи хуэмыныкъуэну.

**КЪУЩХЬЭ Догъэн.**
*Тырку Республикэ*
*2007*

* * *

ЦIыхур гъэсэнымкIэ театрым иIэ мыхьэнэр зэрысабий лъандэрэ къызыгурыIуэ КъардэнгъущI Зырамыку лэжьыгъэ щхьэпэ куэд ищIащ

и къуажэгъухэм гъуазджэр фIыуэ ялъагъунымкIэ, артист нэхъыжьхэм я Iуэхум нэхъ щIалэхэм пащэнымкIэ...

Мыбы зэрыдэмысыжрэ куэд щIа пэтми, Зырамыку сытым дежи къыпыщIащ къыщалъхуа и Псыгуэнсу къуажэм. Ар жыджэру хэтщ ди къуажэм къыщаIэт дэтхэнэ Iуэху инми, тхуигъэдахэу, и псалъэ Iущхэм дыщIигъэдэIуу.

Уи къуажэгъухэр уи цIэм дрогушхуэ, Зырамыку!

**УНЭГЪЭС Мухьэрбий,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*1998*

* * *

Адыгэм ди IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжын, джын, ар цIыхубэм я пащхьэм екIуу илъхьэжын и лъэныкъуэкIэ XX лIэщIыгъуэм Зырамыку нэхъ-рэ нэхъыбэ зылэжьа гъуэтыгъуейщ. XIX лIэщIыгъуэм апхуэдэу диIащ Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ. КъардэнгъущI Зырамыкуи, ахэм хуэдэу, и гъащIэр зытеухуауэ щытыр лъэпкъ тхыдэр, IуэрыIуатэр хъумэнырщ. Тхьэм жимыIэкIэ, ауэ, итIани, шынагъуэ щыIэщ дызыхуэкIуэ лIэщIыгъуэм Зырамыку хуэдэу IуэрыIуатэкIэ Iэзэ лъэпкъым къыщIэмыхъуэжынкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, сабийр къэгъэнауэ, егъэджакIуэ дапщэ бгъуэтыну «уэкъулэр» зищIысыр ящIэу, е «Суншыжь гущэм и тобылыгъур пщы дадэм и зэпэбашт», е «Пылыжьым и пкъыр зи убыдакъ» жыхуиIэ псалъэхэр тэмэму зэпкърихыу къыбгуригъэIуэфыну? АтIэ ахэр къыбгурымыIуэмэ, бзэм и IэфIыр умыщIэу аращи, абы щыгъуэм уи адыгэнри нэхъ кIэщI мэхъу.

Зырамыку и цIэр зэхэзымыха адыгэ гъуэтыгъуафIэкъым, тхылъкIэ, уэрэдкIэ ирехъу, псоми ялъэIэсащ. Хэкум къыхуэпабгъэу хэхэс хъуауэ хамэ щIыналъэхэм щыпсэу адыгэхэр нарт пшыналъи, адыгэ уэрэди, адыгэ хъыбарыжьи, адыгэ таурыхъи хуабжьу хуэныкъуэт. Сыту жыпIэмэ, зэпыщIэныгъэ щыIэтэкъым, къэралым цIыхухэр икъузырт. Мис а лъэхъэнэм «и чэзу дыдэу» Зырамыку ахэм ялъэIэсащ. И макъ дахэмкIэ къихьэхуащ.

Зырамыку и ныбжьэгъу, тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Нало Заур, жиIэр фIэмащIэу, КъардэнгъущIым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэпкърыхауэ щIытетхыхьари, абы и теплъэр скульптор ТхьэкIумашэ Михаил мывэм къыщIыхиIущIыкIари, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Црым Руслан, КIыщ Мухьэдин сымэ абы и сурэт щIатхари, Жылау Нурбий, IутIыж Борис, Щоджэн Леонид сымэ хъуэхъу усэкIэ зыкъыщIыхуагъэзари адыгэлI щэджащэм лъэпкъым хуилэжьар арщ.

Быдэу си фIэщ мэхъу дэ ди яужь къиувэну щIэныгъэлIхэмрэ тхакIуэхэмрэ дяпэкIи Зырамыку и гъащIэмрэ гуащIэмрэ мызэ-мытIэу зэрытетхыхьынур.

**СОКЪУР Валерэ,**
*тхыдэ щIэныгъэлI, Зырамыку теухуа тхылъ къыдэзыгъэкIа*

* * *

Зырамыку хужамыIа псалъэ къэзгъуэтыну си гугъэу аракъым мы тхыгъэ кIэщIыр стхыну мурад щIэсщIар. Сызыхуейр сэ, журналистым, КъардэнгъущIым и Iуэху бгъэдыхьэкIэу, и хьэл-щэну, и дуней тетыкIэу гу зылъыстамкIэ сывдэгуэшэнырщ.

Сэ сыщылажьэ IэнатIэм хуэдэ пэрыт дэтхэнэми зэрищIэщи, тхакIуэ псори жьэнахуэкъым, псэлъэф псори тхэным хуэIэкIуэлъакIуэкъым. А тIури зэгъэбыдылIауэ зыхэлъ цIыхухэр мащIэ дыдэщ, а закъуэтIакъуэм ящыщт КъардэнгъущI Зырамыку. Итхыр зэрыхъум и IэдакъэщIэкIхэр зылъэгъуа псори щыгъуазэщ, лэжьыгъэ IуэхукIэ хуеблагъэу ар къэзыгъэпсэлъа дэ и жыIэм мыгурыIуэгъуэ гуэр дыщыхуэзауэ сщIэркъым.

И тхыгъэу газетым  къытехуахэм къапэкIуа ахъшэ мащIэр хуэтхьыжу дыщыкIуэ щыIэт Зырамыку и деж. Абы къыдэкIуэу езым къыдэлэжьахэу, и ныбжьэгъухэу, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэу зи махуэр е зи фэеплъыр ягъэлъапIэхэм я гугъу едгъэщIыну делъэIурти, зэи дигъэщIэхъуртэкъым. Къупщхьэуз зыпкърыт нэхъыжьым и щытыкIэмрэ гукъыдэжымрэ елъытауэ  тхэми, «диктофоным трегъатхэ, хъыджэбз» жиIа иужь, дыкъыщалъхуар махуэ зырызу къызыхуэбжыжынум баштекъузэкIэ къалэмыр къебгъэщтэнт?! Сэ сыкъапщтэмэ, апхуэдэу жиIэр диктофоным зэрытрезгъэтхар нэхъыбэщ.



Зытх куэдым нэхърэ нэхъ гугъэзэгъэгъуэт Зырамыку и псалъэр къытептхыкIыжыну: лейуэ зы псалъэ хэттэкъым, зэблэгъэувыкIын хуэмейIауэ гъэхуат, зэпсалъэм и лэжьыгъэми, газетым и зэхэлъыкIэзэхэгъэувэкIэми фIыуэ зэрыхищIыкIыр IупщIу.

И адыгэбзэр-щэ?! Жьы хъуа псалъэхэмрэ яIэщIэхужыпэным нэсахэмкIэ къулейуэ къызэрытIэпIыкI и бзэр псыIэрышэм хуэдэу шкIуэрашкIуэрти, псалъэ гугъусыгъуу къыпщыхъухэм зыкIи хьэлъэ ящIыртэкъым. ЖыпIэнуракъэ, уи анэдэлъхубзэм уи щхьэр лъагэу ириплъагъужынумэ, урипагэнумэ, Зырамыку и псэлъэкIэр урикъунут.

И уэрэд жыIэкIэмрэ лэжьыгъэу игъэшамрэ ялъысын хуей гулъытэм и  гугъу сщIыххэнкъыми, Зырамыку и бзэр къызыгурыIуэн, и псалъэр зыхъумэфын, пщIэ хуэзыщIыфын куэду ди лъэпкъым тхьэм къыхигъэкI.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*журналист, «Iуащхьэмахуэ»*
*журналым жэуап зыхь и секретарь*

*КъардэнгъущI Зырамыку хужаIахэр зыгъэхьэзырар* **БЛИЙ Даянэщ.**

## КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку

## СИ ЗАУЭ ГЪУЭГУАНЭХЭР

*ГукъэкIыжхэм щыщщ*

### Алыхьым сыкъихъумащ

... Блыщхьэм командэр увырти, сыкIуэри сахэуващ. Иджы зыми си гугъу къищIакъым – ящыщ сыхъуат.

ДыкIуащ. Дылэжьащ. Гъэрхэр къашэри вагонхэр къытехьауэ, бжэхэр Iуахауэ кърагъэкIыу дыкъыщыблэкIыжым, соплъэри, ди къуажэм щыщ Исмэхьил, шынелыжь теубгъуауэ, вагоныбжэ Iухам къыIуувауэ Iутщ. «Уэлэхьи, си нэр нэжмэ мор Исмэхьилым» – жысIэри, командэм сыкъыхэжри сыбгъэдэлъэдащ.

– Исмэхьил! – жысIэри, седжащ.

– Мухьэмэд! – жиIэри гъащ.

– Сэ сы-Мухьэмэдкъым, абы срикъуэшщ.

– АтIэ уэра нэхъыщIэ дыдэр?

– Сэращ. Хэт ухуэза?

– Ди къуажэм щыщ Сэрахъэ Iэюб си гъусэщ, къэмытэджыжыфу мыбы илъщ, – жиIащ гъыуэрэ.

– Черный, вернись! – жиIэри, нэкIиящ фIыуэ къысхущыт нэмыцэ одесситыр.

– Сэ укъэзгъуэтынщ, Исмэхьил, умыгузавэ! – жесIэщ, сыкъыIужыжри сакъыхыхьэжащ.

– Сыт къэхъуар? – жиIащ одесситым.

– Мобы си къуэш исщ, – жысIащ. Мыдрейм зыри къызжиIакъым.

Лагерым дыкъыдыхьэжри, Петя дэрэ дыувауэ деплъурэ къэзыкIухьыфхэр адрей лагерым ирахуащ, къэзымыкIухьыфхэр носилкэкIэ ирахьащ. Исмэхьилым седжэри, гъущI хъарыр ди зэхуакуу, зы щIакхъуэ плIанэ хуэздзри къиубыдащ.

– И ныкъуэр Iэюб егъэшх, сэ дяпэкIи махуэ къэс фэстынщ, – жесIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм аргуэру лэжьакIуэ дыкIуащ. Заводым и директорым си вещмешокым, ди котелокитIыр илъу сIихри, зы хьэпцIий щIакхъуэрэ котелокхэм ярызу кIэртIоф зэхэутарэ къысхуихьащ шэджагъуэм къыщыкIуэжым.

– Английскэ ботинкIитI, плIыщIрэ тIу размеру къысхуэхь, сэ узгъэгуфIэнщ, – жиIэри IукIыжащ.

Лагерь пщIантIэм сыкъыщыдыхьэжам, куэбжэм деж Петя щытт, гъущI хъарым адэкIэ Исмэхьил къыкIэрытт, къызэжьэу.

– Iэюб лIащ, – жиIэри Исмэхьил гъащ. – Сэри сылIэнущ, уи деж сынумышэмэ, – жиIащ.

ЛагеритIым я кум полицай папщIэу дэтыр урыс лIышхуэт, ари гъэрт.

– КхъыIэ, мор си къуэшщ, къигъэхьэ мыбы, – жысIэри селъэIуащ.

– Сэ сыт абы щхьэкIэ сиIэнур? – жиIащ.

– Зы щIакхъуэ ныкъуэ уэстынщ! – жесIащ.
– Ар мащIэщ, тутын уиIэ? – жиIащ.
– Тутын IэмыщIи уэстынщ, – жесIащ.

Вышкэм тес нэмыцэр адэкIэ щыплъэм, бжэр Iуихри, Исмэхьил къригъэхьащ.

Полицайм жыхуиIар естащ. Исмэхьил зыкъызишэкIауэ магъ.

– Умыгъ, дяпэкIэ упсэунущ, сэ сшхыр уэзгъэшхынщ, – жесIащ. АрщхьэкIэ схуэмыудэIужу куэдрэ гъащ. Зы щIакхъуэ ныкъуэ диIэжти, ари, клюквэ гъэва къуратари ишхащ.

Дыгъуэпшыхь къэкIуа мафIэгухэм къаша гъэрхэм къыхашауэ зы журт хъыджэбзрэ щIалищрэ щIыунэм щIэсати, Петя щхьэгъубжэмкIэ дэплъри – щIэсыжтэкъым, бжэри Iухауэ къагъэнауэ илъагъури:

– Бжэр Iухауэ къагъэнащ, дыщIыгъэхьи дегъэплъ а журтхэр щаIыгъым, – жиIащ Петя. ДыщIыхьэрэ деплъмэ: подвалым и блыныр къэрэндащрэ фIамыщIкIэ зэхэтхыхьат, гъущIыпэ гуэрхэмкIи къитхъат. Ину кхъуэхъужь сурэт тхауэ кIэрытт «Гитлер» жиIэу и джабэм кIэрытхауэ. «Нобэ фэ ди лъым фофэ, пщэдей фэ фи лъым дэ дефэнщ», – жиIэу урысыбзэкIэ тетхат. Советскэм и ахъшэ куэд зэфIэтхъауэ икъухьауэ лъэгум илът, унэ лъэгур псыфт, бамэ Iей къыщIихырт.

ЩIыунэм дыкъыщIэкIыжу пщIантIэм дыкъыдыхьэжа нэужь, къаувыхьауэ гъэрхэр зыгуэрым еплъырт. Дэри дыIухьащ. Мывэ цIыкIуитI игъэтIылъри, абы псы котелок тригъэуvауэ зыгуэрым советскэм и тумэнипщIыжь пашкIэ и вещмешокым кърихауэ, зырызу щIилъхьэрт къигъэвэну. Псори абы деплъырт. Псыр къэмыкъуалъэурэ, зы ахъшэ пашкIэр иухащ. И вещмешокым иIэбэри аргуэру нэгъуэщI зы пашкIэ кърихащ. Псыр къэкъуалъэу щыщIидзэм, зы хъуржын цIыкIу иIыгъти, абы зы прунж Iэбжьыб кърихри хикIутащ. Зы тхылъымпIэм адрейр и ужь иту щIилъхьэурэ прунж котелокыр игъавэри, ишхыу щIидзащ. Дэ дыкъыIукIыжащ.

– Дэнэ абы апхуэдиз ахъшэр къыщыIэрыхьар? – жиIащ Петя.
– Банкым щылэжьауэ къыщIэкIынщ, – жысIащ.

Дэ пхъэзэгуэх заводым дыщашам, нэгъуэщI команди дашри, зыщIыпIэ яшат. Ар сэ сщIэххакъым. А командэр пщыхьэщхьэм къэкIуэжащ. ЕтIуанэ пщэдджыжьым, псыунэм мыкIуэу, вышкэм тес нэмыцэ хъумакIуэхэми зыкърамыгъэлъагъуу, кIэзармэ щIыбагъымкIэ екIуэкIауэ щысхэт, я Iуэху зэфIагъэкIыу. Абыхэм еплъу щытщ ныбжьэгъу къысхуэхъуа украин щIалэ Володя Федеракэ.

– Сыт узэплъыр? – жысIэри сыбгъэдыхьащ.

– Сэ дыгъуасэ слъэгъуар тхьэмыщкIагъэшхуэщ. Вэсэмахуэ нэмыцэхэм цIыху 20 дыдахури мэзым дахуащ. Абы мащэшхуэ къыщыдагъэтIащ. Дыгъуасэ аргуэру а гупыр дыдахури, ардыдэм дахуащ.

– Трусик фIэкIа къыфщымынэу зыфтIэщI! – жаIащ конвоирхэм.
– «ДаукIынущ», – жытIэри, псоми дыгъуэгыу щIэддзащ.
– Фэракъым дукIынур, дукIынухэр иджыпсту къашэнущ! –

жиIащ конвойм я нэхъыщхьэм. Абы хэту машинэ фIыцIэшхуэм изу журтхэр къашащ. Зэрыбынунагъуэу, лIыжьхэри, фызыжьхэри, сабийхэри, хъыджэбзхэри зэхэту къыIуашэри машинэм кърагъэкIащ.

– Мы журтхэр къэфщи, зы дыщи, зы сыхьэти къакIэрывмынэу къакIэрыфхыурэ мы плащ-палаткэм тефкIутэ! – къыджаIащ.

Дэ псори къэтщурэ дыщэ сыхьэту, Iэпщэхъуу, тхьэгъуу якIэрылъхэр къакIэрытхыурэ плащ-палаткэм теткIутэрт. Нэмыцэхэр адэкIэ зэреплъэкIыу, цIыхубз дыщэ сыхьэт цIыкIухэмрэ тхьэгъухэмрэ къэзыщхэм къапхъуатэурэ ирагъэлъэтэхырт. Махуэ къэс машинитху из журт къашэурэ абдеж щаукIащ. Делэ сыхъуным тIэкIунитIэщ иIэжар. Абыхэм я гъы макъым сэри слъэмыкIыу сыдэгъырт. Алыхьым апхуэдэ хэти иримыгъэлъагъукIэ. Пщыхьэщхьэм мащэм укIауэ илъхэм, къыщIэмыщыну щIы тIэкIу теттхъуэжри дыкъэкIуэжащ. Дыгъуасэ ирагъэлъэтэха дыщэхэр нобэ къадэхыжт хьэбыршыбырхэм. «Алыхьым фызэкIуэцIигъалIэ!» – жиIащ си гъусэ Володя.

Петя дэрэ хъарзынэу зыдужьыжат, дышхэн нэхъ лажьэ диIэтэкъым, лэжьакIуэм къисх гъуэмылэм цIыху дищIыжат, ауэ цIэм дигъэзагъэртэкъым. Уэ ужеину ухуей щхьэкIэ, мо цIэ къомыр загъэртэкъым, зэпымыууэ къодзакъэрт. Дэ зыгуэр дыхъунт, зыри мыхъур Исмэхьилт. Абы шхынкIэ зигъэнщIыжыртэкъым. ЩIакхъуэу диIэр ишхами, «сомэжалIэ» жиIэрти гъуэгырт, сабийм хуэдэу.



Шэджагъуэм Исмэхьил ди гъусэу ныдэкIын хуейт, арщхьэкIэ ар зекIуэжыфыртэкъым, ауэ нэмыкIуэмэ, абы и Iыхьэр дэ къыдатынутэкъыми, и блыпкъ зырызыр тIыгъыу ерагъыу тшэри, клюквэ гъэва къытхураупцIэщ, ар къэтхьри тшхащ. Исмэхьил нэхъыбэм кIэзармэм къыщIэмыкIыу щIэлът. Дэ жьы къабзэм дыхэтмэ нэхъ къатщтэрт. Зы пщэдджыжь къэмынэу хьэдэ зыбгъупщI къыщIахыурэ машинэкIэ Iуашырт. КъэзыкIухьыфу лагерым исыр зэуапIэм кърашу къашагъащIэхэт.

ДызыщIэс кIэзармэм тет уэнжакъым зы вындыжь зэпымыуэ къытетIысхьэурэ къаджэрт. Абы зы урыс гъэр гуэрым гу лъитауэ ещэрт къиубыдыну. ЛэжьакIуэ дамыхуу дыкъыдэнауэ дыщыдэс махуэ дыдэм урысыр уэнжакъым ипщхьэри, вындыжьыр къытетIысхьэным пэплъэу тIысащ. Петя дэрэ абы дыхудоплъейри дыщытщ. Куэдрэ дыпэплъауэ, ди щхьэр дэгъэзеяуэ дыщытурэ дешауэ, вындыжьыр къытетIысхьащ. Урысыр къиIэбыкIри, ар къиубыдащ. Вындыжь тхьэмыщкIэр, и нэр къицIыщхъукIыу кърихьэхри къехыжащ.

– Лы зышхыну хуеймзы щIакхъуэ IыхьэкIэ изощэ! – жери бэзэрым трихьащ. Дэри дыкIэлъыплъырт. Зыми хуащэхуртэкъым! Щагъэвэн щыIэтэкъым, цIынэу яхуэшхынутэкъым.

– НтIэ, баландэ IыхьэкIэ физощэ! – жиIэрт. Ауэ а махуэм къыдатын хуея баландэр къыдатри тшхат, зыми иIэжтэкъым.

– Уи вындыр тутынкIэ къэсщэхунщ, ухуеймэ! – жесIащ.

– Дапщэ къызэптынур?

– Тутынитху уэстынщ.

– ПщIы къызэт, – жиIащ.

Тутын шыхьыгъуипщIрэ зы тхылъымпIэпс метр зэбгъузэнатIэрэ естри, вындыр къеIысхащ.

– Сыт мыр зэрыпщIынур? – жиIащ Петя. Вындыжьым сеплъмэ, –«сумыукI!» – жиIэрэ лъаIуэу езыри къызэплъырт.

– СутIыпщыжынущ, ирепсэу тхьэмыщкIэр, – жысIэри сутIыпщыжащ. Лъатэри уэгум ихьэжащ.

– Дурак, абы езым улIауэ укъигъуэтмэ, уи нэр ирифынущ, уи лыр къыгуичурэ ишхынущ, – жиIащ зыгуэрым.

– Абы унамыгъэсу нэмыцэм мащэм урадзэнущ узэрылIэу, – жысIэри дызэбгрыкIыжащ. КIэзармэм дыщIыхьэжауэ пхъэзэгуэх заводым и директорыр къызэрызэлъэIуар сигу къэкIыжащ.

– Петя, заводым и директорыр къызэлъэIуат английскэ ботинкIитI хуэсхьыну, дауэ хъуну? – жысIащ.

Петя тутын IэмыщIэшхуэрэ тхылъымпIэпс зыкъомрэ къищтэри щIэкIащ. Куэд мыщIэу и вещмешокым английскэ ботинкIэ щIэрыпситI илъу къыщIыхьэжащ.

Пщэдджыжьым аргуэру командэр дыувауэ, одесситхэр къыдыхьэри лэжьакIуэ дыдахуащ. Заводым дыщыдыхьам, директорыр и контороэм щIэмыхьауэ къызэжьэу щытт.

– Къэпхьа?

– Къэсхьащ.

– А жыхуэсIа размер дыдэра?

– Аращ.

– Къащтэ, ари фи вещмешокитIри, – жиIэри, сIихри и кабинетым щIыхьащ.

Шэджагъуэм къэбыстэрэ кIэртIофрэ зэхэгъэвауэ къыдатри тшхащ. Заводым и лэжьакIуэхэм къыщагъэзэжам, директорми си вещмешокитIыр, изу ярылъу, къилъэфри къэкIуэжащ.

– Спасибо, сызыхуей дыдэм хуэдэщ! – жиIэри, вещмешокхэр къигъэуври IукIыжащ.

Пщыхьэщхьэм ахэр къэслъэфрэ сыкъэкIуэжмэ, нэмыцэ сэлэтитI лагерым къихьауэ къаруушэ хъуахэр адрей лагерым хэт лъэрытету яхурт, къэзымыкIухьыжыфыр носилкэкIэ яхьырт.

– КIэзармэм щIэкIи кIуэ модрей лагерым! – къыжраIауэ Исмэхьил гъуэгыу щысу сыкъыщIыхьэжащ.

– Мыр си къуэшщ, абы фымыгъакIуэу си деж къэвгъанэ! – жесIэрт сэлэтхэм, жьэрэ IэкIэ селъэIурт. АрщхьэкIэ, ахэр кIийрт, жаIэр къызгурымыIуэу. Петя нэмыцэбзэ къабзэкIэ къэпсалъэри, зыгуэрхэр яжриIэу щIидзащ. Сэ зэрызгъэщIэгъуэнур сымыщIэу си жьэр Iурыхуауэ Петям сеплъырт. Нэмыцэ сэлэтхэри нэмыцэбзэкIэ къепсэлъэжырт, «комендант, комендант» жаIэурэ.

– Лъэрымыхь хъуахэр комендантым и унафэкIэ псори модрей лагерым ягъэкIуэнущ. Мы лагерыр пIалъэкIэ ягъэкъэбзэнущ, жаIэ, – жиIащ Петя.

Исмэхьил щIахун хуей щыхъум, си вещмешокым илъу хъуар – зы щIакхъуэ хужь, зы щIакхъуэ фIыцIэ, бжьынрэ бжьынхуу зыкъом, и

котелокым си кIэртIоф зэхэута Iыхьэр хуислъхьэри естащ. «Шнел, шнел!» – жаIэурэ Исмэхьил гъуэгыу щIахури адрей лагерым яхуащ.

– Нэмыцэбзэ щыпщIэр дэнэ? – сеупщIащ сэ Петя, згъэщIагъуэу.

– Сэ нэмыцэ колонкэм сыкъыщыхъуащ. Ауэ абыхэм закъезгъэщIэну сыхуеякъым, – жиIащ.

Мыдрей гъуэмылэ къытхуэнар – Петя и котелокым илъ кIэртIоф зэхэутар дгуэшри тшхауэ, щIакхъуэ бзыгъэ зырызрэ салэ тIэкIу-тIэкIурэ тетшхыхьыжу дыщысу, сэлэтитIым язымрэ комендантымрэ (сэ сызыукIыну хэтамрэ) къэкIуащ.

– Мыращ! – жиIэри, Петяр сэлэтым комендантым иригъэлъэгъуащ.

Комендантым нэмыцэбзэкIэ зыгуэр къыжриIащ, мыдрейм жриIэжащ. Петя къэмытэджу щысу епсалъэрт. Нэмыцэр къытекIиери, Петя къыщихуащ. Зыкъомрэ зэпсэлъа нэужь, Петя си дежкIэ зыкъигъазэри:

– Сыунэхъури я бзэкIэ сыпсэлъащ, мы хьэхэм закъезгъэщIэнутэкъым я бзэр сщIэуэ, – жиIащ. – Сэ мыбы сыщIеш, ауэ сэ сыхуейкъым мы лъыифхэм садэлэжьэну, – жиIэри, IэплIэ къысхуищIыжащ. – Сэ сыхуейщ уэ псэууэ укъелыну, узыншэу ущыт!

Нэху дыкъекIри, ди командэр дыуvауэ лэжьакIуэ дыкIуэным дыпэплъэу, одесситхэм я пIэкIэ нэмыцэ сэлэт куэд къихьэри кIийуэ щIадзащ: «Фыув!». Лъэрымыхьхэр псори модрей лагерым яхуат. Зи лъэм зэрихьэу къинар щэ ныкъуэ е хыщI нэхъыбэ хъунутэкъым. Псори гуп-гупу зэпыудауэ дыкъыдахури, Шепетовкэ къалэм дахуащ. Абыи зыкъом ист. МахуитI фIэкIа абы димысауэ, псори мафIэгум драгуашэри драшэжьащ. Германым я щIым дихьа нэужь, зы станц гуэрым зыкъомыр щрашащ. Сэ шэшэн гуп, урыс зыкъом си гъусэу Германым и курыкупсэм дашэри, зыщIыпIэ гуэрым дыщрагъэкIащ. Берлин километр 80-кIэ пэжыжьэу барак гуэрым дыщIакIутэри, гъущI банэкIэ лагерыр къэтщIыхьу щIэддзащ.

Хьэмэмым дашэри дагъэпскIащ, ди щыгъынхэр дезинфекцэ ящIащ, ди щIыфэм зигъэпсэхужащ. Строй дащIри къыджаIащ:

– Фэ Великэ Германым фыщыIэщ. Нэмыцэ цIыхубз пыщIауэ гу зылъыттэ дэтхэнэми къыпэплъэр укIщ. (Ар ди лажьэт дэ, ерагъкIэ къытхуэкIухьу арат).

Си хъуреягъкIэ зысплъыхьри, сигукIэ жысIащ: «Мыбы уикIуэсыкIыжыну гугъу хъунущ!»

Лагерыр гъущI банэкIэ къэзыхухь, баракхэр дэзыщIыхь гъэр къомыр дызыхъумэр зэрыхъур нэмыцэ сэлэтитI къудейт. Ауэ езы Германым щыпсэууэ зы украин лIы гуэр Берлин нэс никIыурэ тхуэпщафIэрт, гъэрхэм ящыщ къуэдзэ иIэу.

Ещанэрей махуэм америкэ кхъухьлъатэхэм накIуэурэ Берлин бомбэкIэ зэхакъутэу щIадзащ. Ахэр куэд хъурт, гъудэ-бадзэм хуэдэу истребителхэр къепщIэкIауэ тщхьэщылъэтырти, Берлин бомбэхэр щрадзыхырт, нэмыцэхэр дэуей щхьэкIэ, я шэхэр нэсыртэкъым.

Америкэ кхъухьлъатэхэм хьэлэчу халъхьэр зи гугъу сщIа

украинылIым къытхуиIуатэрт. Унэ зэтетхэр зэтещащэурэ щIэсым я нэхъыбэр къыщIамыхыжыфу щIэлIыхьхэрт. А кхъухьлъатэхэр Америкэм къикIырти, Румыным заправкэ щащIырти, Берлин бомбэкIэ зэтракъутэрт, къагъэзэжырти, Румыным аргуэру заправкэ щащIырти, кIуэжырт. Махуэ къэсыху къакIуэхэрт, арщхьэкIэ зы нэмыцэ самолёт яхыхьэфыртэкъым.

Зы махуэ гуэрым ди хъуреягъкIэ нып фIыцIэхэр къыщыфIадзащ. Зыри къыдгурыIуэртэкъым, псори дызэплъыжырт. Украин лIыр къыщысым, деупщIри къыджиIащ Сталинград деж нэмыцэ сэлэту куэд зэрыщызэтраукIар, мин 360-р гъэр зэращIар. Псори дыгуфIащ.

Абы иужькIэ Кавказым щыщу хэтыр – зы осетин, зы ингуш, шэшэнищ, сэ дыкъыхашри, зы нэмыцэ сэлэт ди гъусэу, мафIэгум дыкърагъэтIысхьэ. Польшэм дыкъашэжащ, Варшавэ мыдэкIэ километр 20-кIэ пэжыжьэу щыIэ Веселэ къалэ цIыкIум. ГъущI банэкIэ къэхухьа лагерым драутIыпщхьэмэ, Кавказым щыщ лъэпкъ псори нэмыцэ щыгъынкIэ хуэпауэ исщ. «Арат иджы къэнар, дыгъуасэ сызэзэуа фашистым сахуэзэуэжу», жысIащ сигукIэ. Сахыхьэмэ, ди къуажэ куэд исщ: Хьэсанэ Мухьэжыр, Къудей Хьэбалэ, Дзыгъур Былэ, КIущ Мухьэжид, БецIыкIу Лэбинэ, щIымахуэр фронтым зэрыщрихам и щыхьэту «лентI щхъуантIэ» и бгъэм хэдауэ Къалмыкъ Аскэр, Къуэшрокъуэ Къубатий, си ныбжьэгъу Гъуэгунокъуэ Хьэдис, Мэкъуауэ МатI. А къомыр щыслъагъум, «Емынэр си унэм щихьар иджыщ, Мэкъуауэ МатI сэ сызэрыкоммунистыр иIуатэмэ, саукIынущ», жысIэри, сыгузэващ. Къудей Хьэбалэ къызбгъэдыхьэри, «Уи къуэш Мухьэмэдрэ сэрэ дызэмалъхъэгъущ, ар уэ пщIэркъым, Хъаний и шыпхъу нэхъыщIэ Лолэ си щхьэгъусэщ», – къызжиIащ.



– Бзэгу зыхьыну зы фIэкIа искъым, абы и жьэр дубыдынщ дэ, – жиIащ Хьэбалэ.

Махуэ зытIу нэхъ дэмыкIыу нэмыцэ фащэкIэ сахуапэри, адрейхэм ещхьу сэри сыкъыщIидзащ. Хьэбалэрэ Мухьэжидрэ я кум гъуэлъыпIэ баракым щысхуащIащ.

ЕтIуанэ махуэм:

– Командирыр къоджэ! – жиIэри, зыгуэр къыщIыхьащ. Сэ сыкIэзызащ. «Мис иджы кIэ уиIэщ, КъардэнгъущI Зырамыку, иджыри къэсыху зыбгъэпщкIуфами, иджы узэрыкоммунистыр щIэпхъумэфынукъым».

Сагъэлъэгъуа баракым сыкIуащ. СыщIыхьэмэ, офицеритI щIэсщ; зыр зэрыадыгэр нэрылъагъущ, адрейр нэмыцэ фIэкIа дунейм теткъым зэрыпщIэн, плъыжь щIэхъухьыжу цыгъуэщ, ауэ нэпкъыпэпкъ дахэщ, Iэпкълъэпкъ зэкIуж иIэщ. Нэмыцэ фащэр апхуэдизкIэ йокIури, ар нэмыцэу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. СыщIыхьащ, ауэ сэлам зэресхын хуей бзэр сщIэркъыми сыIэнкунщ. Зы стIолыжь щIэту, абы бгъэдэсхэт.

– КъакIуэ, къэтIыс мыбдежым, – жиIащ адыгэбзэкIэ цы плъыжьым.

– Сэлам! Фыадыгэмэ, зыгуэр хъунщ! – жысIащ, си гур къызэрыгъуэтыжауэ.

– Сыт дыщIэмыадыгэр, зиунагъуэрэ, къэтIыс мыдэ! – жиIащ аргуэру цыгъуэм. Сэ сытIысащ. – КъардэнгъущIыр у-Псыгуэнсу?

– Ар дыдэщ, сы-Псыгуэнсущ.

– А парт лэжьакIуэ цIэрыIуэу Псыгуэнсу щылэжьам урисыт?

– Срикъуэшщ, – жысIащ, къысхудэмышейуэ.

– Дэнэ ущеджар? Дэнэ ущылэжьар?

– Москва сыщеджащ, Налшык театрым мазиплIкIэ сыщылэжьауэ армэм сраджащ.

– Театрым... «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» зытхар уэра?

– Сэращ.

– 1940 гъэм сеплъащ, МВД-м я клубым щагъэлъагъуэу! Сигу ирихьауэ щытащ хуабжьу. Сэ сывикъуажэ гъунэгъущ. Аргуданым сыщыщщ, Бажэхэ сарейщ, си цIэр Къэралбийщ. Дэ тIур мыбы адыгэу щыIэхэм дракомандирщ.

Сызэрышынэр къыгурыIуауэ къыщIэкIынт. ФIыуэ сызэпиплъыхьри, жиIащ.

– Псори фIы хъунущ, зы щхьэкIи укъыхэмыщт, сэ суригъусэху! Дауэ плен узэрыхъуар?



– УIэгъэу Киевскэ окруженэм сихуауэ щытащ.

– Абы лъандэрэ лагерь куэдым уисауэ къыщIэкIынщ...

– Сисащ.

– ФIыуэ укъелащ. Иджы улIэжынукъым, укъыхэмыщт! КIуэ, дызэрыцIыхуащ, уи цIэр къызжепIэжмэ.

– Си цIэр Зырамыкущ.

– Ар цIэ лъэщщ, Зырамыкур. КIуэ! – жиIэри, сыкъыщIэкIыжащ. Адрей щысам зы псалъи жиIакъым, къыдэдэIуа фIэкIа. Абы и цIэри, и унэцIэри, къуажэкIэ зыщыщри иужькIэ къэсщIащ: Ар Мысостейм щыщт, и унэцIэр Къущхьэкъант.

Сэ баракым сыкъыщIыхьэжащ, си гур нэхъ зэгъэжу хуежьауэ.

– Сыт къыбжаIар? – къызэупщIахэщ.

– Хъарзынэу къызэпсэлъахэщ.

– Дэтхэнэра къопсэлъар?

– Къэралбийращ.

– Аращ ротэм ди командирыр. Ар цIыхуфI дыдэщ, – жиIащ Дзыгъур Былэ.

Тхьэм щхьэкIэ жысIэу щытмэ, абы сызэриса мазэ зытIум сэ ар фIыуэ къызэрысхущытар жысIэн хуейщ.

Ещанэ махуэм Мэздэгу адыгэхэм ящыщу Хохлачев Николай ныбжьэгъу зыкъысхуищIащ. Ар сэ схуэдэу лIы цIыкIу гуэрт, лъагъугъуафIэт, щIэныгъэфI зэриIэр гурыIуэгъуэт, губзыгъэуи псалъэрт. Къыздилъэгъуар сщIэртэкъым, махуэ къэс къакIуэурэ къызбгъэдэст. ИкIэм мазэ зытIукIэ дыщыIауэ, Iэщэ къыдатащ. Къэралбий Польшэм щащIа пистолет сэри Хохлачевми къыдригъэтащ.

Зы махуэ гуэрым Францым никIри Ерчэн Сэфарбий нэкIуащ. Ар

сэ Москва театральнэ институтым къыщыздеджат, театрым къыхэзнэри, сэ армэм сыкIуат. Иджы нэмыцэ щыгъынкIэ хуэпауэ унтер-офицер звание иIэу, нокIуэ. Абы дэрэ зэи Iейуэ дызэхущытатэкъым, и адэр Среднэ Азием, кулак фIащу ирашауэ щыта щхьэкIэ къэмынэу, Москва ди гъусэу нагъакIуэри еджат. Си «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» хъану фIы дыдэу щыджэгуат. IэплIэ къызишэкIащ, къысщыгуфIыкIащ. Сэ пасэу сахэкIри армэм сыкIуати, зэхъуэкIыныгъэу театрым къыщыхъуауэ щытахэм щыгъуазэ сищIащ. Гъэр дызэрыхъуам теухуауэ зы псалъэ закъуи жытIакъым.

– Дэ адыгэ зыкъом дыхъуу Францым дыщыIэщ. Отпуск къызатати, мыбы щыIэ адыгэхэр слъагъуну сыкъэкIуащ, – жиIащ. Сэ къызгурыIуащ ар мызауэу занщIэу нэмыцэхэм зэраIэрыхьар.

Сэфарбий зы тхьэмахуэкIэ щыIауэ щежьэжым, селъэIуащ:

– КIэрахъуэ къызата щхьэкIэ, шэ къызатакъым. Шэ къызэптыфынумэ, къызэт.

– Уэстыфынущ, – жиIэри, шиплI къызитащ. – Сэ сыкъыздикIам сыкIуэжмэ, къэзгъуэтыжынщ, – жиIащ.

Си дежкIэ а шиплIыр хуэдиз дыщэ и уасэт. Си гум илъым абы сытригъэгушхуэрт.

Сэфарбийрэ сэрэ IэплIэ зэхуэтщIыжри, ежьэжащ.

(Сэфарбий псэууэ зауэм къелауэ дыдейхэм къаIэрыхьэжри, илъэс куэдкIэ тутнакъэщым ирагъэсащ. КъаутIыпщыжа нэужь, къэкIуэжри дызэгъусащ. Сымаджэщым щIэлIыхьащ. ХьэдрыхэфI Тхьэм кърит, сыхуэарэзыщ).

ЕтIуанэ махуэм адыгэхэр хьэмэмым дашащ. Гуп-гупурэ щIагъэхьэрти, Хохлачеврэ сэрэ япэ гупым дыхэту дыщIыхьэри, зыдгъэпскIри дыкъыщIэкIыжауэ ди закъуэу, дыгъэм зедгъэууэ хьэмэм джабэм дыкIэрысу, Николай къэпсэлъащ.

– Дзыхь уэзгъэз хъуну?

– Хъунущ, си ныбжьэгъу!

– Мыбы я гугъэр пщIэрэ?

– СщIэркъым.

– Францым дашэу, англо-американскэ дзэхэм абы дыщрагъэзэуэну аращ. Сэ абы сыкIуэнукъым. СыкIуэсэнущи, гъусэ сыхуейщ.

– Дэнэ уздэкIуэсэнур?

– Запорожье деж Днепр дикIыу фронтымкIэ дыкIуэу, километр 40-кIэ дыкIуэмэ, си фызымрэ сипхъу цIыкIумрэ абы дэсщ. Абы дыкIуэнщи, зыщыдгъэпщкIунщ, дыдейхэр къэсыху, итIанэ дахыхьэжынщ.

– Уэ умэздэгу адыгэщ, уи фызымрэ уи пхъумрэ сыт абы къыщIыщыхутар? – жысIащ, си фIэщ мыхъуу.

– Запорожье къалэм и коменданту сыщытащ. Абы плен сыщыхъуащ. Си фызыр и Iыхьлыхэм я деж щыIэщ. Запорожье служить щысщIу къыщысшауэ щытащ.

– ЖыпIэр пэжмэ, сэ гъусэ сыпхуэхъунщ, – жысIащ.

– Пэжщ, сэ гъуэгур соцIыху, – жиIащ. – Ауэ кIэрахъуэшэ къыздит-

хынуращ сымыщIэр, – жиIащ. – Ар димыIэу хъунукъым, абы дызэрыхуеинур пщIэнукъым.

– Сэ плIы сиIэщи, тIур уэстынщ.

– Абы щыгъуэ, докIуэр икIи допсэу. Сэ псоми сегупсысащ, умыгузавэ. Запорожье кIуэ мафIэгур щыблэкI сыхьэтыр къэсщIащ, абыкIэ нэмыцэ отпускникхэр зокIуэ. Ныщхьэбэ блэкIынущи, димытIысхьэу хъунукъым, ныщхьэбэ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 12-м, – жиIащ.

– Сэ укъызогъэгугъэ гъусэ сыпхуэхъункIэ, – жысIэщ, си кIэрахъуэм шитI къисхри естащ, езыми ар и кIэрахъуэм гуфIэу ирилъхьащ.

– Пщыхьэщхьэ уи баракым и щхьэгъубжэм сынызэрытеуIуэу, укъыщIэкIынущ.

– ДызэгурыIуащ.

Псоми зэрызагъэпскIыу, строй дащIри дыкъашэжащ.

Пщыхьэщхьэм сыгузавэрт Iуэхур зэрыхъунум щхьэкIи, къэскIухьу, сымызагъэу сыщIэтт. Мэкъуауэ МатI кIэртIоф инитI гъэжьауэ къыщIихьэри зыр къызитауэ сшхырт, ауэ сщыкIуэртэкъым. КIуащ Мухьэжид гу къылъитащ сызэрыпIейтейм.

– КъыпщыщIар сыт? УщIэмызагъэр сыт? – жиIащ.

– Уэлэхьи, сыщIопхъуэм, Мухьэжид, сыкIуэжынущ унэм! – жысIащ, псоми зэхахыу. Баракым щIэсу хъуар ди къуажэт.

– Алыхьым и хьэтыркIэ, ЛъапIэжь мыгъуэм сэлам схуехыж! – жиIащ, Мухьэжид.

– Къэхъунур Алыхьыращ зыщIэр. «Ди гъусати, къыщIэпхъуэжащ», жыфIэ фэ, псэууэ фыкъанэрэ фыкIуэжмэ, сэ сыкIуэжмэ, фи унагъуэхэми псоми фызэрыслъэгъуар яжесIэжынщ, – жысIэри, псоми я Iэр субыдыжа къудейуэ, щхьэгъубжэм Николай къытеуIуащ.

– Узыншэу фыщыт!

– Алыхьым гъуэгу дахэ къуит! – жаIащ псоми зыжьэу.

Баракым сыкъыщIэкIри, Николай щытти, сяпэм иувэри дежьащ. Лагерыр къызэрыхухьа гъущI банэм и плIанэпэм деж ипщыпIэ иIэт, ар сэ япэу слъагъуу арат. АбыкIэ зэкIэлъхьэужьу дыкъипща къудейуэ, театрым къыщыздеджа, къыщыздэлэжьа, Брамтэм щыщ Афэ Исуф и къуэш нэхъыщIэ, щIалэшхуэ, и нэ лъэныкъуэр назэу (Хьэсэнбий си гугъэжщ и цIэр) къыдихьэлIащ, а ипщыпIэмкIэ къипщхьэжыну.

– Мыр сыт, мыпхуэдэу кIасэу дэнэ фыздэкIуэр? – къыдэупщIащ.

– А уэ уздэщыIам докIуэ дэри, куэд мыщIэу къэдгъэзэжынущ, – жесIащ. Абы и къуэшым сызэрыдеджам, сызэрыдэлэжьам щхьэкIэ фIыуэ сыкъилъагъурт.

– НтIэ, фи Iуэху фIы ухъу! – жиIэри, езыр гъущI банэм къипщхьэжащ, дэ дыкъыIукIри, гъущI гъуэгу станцымкIэ дунэтIащ. Алыхьым гъуэгу къуитынумэ, къыпхуеузэщI. Станцым дыщытехьэ дакъикъэм мафIэгур къытелъадэри, япэ къытхуэза вагоным дитIысхьащ.

Япэ дызыхуэза тIысыпIитIым зыри щыстэкъыми, Николай сэ блынымкIэ сыдигъэтIысхьэри, езыр мыдэкIэ IутIысхьэжащ.

– Ужеифмэ, жей, умыжеифми, жей нэпцI зыщI, къыдэупщIмэ, сэращ епсэлъэнур, уэ зыри жумыIэ. – МафIэгум фронтым кIуэж офицер-

хэмрэ сэлэтхэмрэ изу ист. Дэ дыкъыщIэпхъуэжауэ дыкъокIуэж, нэмыцэ офицер къомым дахэсу. Ахэр аркъэ йофэ, тутын йофэ, зэрогъэкIий, согузавэ, «дыбзэкъым, дытхылъкъым». Апхуэдэу жызоIэри, си напIэр зэтелъ щхьэкIэ, сыжейртэкъым. Си псэр дзапэкIэ сIыгът. Вагоным, тIысыпIэ фIэкIа, гъуэлъыпIэ иIэтэкъым.

Жэщыр хэкIуэтэху ефа, зэрызехьа нэужь, псори сабыращ. Сэри си гур тIэкIу мамыра къудейуэ, зы станц гуэрым дыкъыщыувыIауэ, жэщыбгым кIий-гуоуэ офицеритI къихьащ. КъызэрызгурыIуамкIэ, нэмыцэбзэкIэ «проверка» жаIэу арат. Псом япэ ди деж къыщыувыIэри, зыгуэр жаIащ. Николай, зэрыщылъым хуэдэу, «Урлаб» жиIащ, дэ тфIэкIыу псори зрагъэлъэгъуа нэужь, икIыжахэщ.

– Сыт абы яжепIар?

– «Отпускники», яжесIауэ аращ.

Апхуэдэурэ дыкъажэурэ нэху щащ. Сыхьэти 10-м зы станц гуэрым дыкъыщыувыIащ.

– Уэ щылъ, сэ тшхын къэзгъэхьэрычэтынщ! – жиIэри, Николай икIащ. ПсынщIэ дыдэу зы щIакхъуэ бухъанкIэ, зы колбаса Iыхьэшхуэ, псы птулъкIитI къихьри къэкIуэжащ. МафIэгур ежьэжащ. Нэмыцэхэри, куэду аркъэрэ шхынрэ къащэхуауэ, йофэ, йошхэ.

Дэ дыздэщыIам мазэм Польшэм я ахъшэу злоти 10 къыдатырт. Сэ злотэ 20 сIыгът, Николай иIыгъыр сщIэртэкъым. Польшэм я щIым дыкъыщижым деж Николай щIакхъуэрэ колбасамрэ къыщищэхуауэ арат.

– Иджы Украинэм я щIым дохьэ, польшэ ахъшэр тIахыжыну-къым, – жиIащ Николай.

– НтIэ, дымышхэу дауэ хъуну?

– Пщыхьэщхьэ Запорожье дынэсынущ, – жиIащ.

МафIэгур къожэ, къолъей, фронтым кIуэ офицерхэр йофэ, зэрогъэкIий, зэрызохьэ. Дэ зыдудыгъуауэ ди тIысыпIэм дисщ, «ди гугъу къамыщIащэрэт», жыдоIэри.

Шэджагъуэ нэужьым аргуэру «проверка» жаIэу къилъэдахэр офицеритIти, дыкъыщылъэтри я пащхьэ диуващ.

– Хъай Гитлер! – жиIащ Николай.

– Вер ист? – жиIэри Iэпэ къытхуищIри, къыдэупщIащ.

– Их ист! – жиIэри, ди Iэблэм кIэрыда дамыгъэ цIыкIур ирагъэлъэгъуащ «Кавказский легионер» жиIэу. «Урлаб» яжриIащ.

– А, кауказусион! – жиIэри, дблэкIащ, дэри хуиту дыбэуэжри дытIысыжащ. ЩIакхъуэ къэнамрэ колбасамрэ тшхыри, псы дефэжащ.

Пшапэр зэхэуауэ Запорожье дыкъыщикIащ. Днепр дизышын дгъуэтыжынутэкъым. Псы Iуфэм дыIусу нэху дгъэщащ.

ЩIыIэм дисауэ, дымыжеяуэ псы Iуфэм нэху дыкъыщекIами, ди гур гуфIэрт. Благъуэм и жьэм дыкъыжьэдэхуат. ПсэзэпылъхьэпIэ шынагъуэ гъуэгуанэ кIыхь къэткIуат зы жэщрэ зы махуэкIэ, ди псэр мастэпэм пылъу. Даубыдамэ, дыщаубыда щIыпIэм деж дыщаукIынут.

Нэху щыри, дызэплъыжри, дыдыхьэшхыжащ. Иджы ди нэмыцэ фащэр щытхамэ, дэнэкIи дгъазэ хъунут. Арат къызэрысщыхъур,

арщхьэкIэ, бийм иубыдауэ иIыгъ щIыпIэм хуиту ущыбэуэнутэкъым. Ауэ, итIани, уригуфIэну дэ илъыгъуэфI тщIат. Германымрэ Польшэмрэ елъытауэ, Украинэр анэ бгъафэт. Гъэмахуэти, дэтхэнэ зы пабжьэри гъэпщкIупIэт. Си гур къигуфIыкIырт, къыспэплъэ шынагъуэ куэдыр сымыщIэу.

Нэху зэрыщу псы Iуфэм къегъэтIысылIауэ Iут кхъуафэжьей цIыкIухэр тлъэгъуащ.

– Мобыхэм ящыщ зым дитIысхьэнщи, дисыкIынщ, – жиIащ Николай. Арати, дежьащ. Ауэ, дыдэплъеймэ, нэмыцэ бомбэзехьэ кхъухьлъатэу 12 къокIуэ, тщхьэпрылъэту ди дзэхэр зэхаупIэщIэну. Абы хэту, ди истребителу щы, уафэм къехуэхам хуэдэу, къахэлъадэри, яхэуэу щIадзащ. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм яIыгъ бомбэхэр, ди истребителхэр еуэурэ, хыфIрагъэдзащ. А бомбэхэм я щIагъым дыщIиубыда хъури, даукIыным тIэкIунитIэщ иIэжар. Насып диIэти, псы Iуфэ дыдэм деж мащэ къыщытIауэ иIэти, абы зиддзэри, дыкъелащ. Бомбищ Днепр хэхуэри, метритI-щы хъу бдзэжьеижьхэр иукIауэ къыдридзеящ. Бдзэжьейуэ къыдридзеям псыр уагъэлъагъуртэкъым, псы Iуфэм адэкIи, мыдэкIи Iусхэр, нэмыцэ сэлэтхэри яхэту, кхъуафэжьейхэмкIэ телъэдауэ бдзэжьейхэр къыхалъэфырт. Махуэр шэджагъуапIэм нэсащ жыпIэну, апщIондэху кхъуафэжьейхэр къытлъымысу, къыхалъэфащ, къыхамылъэфыфыр псым ирихьэхащ. ИтIанэ щIалэ цIыкIухэм делъэIури дызэпрашащ.

– Километр 40-кIэ дыкIуэн хуейщ, – жиIащ Николай. ПсынщIэ дыдэу дежьащ. – Жэщ мыхъуу дынэсын хуейщ.

Ауэ, насып диIэти, а лъэныкъуэмкIэ кIуэжу шыгукIэ щIалэ гуэр къытлъэщIыхьащ. Абы дригъэтIысхьэри, сыхьэт зытIущым дынигъэсащ. ЩIалэм нэгъуэщI щIыпIэкIэ дидзыхащ, дэ фIыщIэшхуэ хуэтщIщ, дыкъелъэри, къуажэм дыдыхьауэ уэрамымкIэ дыдокIуей.

– Николай! – жиIэрэ кIийуэ зы фыз гуэр къытпежэжьащ.

– УмыкIий! – жриIащ абы Николай. – Дэнэ щыIэ Лизэ? – еупщIащ щэхуу.

– Къуажапщэм деж щыт колхоз шэщыжьым щIэсщ, уипхъури и гъусэу, – къыжриIащ. Къытхуэза фызыр Николай и фызым и дэлъхум и физт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Николай и фызым и нысэт, – КIуэ, дыхьэж, зыми зыри жумыIэу, пщыхьэщхьэ фынэкIуэнщ, – жриIащ макъ щэхукIэ.

Дэ ди щхьэр щIэIуауэ, псынщIэу уэрам захуэм дытету дыкIуэурэ, къуажэбгъу дыдэм деж щыт колхоз шэщыжьым дынэсри, хъумакIуэм хуащIауэ щыта зы унэ закъуэ хэтти, абы дыщIыхьащ. И фызыр абы щIэсти, гъуэгыу зыкъридзащ.

– Умыгъ, иджы псори къызэднэкIащ. Хъарзынэу узыншэу сыкъэкIуэжащ, – жиIэри ипхъу, илъэси 5-м итынт, хъыджэбз цIыкIур къищтащ.

Николай и фызым дэлъхуищ иIэти, тIур зауэм щыIэт, зыр къуажэм дэст. Пщыхьэщхьэм и дэлъхури и нысищри нэкIуащ, самогон джырэфинэрэ шхын куэдрэ яIыгъыу.



3 Заказ №219

Псом япэ граждан щыгъын къытхуахьри, зытхуэпащ.

– Мы нэмыцэ щыгъынхэр вгъэс! – яжриIэри яритащ. Пшапэр зэхэуат. Самогоным дефэурэ фIыуэ дышхэри, мохэр щIэкIыжащ. Сэ зы щхьэнтэ цIыкIу къеIысхщ, шэщыщхьэм сыдэкIуейри сытегъуэлъхьащ, зэлIзэфызыр унэ закъуэм къыщIэзнэри. Сыгъуэлъа къудейуэ, нэмыцэбзэкIэ кIийуэ бжэр къыттракъутэу щIадзащ. Сэ сыкъыщылъэтщ, шэщ кIыхьым и щхьэм срижэщ, селъэри, жыг хадэшхуэм сихьэжащ.

Жэщыр пабжьэм щызгъэкIуащ, насып сиIэти, кIагуэ дыта къызатат. Пщэдджыжьым пабжьэм сыкъыхоплъри – къуажэр щымщ, хьэбанэ макъ къудей щыIэкъым. Дыгъуэпшыхь дыщышха унэм и бжэр хуиту солъагъу, сызыбгъэдэса фызхэр къакIуэри щIыхьащ. Пабжьэм сыкъыхэкIри, сэри унэм зыщIэздзащ. Николай и фызыр мэгъуэгри щысщ, и анэр зэрыгъым щхьэкIэ ипхъу цIыкIури магъ.

– Къэхъуар сыт? – сыщIэупщIащ.

– Шэч хэмылъу, бзэгу яхьауэ къыщIэкIынущ. Дыгъуасэ къуажэ уэрамымкIэ фыкъыщрикIуам, куэдым фыкъалъэгъуащ, Николай зымыцIыху мы къуажэм дэскъым. Коменданту Запорожье щыдэсам тхьэмахуэ къэс къакIуэу щытащ, – къызжаIащ.

– ИкъукIэ си жагъуэ хъуащ си ныбжьэгъур зэраIэрыхьар. Сэри сежьэжынщ, ахъумэ шынагъуэщ саубыдынкIэ, – жысIэу сыкъыщытэджыжым, и нысэхэм ящыщ зым:

– Уи кIагуэ уэттам щIыIу итыжкъым, мыдэ къащти псынщIэу пхуиздэжынщ, – жиIэщ, сIихри псынщIэ дыдэу щIыIуитI схуридэжащ. – Уэ Николай уригъусэу дыгъуасэ укъалъэгъуащ, мы къуажэм дэкIыжи нэгъуэщI щIыпIэ кIуэи нэхъыфIщ. Мыбы зыщIыпIэ унихьэсынщ, – жиIэри, зы щIакхъуэшхуэрэ салэ Iыхьэшхуэрэ хъыданым къыкIуэцIилъхьэри, къызитащ. Фызхэм фIыщIэ яхуэсщIащ, сабийм и щхьэфэм Iэ дэслъэри, жыг хадэм сихьэжащ.

А къуажэм сыкъыдэкIри, нэгъуэщI къуажэ сыкIуащ. ЩIакхъуэмрэ салэмрэ махуищкIэ срикъуащ. Жэщми махуэми зызогъэпщкIури губгъуэм ситщ, жэщым пабжьэм сыхопщхьэри сыхэлъщ. ЗэрыслъэкIкIэ ипщэ лъэныкъуэмкIэ сокIуэ. Сызыхуэзэ гъуэгухэр гъэщхъауэ жэкIэ зэпызоупщI. Нэмыцэ сэлэтхэр ису мафIэгухэр ипщэкIэ макIуэ, фронтым. Ауэ а фронтыр Алыхьым ещIэ здэщыIэр. Дунейм теткъым уи закъуэн нэхърэ нэхъ Iей.

ИкIэм, сымэжалIэурэ афIэкIа слъэмыкIыж хъуащ, си лъэм сихьыжыртэкъым. Зы къуажэ гуэрым секIуалIэри, иджыри фIамыхыжауэ фIэлът къуажэбгъу дыдэм деж «Колхоз ХТЗ» жиIэу. Къуажэбгъум щыт унэ тхьэмыщкIэ гуэрым сыщIыхьащ. Алыхьым гъуэгу къуитынумэ, аращ: сызыхуэзар фызыжь закъуэт, и къуэ закъуэр зауэр къызэрыхъейуэ кIуауэ, и хъыбари имыщIэу.

– Бабушкэ, пленым сыкъикIуэсыкIауэ гъэпщкIуауэ къызокIухь. Шхын щхьэкIэ солIэ! – щыжесIэм, фызыжьыр гъащ.

– Сэ си щIалэм и хъыбар лъэпкъ щыIэкъым! – жиIащ. Быдэу сигъэшхащ. – Уэ си деж ущыIэ хъунущ, ауэ япэщIыкIэ старостым жетIэн хуейщ, тIури абы деж дыкIуэу.

– Хьэуэ, ар хъунукъым, нанэ, абы нэмыцэм саритынкIэ хъунущ, – жысIащ.

– Хьэуэ, си щIалэ, ар советскэ цIыхущ, абы и зэран къокIынкъым. Умышынэу накIуэ си гъусэуи, си деж ущыIэну хуит уищIынщ. Сэри си закъуэ сошынэ. Советскэр къэкIуэжыху, си деж ущыIэнщ, – жиIащ.

Фызыжьым деж махуитIкIэ сыщыIауэ, сыкъытригъэхьэри сишащ.

– Уэ моуэ щыт, абы нэмыцэ щIэсынкIэ хъунущ, – жиIэри гуэщ къуагъым сыкъуигъэуващ. ЩIыхьа къудейуэ, нэмыцэ офицеритI къыщIэкIыжри дэкIыжащ. «Аргуэру Алыхьым сыкъихъумащ», жысIащ сигукIэ. Фызыжьыр къыщIэкIыжри, Iэ къищIри сыщIыхьащ. Сэлам зэтха нэужь, жесIащ екIуэлIапIэншэу къызэрыскIухьыр. Кавказым сызэрыщыщыр.

– БжьыхьэхуегъэзэкI хъуащ, жэщкIэ губгъуэм силъыну къызощIыIэкI, – жесIащ.

– Iэщэ пIыгъ? – къызэупщIащ.

– СIыгъщ, ауэ шитI фIэкIа илъкъым.

– НтIэ, а уи Iэщэр сэ къызэт. Сэ старостэу сыщытыху, усхъумэнщ, – жиIащ.

– Си деж щреIэ, си закъуэ сошынэ жэщкIэ, – жиIащ фызыжьым.

– Мы нанэр си щхьэгъусэм и анэщ, щыIэ, дэIэпыкъу, зумыгъэлъэгъуащэ, – жиIащ старостэм. Си жыпым къисхри пистолетыр естащ. Езмытами, шитI фIэкIа имылъу, абыкIэ схуэщIэнышхуэ щыIэтэкъым.

Арати, фызыжьым и деж сыщыIэщ. Жэмыр зызохьэ, сыпхъэхьэпсыхьэщ, фIыуэ сегъашхэ. И къуэм и бритвэмкIэ си жьакIэр соупс.

Зы махуэ 15 хуэдизкIэ сыщыIауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым хъыджэбз цIыкIу къигъэжащ старостэм: «Ныжэбэ облавэ щыIэнущи, къуажэм дэкIи губгъуэм ис!» – жиIащ старостэм жиIэри. Пшапэр зэхэуат. Си кIагуэжьыр зыщыздзэри, къуажэм сыкъыдэжащ. Къуажэм тIэкIу укъыIукIуэтмэ, гуэдз щаIуауэ, хьэуазэр къытранауэ сыхуэзэри, сыхэпщхьащ. Хьэмыр гъуэгубгъу дыдэрауэ къыщIэкIащ. Жэщыбг хъуауэ нэмыцэ машинэ инитI, фронтым кIуэуэ къыщIэкIынт, сызыхэлъ хьэуазэм деж къыщыувыIэщ, къикIхэри зэпсалъэу, тутын ефэу, загъэпсэхуу зэхэуващ. Щытауэ къыщIэкIынщ ахэр зы сыхьэткIэ, ауэ сэ ар къысщыхъуащ жэщ псоуэ. Хьэуазэ сабэр си Iум ирихьарэ сымыпсчэну Iэмал имыIэу, сыпсчэмэ, сыкъагъуэтынурэ саукIыну. ИкIэм-икIэжым зэгуэр итIысхьэжхэри IукIыжащ, сэри хуиту сыпсчэжащ.

Пэж дыдэу, а жэщым нэху щыху нэмыцэхэм къуажэр щIащыкIащ. Хьэхэр зэпымыууэ бэнащ. Пщэдджыжьым, псори сабырыжа нэужь, хьэуазэм сыкъыхэпщыжри, фызыжьым и деж сыщIыхьэжащ.

– Упсэу? – жиIэу фызыжьыр гуфIащэри гъащ. ФIыуэ сигъэшхащ. Си жьакIэр супсри жесIащ:

– Нанэ, сэ ипщэкIэ сыкIуэмэ, нэхъыфIщ, фронтым и гъунэгъуу. Ину фIыщIэ пхузощI уи цIыхуфIагъым щхьэкIэ!

Зы щIакхъуэ, салэ Iыхьэ хъуржыныжь гуэрым къысхурилъхьауэ сыкъыщыщIэкIыжым, селъэIуащ и къуэм и бритвэр къызитыну.

– Къащтэ, си щIалэ! – жиIэри, абырэ зы дыху сабынрэ къызитащ. IэплIэ хуэсщIыжри сыкъыщIэкIыжащ.

Махуэм сыкъакIуэу, сызыхуэзэ къуажэм и къуажэбгъум деж сыдыхьэрэ сышхэу. Губгъуэм къина хьэуазэм жэщкIэрэ сыхэлъу сыкъакIуэурэ, махуэ куэдкIэ сыкъэкIуауэ, жэщри щIыIэ Iей хъууэ хуежьауэ, зы къуажэ гуэрым и бгъум деж сыдыхьэри, сышхауэ сыкъыщыдэкIыжым, шы куэд яIыгъыу, шыхэр хэти щIакъуэу, хэти я уIэгъэхэр плъагъуу зы гупышхуэ, и ныкъуэм нэмыцэ щыгъын ящыгъыу, ауэ граждан щыгъын зыщыгъ зыкъоми яхэту, зэрызехьэу саIууащ.

– Ухэт уэ? – жаIэри, саубыдащ. Мыпхуэдэхэм деж, «Лагерым сыкъикIуэсыкIауэ къызокIухь!» – жыпIэнур нэхъыфIт. Машинэ цIыкIум исым деж сашэри, аращ жесIар – «хьэулейуэ къызокIухь!»

– Усыт лъэпкъ? – къызэупщIащ.

– Сыкавказецщ, сычеркесщ, – жесIащ.

– О, сэ шэрджэс шууейхэм ятеухуауэ куэд сыкъеджащ. Ахэр зауэлI хъыжьэу щытащ. Шым утесыфрэ? (СызэрыцIыкIу лъандэрэ шыбгым сисат).

– Сытосыф, – жысIащ. ДызэрызэпсалъэрI тэрмэшкIэт.

– НтIэ, мы шы уIэгъэхэр зепхьэу ди гъусэу къэпкIухьынущ, зыщIыпIи укIуэнукъым! – жиIащ нэхъыщхьэм. Тэрмэшым жери:

– Мыхэр австрийцхэщ, шы дохутырхэщ. ЦIыхуфIхэщ. Мо граждан щыгъынкIэ хуэпахэр урысщ. Уэ уехъулIауэ зылъытэж! – къызжиIащ. СыкъызыдэкIыжа къуажэм дыдыхьэжри, шыхэр колхоз шэщхэм щагъэбэяуащ. Дэри унэхэм дытрагуэшащ.

Зы махуэ гуэрым шыхэр псафэ тшауэ дыкъыщыкIуэжым, сопльэри, уэрамым ирокIуэ Славут къалэм и лагерым къыздиса украин щIалэ Федеракэ Володя.

– Володя! – жызори сыкIэлъоджэ. Ар къеплъэкIри сыкъызэрилъагъуу, гуфIэу къегъэкIэрахъуэ. Шым сыкъелъэри, IэплIэ зэхуэтщIащ. Ар зэи зи гур зымыгъэкIуэдт, щIалэ нэжэгужэу, гуфIэжу лагерым къыздисат. Сэ сыкъринэри къикIуэсыкIат. Лагерым ислъэгъуэжатэкъым.

– Мыр дауэрэ уи Iуэхур къызэрекIуэкIар, кавказец? – къызэупщIащ.

– Ар кIыхьщ, уэ уи къуажэм укъэкIуэжауэ ущыпсэурэ? – сеупщIащ.

– Мес мо унэр сысейщ, Iэмал имыIэу накIуэ, дызэбгъэдэсынщ, дызэпсэлъэнщ, – жиIэри, дызэбгъэдэкIыжащ. А къуажэм махуэ зы пщыкIутхукIэ дыдэсати, къакIуэурэ сыкъригъэутIыпщурэ, дызэбгъэдэсащ, и унэм сишэурэ самогон дефэурэ дыздэшхащ.

– Абы щыгъуэ къытпэплъа ажалым дыкъелат, ауэ дяпэкIэ къытпэплъэр Алыхьыращ зыщIэр. А лагерым сыкъикIуэсыкIри лъэс защIэу сыкъэкIуэжащ. Ди къуажэм сыкъызэрыдыхьэжу, нэмыцэ комендан-

тым и учетым сригъэуващ. Германым щылэжьэну щIалэхэр яшэ. Сэ зэкIэ старостэм, Iулъхьэ естри, сыкъигъэнащ. Партизан гуп щыIэу жаIэ, ауэ, сыт сымыщIэми, запысщIэфыркъым, сахыхьэнути. Жэщым тIощIрэ сыкъыхощт, дызэщIакъуэу Германым дахункIэ сошынэри, – къызжиIащ. Физ дахи къишат, къикIухьу зы щIалэ цIыкIуи иIэт.

– Сэ си Iуэхури нэхъ щIагъуэкъым, сыщIэпхъуэнкIэ иджы нэхъ тыншт, ауэ фронтыр здэщыIэр къэщIэгъуейщ. Фронтыр къокIуатэ, дэри абы ипэ диту докIуатэ, дыздэкIуэр тщIэркъым. Сэ аргуэру Германым сыкъыщыхутэну сыхуейкъым, – жысIащ.

– УзгъэпщкIунт, ауэ сэ езым къыспэплъэр сщIэркъым. «Облава» жари жэщ щIагъуэ дэмыкIыурэ нэмыцэхэм къуажэр щIащыкI.

Ахэр зэжетIэурэ дыщысащ. Володя зи гум хьэрэмыгъэ имылъ цIыху хьэлэлт, сыт щыгъуи гуфIэжу, гуапэу. Сэ ар зэи сщымыгъупщэн цIыхущ. Ар зыдэса къуажэм и цIэр сщIэжыркъым, ауэ абы и гъунэгъуу къуажитI щысащ «Болозиркэ», «Семихаткэ» жаIэу.

А къуажэм дыкъыщыдэкIыжым жэкIэ сыкIуэри, IэплIэ хуэсщIыжащ.

– ДэнэкIэ умыкIуами, насып уиIэу, уи гъуэгу дахэу Тхьэм уигъэпсэу! – жиIэри, къызэхъуэхъуащ. И хъуэхъури къызэхъулIащ. Сэ а щIалэм сыхуэарэзыщ.



Австрийцхэм сахэту дикIуэтурэ, Днепр дикIыжащ, итIанэ Буг псым пэмыжыжьэу Шмалки къуажэ цIыкIум дыкъыщыувыIэри, щIымахуэр щитхащ. Фронтыр къызэтеувыIауэ къыщIэкIынт.

Зы махуэ гуэрым, езыр зытесым нэмыщI, зэкIэрыщIауэ Iэдэжу ший иIыгъыу зылI нэкIуащ дызыдэс къуажэ цIыкIу Шмалки. Сеплъмэ – урысыфэкъым.

– Усыт лъэпкъ? – сеупщIащ.

– Сычеркесщ, – жиIащ.

– Iэу, хэтхэ уащыщ?

– Сыабазэщ, Къымызэхэ сащыщщ, си цIэр Елдарщ. Модрей австыр батальоным я шы уIэгъэхэр зыдохьэ.

Абы шыхэр къаритщ, си Iэри къиубыдыжри, здэщыIэ частым кIуэжащ. (1947 гъэм Налшык, Почтовэ уэрамым дыщызэхуэзэжащ. И шыпхъу Сарэ ветеранхэм ди поликлиникэм щылажьэрти, езы Елдари Налшык къэIэпхъуауэ дэсащ. Куэду лIы зэтетт. Налшык щылIэжри, Вольнэ Аул кхъэм щыщIэтлъхьэжащ. Алыхьым и хьэдрыхэ фIы ищI).

Гъатхэм аргуэру дикIуэту дежьащ. Къуажэхэм махуэ зыбгъупщI нэхъ зыщыдмыIэжьэурэ докIуэт. Сэлэтхэм я зэпсалъэ макъымкIэ къызгуроIуэ, фронтым Iуэхур зэрыщымыщIагъуэр. ИкIэм, апрелым и 9-м 1944 гъэм, дыкъыщыувыIа къуажэм фронтымкIэ нрихуурэ жыр ноуэ, уэс цIынэр Iуву зэрихьэу. Урысищрэ сэрэ зы физыжь гуэрым деж жэщым дыщIэлъу, советыдзэм я топ уэ макъыр хуиту зэхыдох. Сэ сыжейркъым, хьэкум телъ физыжьри жейркъым. Жэщыбгым сыкъэтэджауэ зызохуапэ. Си гъусэ щIалищми къыщылъэтауэ захуапэ. Абы ипэкIэ дзыхь зэхуэтщIу зы псалъэ зэжетIатэкъым. Ауэ «зым и гум илъыр щэм я гум илъщ» жыхуаIэр пэжщ. Си гум илъыр абыхэ-

ми я гум илъу къыщIэкIащ. Арат а щIалищыр дэнэкIэ сыкIуэми си гъусэу нышIэкIуэр. НыбжькIэ сэ псоми нэхърэ сынэхъыжьт. СыткIи къызэдаIуэхэрт. Сэ псынщIэу зэрызысхуапэм хуэдэу, езыхэми захуэпащ, зы псалъэ зэжедмыIэу.

– Сыночки, куда вы? – къыдэупщIащ фызыжьыр.

– Бабушка! Слышите, наши стреляют, мы к своим! – жесIащ.

– Сыночки, подойдите, я вас окрещу! – жиIэри, дыбгъэдыхьэурэ зырызыххэу жор къыттрищIащ.

Унэм дыкъыщIэкIри, дыздэкIуэнумкIэ, жьапщэ бзаджэм кърих уэс щIыIэр ди напэм къеуэу, зыри зэжедмыIэу дыкъежьащ. А жэщым километр 12-м нэс дыкъэкIуащ. Бгышхуэ гуэрым дыкъыщхьэщыхьэри, дыцIантхъуэурэ дыкъехмэ, унэ гуэрхэр щытщ. Япэ дызыхуэза унэм дыщIыхьэмэ, хуэпауэ нэмыцэ сержант пулемётым бгъэдэсу щысщ, пулемётыпэр щхьэгъубжэмкIэ дэгъэжауэ. Унэм кIэртIоф уэздыгъэ щоблэ. Нэмыцэр кIэзызырт, шынэрт. Зы псалъи жетIакъым, дэри дыщышынащ. ПулемётымкIэ дыщIигъэлъэлъыфынут. Дэ граждан фащэ тщыгъти, ди гугъу къищIакъым. Зыри зэжедмыIэу нэху щащ. ЩхьэгъубжэмкIэ сыкъыдэплъмэ, дыкъызэха бгым и щыгу дыдэм нэмыцэ миномёт «Ванюшэу» зэбгъурыту плIы тетщ. «Абы бгъэдэсахэм дыкъамылъагъуу дауэ дакъызэрыблэкIар?», – жызоIэ сигукIэ. Нэмыцэр зыбгъэдэс щхьэгъубжэмкIэ сыкъыдэплъмэ, псыпцIэт, къамыл Iув хэту. АдэкIэ сызэпрыплъмэ, зэи сымылъэгъуа машинэшхуэу тIу къыIулъадэщ, зыкъагъазэри, мафIэр къаIурылъэлъу, зэкIэлъхьэужьу шэ пщыкIух, щIыр ягъэхъейуэ, макъ шынагъуэкIэ къадзри, дыкъызэха бгым екIуэкIыу тет нэмыцэ миномётхэри, бгъэдэс сэлэтхэри жьым хипхъэжащ. ДызыщIэс унэм зы щхьэгъубжи къыхимынэу хигъэщэщащ. Абы и ужьым кIэщIу иту, плащ-палаткэхэр ятеубгъуауэ урыс сэлэт зыкъом къамылым къыхэтэджыкIащ.

Нэмыцэ сержантым ар зэрилъагъуу, пулемётыр иIыгъыу къыщIэжащ. Абы и ужьым кIэщIу диту, дэри дыкъыщIэжащ. Дэ ди сэлэтхэм дахуэжэу дыщIэпхъуащ, нэмыцэ сержантыр пулемётымкIэ къызэуэкIыурэ джабэм дэжащ. Къамылым къыхэтэджыкIауэ къакIуэ сэлэтхэм дахэлъэдащ.

– Фыхэт? – къызэупщIащ зы.

– Нэмыцэм дакъыIэщIэкIауэ дыкъожэ! – жысIащ.

– Къамыл псыпцIэм фызэпрыкIи штабым фыкIуэ! – жиIэри сэлэтыр дблэкIащ.

ПсыпцIэм дызэпрыкIауэ дыздэкIуэм, чэфыжьу зы старшина дыхуэзащ.

– Штабыр дэнэ деж? – еупщIащ си гъусэхэм ящыщ зы.

– Сэращ штабыр! Фэ физищIысыр сыт? Фымызауэу къыщIэвджэдыхьыр сыт? – жиIэри, къыдэхъуэну щIидзащ.

– Уэ апхуэдэу ущылIыхъужьым, мо передовойм ущымыIэу, уефэу щхьэ удэт? – жесIащ къызжьэдэхури.

– Ар уи унафэ, сволочь! – жиIэщ, кIэрахъуэр кърипхъуэтри, къыщызэуэм, си гъусэ зыр IэщIэуэри, кIэрахъуэр дэуеящ. Си жьэм

сытекIуэдэж пэтащ. «Алыхьым сыкъихъумащ», – жысIащ сигукIэ. Ежэри абы и кIэрахъуэр си гъусэхэм къыIэщIаIуэнтIыкIащ:

– НакIуэ, штабым дыши, абы къущатыжынщ, – жаIэри, кIэрахъуэр езым ирагъэпщэжащ. ЗанщIэу и чэфыр теужри:

– Сэ ар сукIыну сыхуеякъым, сыщыуащ, кIэрахъуэр къызэфтыж, сынызолъэIу! – жиIэу щIидзащ.

– Аргуэру зыкъиптIэмэ, дэ удукIынщ. Мэ, зыдумыгъэлъагъу! – жиIэри, абы IэщIэуэу къызэзымыгъэуа щIалэм кIэрахъуэр хыфIидзэри, дежьэжащ. Старшинари, кIэрахъуэр къищтэжри, хъуанэурэ и гъуэгу теувэжащ.

Штабыр зыгуэрым дигъэлъагъури, дыщIыхьащ.

ДызыщIыхьам, техьэгъуэ къытехьауэ дрехуейри зы полковник гъуэлъыпIэм илъщ. Зы майоррэ зы капитанрэ щIэсщ.

– Фыхэт фэ?! – жиIэри полковникыр къытщIэкIиящ.

– Дэ пленым дыкъикIуэсыкIащ, дакъыIэщIэкIри дыкъэкIуэжащ, – жиIащ сыкъезыгъэла си гъусэм. Ар сэ нэхърэ зэрынэхъыщIэ щыIэтэкъым, адрей тIур щIалэ дыдэт.

– ФаукIын хуейщ фэ! Зауэр и кIэм нэблэгъэху пленым фыщыIауэ, иджы, батэр вгъэша хуэдэ, фыкъэкIуэжащ, – жиIэурэ полковникыр кIийрт.

– БукIыным ипэкIэ, мыхэр зищIысымкIэ еупщIын хуейщ, товарищ полковник! – жиIащ майорым. – Ухэт уэ, плен узэрыхъуари дауэ? – къызэупщIащ сэ.

– Парашютисту Борисполь служить щысщIу зауэм щIидзащ, июным и 29-м дахьри, бий къакIуэм и пащхьэм дыщрадзыхащ. Дызауэурэ, дыкърагъэкIуэтурэ, си лъакъуэр уIэгъэу Киевскэ окруженэм сихуэри плен сыхъуащ, – жысIащ.

Псоми зыгуэрхэр жаIащ. Капитаныр къэпсалъэри:

– Коммунист фхэт?

– Сэ сыкоммунистщ! – жиIэри, старшинам и кIэрахъуэм сыкъезыгъэлам и гъуэншэдж лъапэм и билетыр къыдихащ. Командирхэм я нэр къихуащ.

– Сэри сыкандидатщ, – жысIащ.

– Дэнэ уэ ущыхыхьар? – къызэупщIащ капитаныр.

– Москва!

– Москва щыпщIар сыт?

– Театральнэ институтым, Луначарскэм и цIэкIэ щыIэм, сыщеджащ.

– Ар дэнэ деж здэщытыр?

– Арбат площадым и гъунэгъуу, Собинов переулкэм тетщ.

– Партым ущыхыхьар дэнэ район?

– Краснопресненскэ районым.

– Хэт абы щыгъуэ япэ секратеру щытар?

– Поповэ!

– АтIэ, уи билетыр дэнэ здэпхьар?

– Бийм я деж дыщрадзыхыну кхъухьлъатэм дыщитIысхьэм, младший политрук Дубовиков сIихащ.

– Товарищ полковник, мыбы жиIэ псори пэжщ, – жиIащ капитаным. Ар езыр Москва щыщу къыщIэкIащ.

– ВгъакIуэ пересылочнэ пунктым, абы щызэхагъэкIынщ, – жиIащ полковникым.

Капитаным дыкъыщIишри, дыздэкIуэну лъэныкъуэр дигъэлъэгъуащ.

– МобыкIэ километр 15 хуэдизкIэ фыкIуэмэ, абы щыIэщ пересылочнэ пунктыр, – жиIэри, диутIыпщащ.

Фронтыр зэрызехьэу япэкIэ макIуэ, дэ ар къыздикIымкIэ докIуэ, псори къыдэплъу.

ДыздэкIуэм пщыхьэщхьэм дынэсащ. ДыздагъэкIуар нэмыцэхэм я лагеру щытауэ къыщIэкIынт, гъущI кIапсэ банэкIэ къэхухьауэ лагерышхуэ, цIыху мин куэд иcу, генералхэри, офицерышхуэхэри, сэлэти, нэмыцэм ядэлэжьахэри, икъукIэ цIыху зэмыфэгъу куэд иcу, и бжэм деж автомат иIыгъыу сэлэт Iутыжу, дыкIуэри, куэбжэхъумэм куэбжэр Iуихри дыдигъэхьащ. «Хъарзынэу дыкъыдагъэхьат, дыкъыдагъэкIыжмэ», – жысIащ сигукIэ. Щхьэж зыхуэзэм деж дыщигъуэлъыкIри, нэху дыкъекIащ.

Пщэдджыжьым зы красноармеец къытхыхьэри:

– Дыгъуасэ къэкIуахэм зыдвгъэтх! – жиIащ. ЦIыху 20-м щIигъуным зрагъэтхащ, си гъусищри яхэту, зы осетин щIалэшхуэрэ зы адыгэ щIалэ цIыкIу, Хьэтуейм БищIохэ ящыщу. Псом яужькIэ, сэ зыпезгъэтхащ, спискэр зыIыгъ красноармеецым и ужь ситу сыкIуэри унэ зыщIыхьам и щхьэгъубжэ лъабжьэм деж сыуващ.

Лагерым пэшищ хъууэ, и гупэр дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ гъэзауэ, а зы унэжь цIыкIурат итыр.

Щхьэгъубжэ IухамкIэ зэхызох «Какой Кардангушев? – жаIэу. – А ну, позови Кардангушева!» Красноармеецыр къыщIэкIри, и макъым къызэрихькIэ кIиящ, «Кардангушев!» – жиIэри.

– Я! – жысIащ.

– Капитан вызывает! – жиIащ. Сэ красноармеецым и ужь ситу сыщIыхьащ. Адыгэ пыIэ фIыцIэ дахэ щхьэрыгъыу, Красная Звезда орденыр хэлъу зы лIы къуэгъу щыст.

– По вашему вызову Кардангушев явился! – жысIэри, и пащхьэм сиуващ.

– Идите! – жиIэри красноармеецыр къыщIигъэкIащ. – Кардангушев, откуда Вы?

– Из Кабардино-Балкарии! – жысIащ.

– Теперь Кабардинская АССР, – жиIащ. Сэ абы къригъэкIыр къызгурыIуакъым. Дызэрызэпсалъэр урысыбзэт. – Вы где работали?

– В кабардинском драматическом театре.

– А в театре всех знаете?

– Знаю!

– А ну, назовите всех, с кем вы работали!

КъызобжэкI унэцIэхэр.

– А Балкарова работала?

– Да, Калиса Балкарова работала, и училась с нами.

– А почему не назвал ее?

– Я просто называл ребят, а не девчат.

– «Каншобий и Гошагаг» вы написали?

– Да!

– Вот, Кардангушев, возьми бумагу, карандаш и напиши со дня рождения до сегоднешнего дня где был, что делал, с кем из кабардинцев встречался. Все, все, не пропуская ничего. Чем раньше напишете, тем лучше для вас, – жиIащ.

– Можно идти?

– Куришь?

– Да, капитан, курю.

– Но я не курю, – жери стIол къыдэгъэжым къыдех тутын зэмылIэужьыгъуэхэр, тхылъымпIэ, мафIэдз. Ахэр къыIызохри:

– Спасибо большое! Можно идти?

– А кабардинцы есть еще в лагере?

– Есть один паренек, Бижоев из Уруха!

– А осетин?



– Да, одного осетина встретил, – абы и унэцIэр жесIэри сыкъыщIэкIыжащ.

Сытхэну сытIысауэ БищIохэ я щIалэр щIашати, нэщхъейуэ къыщIэкIыжащ. ИтIанэ осетиныр щIашати, хъущIэу къигъэзэжащ:

– Хэт ар? Адыгэ хьэмэ осетин? Урысыбзэщ зэрыпсалъэр.

Абы жиIэр сэ си лажьэтэкъым, сэ сепIэщIэкIыу сытхэрт. Пщыхьэщхьэм пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ, си псэр пыхуу сешауэ, сухащ. Жэщым нэху щыху сыжеякъым. Пщэдджыжьым капитаныр къыдыхьэным сыпэплъэу куэбжэм деж сыщысу, къыщыдыхьэм, сыкъэтэджри зыкъезгъэлъэгъуащ. Iэпэ къысхуищIри сызыбгъэдишащ: «Написал?» – жиIащ. – «Да!» – жысIэри, естащ.

ЕтIуанэ махуэм къыщыдыхьэм, аргуэру сыкъэтэджри, зыкъезгъэлъэгъуащ.

– Кардангушев, зайди ко мне,  – жиIащ. Сэ и ужьым ситу сыкIэлъыщIыхьащ.

– Ну, здравствуй, Кардангушев! – жиIэри си Iэр къиубыдащ. – Хочешь написать письмо домой? Сколько лет про тебя не знают родные! – жиIащ.

– Еще как хочу! – жысIащ.

– Вот, напиши письмо и отдай стоящему у ворот красноармейцу. Он нальчанин, отправит, – жиIащ.

– Спасибо вам большое, капитан!

– Табак закончил?

– Да, капитан, весь лагерь у меня пасется, – жысIащ. Капитаныр дыхьэшхри:

– Да, понимаю, но я еще получил свою порцию! – жиIэри, аргуэру къызитащ пашкIэшхуэ.

– Напиши сегодня же! – жиIэри сыкъыщIэкIыжащ.

ЗанщIэу стхащ: «Сыпсэущ, плену сыщытащ, куэд мыщIэу частым сагъэкIуэну къыщIэкIынщи, аргуэру нэстхынщ. ИджыкIэ пощт адрес сиIэкъым», – жысIэри. Письмор зэкIуэцIыслъхьэри, шияуэ сIыгъыу куэбжэм Iут красноармеецым деж сежьащ.

– Ты куда идешь? Не подходи, убью! – жиIэри, автоматыр къысхуишиящ.

– Слушай, я нальчанин, капитан сказал, чтобы я дал тебе письмо для отправки!

– Уходи, я ничего не знаю! – жиIэри, сызыбгъэдигъэхьакъым.

Капитаныр щхьэгъубжэмкIэ къыдэплъурэ дыкъилъэгъуауэ къыщIэкIынут.

Пщыхьэщхьэм капитаныр къызоупщI:

– Кардангушев, вы отправили письмо?

– Нет, капитан, он меня к себе не подпустил!

– Давай, я отправлю, – письмор естащ. – Вы на каком языке написали?

– На кабардинском!

– Ничего, пойдет! – жиIэри, сIихри дэкIыжащ.



Письмор абы иригъэхьри, сымаджэу хэлъ си щхьэгъусэ Зулихьан къэтэджыжащ.

А лагерым махуи 8-кIэ сисащ. Еянэ махуэм красноармеец спискэ иIыгъыу къытхыхьэри, псом япэ си цIэм къеджащ.

– Я! – жысIэри сакъыхэкIиикIащ.

– Выходи из лагеря, становись! – жиIащ.

ЖэкIэ сыкъыдэжащ, си гъуса щIалищым я Iэр субыдыжщ, IэплIэ яхуэсщIыжри.

Зы взвод хъун къыдашри, дагъэуващ. Капитаныр къыдэкIри:

– Вот, товарищи, за вами мы ничего компрометирующего не нашли. Сталин вам опять доверяет оружие. Сейчас вас поведут в часть, помоют, переоденут, накормят и дадут оружие. Надеюсь, вы оправдаете доверие товарища Сталина. Ну, Кардангушев, счастливо! – жиIэри, си Iэр къиубыдыжри, лагерым дыхьэжащ. Дэ частым дашэу драшэжьащ.

– Слушай, красноармеец, как фамилия капитана? – сыщIэупщIащ сэ.

– Его фамилии никто не знает. Он из особого отдела, приходит и уходит, – жиIащ.

Арати, километр 25-рэ хъункIэ дашащ стрелковэ дивизэм.

ДагъэпскIащ, дахуэпащ. Псоми фоч иратащ. Сэ автомат къызатащ. Псори зэплъыжащ. Сэ занщIэу сигу къэкIащ: «Мыр капитаным и IэщIагъэщ», жысIэри. Грузин щIалэщIэ дыдэ, лейтенант, сыIэщIэхуэри, къызэупщIащ:

– Усыт лъэпкъ?
– Кабардинец! – жесIащ.
ЗанщIэу фIыуэ сыкъилъэгъуащ.

## Днестр сызэрызэпрысыкIыгъар

Арыххэу, июнь мазэм 1944 гъэм Етхуанэ ударнэ армэм сыхэту Одессэ областым сыкъыщыхутащ.

ЦIыхуиплI зыщIэлъын хуей чэтэн шэтырым си закъуэ зы жэщкIэ сыщIэлъауэ, етIуанэ махуэм Слабадзе къалэ цIыкIум къикIауэ лIитI къыщIагъэгъуэлъхьащ. Зы шэтырым укъыщыщIэхутэкIэ, нэIуасэ зызэхуумыщIу хъурэт? Си лъэпкъымкIэ, си IэщIагъэмкIэ къызэупщIахэщ. ЯжесIащ: «Сэ сыкъэбэрдейщ, си IэщIагъэкIэ сыартистщ». Езыхэми зыр егъэджакIуэу, зыр бухгалтеру лажьэу зэрыщытар къызжаIащ. Ахэр сэ нэхърэ нэхъыжьт. Я псэлъэкIэмкIэ къэсщIащ а тIур фашистхэм яубыдауэ щыта щIыпIэм зэрыщыпсэуар. ТIури цIыху гъэсахэт, цIыху хъарзынэт. Ар зы махуэти блэкIащ. ЕтIуанэрей махуэм зы щIалэшхуэ, илъэс 25-м итыну, ди чэтэн пщыIэм командирым къыщIишащ. «Мыхэращ узигъусэнухэр, узытелъыну удз, мэкъу къэхьи пIэ щIы! – жиIэри щIэкIыжащ командирыр.



Къытхыхьа щIалэшхуэм псоми ди Iэр къиубыдурэ нэIуасэ зыкъытхуищIащ: «Виктор, лъэпкъкIэ сыурысщ, Одессэ сыкъыщалъхуащ, си IэщIагъэкIэ – сыдыгъуакIуэщ», – жиIащ абы. Щыри дызэплъыжащ. Виктор удз IэплIэшхуэ къихьри пIэ ищIащ.

Куэд дэмыкIыу командирым къигъэзэжри: «ФыкIуи фащэ къеIыфх, Iэщэ къеIыфх!» – яжриIащ. Щыри щIэкIри, куэд дэмыкIыу, зауэ фащэкIэ хуэпауэ, фоч, шэ куэд яIыгъыу къагъэзэжащ. Сэ диск хъурей зыщIэт автомат сIыгът.

– Си гугъати автомат къыдатыну. СлIожь, мы фоч закъуэрыуэр зищIысыр? Нэмыцэхэр псори автоматкIэ зэщIэузэдащ. Хэт мы фоч закъуэрыуэмкIэ ягъэзэуэн я гугъэр? – жиIэурэ щIалэшхуэр хъущIэрт.

– Нэмыцэ псоми автомат яIыгъкъым, узэуэнумэ мыри Iэщэщ! – жиIащ зым.

– ЖумыIэн жумыIэ! Уи гъащIэр бужэгъужа? – жиIащ егъэджакIуэм. (Виктор жиIар Сталиным и зэманым, зауэм щыгъуэ жыпIэныр дэнэ къэна, щымамыр лъэхъэнэми жыпIэ хъунутэкъым). ЕгъэджакIуэм апхуэдэу щыжиIэм, Виктор, жиIэр мыгурыIуэгъуэу, гъумэтIымэри зиущэхужащ.

Ещанэ махуэм къысщыщIар сымыщIэу Iейуэ сыкъэсымэджащ. (Апхуэдэу гъэм и зэблэкIыгъуэм, гъатхэр иухауэ гъэмахуэр къыщихьэм е бжьыхьэр иухауэ щIымахуэр къыщихьэм, сыкъэсымаджэ хабзэти, иджыри сыкъэсымэджащ). Шхын слъагъу мыхъуу гу Iей-щхьэ Iей сыхъуащ. Зыри сыхуейтэкъым, сыщылъыну фIэкIа. ШхакIуэ сыкIуэн дэнэ къэна, си Iэр къысхуэIэтыртэкъым. Си акъылыр зэIыхьатэкъыми, сыгузавэрт: «Ярэби, сысымаджэу фэ зытезгъауэу си гъусэхэм къащы-

мыхъуну пIэрэ? Сыт сщIэнур? Дэнэ мы сымаджагъэр къысхуздикIа мыгъуэр?» – жысIэурэ. АрщхьэкIэ, апхуэдизу нэжэгужэу сыщытауэ, иджы зэуэ узым сыкъызэрыриудар си гъусэхэм къагурыIуэри, гузавэ хъуат. Махуэ 12-кIэ зыри схуэмышхыу сыщылъащ. Си щIакхъуэ Iыхьэу Виктор къысхуихьыр Iуащхьэу си пIэщхьагъым деж щызэтелът. Си командир грузин щIалэ цIыкIур махуэ къэс къыщIыхьэурэ къысщIэупщIэрт, дохутыр къишэри къызигъэплъат. «Мыр сымаджэ дыдэщ, ауэ щIалэщ, и организмэр узым пэлъэщыну дыщыгугъынщ», – жиIащ, узыр зыгъэувыIэн таблеткэ гуэрхэр сригъэфат, ауэ ахэри псынщIэ дыдэу къэзжьыжат. Си тэмакъым зыри фIэкIыртэкъым.

Абы хэту Слабадзе къалэм къикIри си гъуситI егъэджакIуэмрэ бухгалтерымрэ я фызитIыр къэкIуащ, шхыну къахуэлъэфыр къалъэфри. «Мыр пшхын, мыдрейр пшхын?» – жаIэ щхьэкIэ, къайIысхакъым. Си къэжьын къакIуэрт, шхын слъэгъуамэ.

– ТщIэркъым пхуэтщIэнур, къэбэрдей! Зыгуэр умышхыу хъунукъым, шхын щхьэкIэ улIэнущ! – жиIащ егъэджакIуэм.

– Бжьын цIынэрэ бжьыныху цIынэрэ сшхыфын сфIощI, – жысIащ.

– Ар жыпIэркъэ-тIэ! Иджыпсту! – жиIэри, Виктор щIэкIащ.

Сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу, бжьынрэ бжьыныху IэплIэшхуэрэ къихьри си пащхьэм деж къыщрикIутащ.

СыкъызэфIэтIысхьэри, си щIакхъуэ Iыхьэ епщыкIущанэм дэсшхыурэ бжьын цIынэмрэ бжьыныху цIынэмрэ зытезукIэжу сшхащ, си гъусищыр гуфIэу къызэплъурэ. Ар шэджагъуэрат. ЗанщIэу сыIурихри сыжеящ.

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым сымэжалIэу сыкъэушащ. Сыкъаплъэмэ, си гъусищым я пщэдджыжьышхэр къахьауэ шхэуэ щыст. Сыкъэтэджыну сыхуежьащ.

– Сыт пщIэнур? – жаIащ.

– Сэри къэсхьынурэ сышхэнущ.

– Сэ къыпхуэсхьынщ, – жиIэри, Виктор си котелокыр къищтэри щIэжащ.

– Мис иджы, Алыхьым и фIыщIэщ, ухъужащ, – жиIащ егъэджакIуэм.

Си супымрэ щIакхъуэ Iыхьэ къихьамрэ (а щIакхъуэр махуэ псо Iыхьэт) зыри къэзмыгъанэу сшхащ.

Си гъусэхэр мэгуфIэ, сэри нэху слъагъужащ, дунейр нэгъуэщIу солъагъу пщыIэм сыкъыщIоплъри.

Абы хэту дунейр къутэжу зауэшхуэ фронтымкIэ къыщыхъуащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, жэщ кIуам Еханэ ударнэ армэр Днепр зэпрыкIат, ауэ нэмыцэхэм зыкъызэрагъэпэщри, къеуэурэ кърахужат. ЩикIымрэ къыщикIыжымрэ дзэм и IыхьитIыр хэкIуэдат.

Ауэрэ шэджагъуэ щыхъум, командир цIыкIур къыщIэлъэдащ:

– Ныбжьэгъухэ! – жиIащ абы грузин псэлъэкIэ дыдэкIэ, урысыбзэр ерагъкIэ къипсэлъыф къудейуэ, – псынщIэу шэджагъуашхэ фщIыи зызэщIэфкъуэ. Зауэм дыIуохьэ. Еханэ ударнэ армэр Днепр кърахужащ. Дэ, пщыхьэщхьэ пшапэр зэхэуа нэужь, Днепр дикIыу нэ-

мыцэхэр Iутхун хуейщ. Уэ, къэбэрдей, иджыри усымаджэщ, уэ укъызогъанэ, – жиIащ.

– Хьэуэ, сэ мы ныбжьэгъуфI къысхуэхъуахэм срагъусэу сынакIуэм нэхъыфIщ, – жысIащ.

– УнэкIуэфынкъым, километр 12-кIэ дыкIуэн хуейщ.

– Уи вещмешокри, уи Iэщэри сэ нэсхьынщ, – жиIащ Виктор.

Си супымрэ си щIакхъуэмрэ Виктор къысхуихьащ. ДепIэщIэкIыу дышхэри, дыкъыщIэкIри стройм дыхэуващ. Си автоматым и диск лейр, си щIакхъуэ Iыхьэ пщыкIутIыр, бжьынымрэ бжьыныхурэ куэду си вещмешокым илъу, Виктор къищтащ. Автоматыр къызэт, жиIати, езмыту сэ зыпщIэхэздзэжащ. СощIэж, зы къуажэ гуэрымкIэ дыдэкIыртти, уэрамым и гъунэгъуу къытет балией жыгхэм балий джабэплъ хъуахэр къыпысфыщIыкIыурэ сшхырт, си гур бампIэрти.



Пшапэр зэхэуауэ Днестр псышхуэм дыIухьащ. Ар къамылхэр метри 8–10 я лъагагъыу зыхэт, уфафэу щыт фIэкIа, ежэхыу умыщIэу, псы бгъуэшхуэт. КIыфIти, адрей Iуфэр слъагъуртэкъым. Сэ есыкIэ сщIэртэкъым, сыхыхьэмэ, ситхьэлэнут. «Схуэфащэщ, командирым унэмыкIуэ щыжиIэм, седэIуэн хуеящ. Иджы кIэ сиIэщ», – жысIащ сигукIэ.

– Сэ есыкIэ сщIэркъым, ситхьэлэнущ! – яжесIащ си гъусищым.

– Умыгузавэ, сэ уисхынщ! – жиIащ Виктор, – ауэ дызэгурыгъаIуэ, зэпыу имыIэу уи автоматымкIэ япэкIэ ууэнщ, зыри умылъагъуми.

– Ауэ сытми сыуэн! – жысIащ, сыкъэгуфIэжри.

– Вперед! – жиIэри макъ лъэщ къэIуащ. Псоми занщIэу псым зыхадзащ. Фашистхэм хьэрэкIытIэ драдзейри, ди хъуреягъкIэ псори нэху къащIащ. ПарашюткIэ блэ хьэрэкIытIэ цIыкIу куэд къадзри, псы гущIыIум къыщыблэу къытеуващ. Махуэм нэхърэ нэхъ нэхуу псы гущIыIур блэрт, Iэщэгъуэу иIэ псомкIи бийр псым къыхэуэрт.

Си бгырыпхыр Iэ сэмэгумкIэ Виктор иубыдри, псым дыхыхьащ. Сэ автоматыр сяпэкIэ согъэлъалъэ, Виктор, щIалэ лъэщыр, кхъуафэжьейм хуэдэу есу, докIуэ. Ди бгъуитIымкIэ, «уэу, уэу!» – жаIэу щIотIысыкI уIэгъэхэр. Ар сыт хуэдэу гъуэгуанэ кIыхьт! Зы пIэскIугъэ къытлъэмыIэсу Виктор дэрэ дисыкIащ. Iуфэр щыдгъуэтым, фашистхэр зэрыса окопэхэм дитIысхьащ. Виктор и тхьэкIумэ сэмэгур иубыдри, зыкъомрэ щысащ, «зыри зэхэзмыхыжу си тхьэкIумэIупсыр Iуиудащ автомат уэ макъым», – жиIэри.

– Артист, упсэу? – жери егъэджакIуэр къэкIиящ.

– Сыпсэущ, фэ дауэ фыщыт? – сыджэжащ.

– Дылажьэншэщ! – къэкIиижащ.

Ди шырыкъухэр лъытхри, псыр къидгъэжыжащ. Ди щыгъынхэр зыщытхщ, ткъузыжри щыттIэгъэжащ Виктор дэрэ. ТIэкIурэ зыдгъэпсэхуу дыщысыжа нэужь, Виктор къэтэджри:

– АтIэ, кабардинец, уэрэ сэрэ дызэбгъэдэкIыжын хуейщ. Псэууэ мы зауэ гуащIэм укъелыну Тхьэм сыпхуолъэIу! Сэ собзэх, – жиIэри, си Iэр къиубыдыжащ.

– Ар дауэ? – жысIащ.

– Аращ, прощай! – жиIэри, и фочыр окопэм къринэри, кIыфIым хэбзэхащ. Сыщысурэ сыкъэмэжалIэри, си жьэр мыувыIэу нэху щыху гъур хъуа си щIакхъуэ Iыхьэ пщыкIутIым бжьынымрэ бжьыныху тIэкIумрэ дэсшхыу сыщысащ. Ар щIакхъуэ бухъанкIэу щы хъурт. Дауи схуэшха, ауэ сыхъужу хуежьати, си гум зигъэнщIыжыртэкъым.

Пщэдджыжьым жьыуэ грузин командир цIыкIур къэсащ.

– Кабардинец, дауэ ущыт?

– Псори фIыщ, сомэжалIэ ахъумэ, – жысIащ.

– Ар ухъужу аращ, – жиIащ, къыпыгуфIыкIри. – Дэнэ щыIэ мыр зейр? – къызэупщIащ Виктор щхьэкIэ.

– Си Iэр къиубыдыжри зыIуригъэхащ, – жысIащ, – «Вор не воюет!» – жиIэри.

– ЩIумыукIар сыт? Автомат къыщIозгъэтар арат! – жиIащ.

– Дауэ, аращ сэ псым сыкъизыхар, – жысIащ.

– Ар дизертирщ, букIын хуеящ. Сволочь он! – жиIащ. – Иджыпсту кухнэр къисыкIын хуейщ, зышыIэ, – жиIэщ, Виктор и фочыр къищтэри, IукIыжащ.

## Ещанэрей уIэгъэ

Дэ бгы лъапэм дыщIэсу, нэмыцэхэр бгым къыдэкIри бгыщхьэм къитIысхьауэ, махуэм жэщ пщIондэ, къауэ-науэ щымыIэу дыщысауэ, пщыхьэщхьэм командир защIэу зы батальон штрафникхэу нызэпрысыкIащ. Си пащхьэ дыдэм деж щагъэувхэри, жраIащ: «Мы бгым ныжэбэ фыдэкIрэ, фашистхэр бгы щыгум исщи, ивгъэкъэбзыкIмэ, фи штрафыр фтетхыжынщ. Щэхуу фабгъэдэпщхьэн щхьэкIэ, сэ зырызыххэ къафщтэ, мо ашычым илъщи», – жраIащ.

Штрафникхэм я бгыр щIакъузэщ, сэр я жьэм жьэдалъхьэри, автоматхэр яIыгъыу джабэм дэпщахэщ. Жэщыбгым зэхэуэшхуэ къэхъуащ. Нэху зэрыщу, «Фынежьэ!» – жаIэри, дытэджри бгым, къауинауи щымыIэу, дыдэкIри, нэмыцэхэм къатIа окопэхэм дитIысхьащ. Бгым и папцIапIэ дыдэр къыслъысащ, окопитIу зэбгъурыту. Зэи сымылъэгъуауэ щIалэ цIыкIуи гъусэ къысхуэхъуащ.

А щIыпIэм сисащ мазищкIэ. Си гъусэр яукIмэ, аргуэру нэгъуэщI гъусэ къызатыжурэ, ар яукIыху сщIыгъут. Сэ зыри къысщыщIакъым. Пэтх дыдэм дытести, бийр зэпымыууэ абы миномёткIэ къеуэрт.

Си гъуса егъэджакIуэмрэ бухгалтерымрэ махуэ щIагъуэ дэмыкIыурэ, артобстрел ящIа нэужь, бгым ныдэкIыурэ къысщIэупщIэрт. Мэзыр ди зэхуакуу, дэ ищхьэм дытесу, нэмыцэхэр и лъабжьэм щIэсу дызэгъунэгъубзэу дызэпэщысти, я псалъэмакъыр, жьэ пшынэ зэреуэр хуиту зэхэсхырт. Дякум дэт жыгхэм я щхьэкIэхэр зэхуэдэ защIэу шэм пихат. Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым дызэхэмыуэу. ЛъэныкъуитIым я зым щIидзэнти, гъэувыIэжыкIэ дымыщIэу, зыри дымылъагъуми, сыхьэт псокIэ дыщызэхэуэ къэхъурт. Апхуэдэм деж командирхэр траншейхэм щызежэрт:

– Къэхъуар сыт? – жаIэурэ.

– Зыри къэхъуакъым, езыр къоуэри, дэри доуэж, – жытIэрт.

Фочхэм, автоматхэм, пулемётхэм нэмыщIауэ, топхэри къыщцыхы-

хьэ, щхьэж и Iэщэм и лъэщагъыр къыщыдгъэлъагъуэ къэхъурт.

ИхъуреягъкIэ щIыпIэм ис молдованхэр ягъэзэуэну махуэм къахурти, окопэм къытхагъэтIысхьэрт, жэщ зэрыхъуу тхэкIуэсыкIыжырт. Си гъусэ яукIам и пIэкIэ къызбгъэдагъэтIысхьар жэщым кIуэсэжауэ нэху къекIащ.

Зы жэщ гуэрым нэмыцэхэм ди траншейр къызэпаупщIщ, ди щIыбагъым къыдыхьэри, ди разведчикыу 9 щIэлът блиндажми, 8-р фIагъэжащ, зыр яхьри кIуэжащ. ЕтIуанэ махуэм 5-нэ армэм и командующэ Толбухиныр, щIакIуэшхуэ щыгъыу, траншейм дэтурэ ныдэкIри къикIухьащ.

– СлIо, боец, нэмыцэр къыщIызэпрыбгъэкIар? – къызжиIащ.

– Сэ си дежкIэ зыри щызэпрыкIакъым, товарищ командующэ! Сэ жэщым си напIэр зэтеслъхьэркъым, – жесIащ.

Псори къиплъыхьри ехыжащ.

Сэ сыщыцIыкIум къыстехьэу щыта техьэгъуэм аргуэру къыстехьэу щIидзэжащ. Зы жэщ къэмынэу сыдрихуейуэ техьэгъуэ къыстехьэрт, есщIэнур сщIэртэкъым.

МазищкIэ абдежым дисауэ, зы махуэ гуэрым шэджагъуэ нэужьым нэмыцэр къэкIияц:

– Иван! Вы завтра придете, но мы встретим вас достойно! – жиIэри.

Дэ дебгъэрыкIуэну тщIэххэртэкъым. Ар къыджаIа къудейуэ, связнойр нэжащ, «штабыр къоджэ!» – жиIэри.

Сэ си вещмешокри си гранатэхэри къасщтэри сыкъехащ. Сэ зэи командирхэм я блиндажым сыщIыхьатэкъым, дэнэ деж щытми сщIэртэкъым, сагъэлъагъури сыщIыхьащ. Зэи сымылъэгъуауэ командирищ щIэст.

– Уи унэцIэр Кардангушев? – къызэупщIащ.

– Аращ, – жысIащ.

– Сыт къэбухар?

– Театральнэ институт.

Дыхьэшхащ щыри.

– Уартистщ, – жаIэри аргуэру дыхьэшхащ.

– Аращ, – жысIащ.

– Ягъэ кIынкъым. Мазищми уиса окопэм?

– Сисащ.

– Уи пащхьэм къиса нэмыцэхэр къызэрыуэ Iэщэм нэмыщI, уи бгъуитIымкIэ сыт хуэдэ IэщэкIэ къауэу щытами тхуэптхыфын иджыпсту?

– Сыт щIэзмытхыфынур? Махуэ къэс дызэхэуэу щытащ.

Сэ яхуэстхащ дэнэ лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ Iэщэ къиукIыу щытами. Еплъхэри, «хъунущ», жаIэри, къэтэджахэщ.

– Мыбы ныжэбэ щIэлъ, пщэдей уи ротэр мыбыкIэ блэкIынущи, уахыхьэжынщ, – жаIэри щIэкIахэщ.

СызыщIыхьа блиндажым и щхьэм зэблэгъэжауэ брусышхуэхэр тегъэлъэдат. Абы къыпхыкIын топышэ щыIэтэкъым. Америкэ кон-

сервхэмрэ аркъэхэмрэ ашычкIэ щIэтт. ЩIэсыр си закъуэпцIийт. Зы стэчаныжь ездзыхщ, фIыуэ сышхэри сыгъуэлъащ. А зы жэщыращ сыкъыхэмыщту сыщыжеяр, техьэгъуи къыстемыхьэу.

Пщэдджыжьым связнойр ныщIэлъэдащ:

– ПсынщIэу къыщIэкI, дыдейхэр блокI! – жиIэри. Сэ си вещмешокым консервитI, аркъэ птулъкIищ, щIакхъуитI ислъхьэри, сыкъыщIэкIыжащ. Ди ротэр блэкIырти, сахыхьэжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, зы жэщ-зы махуэм Сталиным фронтыр зэрихъуэкIат, я командирхэри, я зэуапIэхэри. Иджы ди командир ротэр урыст. Ротэр дыкIуэурэ шэджагъуэм зыщIыпIэ гуэрым деж траншейм дыщыдыхьэри, зыдэдгуэшащ. Абдежым кухнэр накIуэри, дыщагъэшхащ. Пшапэр зэхэуэу кIыфI зэрыхъуу, дыкъагъэтэджри япэкIэ дежьэри, траншейм дыдэту зыкъомрэ дыкIуащ. Ди взводым хэтт зигъэделэу, пыкIэрэхъукIрэ нэгъуэщI щIыпIэкIэ кIуэуэ, Гончаров и унэцIэу зы сэлэт. И пэм ит командир взводыр къэкIиящ:

– Кардангушев!

– Я, – жысIащ.

– И кIэ дыдэм кIуэи, Гончаров хыумыгъэкI. Мыхъумэ, еуи укI! – жиIащ. И кIэ дыдэм сыкIуэри сыкъыпыуващ. Абдежым пытыр си командир отделенэрат. Траншейм дыдэту зыкъомрэ дыкIуауэ:

– ФыздэкIуэр дэнэ, фызыдыхьэн хуей окопэм фыкъыфIэкIащ, – жиIащ зыгуэрым. Жэщт, кIыфIти, зыри тлъагъуртэкъым. Траншейр зэву къэтIати, цIыхуитI ущызэблэкI хъуртэкъым. Взводым зыкъэдгъэкIэрахъуэри, сэ япэм сыкъихутащ.



Къэдгъэзэжауэ зыкъомрэ дыкъикIуэтыжа нэужь:

– Мис иджы окопэ пхытIыкIам фыныдыхьэ! – жиIэри, псом япэ ситу, нэмыцэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ метр 50 хуэдизкIэ дыдыхьэри, ипэ дыдэм сису дытIысащ.

– Фыжей, нэху здэщым наступленэ дыкIуэнущ, – жиIащ ди командирыщIэм.

МазищкIэ Днестр псыпцIэм дызэрыхэсам къыхэкIыу техьэгъуэ къыстехьэу щIидзэжат, зэи симыIауэ си щхьэм кхъапIэ хищIауэ шхэрт. Сэ сыщыцIыкIум куэдрэ техьэгъуэ къыстехьэу щытат, ауэ армэм сызэрыкIуэрэ къыстемыхьэжа техьэгъуэр мы щIыпIэм къыщыетэжат.

ИхъуреягъкIэ псори щымт. Нэмыцэхэри, дызэрыкIуэнур ящIэрти, загъэхьэзырауэ къытпэплъэрт.

Жэщыбгым техьэгъуэм сыдрихуейуэ щIидзащ. Си командир отделенэм жесIащ:

– Командир, си вещмешокым аркъэ итщи, къихи си котелокым и щхьэм къысхуикIи къызэт. ЩIакхъуэ бзыгъэ, консерв тецIэлъауэ къызэт. Уэри аркъэ ефэ!

Аркъэр къызитри исфащ, грамм щитIрэ щэ никъуэрэ хъун, консервыр щIакхъуэм тецIэлъауэ къызитри сшхащ.

– Алыхьым гъащIэ къуити, – жиIащ си командирым. – Мы аркъэр къыздипхар дэнэ? – жиIэурэ ирифащ. Сэ сыIурихри сыжеящ.

Нэхущым ди Iэщэ уэ макъым сыкъигъэушащ. Iэщэ лъэпкъыгъуэ диIэтэкъым зэремыуэ. Топхэмрэ миномётхэмрэ еуэн яуха нэужь, «Катюшэхэр» уащ. ИтIанэ ди кхъухьлъатэхэр ящхьэщыхьэри, бомбэхэр ирадзыхащ, танкхэр тщхьэпрыжри яхэлъэдащ.

– Автоматхэр зэрыуэм тевгъэуви, вгъауэурэ фынежьэ, фызэрыгъэкIийуэ! – жиIащ ди командирыщIэм.

Япэ дыдэ ситти, япэ окопэм сыкъитэджыкIащ, етIуанэу си командир отделенэр къыщитэджыкIам, шэр и зы напэбгъумкIэ къыщытехуэри, адреймкIэ щыпхылъэтащ, и дзэхэр Iуигъэщэщри, езыри окопэм иукIуриящ. Топрэ бомбэкIэ хакъухьа пэтрэ, нэмыцэхэр я траншейм ису къауэрт. Дэри Iэщэу тIыгъымкIэ дыуэу, «За Родину!», «За Сталина!» – жытIэу дыкIийуэрэ докIуэ. «ЦIыв, цIыв», жиIэу шэхэр зблолъэт, си гъусэхэр хэти мэджалэ къаукIыурэ, хэти зэщIотIысыкI. Командирхэр мэкIий: «Вперед!» – жаIэурэ. Апхуэдэурэ япэ нэмыцэ окопэ эшелоныр зэпызупщIащ. Нэмыцэхэми я окопэхэр эшелонищу къатIауэ, зым ижым, адрейм къитIысхьэжурэ къауэрт. Япэ эшелоныр зэпызупщIауэ, етIуанэм сыщыхуэкIуэм, си ижьырабгъумкIэ зыгуэр къыщылыдащ. Макъ зыри зэхэсхакъым. Си напэ ижьымкIэ лъыр пщтыру къежэхащ. Си Iур IэфI хъуащ. Иджыри нэху мыщауэ кIыфIт. Сэ сэмэгу лъэныкъуэмкIэ сыхэщIащ, арщхьэкIэ сыкъэтэджыжыну сыкъеIэрт. Си щхьэр къэсIэт щхьэкIэ, сыкъэтэджыфыртэкъым. Нэмыцэр трассирующэкIэ кърихьэхыурэ къызэрызэуар слъагъурт. Ди топым къриудауэ къыщIэкIынт – зы мащэшхуэ гуэрым и Iуфэ дыдэм сыщыджэлати, абы сипщхьэну сыхэтащ. Абы фIэкIа зыри сщIэжыркъым. Ар нэху мыщауэ пщэдджыжьырат.

Жэщым носилкэм сытелъу, джанэ щIыIутелъи щIагъщIэлъи сщымыгъыу сыкъэушащ. Си щхьэр Iейуэ узырт. Гъуэгубгъум машинэ фIыцIэ лъагэ щытым уIэгъэхэмрэ укIыгъэхэмрэ иралъхьэрт. Сэ мафIэм сисырти, носилкэм сыкъипщри, асфальт щIыIэм сытепщхьащ. Сыпщырт, сыздэпщри симыщIэу. Гъуэгум кърикIуэ грузовой машинэр къагъэувыIэщ, нэху къыстригъадзэри, шоферыр къикIащ:

– Куда ты лезешь? – жиIэри, си лъакъуэр иубыдри сыщрилъэфажьэм, сымэхыжащ.

Операцэ сащIауэ стIолым сытелъу сыкъэушащ. Дохутырыр къызэупщIащ:

– Дэнэ укъыздикIар?

– Налшык, – жысIащ.

– Укъэбэрдей? Ужурт?

– Сыкъэбэрдейщ.

– Сэ сы-Налшык журтщ, – жиIащ. – Мы си землякым лъы куэд фIэкIуэдащ, иджы лъы хэфкIэ! Шэ евгъафэ, – жиIащ. ДызыщIэлъыр чэтэн пщыIэт.

Хъыджэбзхэм «девичью кровь вливаем!» – жаIэурэ лъы къысхакIащ. ИтIанэ си жьэр зэтратхъри, си жьафэ лъэныкъуэитIымкIэ пхъэ цIыкIу зырыз къызжьэдагъанэри, шейнычкIэ шэ хуабэ къызжьэдакIащ. ЗанщIэу сыIурихыжащ.



4 Заказ №219

Клуб хуэдэу зы унэшхуэ гуэрым, гъуэлъыпIэ куэд щIэту, абыхэм уIэгъэхэр ярылъу, сыкъэушащ. Псыунэм сыкIуэн хуейт. Сыкъэтэджщ, сыкъыщIэкIри, пщIантIэм сыкъыдыхьащ.

– УздэкIуэр дэнэ? – жиIэурэ цIыхубз гуэр къыскIэлъокIий. СыкъыщеплъэкIым, си щхьэр кIэрахъуэри сыджэлащ. Аргуэру сыIурихыжащ.

Аргуэру сыкъэушри, мастэ къысхаIуауэ, дохутырхэр къысщхьэщытт. Аргуэру шейнычкIэ къызжьэдакIэурэ шэ хуабэ срагъэфащ. Абы фIэкIа сыкъэмэхыжакъым.

Махуэ зытIущкIэ а клуб хуэдэм дыщIэлъыжащ. ИужькIэ къызэрызжаIамкIэ, ар Одессэт. ДыкъыщIахыурэ машинэм драгъэгъуэлъхьащ, вокзалым дашэри, товар вагоныжьхэм нар гъуэлъыпIэ иращIыхьауэ, абы драгъэгъуалъхьэри драшэжьащ.

Гъуэгухэр зэхэкъутат, дызэридзэрти, сэ си жьэмрэ си пэмрэ лъы пцIар из хъурти, ситхьэлэу хуежьэрт. СыкIийрти, сестрахэр къэсырти, сыкъызэфIагъэтIысхьэрт, си пщэдыкъым къеуэурэ, лъы пцIар къызжьэдагъэхурти сагъэгъуэлъыжырт. Си жьэр зэщIэсхыу сышхэфыртэкъым. Къыхамыхауэ къупщхьэ ласкIэ къутахэр хэзу хэлъти къыхэуэрт, си жьэ къупщхьэр зэпыудати, хэскъузэфыртэкъым. ИжьымкIэ къыщытехуар къыпхымыкIыу, сэмэгумкIэ къыщыувыIати, си щхьэр игъэузырт. Контузие Iей къызитат гъунэгъуу къыщыуа минэми, си щхьэр щхьэнтэм теслъхьэ хъуртэкъым. ГъущI гъуэгум фронтым кIуэ мафIэгу куэд щызэблэкIырти, хуэму фIэкIа дыкIуэртэкъым, нэхъыбэм станцхэм дытетт.

Зы станц гуэрым дыкъыщыувыIауэ, зыгуэр къихьэри кIиящ:

– Осетин ис? – жиIэри. Псори щымт. – Къэбэрдей ис? – жиIащ аргуэру.

– Мыбдежым зы илъщи, хьэлъэщ, – жиIащ зыгуэрым. Къысщхьэщыхьэри, сыкъыдэплъеймэ, интендант майор лIыжь гуэрт.

– Удэнэ къуажэ?

– Сы-Псыгуэнсущ! – жысIащ.

– Апхуэдэ Къэбэрдейм итакъым!

– Сы-Жанхъуэтхьэблэщ! – жысIащ.

– Ар нэхъ пэжщ. Црым Урысбий пцIыхурэ?

– Зэхэсхащ.

– Абырэ сэрэ дызэгъусэу нэмыцэ зауэжьым дыздэщыIащ, – жиIащ. Сыхьэтым еплъри, «Уи вещмешокыр дэнэ щыIэ?» – жиIэри къызэупщIащ.

Санитаркэр къыIулъадэри:

– Сыт вещмешоккIэ пщIэнур? – жиIащ.

– Си землякым зыгуэр къыхуэсхьынущ, – жиIащ лIыжьым.

Санитаркэм си лъапэмкIэ къыщищтэри иритащ вещмешокыр.

– Сэ иджыпсту! – жиIэри, майорыр елъэжащ. Сыхьэт ныкъуи къэмыту си вещмешокым изу зыгуэрхэр къихьри къэкIуэжащ. – Мэ, земляк, илъэс 40 хъуауэ сэ ди Родинэм сыщыIакъым. Мыхэр си цIэкIэ шхы, ефэ, – жиIэщ, си Iэм къытеIэбэри елъэжащ.

ЛъэкӀэ къэзыкӀухьу вагоным уӀэгъэу исыр къызэхуэсщ, къетӀысэкӀри вещмешокыр ятӀэтащ: аркъэ поллитрищ, зы щӀакхъуэ хужьышхуэ, американ консерву щы, папирос пашкитху кърахащ. Шхащ, ефахэщ, «За здоровье вашего земляка!» – жаӀэурэ. Сэ си жьэ къупщхьэр зэщӀэкӀыртэкъым, сышхэ хъуртэкъым, шэ, хьэнтхъупс гуэрхэр къызжьэдакӀэу арат.

ИкӀэм, махуэ куэдкӀэ гъуэгу дытетауэ, Саратов къалэм и школышхуэ гуэрым дыщӀагъэгъуэлъхьащ, класс къэс цӀыху 12.

Мазэ къэс зэ операцэ сащӀурэ мазэ пщыкӀузрэ ныкъуэкӀэ сыщӀэлъауэ, апрелым и 3-м 1945 гъэм ещанэ группэ инвалид сиӀэу сыкъаутӀыпщыжри, апрелым и 9-м сыкъэсыжащ.

... Иджы жысӀэнури гъэщӀэгъуэнщ. Япэ дыдэ сызэрыса лагерым – Владимир-Волынск, сыкъикӀри щӀымахуэр Единак Фотий деж щисхауэ, 1942 гъэм апрелым и 3-м полицайхэм саӀууэри лагерым срадзэжащ.

СызыӀыгъа австрийцхэм 1944 гъэм апрелым и 3-м сакъыхэкӀуэсыкӀри, ди дзэхэм сакъыхыхьэжащ. Апрелым и 9-м Ӏэщэ къызатыжри дзэм сыхагъэхьэжащ.

1945 гъэм апрелым и 3-м госпиталым сыкъыщӀэкӀыжащ, апрелым и 9-м унэм сыкъыдыхьэжащ. Майм и 9-м 1945 гъэм зауэр ди текӀуэныгъэкӀэ иухащ.



1941 гъэм сентябрым и 24-м Украинэм гъэр сыщыхъуат.

1944 гъэм сентябрым и 24-м Молдавэм уӀэгъэ сыщыхъуащ. А зэтехуэныгъэхэр гъэщӀэгъуэн дыдэщ.

А псом яужькӀэ мы зыри пысщэжыну сыхуейт: зауэр насыпырыхьщ. Зауэм щыӀухьа дакъикъэм къаукӀа куэдыкӀейщ. Зауэм и пэм щыщӀэдзауэ и кӀэм нэсыху, япэ иту зэуауэ, уӀэгъи мыхъуауэ къэзыгъэзэжа куэди щыӀэщ. Хэрэ-блэрэ уӀэгъэ хъуауэ, псэууэ къелауэ куэд щыӀэщ. Зауэм и кӀыхьагъкӀэ хэтауэ, щиух дакъикъэм къаукӀа куэдыкӀейщ. Зауэр насыпырыхьщ, шэ фӀыцӀэ къакӀуэм лӀыхъужьри къэрабгъэри и зэхуэдэщ. Окопэ зэвым ису топышэр къихуэу иукӀа куэдыкӀейщ. Уи натӀэм къритхам уфӀэкӀынукъым. Уэлэхьи сымылӀыхъуж, си щхьи сыщымытхъуж, ауэ сэ сысэлэту зауэм сыхэтащ, командирым и унафэр згъэзащӀэу.

*Уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбий ильэс 80 ирокъу*





## МАКЪАМЭМ И ПСЭМ ЗИ ПСАЛЪЭР ПЭДЖЭЖ

Щомахуэ Хьэсэнбий Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1942 гъэм октябрым и 20-м къыщалъхуащ. Абы зэрыцIыкIурэ фIэфI дыдэт мэзым кIуэну, бгым дэкIыну, псыхъуэм дэтыну. Хьэсэнбий зэрыжиIэжымкIэ, и ныбжьэгъухэм я гъусэу мэзым щыкIуэкIэ, усэхэр, макъамэхэр и щхьэм къихьэрти, ахэр фIэгъэщIэгъуэнт. Мис абдежырщ абы и усыгъэр, и макъамэр, фIылъагъуныгъэу Хэкум хуиIэр къыщыушар. Школыр къиуха нэужь, Хьэсэнбий щIэтIысхьащ Налшык дэт педагогикэ училищэм. Ар жыджэру хэтт хорым, музыкэ Iэмэпсымэхэм дахьэхырт. Абы и ужькIэ Щомахуэр щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмкIэ и къудамэм. ЕгъэджакIуэу школым щылэжьащ, Зеикъуэ дэт макъамэ еджапIэм, къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм я унафэщIу, телевиденэм и музыкальнэ редактору щытащ.

Щомахуэм дахэу егъэзащIэ адыгэ уэрэдыжьхэр. Абыхэм ящыщ куэд, я тхыдэри щIыгъуужу, итхыжащ, дискхэм трыригъэтхащ.

Хьэсэнбий зэхилъхьащ уэрэд куэд, радиом, телевиденэм щоIу и макъамэхэр. Ахэр зым ейми ещхькъым, езыхэм я гъэпсыкIэ хьэлэмэт, зыми хыумыгъэгъуащэ IукIэ яIэщ. Я ритмикэр, метрикэр щIэуэ, пфIэгъэщIэгъуэну къегупсысыф. Аращ Щомахуэм и уэрэд куэд цIыхум къыщIащтар, щIыжаIэр, фIыуэ щIалъагъур. Абы и уэрэдхэм дамэ ира-

тащ уэрэджыIакIуэхэу Къуныжь Хьэждал, ПащIэ Ахьмэд, КIуж Борис, Аслъэн Iэсият, Мэремыкъуэ Хъусен, Сосмакъ Валентинэ, Уэтэр Анатолэ, Сокъур Ольгэ, Пщыгъуэш Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Щомахуэ Хьэсэнбий хуэфащэ дыдэу зэрехьэ «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

– Адыгэ лъэпкъым и макъамэ щэнхабзэр зэрыщыту къапщтэмэ, адыгэ уэрэдыжьхэр нэхъ лъагапIэм тетщ, аращ классикэу диIэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъым и псэукIар, и щыIэкIар, и щхьэ кърикIуа гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ къахощыжри. ЖыпIэнурамэ, ди къекIуэкIыкIа псом и гъуджэ наIуэу зэрыщытыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, зэи имыухыж псынэ цIыкIум хуэдэу ар къыщIож, – жеIэ Хьэсэнбий. – Апхуэдэу егупсысри си закъуэкъым, тхьэм и шыкуркIэ сэр нэмыщI адыгэ уэрэдыжьхэр жызыIэ зыбжанэ иджыри щыIэщ.

Щомахуэм уэрэдхэр жиIэу, ауэ радиом щримыгъэтхаIауэ КъардэнгъущI Зырамыкурэ абырэ зэхуэзат илъэс 60 хуэдиз япэкIэ. Абы къыжриIащ: «Хьэсэнбий, уэрэдыжьхэр нэхъ фагъуэ зэрыхъум гу лъыптэркъэ, уэ пхужоIэри, ягъэ кIынкъым, ахэр гупхэм щыгъэзащIэ, нэхъыбэIуэ егъэтх, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, щIалэгъуалэм къызэребгъэщтэным яужь ит». А лIыжь Iущым и жыIэм, ауэ къызэрымыкIуэу гугъуми, зэрыхъукIэ тетащ икIи тетщ уэрэдусыр. Зы уэрэдыжь малъхъэдис IэмалкIэ ебгъэтхын щхьэкIэ ахъшэ хъарзынэ зэрытекIуадэми, уэрэдыщIэ итхарэ радиом е телевиденэм къригъэтынумэ, ар аранжировкэ, оркестровкэ пщIэкIэ иригъэщIын хуей зэрыхъуми зэи къигъэувыIакъым Хьэсэнбий. Ар къыщIехъулIэр, шэч хэмылъу, и гур цIыхухэм яхуэхьэлэлу, яхуэкъабзэу, фIагъыр и нэрыгъыу дунейм зэрытетырщ.



Куэдрэ къэхъурт мылъку къыпэмыкIуэу уэрэдхэр щIитхым цIыхухэр щыщIэупщIэ. «Сымытхэн слъэкIыркъыми, тхьэм къысхилъхьауэ си Iэпкълъэпкъым хэтщи сотхэ, жэщ-махуэ симыIэу солажьэ, – яжриIэрт Хьэсэнбий. – Абы, си псэр хуейщи, мылъкум сыдримыгъэшэхыу адэкIэ сешэ, дахагъэр согъэбагъуэ. Си закъуэу сыкъыщынэм и деж согупсысри, цIыхум и гум къабзагъэ илъын, ар хьэлэлу, цIыхугъэ хэлъу, нэмыс иIэу дунейм тетын щхьэкIэ апхуэдэ зыгуэр пхузэфIэкIын зэрыхуейр къызгуроIуэ».

Хьэсэнбий и гукъэкIхэр кIэщIу:

– Уэрэдыр зы мэскъалщ, зы къэгъэшыпIэщ. Зы купщIэ цIыкIу хэлъынущ абы цIыхум и псэм дыхьэу. Мис ар къыпхуэгъуэтмэ, ууэрэдусу аращ.

– ГъащIэ щыхъукIэ, щхъуэкIэплъыкIэ гуэрхэри, мыхъумыщIагъэ гуэрхэри хэтщ абы, ауэ сэ иджыри зэ сыпсэужыну къысхуихуамэ, япэ дыдэрауэ, макъамэ щIэныгъэ зэзгъэгъуэтынт.

– Сигу къоуэ сабиигъуэ дызэримыIар. Зауэ зэманым халъхуахэм тлэгъуащ зэхакъутар зэфIэзыгъэувэж ди нэхъыжьхэм гугъуехьу яшэчар, дэри сыт щыгъуи зыгуэр дыхуэныкъуэу, унагъуэр зэрыдгъэпсэун мащIэ тIэкIу къэдлэжьыфым дыгуфIэу дыкъекIуэкIащ.

– Си япэ уэрэдыр дунейм къыщытехьар 1965 гъэрщ. «Зеикъуэ и уэрэдымрэ» «ВакIуэдэкI» уэрэдымрэ зэгъусэу радиом и эфирым кIуат. Мис абы щыгъуэ сиIа гуфIэгъуэм хуэдэм си гъащIэкIэ срипсэунт.

– ГуфIэгъуэ нэхъ ин дыдэу сиIэр си уэрэдхэращ. Сыщытхэм, абыхэм сыщелэжьым деж нэгъуэщI гъащIэ къызогъащIэ. Дунейм сытетарэт, сыпсэуарэт, цIыхум я гум фIы ислъхьащэрэт жызоIэ.

– РадиомкIэ, телевиденэмкIэ си уэрэд къату щызэхэсхкIэ, дэрэжэгъуэ согъуэт, хуэм-хуэмурэ ар спкърокIыжри, зы тхьэмахуэтхуэмахуитI зэрыдэкIыу си псэм щIэ гуэр къилъыхъуэу хуожьэ. Мис апхуэдэурэ екIуэкIащи, ари гурыфIыгъуэшхуэу сиIэщ. ДяпэкIэ сщIэну сызыхуейхэри мащIэкъыми, къысхузэпищэмэ – си насыпщ.

– ЦIыхум ещхьщ уэрэдри: шы жэрым хуэдэу щIэпхъуэу иужькIэ къыкIэрыхужи яхэтщ. Уэрэд дахэхэм уарохьэлIэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту щыIэм я нэхъыбэр лъагъугъуейщ. ФIы хэлъу схужыIэнукъым уэрэд мылъхуэсхэм, зэтIолъхуэныкъуэхэм. Ауэ макъамэм дихьэхым Iей зэрыхуэмылэжьынур Iуэхум къыхэплъытэмэ, нэхъыфIщ уэрэд яусми жаIэми.

**ИСТЭПАН Залинэ**



**И ныбжьэгъу гуп и гъусэу Хьэсэнбий зегъэпсэху.** *Налшык, 1970*






**Хьэсэнбийрэ и щхьэгъусэ Фузэрэ.** *1970*



**Щомахуэ Хьэсэнбий, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Мэзыхьэ Борис, Хъупсырджэн Хьэмидбий, Джэдгъэф Хъусен сымэ.** *2007*





**ХьэІупэ ДжэбрэІил, Джэрыджэ Арсен, Ацкъан Руслан сымэ Зеикъуэ къыхуеблэгъащ.** *2015*

# Щомахуэ Хьэсэнбий хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60-70 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм игъэхьэзыра программэхэр щIэх-щIэхыурэ Москва къыщиту щытащ. Центральнэ телевиденэм къикIыурэ абы и къудамэхэм я унафэщIхэр, режиссёрхэр Налшык къакIуэрт, нэтын нэхъыфIхэр зэуIу ящIырти, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэ» фIэщыгъэ иIэу, къэралым и телевизореплъхэм ирагъэлъагъужырт. «Шире круг» программэр зыгъэхьэзыр апхуэдэ зы гуп, республикэ телевиденэм къыхуеблэгъауэ, нэтынхэр къыхахыурэ, уэрэдхэм деж нэсащ. Зыхыблым едэIуащ Москва къикIахэм я нэхъыжьыр. Щомахуэ Хьэсэнбий и уэрэд «Сыт зищIысыр лъагъуныгъэр?» жыхуиIэм щынэсым, абы жиIащ макъамэр зэрыдахащэр, зэдзэкIауэ зэхихамэ зэрыфIэфIтэр. Псалъэхэр гукIэ сщIэрти, абдеж сыздэщысым урысыбзэкIэ зэздзэкIри, естащ.

*Где искать любви истоки?*
*Кто сумел сполна*
*Людям навсегда поведать*
*О любви слова?*
*Может это просто радость*
*В молодых глазах,*
*Может говорить не надо*
*О любви в словах,*
*Или это лед и пламя,*
*Вешняя гроза,*
*Или двух сердец дыханье*
*И глаза в глаза?*



Сатырхэр зэрызэздзэкIар фIы дыдэ мыхъуами, абыхэм я мыхьэнэр зэстам къыгурыIуащ икIи «Сыт зищIысыр лъагъуныгъэр?» уэрэдыр «Шире круг» нэтын цIэрыIуэм щыIуащ, Уэтэр Анатолэрэ Сосмакъ Валентинэрэ жаIэу, едзыгъуитI урысыбзэкIи дыщIагъури.

Дунейр къезыгъэлынур дахагъэрщ, жеIэ тхакIуэшхуэм. Сэ абы щIызгъунт лъагъуныгъэр, псом хуэмыдэу анэм и быным хуиIэ лъагъуныгъэр. Ар псэкIэ зыхищIэу, и пкъынэм хэту къыдэкIуэтеящ Щомахуэр. И адэр япэу зауэм кIуахэм яхэту дэкIри, къигъэзэжакъым, Хэкум и хуитыныгъэм папщIэ и псэр итащ. Анэм и лъагъуныгъэу гущIэм щигъафIэращ Хьэсэнбий къару къезытар, пасэу лIыпIэ изыгъэувар, «фызабэкъуэ» псалъэм ижь къыщIримыгъэхуу, Зеикъуэ дэсхэм яхэгъуащэу, жыр пкъоуэ унагъуэм щIэгъэкъуэн хуэзыгъэхъуар. Анэрщ зыхуэгъэзари нэхъыфIу къехъулIа уэрэдхэр.

*Дапщэ фыхъурэ нысащIэ щхъэтепхъуэр*
*Пасэу зауэ кIуам зытрихар,*

*Нобэ къэскIэ бынхэм яхуэпэжу,*
*Щхьэгъусэншэу зи дунейр зыхьар?*
**(«Анэ»)**

Апхуэдэ сатырхэр щIэлъщ макъамэ дахащэкIэ гъэпса «Анэ» уэрэдым. Уэрэду иусам псалъэхэр хуэзытхыжыр езы Щомахуэращ. КъежьапIэр Зеикъуэ къыщызэрагъэпэща агитбригадэрщ. Ауэрэ щIалэм Бахъсэн районми гу къыщылъатащ, республикэ телевиденэми игъэхьэзыр программэхэми къыхашащ. Сэ сигу къинэжащ «Алло, мы ищем таланты» зи фIэщыгъэ нэтын цIэрыIуэм Хьэсэнбий къызэрыщыпсэлъар, «Анэ» жыхуиIэ уэрэдри абы зэрыщыIуар.

Щомахуэ Хьэсэнбий и уэрэдхэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд гурыщIэр псэм къыщызыгъэуш лъагъуныгъэм. Ахэр псынэ къабзэм хуэдэу мэIущащэ, мэшкIурэ, Iэпкълъэпкъым щожьгъыру. Нобэ пэрыхьэту сценэм щыжаIэхэм хуэдэу, абыхэм яхэбгъуэтэнукъым «сэ уэ фIыуэ узолъагъу», «уэри умыбзыщI», «си дуней», «дэ зы зыдгъэщI» жыхуиIэ псалъэ тафэтелэхэр. Щомахуэм и лъагъуныгъэм ар уи фIэщ зыщI образ гупсысэкIэ хэлъщ, гурыщIэмрэ акъылымрэ щызэпыхьэм деж нуру къыщолыд:

*Сэ си лъагъуныгъэмэ иIэжщ и макъамэ,*
*Сэ си лъагъуныгъэр зым емыщхь.*
*Сэ си лъагъуныгъэмэ, и Iэгу илъу си псэр,*
*Гъатхэ пасэр сщIыгъуу сыныпхуехь.*
**(«Лъагъуныгъэм и макъамэ»)**



Щомахуэ Хьэсэнбий и уэрэдхэр псэкIэ щIызыхэпщIэр абыхэм щIэлъ езым и усэ сатырхэр поэзием и мардэм иувэу тхащи аращ. А лъэныкъуитIыр апхуэдизкIэ зэхэшыпсыхьащи, уедаIуэ пэтми къыпхуэщIэркъым нэхъ удэзыхьэхыр – псалъэхэра хьэмэрэ макъамэра? Ауэ аракъым нэхъыщхьэр, Щомахуэр зэрыуэрэдус телъыджэрщ. Сэ сыщыгъуазэщ къуажэ жыжьэхэм къикIыурэ абы деж, уэрэд тхуэус жаIэу, лъэIукIэ къызэрыкIуэм... Ди радиом и фондым абы и уэрэду хэлъхэр дискым теттхэну къэлъаIуэ куэд зэрыщыIэм.

Илъэс 70-80 ныбжьым ит цIыхур зэупщIыж хабзэщ: сыт си лъэужь? Хэсса жылэм цIыхухэм ящхьэпэн къэкIыгъэ гуэр къита? А упщIэхэм Хьэсэнбий жэуап ярет и гур псэхуу, Iыхьлыхэм, къызыхэкIа лъэпкъым, ныбжьэгъухэм я нэгум хуиту иплъэу. ИкIи творческэ жыджэрагъкIэ нэхъри зиузэщIу гъащIэм зыхуегъазэ:

*Соплъэр си Хэку куэщI, гъащIэ, уэ сыпщIыгъущ,*
*Къызуплъ фэр къэсщIэн ноби сэркIэ гугъущ,*
*Гупсысэр емыш, мурадыр мыкIуэщI,*
*ЖыIэт, гъащIэ, сыпхуэфащэм уэ?*
**(«ЖыIэт, гъащIэ»)**

Щомахуэ Хьэсэнбий лъэпкъым хуэфащэщ. Тхьэм, узыншагъэр и бэу, бэм фIыуэ къызэралъагъум тету куэдрэ игъэпсэу!

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*публицист,*
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*
*2012*

* * *

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ уэрэдымрэ пшыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым ди уэрэдми ди къафэ-пшыналъэми захъуэжащ. ШэсыпIэ сихьэфынущ ди къэбэрдей къафэхэм хуэдэ Кавказым ис адрей лъэпкъхэм зэрамыIамкIэ. Уэрэдыр уэрэд зыщIыжыр фащэрщ. Иджы ар зэдмыпэсыжу, ди уэрэдыр нэгъуэщIу тхуэпэну дыхэтщ.

Композиторымрэ уэрэдусымрэ зыкъым. Музыкэ щIэныгъэ зимыIэ, ауэ зи псэр ушэ, къыхуэмыгъэувыIэу зыгуэр зыусыр уэрэдусщ. Апхуэдэ IэщIагъэлI нэгъэсауэ щытащ ПащIэ Бэчмырзэрэ («Уэзы Мурат») Къэжэр Индрисрэ («ПыIэ гъуабжэ плъыфэ»). Абыхэм къапоувэ нотэр зымыцIыхуахэу Ахъмэт Щэлэуат («Сэрмакъ»), Уэдыжь Хъусен («ЛатIиф и уэрэд»), Пщынокъуэ БетIал («ПшынэщIыжым и уэрэд») сымэ. Зи цIэ къисIуахэм хуэдэу уэрэдускIэ узэджэ хъуну Щомахуэ Хьэсэнбий фIэкIа зыри иджыпсту диIэкъым. Абы и щыхьэту сыкъыщIэувыфынум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр сызиредактору дунейм къытехьа «Уи гум сыкъэгъэкI» тхылъырщ. Абы уэрэд 20 итщи, дэтхэнэми я псалъэри макъамэри зейр езы Щомахуэрщ, жыпIэнурамэ, макъамэм хэлъ псэм и псалъэр поджэж! Абыхэм цIыхубэм къимыщтауэ зыри яхэткъым.



Сыту ди насыпт абы музыкэ щIэныгъэ иIамэ, абдежым къыщыувыIэнутэкъым. Ар лъэпкъым и цIыху нэсщ, зы къудамэ дахэ тхьэмпэбэу къыдэжамэ, ар Хьэсэнбийщ.

Щомахуэр утыку къихьэу утемыукIытыхьу адыгэ уэрэдыжьхэр зэрыхужыIэнум къыдэкIуэу, езым адыгэ уэрэдыжь куэд итхыжащ, абыхэм я тхыдэри едж, ахэр зэгъусэу зэрихъумэным яужь итщ. Лъэпкъым зыгуэр епхамэ, абы и уэрэдри, и IуэрыIуатэри зэрызэхэщар Хьэсэнбий и псэм пхокI.

И лъэпкъым зы уэрэд нэхъ мыхъуми и Iупэм телъу къыхуэгъэнамэ – ар уэрэдусщ. Щомахуэ Хьэсэнбий и апхуэдэ уэрэд дапщэу пIэрэ цIыхум зэIэпахыу къэнар?! Языныкъуэхэм ар Щомахуэм ейуи ящIэркъым, ауэ къызэрыхэбдзэу къыбдежьуун щIадзэ. Ар насыпышхуэщ.

Макъамэм зыгуэр хэсщIыкIыу къызолъытэри, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, уэрэдыр уэрэд нэс хъун щхьэкIэ зым емыщхьу къэгъэшыпIэ иIэн хуейщ. Ахэр Хьэсэнбий и уэрэдым хэлъщ нэрынэнэрынэу хэпхъауэ, зэщIэпщIыпщIэу.

ДжабитI зэхуакум дэс Зеикъуэ дыдэгъэхьи, мы дунейм псэ гуэр къуитамэ умыусэнкIэ Iэмал имыIэу дахащэщ ар. АтIэми сымаджэщым ущыкIуэкIэ джабэм ущыдэжым деж узыщрихьэлIэ гуэл цIыкIуитIыр. А щIыпIэр куэншыб идзыпIэти, Хьэсэнбий яфIигъэкъабзэри, зыгъэпсэхупIэ ищIащ, зэрыщыту и IэкIэ иухуащ. Мис ар дуней жэнэтщ, дуней жэнэт ухуеймэ. Ар щIыжысIэращи, Iэпкълъэпкъ лэжьыгъэри акъыл лэжьыгъэри зыгуэрым зэдихьыфмэ – ар Щомахуэ Хьэсэнбийщ. Иухуа щIыпIэ дахэм нэхърэ нэхъ дахэж и дунейм Хьэсэнбийрэ абы и щхьэгъусэ Фузэрэ хапIыкIащ я бынхэри абыхэм я быныжхэри. Даущ тIысыпIэщ Хьэсэнбий и лъахэр икIи арагъэнщ ар къуршми жьыми щIыщIэдэIуфыр, акъужь щабэу и макъамэхэри щIэгуакIуэр.

Хьэсэнбий цIыху щыпкъэщ, гъэсащ, адыгэлIщ, псэрылажьэщ. И гъащIэр дахэу, абы и псэр къыдэушэу дунейм тетщи аращ и уэрэдыр уэрэд щIэхъур. Мыр стхын хуейщ, жиIэу тIысхэм ящыщкъым ар, дахагъэ гуэрым егъэпIейтейри, и псэр зэрихуэу аращ.

Си анэм жиIауэ фIыуэ слъагъу псалъэхэмкIэ сыхуохъуахъуэ: дэрэжэгъуэ, гукъыдэж, гуфIэгъуэ, узыншагъэ. Мис а Iэнэ лъакъуиплIыр Хьэсэнбий сытым дежи иIэну си гуапэщ. Игури и псэри зэта и лъэпкъ цIыкIум иджыри зы уэрэд дахэ нэхъ мыхъуми хуиусыну, гурэ псэкIэ фIыуэ слъагъу и къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэм я гуфIэгъуэ илъагъуну тхьэм жиIэ. Зеикъуэ апхуэдэ лIы бэлыхь дяпэкIи къыдэкIыну!

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**
*композитор,*
*Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист*

* * *

Сэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я хорым и уэрэджыIакIуэу сылэжьэн щIэздзагъащIэт (1976 гъэ). Уэрэд куэд дыди сымытхауэ, ауэ згъэзащIэхэр цIыхухэм я гум зэрыдыхьэр къатх тхыгъэхэмкIэ зыхэсщIэу хуежьауэ, зы махуэ гуэрым зы щIалэ набдзапцIэ щхьэц хъурыфэ къызбгъэдыхьэри лъэныкъуэкIэ сыIуишащ.

– Уэрэ сэрэ нэхъ гъунэгъуу дызэрыцIыхуамэ, дызэдэлэжьамэ сфIэфIт. Ди лъэпкъым дыхуэгуэпэфынут стхы уэрэдхэр уи гум нэсмэ, зыхэпщIэмэ, – къызжиIащ абы.

ЩIалэ нэгу зэлъыIухар зыщIыпIэ щыслъэгъуауэ къысщыхъурт, ауэ къысхуэщIэжыртэкъыми, абы гу лъитагъэнщ: «Щомахуэ Хьэсэнбий хъужыр сэращ, КIуж Борис жиIэ «СокIуэр дыгъэ гъуэгукIэ», ПащIэ Ахьмэд игъэзащIэ «Анэ» уэрэдхэр зытхар сэращ». Хэтыт а уэрэдхэр зымыщIэр? «Дыгъэлажьэ, дегъэплъ, дегъэдаIуэ си макъым хуэбгъэфащэ уи уэрэдхэм», – щыжысIэм, си пащхьэ кърилъ-

хьащ «Сыноджэж» уэрэдыр. Абдежым щыщIэдзауэ Хьэсэнбийрэ сэрэ зэныбжьэгъу дыхъуащ, зэман дэкIри, уэрэдхэм зэкъуэш дызэхуащIащ.

Хьэсэнбий и уэрэд куэд япэу зыгъэзэщIар сэращи, абы сринасыпыфIэщ. Ахэр псори цIэрыIуэ, лъэпкъым и дзапэ уэрэд хъуахэщ, нобэми яфIэгъэщIэгъуэну ягъэIу макъамэ гурыхьщ. Лъэпкъ уэрэд хъуахэм ящыщщ «Гур къоджэ», «Сэ си лъагъуныгъэр», «Лъагъуныгъэм жаIэр къигъэзэжу», «Ар уэра?», «А псор уэращ – уи нэхэращ», «ПщIэрэ?», нэгъуэщIхэри.

Зы цIыхум жиIэн хуей уэрэдхэм я закъуэкъым Щомахуэм и Iэдакъэм къыщIэкIар, абы иIэщ гупым (хорым) игъэзащIэхэри, къыхэзыдзэ и гъусэу. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «ЩыгуэлъэткIэ къыр дзакIэр фежьу!», «Си хэку», «Хэкум уэрэд хужыфIэ», «Уэрэдыжьхэм папщIэ уэрэд», нэгъуэщIхэри.

Гу къабзэкIэ, бзэ дахэкIэ зыми емыщхь уэрэдхэр къегъэщI си ныбжьэгъу, си къуэш адыгэлIым. Лъэпкъым куэдрэ ухуэпсэуну, ухуэусэну, Хьэсэнбий!

**МЭРЕМЫКЪУЭ Хъусен,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я цIыхубэ артист*
*2012*

* * *

«Кабардинка» ансамблым сыкIуэн ипэкIэ, Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм, куэдым фIыуэ яцIыху Бахъуэ БетIал зи художественнэ унафэщIу щытам, концертмейстеру сыщылэжьащ сэ. Мис а зэман лъандэрэ, 1962 гъэм щыщIэдзауэ, дызэроцIыху Хьэсэнбийрэ сэрэ. Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым унагъуэкIи дызэкIэлъокIуэ, ди хъыбари зэрощIэ.

Хьэсэнбий узэрытепсэлъыхьын псалъэ къыпхуэмыгъуэтыным хуэдизу цIыху зэпIэзэрытщ, пцIы иупсу, зыгуэрым тепсэлъыхьу зэи зэхэпхынукъым. Зеикъуэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIу щыщытам и IэнатIэр тэмэму, сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщауэ зэрихьащ.

Зэгуэр республикэ зэпеуэ щыIэу Зеикъуэ агитбригадэм япэ увыпIэр къихьат. Абы щыгъуэ апхуэдэ зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуар Москва кIуэрт концерт щитыну. Районым дикIри, Бахъуэ БетIал, сэ, иджыри ди лэжьакIуэ зытIущ дызэгъусэу мазэкIэ дадэлэжьат абыхэм, ди къэралым и къалащхьэм яшэну программэр дгъэхьэзыру. Абдежым нэхъыфIыжу дыщызэрыцIыхуащ. Япэ дыдэ гъуэгу сыщытехьари абыхэм ящIыгъуу Москва сыщыкIуа 1964 гъэрщ.

Хьэсэнбий и уэрэдыщIэ си тхьэкIумэм къицырхъауэ ар си пшынэм къыщизмыгъэкIа зэи къэхъуакъым.

Щомахуэм нэгъуэщI уэрэдусхэм къащхьэщызыгъэкI хъэтI иIэщ, ауэ езыр пцIыхумэ, и уэрэд гъэпсыкIэм ущыгъуазэмэ, къыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым, апхуэдизкIэ зэхэщIыкIыгъуэщи. Сыт хуэдиз уэрэд екIу абы адыгэм тыгъэ къытхуищIар?! Тхьэм гъащIэ дахэ кърит,

илъэс 80 ирикъуами, апхуэдиз ныбжь иумытыну жыджэрщ. Узыншагъэ быдэ иӀэну, и макъамэ дахэхэмкӀэ, псалъэ купщӀафӀэхэр зыщӀэлъ и уэрэдхэмкӀэ адыгэ лъэпкъыр дяпэкӀи дигъэгушхуэну си гуапэщ.

**КЪУЭДЗ Іэбубэчыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щӀыхь зиӀэ и артист*

* * *

Иужь илъэсхэм уэрэдусхэмрэ абыхэм къагъэщӀ уэрэд надэ псэншэхэмрэ апхуэдизкӀэ куэд хъуащи, кӀуэаракъэ, уи щхьэр щӀыуагъэхьэ. Апхуэдэхэр щызэхыбох дэни: машинэ кӀуэцӀхэми, бэзэрхэми, гуфӀэгъуэ зэхыхьэхэми, уеблэмэ радиоми, телевиденэми. ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, а зи гугъу тщӀы уэрэдхэм гукъыдэжи дэрэжэгъуи къуатыркъым, уи гум, уи псэм къытегъуалъхьэ, ахэр щыӀу щӀыпӀэр нэхъ щӀэхыу къызэрубгынэн Ӏэмал къэплъыхъуэ мыхъумэ. Абыхэм уедэӀуа нэужьщ уэрэд нэсым, цӀыхубэм фӀыуэ ялъэгъуам и уасэр къыщыпщӀэр. Апхуэдэу цӀыхухэм гунэс ящыхъуащ Щомахуэ Хьэсэнбий и ӀэдакъэщӀэкӀхэм я нэхъыбэр. Уеблэмэ ахэм ящыщ зыкъом дзапэ уэрэд хъуауэ, цӀыхубэм яуса фӀэкӀа ямыщӀэу, Ӏэджэм яӀурылъщ.

Ди лъэпкъ гъуазджэр нобэ уи нэгу къыщӀэгъэхьэгъуейщ Хьэсэнбий и уэрэд телъыджэхэр хэмыту. «Анэ», «Адэхэр мэжей», «Лъагъуныгъэм жаӀэр къигъэзэжу», «Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ», «Анэхэр жейркъым», «Сытхэр уи псэукӀэ?», «Лъагъуныгъэм и макъамэ», «СощӀэ», нэгъуэщӀ зыкъоми къыубжэкӀыфынущ лъэпкъ уэрэд нэхъыфӀ дыдэхэм ящыщ хъуауэ. Ахэр я мыхьэнэкӀи, я купщӀэкӀи щӀэщыгъуэщ, я зэман имыкӀыу, классикэ хъуауэ ябжхэм зыкӀи ефэгъуэкӀынукъым.

СощӀэж, дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми радиор щылажьэу щыщыта зэманхэм Хьэсэнбий и уэрэдхэр щӀэмычэу къеуэрт. Сыт хуэдиз письмо къатхрэт радиом «Щомахуэм и уэрэд къытхуевгъэт», жаӀэу. ПащӀэ Ахьмэд, КӀуж Борис, Мэремыкъуэ Хъусен, Сосмакъ Валентинэ, Уэтэр Анатолэ сымэ ягъэзащӀэ а уэрэдхэм махуэ къэс жыхуаӀэм хуэдэу къыщӀэлъэӀурт.

Хьэсэнбий ящыщкъым «сытӀысынщи, зы уэрэд нобэ къыщӀезгъэдзынщ» жызыӀэу залымыгъиблкӀэ зыгуэр зыуцӀырхъхэм. А Ӏуэхум ар иужь щихьэр и гум, и псэм щызэрихуэм, псэхупӀэ къыщримытым, щимыгъэжейм дежщ. Арауэ къыщӀэкӀынщ Щомахуэм и ӀэдакъэщӀэкӀхэр къыщӀехъулӀэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. И псэм къызэрагъэщӀымрэ и зэчиймрэ зы мэхъужри, уэрэд телъыджэ дунейм къытохьэ.

Зауэжь кӀуамрэ абы ди цӀыхубэм къахуихьа насыпыншагъэмрэ теухуа уэрэд, гъыбзэ куэд щыӀэщ. Хьэсэнбий и творчествэми увыпӀэ щхьэхуэ щеубыд а Ӏуэхугъуэм. «Адэхэр мэжей», «Анэ» уэрэдхэр дыщэзэрылэу житӀэми егъэлея хъуну къыщӀэкӀынкъым, апхуэдизкӀэ гум дыхьэу тха хъуащи. Абыхэм ущедаӀуэкӀэ уи щхьэфэцым зеӀэт, уи

гущІэм носри, уи нэпсыр къыпфІокІуэ. «Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ» зыфІищар-щэ?! МащІэщ анэм теухуауэ апхуэдэ уэрэд телъыджэу диІэр.

И лирикэ уэрэд гъуэзэджэхэми удамыхьэхынкІэ Іэмал иІэкъым. ЯщІэлъ псалъэхэр хэщыпыхьауэ, макъамэхэр щабэу, гум ехуэбылІэу, уедаІуэ пэтми защумыгъэнщІу апхуэдэщ и нэхъыбэр.

ЖыІапхъэщ псалъэри макъамэри зытхыу, а тІури къызэхъулІэу дэ уэрэдус куэд дызэримыІэр, абы щхьэкІэ зэчиишхуэ убгъэдэлъын хуейщ. Къанэ щІагъуэ щымыІэу, Щомахуэм и ІэдакъэщІэкІхэм я макъамэри псалъэхэри зейр езыращ. А лъэныкъуэмкІэ лъагъуэ хэзышахэм ящыщу уигу къэбгъэкІыж хъунущ Къэжэр Индрисрэ ДыщэкІ Залымхъанрэ.

Хьэсэнбий ящыщкъым уэрэду иусу хъуар дурыдылу къызыщыхъужхэм. Абы и зы щапхъэ къэсхьыну сыхуейт. Уэрэдусым итхауэ хъуар щІэлъщ радиом и хъумапІэм. Зы гъэ къакІуэщ, и уэрэдхэр зэрыт картотекэр къищтэри къехъулІауэ, къебгъауэ хъуну къилъытэхэмрэ къемыхъулІауэ, радиом къедмыгъэтмэ нэхъ фІэкъабылу ибжхэмрэ зэхэхауэ дамыгъэ тригъэуващ.

Шэч хэмылъу, Хьэсэнбий хуэдэу зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ цІыхухэм, лъэпкъым жумарту хуэлажьэхэм щытхъу ин къалэжь, ахэр дгъэлъэпІэну, тІэтыну ди борщщ, зэрыбауэ хьэуам, псым, ерыскъым хуэдэу, цІыхур, лъэпкъыр сыт щыгъуи уэрэдым, макъамэм хуейщи. Псом хуэмыдэу гум дыхьэ, псэм ехуэбылІэ, узыгъэгупсысэ, дэрэжэгъуэ къозыт, хьэщыкъ узыщІ, зи щІэщыгъуэр зэи имыкІ, зи мыхьэнэр мыкІуэд, цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа Хьэсэнбий и уэрэд нэхъыфІхэм хуэдэхэм.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист*

*Щомахуэ Хьэсэнбий хужаІахэр зыгъэхьэзырар* **КІУЭКІУЭ ХьэІишэтщ.**

*Уэрэдхэр* ЩОМАХУЭ Хьэсэнбий

## СИ ХЭКУ, СИ ЛЪАХЭ, СИ ПШЫНАЛЪЭ

Си Хэку, си лъахэ, си пшыналъэ,
Сэ сыпхуолъыхъуэ уэрэд гуэр,
ПхуэсщIу а тыгъэмкIэ зы налъэ,
Пысщэну гъащIэм сэ зэгуэр.

*Ежьу:*
О, Си Хэку, си лъахэ, си пшыналъэ,
Си Хэку, си лъахэ, си псэ, си уэрэд.

Сэ уи джэ макъым жыжьэ сишэу
Гъуэгу сытетынущ сыпсэуху.
Хэкужь пшыналъэу сыщIэгушхуэм
Сыдежьуунущ, псэр спытыху.

*Ежьу.*



Си Хэку, сэ къыпхуизмышмэ уэрэд дахэ,
Ди хабзэр сэркIэ мыIуэтэн,
Пшыналъэр бгъунлъэу, си лъэпкъ дахэр
Къэхъункъым сэркIэ щыукIытэн.

*Ежьу.*

## УЭ ИДЖЫРИ ЖЬЫ УХЪУАКЪЫМ, МАМЭ

Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ,
Уи щхьэц налъэр хъуакъым уэсчэсей
Сыт щIыжыпIэр жьы ухъуауэ, мамэ,
Хъурэ жьы Хэку-анэр, щIыр, дунейр?
Гъатхэ пасэу зи щIэщыгъуэ, дянэ,
Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ.

Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ,
НэкIу дыщафэм ибэми зэлъа.
Сыт щIыжыпIэр жьы ухъуауэ, мамэ,
Уи Iэужь тетыхукIэ щIы хъурейм.

Гу щабагъэр зи фэеплъу, анэ,
Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ.

Псэм и щIасэу, нэм и хъуахуэу, мамэ,
Зи IэфIыгъэр гъащIэ къару щэху,
Сыт щIыжыпIэр жьы ухъуауэ, мамэ,
Уи псэр Iуту цIыху дунейм тетыху?
Уэ жумыIэ жьы ухъуауэ, мамэ,
Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ.

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ И МАКЪАМЭ

Сэ си лъагъуныгъэмэ иIэжщ и макъамэ,
Сэ си лъагъуныгъэр зым емыщхь,
Сэ си лъагъуныгъэмэ и Iэгу илъу си псэр,
Гъатхэ пасэр сщIыгъуу сыныпхуехь.

*Ежьу:*
Лъагъуныгъэм и къабзагъырщ,
Гухэлъ нэхум и IэфIагъырщ,
Мы дунейр зэтезыIыгъэр, уей.
Гумрэ гумрэ я зэхуакум
Псэм и IэфI къыщызылъыхъуэр
Лъагъуныгъэм и макъамэрщ, уей.

Сэ си лъагъуныгъэри псэр зыхьэху макъамэщ,
Сэ си лъагъуныгъэр сэ сэщхьыжщ.
Сэ си лъагъуныгъэм уэращ тетыр дамэу,
Абы си псэр сфIэфIт уи деж нихьын.

*Ежьу.*

Сэ си лъагъуныгъэри ещхьщ зи закъуэ мазэм,
Зэшу нобэ ар бэлыхьым хэтщ.
ГъащIэ гъусэ уиIэми, уэ гъусэншэ къабзэу,
Къохъур куэдрэ дунейм ущытет.

*Ежьу.*

Мы ди дунеишхуэм зэнэзэпсэу тетхэм
Зы макъамэщ яIэр, зы уэрэдщ.



5 Заказ №219

Ауэ, шэчыгъуейкъэ, мис а дуней дыдэм
ЩызэблокI нэхъыбэм я мурад.

*Ежьу.*

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ ЖАIЭР КЪИГЪЭЗЭЖУ

Къурш щхьэ тхъуахэм махуэр щхьэдохыжри,
Жэщ гупсысэр щэхуу къысхуокIуэж,
Гъэ блэкIахэм ящIыгъуа гухэлъхэм
Лъагъуныгъэу си деж къагъэзэж.

*Ежьу:*
Лъагъуныгъэм, жаIэр, къегъэзэжри,
Гумрэ гумрэ гъуэгу зэхуалъыхъуэж.
Лъагъуныгъэм къигъэзэжыр пэжмэ,
Мы си гъащIэм зэ къыхуеплъэкIыж.

Уигу симылъми, си гугъу умыщIыжми,
Уэрэд гуапэу гущIэм укъолъэт,
Сыт къыщIэхъур губжэр зэхуэпщIыжми,
Ар зэIужу насып бзур щилъэт?

*Ежьу.*

Зи щIэщыгъуэр имыкIыж макъамэу,
Лъагъуныгъэр гъащIэ джэрпэджэжщ.
Ауэ ар зэ пIэщIэкIам, гукъанэр
ГухэщI макъкIэ гъащIэм къыподжэж.

*Ежьу.*

## АНЭ

ЩыIэщ псалъэ гуапэ, псалъэ псом я лей —
Уафэм, щIылъэм, гъатхэм я дуней,
ЩыIэщ гурыфIыгъуэ, лъагъуныгъэм и псэ —
Анэ — псэуныгъэр зи пщэдей.

*Ежьу:*
Анэ, ди гущапIэм уэ уепщIыхь зэпытщ,
Анэ, ди щхьэр тхъуами, дыбгъэфIэну пфIэфIщ.

Хэт щыІэн фэр нэхърэ нэхъ гумащІэ,
Псэ хьэлэл зыхэлъ, нэхъ гъащІэ мащІэ?

Дапщэ фыхъурэ нысащІэ щхьэтепхъуэр
Пасэу зауэ кІуам зытрихар,
Нобэм къэскІэ бынхэм яхуэпэжу,
Щхьэгъусэншэу зи дунейр зыхьар?

*Ежьу.*

Гъатхэм къегъэщІ удзхэр, дыгъэм псэ къахелъхьэ,
Гум мыпсэхуу лъагъуэ гум хуелъыхъу,
Уафэм щІыр ехъумэ, хъугъэщІагъэм хоплъэр,
Анэр псэ зыІутхэм уахуоплъыр.

*Ежьу.*

Сыт щыІэн мы гъащІэм хуэвмыщІауэ тыгъэ,
Сыт иІэн мы гъащІэм фэр нэхъ ІэфІ!
Фыпсэуху хьэлэлу фэ дэ дывоущийри,
Быным фи псэр тыгъэ тхувощІыж.

*Ежьу.*



## СЫТХЭР УИ ПСЭУКІЭ?

Сытхэр уи псэукІэ иджыпстукІэ,
Уэ нэгъуэщІым хуэпщІыжа гухэлъ?
Е Іэпэгъу пщІыпауэ закъуэныгъэр
Жэщ мамырым епхьэлІа уи щэху?

*Ежьу:*
Уэрщ си дунейр, уэрщ си нэ-си псэр,
Уэрщ си щІалэгъуэр зыпэплъар,
Уэращ, уэращ си гур зым хуэмыкІуэу, си нэм жей къемыкІуэу,
Си псэр схуэмыпсэхуу сызыщІар.

Сыт узэгупсысыр, си гугъапІэ,
Уэ сыт хуэдэ бампІэ къыптеуа?
УщІэс уи пэш нэщІым нэщхъей дыдэу,
Уи щхьэцышхуэр ебутІыпщхьэха?

*Ежьу.*

Сытхэр уи псэукӀэ, си хъуэпсапӀэ,
Уи гупсысэм сабгынэжыпа?
Е, сэ схуэдэ къабзэу, уигу сыкъэкӀыу
Уэрэд схуэбусыну утӀыса?

*Ежьу.*

Уи гум зиукӀыжу, си псэ закъуэ,
Сыт уи ӀитӀыр щӀысӀэщӀэпхыжар?
Мы дунейм текӀыжми лъагъуныгъэр,
Ди нэр зэтеплъам — къагъэщӀыжынщ!

*Ежьу.*

## ЖЫӀЭТ, ГЪАЩӀЭ

Мис аргуэру сэ пшэхэм сапхрокӀ,
Мазэм сыщотӀыс, гъащӀэ, сыпкӀэлъоплъ,
Сыхогупсысыхь, пхузоус уэрэд,
Дэнэ нэс сыпшэну, жыӀэт уэ.

*Ежьу:*
ГъащӀэу си уэрэд, жыӀэт уи мурад.
Си гъуэгуанэр кӀыхь схуэпщӀауэ,
Си гурылъхэм къапыпщауэ,
Псэм и Ӏэфӏым уэ сепшэлӀэфын?

ЖьакӀэху и хъуэхъуфӀ дапщэм уедэӀуа,
Зэхуэмыдэу къоплъ дапщэм уахуэза?
ЗыпщызмыгъэнщӀау уэ сыбдоуэршэр,
ЖыӀэт, пщӀэмэ, сытхэр си Ӏэужь?

*Ежьу.*

Соплъэр си Хэку куэщӀ, гъащӀэ, уэ сыпщӀыгъуэщ,
Къызуплъ фэр къэсщӀэн ноби сэркӀэ гугъуэщ,
Гупсысэр емыш, мурадыр мыкӀуэщӀ,
ЖыӀэт, гъащӀэ, сыпхуэфащэм уэ?

*Ежьу.*

# СЫТ ЗИЩӀЫСЫР ЛЪАГЪУНЫГЪЭР?

Сыт зищӀысыр лъагъуныгъэр? —
А жэуапым сехь,
Сыт гухэлъыр щӀэхъур мафӀэ,
Гугъэр хъуауэ кӀыхь?
Лъагъуныгъэм и зэ плъэгъуэр,
ЖаӀэр, мафӀэ бзийу,
Зэми мазэр и дахагъыми,
Псынэ щӀыӀэу дийу.

Сыт зищӀысыр лъагъуныгъэр? —
Пщащэ тхьэӀухуд?
Псэми гуми я хъуэпсапӀэ
Налкъут щыгъэу лыд?
Лъагъуныгъэр гъатхэщ, мазэщ,
Дыгъэ къуэмыхьэжщ,
Ар зыхъумэм къыщыбжиӀэрщ:
«Си псэ закъуэр уэрщ».

Сыт зищӀысыр лъагъуныгъэр?
Хэт ар жиӀэфа?
Хы толъкъуну къэукъубейми
Хэт пэлъэщыфа?
Лъагъуныгъэр гум щигъафӀэр —
Пщащэр гумэщӀамщ,
Гухэ нэпсхэр псэм фӀэӀэфӀу
Нэхэм къащекӀуарщ.

Сыт зищӀысыр лъагъуныгъэр?
Си гум мафӀэ илъщ,
Зы мэскъал нэхъ мыхъуми, фщӀэмэ,
ЖыфӀэр си гухэлъщ.
Лъагъуныгъэм и хуабагъым
Дунейр и къарущ,
Ар мыпэжмэ, си псэ закъуэ,
МафӀэр щхьэ сщӀэна?

## УОГЪЭДЖЭГУ УИ НИТIЫР

Джэгум сынэкIуамэ, уэрира, щэхуу укъызоплъри, уей,
Уогъэджэгу уи нитIыр, уэрира, нащхьэ къысхубощIыри, уей,
ДызэщогуфIыкIыри, уэреда, ухызошэ уджым, уей,
Ауэ Iупэ плъыжьхэм къащI гурыщIэ щэхухэр
Уэ къысщыбогъэпщкIуыри, уей.

*Ежьу:*
УесшэкIынщ семышу джэгум нэху тещхьэху,
Уи адыгэ пшынэм уджкIэ игу зэгъэху,
Уэ зы тхьэIухудырщ сыкъыщIигъэщIар,
СIэщIумых уи IитIу дзыхь къысхуэзыщIар.

Хьэблэ щIалэ жанхэм, уэрира, уи гугъу ящIу щIадзэмэ, уей,
Уи нэ схуэбгъэджэгухэр, уэрира, си нэгу къыщIохьэжыри, уей,
Уи щытыкIэ псори, уэреда, сэ гунэс сщыхъуауэ, уей,
Хъыджэбз тхьэIухудым къыпхэхуа щхьэц налъэу,
Iэпэм сыбошэкIыри, уей.

*Ежьу.*

Дунейм и гъэмахуэу, уэрира, зэIухащ уи нэгур, уей,
Уи гурыщIэ щэхухэри, уэрира, сощIэр, псынэу къабзэщ, уей,
Уэ къызжумыIэфхэри, уэреда, щIызолъагъуэр уи нэм, уей,
Тегушхуау зы псалъэ си псэм къылъыгъэси,
УщIэсшэнщ лэгъунэм, уей.

*Ежьу.*

## ВАКIУЭДЭКI КЪАФЭ

Гъатхэ накъыгъэри гум щыфIэрафIэурэ гъэм щеубзэрабзэмэ, уей,
Къуалэбзу цIыкIухэмэ я пшынэ макъыри япэу щаублэмэ, уей,
ВакIуэдэкI джэгукIэрэ дызэрытошэрэ дэ мы щIыгушхуэмэ, уей,
Бэвыгъэр куэдурэ зыщIэлъ щIы пшэрхэри зыдогъэдзэкIырэ, уей.

*Ежьу:*
Уей, жэми щIэтщIэжыркъым, выкIи дывэжыркъым, уей.
Дыдамэпсыншэщ, жи, дыдамэкъуэншэкъэ, уей.

Вагъэвэщхъуншэурэ дыгурыщхъуэншэурэ, гъэр къэблэгъамэ, уей,
Дэ жырыш лъэщхэмкIэ вагъэбдзумиблыри идош псырылъэурэ, уей.

Мэкъумэш лэжьыгъэри дэ япэ дыдэурэ зэхыдоублэри, уей.
Трактор щэ бжыгъэкIэ дызэхьэзэхуэурэ гъэ къэскIэ довэри, уей.
ГуащIэдэкI щэнурэ тхуэхъуащ бэвыгъэри, ди Iуэху мэкIуатэри, уей.
УблэрэкIауэрэ, уэр, щIыгулъ фIыцIэхэр ди ужь къоувэри, уей.

*Ежьу.*

Бахъэр тщхьэщытурэ вагъэбдзумищэхэр зэдогъэдзэкIырэ, уей,
КъэкIын хьэзырурэ щIы гъэпшэрахэмэ жылэр щIыдовэри, уей,
Вэн зэрыдухыуэ щIымэрэ жылэмрэ я псэр зэхохьэри, уей,
Губгъуэм дыздохьэри зэхьэзэхуэщIэхэр арти доублэри, уей.

*Ежьу.*

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# УАФЭБГЫКЪУ И НЭЛАТ

*Тхыдэ роман*



*Адыгэ дунейм фIыуэ къыщацIыху журналист Iэзэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэгуэрым си деж къэпсалъэу къысхуигъэлъэгъуа жэрдэмыр гъэщIэгъуэн дыдэт... Сэлам-чэламым къыкIэлъыкIуэу, ХьэфIыцIэм сыщигъэгъуэзащ Къэбэрдейм ис щIэныгъэлIхэм къабгъэдэкI лъэIум: адыгэ тхыдэм лъыпсырытхыу хыхьа Къэнжал зауэр роман жыпхъэкIэ стхыжыну къызэрысщыгугъхэм.*

*«Къэнжал зауэ...» – сыхэгупсысыхьащ сэри. Адыгэ лъэпкъ зэхэщIыкIым зэи иIагъэнкъым а псантхуэ уIэгъэм нэхърэ нэхъ дыркъуэ гуажэ[1]. ФIыуэ сыщыгъуазэт а пасэрей тхыдэм и псэзэпылъхьэпIэхэм, итIани, гуауэ гукъэкIыжхэр къызэщхьэкIуэжарэ сыгуитIщхьитIу, зызохъунщIэ:*

*– Къэбэрдейм тхакIуэ хьэлэмэтхэр исщ. Езыхэм ятхыжмэ, мынэхъыфIу пIэрэт?..*

*– Пэжщ жыпIэр, апхуэдэу щытми, уэ уи щыпэкъым тхыдэ роман. УхуэIэижьщ. Псори зэакъылэгъущ мыпхуэдэ Iуэхум уэ нэхъ екIуу узэрехъулIэнумкIэ. «БаIуэ нэхърэ – бащIэ» – жаIэркъэ... – трегъэчыныхь Мухьэмэди.*

*– ФIыщIэ фхузощI апхуэдэ дзыхь къызэрыздэфлъагъум папщIэ. Сыгупсысэнщ. Псори тхьэм и Iэмырщ.*

*Пасэрей зэманым ди лIакъуэжьхэм къызыкъуахыгъа лIыгъэм и теплъэгъуэ кIэщIхэр иджы сагъэпIейтейуэ къыспкърыхьэрти, языхэзми хъуапсэ есщIэкIыжурэ сызыIэпашэрт.*

*Сапхъуатэрт лIэщIыгъуэ жьыпэухэм. Апхуэдэ махуэхэм языхэзым ХьэфIыцIэм деж сопсалъэри:*

*– IупщIу бжесIэфынкъым, Мухьэмэд, сюжетыр дауэрэ къызэрытIэтыкIынуми, ауэ романыр тхын щIэздзэну сыхьэзырщ.*

## I

Щэджащэт Кавказ Ищхъэрэм щыIэ пасэрей адыгэ дунейр. Абы и гъунапкъэхэм зэщIаугъуаерт Къаспэ хым щегъэжьауэ хы ФIыцIэмрэ хы Iузэвымрэ ентIэIуж щIыналъэр – шыилъыгъуэфIу минхэр зи кIыхьагъыу, щитхур зи бгъуагъыжыр. Кавказ къурш зэхэтхэм я лъагапIэ Iуащхьэмахуэ и щыгу укъихьэрэ зыкъыуплъыхьами, нэкIэ къыпхузэлъэщIэсыртэкъым а лъахэ Iумахуэм и гъунапкъэ нэзхэр. Дыгъэр щIэращIэу къыщхьэщыгуфIэрэ, мазэр укIытэхыу къыщхьэ-

[1] Гуажэ – гуауэ, жагъуэ хъу.

щыхъуапсэу лIэщIыгъуищэ бжыгъэкIэрэ псэуа хэкум исхэр адыгэкIэ зэджэжхэрт, языныкъуэхэми шэрджэсу[1] залъытэрт.

Бзэмрэ хабзэ-бзыпхъэмрэ зэдайуэ, зы адыгэ щэн купсэм зи псэ изэгъа а лъэпкъыр лIакъуэ зыбжанэурэ зэтепщIыкIыжат. Ижь-ижьыжым, щхьэж и щIыналъэ иIэжу, къыщежьэрт Къэбэрдейм, Беслъэнейм, Абазэхэм, КIэмыргуейм, Убыхым, Мэхъуэшым, Еджэрыкъуейм, Хьэтыкъуейм, Шапсыгъым, Жанейм, Бжьэдыгъум, Натыхъуейм я тхыдэ лъагъуэхэр. Абыхэм ящыщу Абазэхэмрэ Шапсыгъымрэ пщы тетыгъуэм ибжь зэи зытезымыгъэхьа лIакъуэ щхьэхуитхэт, ауэ щыхъукIи, зэрегуакIуэтэкъым ахэр – ткIийуэ тетт нэхъыжьыIуэхэм лIэщIыгъуэкIэрэ ягъэпэжа, иджыпстуи щIэблэм ягъэбжьыфIэ адыгэ хабзэ Iущым. Зи уэлиигъуэ пщым и унафэм хабзэкIэ щIэту къэгъуэгурыкIуэрт Къэбэрдейр, Беслъэнейр, КIэмыргуейр, Бжьэдыгъур, Хьэтыкъуейр, Еджэрыкъуейр, Натыхъуейр, Жанейр.

Къэбэрдей лъахэр пасэ лъандэрэ пщыгъуитIым я тепщэгъуэ зэбгъузэнатIэт: Талъостэнеймрэ (Къэбэрдеишхуэ) Джылахъстэнеймрэ (Къэбэрдей цIыкIу). Лъахэр пщыгъуитI дыкъуакъуэмэ, жылагъуэм зыдиукъуэдийркъым. ЛIыфIыгъэкIэ зэрытемыгъакIуэ къэбэрдеипщхэм, зым и IупщIэр адрейм и щхьэщIыбу, езыхэр зэрыхуейуэ къыхахыжырт я гъунэгъухэр. Псым итхьэлэм блэм зрешыхьэкI жыхуаIэрати, Талъостэнейр, биижьыр игъэблагъэ зищIурэ, КърымымкIэ еущэкIырт; Джылахъстэнейри, благъэжьыр имыгъэкIуэд хуэдэурэ, УрысеймкIэ ещэтэкIырт. Зы адыгэ лIакъуэ зэпэщу къызэригъэщIар ящыгъупщэурэ къэбэрдеипщхэм адэжь лъахэр чэрэчэм иралъэфалIэрт.



Зи Iулыджым фIэлIыкIышхуэ иIа пщы уэлийхэу Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэрэ ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэ дунейм щехыжым, абыхэм къащIэна тетыгъуэм апхуэдиз зэгурымыIуэныгъэрэ зэныкъуэкъуныгъэрэ къишати, илъэс куэдкIэ Къэбэрдейр хьэргъэшыргъэм хэкIакъым.

«Гъунэгъу гъуанэщи, унагъуэ гъуанибгъущ» жызыIа лъэпкъ Iущыгъэм и саулыкъури хьэзырыххэти, дагъыстэн щэмхъал, хьэмэрэ къалмыкъ хъан, е нэгъуей-пыхъуэпышэ жыпIэн – псори, IужажагъэкIэ зыр адрейм ехьэехуэу, къэбэрдеипщ пщтырылъхэм я зэ-

[1] «Шэрджэсхэр (адыгэхэр) дунейм нэхъ лъэпкъыжь дыдэу тетхэм (Чынтым, Мысырым, Къэжэрым къадэкIуэу) язщ, – етх 1854 гъэм Инджылызым къыщыдэкIа «Глиссон» журналым. – Адыгэхэм я тхыдэр апхуэдизкIэ жыжьэ къыщожьэри, нэгъуэщI лъэпкъ щхьэхуэхэм ятеухуа хъыбархэр – мо лъэпкъыжьым и пщалъэкIэ къапщтэмэ – дыгъуасэ хуэдэщ. Щэн телъыджэу шэрджэсхэм яхэлъыр – зэгуэри, зыщIыпIи ахэр нэгъуэщI лъэпкъым и тепщэныгъэм зэрыхуэмыIурыщIаращ. ЩыхагъащIэ къэхъуми, ар зауэлI щхьэ бжыгъэкIэ бийр егъэлеяуэ щебэкIым дежт. Апхуэдэм дежи, зэи зыми хузэфIэкIакъым шэрджэсым и лъэпкъ хабзэр IэщIыб иригъэщIын е зыхригъэнын. Шэрджэсым зызыхуигъэщхъыр адыгэ хабзэм и закъуэщ. Мы лъэпкъыр зэрыхьэлэмэтыщэм и щыхьэтщ дэтхэнэ зы лIакъуэри и щхьэхуитыныгъэ тхыдэм бзыгъэрэ нахуэу зэрыриплъэжыфыр. Дунейм нэхъ цIэрыIуэ дыдэу тета щэджащэхэм фIыуэ яцIыхурт адыгэ-шэрджэсхэр. Философ цIэрыIуэхэу Геродот, Страбон, Плутарх сымэ (нэгъуэщIхэми) я лэжьыгъэхэм уащрохьэлIэ шэрджэсхэм ятеухуа гупсысэхэм. Мы лъэпкъхэм я IуэрыIуатэр (хъыбар, уэрэд, таурыхъ, н. къ.) щхьэхуиту къекIуэкIа лIакъуэ шыщхьэмыгъазэм и тхыдэ уахътыншэщ. Я нэхъ мащIэрамэ, илъэс 2500-рэ мэхъури, шэрджэсхэм я тхыдэр мыгъуэщIэрэ мыщIытэу яхь».

хуаку щыIуитIбзитIт. ЛIыфIыгъэ жагъын зэфыкIхэу, зэрымыгъэпщ-зэрымыгъатхъэхэм я къаугъэм фейдэ хьилагъэ ирищIэкIыжурэ, бзаджейуэ щIэуштэрт Тыркур. Кърым хъаныгъуэр зи кIэпкъ дэзыгъэзэгъа Тырку сэгъейр иджыпстуи нэхъуеиншэу фейдэщIэхт. Кърым хъанхэрати, Чынгызыжьым и лIэужьу залъытэжырт, абы къыхэкIыуи, аддэ зэгуэр Чынгыз-хъаным лъэщыгъэкIэ Iулъхьэ къуэды зытрикъуа Къэбэрдей щIыналъэр иджы езыхэм я адэжь щIэину закъыфIэщIыжырт. Зэрытым иплъэрэ зэрылъым щыIэбэу къэгъуэгурыкIуа хъаныдзэм Къэбэрдейр яуфэкъа пэтми, Кърымым зигъэнщIыртэкъым.

БылымкIэ, мылъкукIэ къызэтеувыIэрэт кърым тэтэрым къифыщI тыхьыр?! Хэкум ирашырт щIалэ узыншэ цIыкIухэр – зауэлIыпхъэу; пщащэ кIэпсфэпс къабзэхэр – хьэрэм лэгъунэхэм я Iэдэлысэу[1]. Хъаныдзэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ щыфыщIэ Къэбэрдей лъахэр, мацIэ зыпхыкIа хадэу, шэджэладжэт. Мыгъуэр я мыгъуат а тыхь гъэвыгъуейр зи фэ дэкI цIыхухэм. Къэсыр къатеухьу къызэхэна къэбэрдей жылэхэм бэIутIэIуу зыхэхуэмкIэ ягъэкъуаншэр къэбэрдеипщхэрт. Ар дыдэрт езы пщы уэлийхэми гъунэгъу-дэщIэгъу хамэ хэкухэм къыщIыщалъыхъуэм и щхьэусыгъуэри.

Пщы уэлийхэр дэщIакIуэу зыщыгугъ дэтхэнэ зы гъунэгъуми и нэкIэ Къэбэрдейр кIапэ дагъэм и гурыIу хъуэпсапIэт. Уэс тхьэхухэр зи нур Iуащхьэмахуэ и лъапэхэр щIыбатэ вагъапхъэт. Мэз жыпIэнумэ, мы щIыналъэр абыкIи тхьэм къибгъат – тафэ мэзхэмрэ къурш мэзхэмрэ я ипэ-ипэр щхъуантIагъэт. БанапцIэм уэфу зэщIищта Iуащхьэ зэпэщхьэхуэхэм я лъащхьэхэр хъун бэгъуауэ IэхъупIэ къэуатт. Нэри пэри зыхь а лъахэ щIэращIэм зэ иплъэгъар, дауи, цIыкIуфэкIукIэ икIуэтыжыртэкъым. Гъунэгъу нацIэрыфэмрэ благъэ нэфыгъуэмрэ зэпатхъырт къэбэрдеищIыр.

ЩIэблэ къащыщIэхъуэрэ унагъуэу ягъэтIысыжу; къалъхум щыгуфIыкIрэ зи уахъты къэсар мащэм ирахьэхыжу, цIыху дахэхэр щыпсэурт а щIыналъэм. ГуфIэгъуэри гуауэри ипхъэхыжу къащIэпщэ къурш жьыбгъэхэмкIэ ахэр псыхьат, лъахэм къыщхьэщыхьэ гъэмахуэ щыблэхэмрэ бжьыхьэ уэлбанэхэмкIэ гъэнщIат. Пшэху бырыбхэм цIычэу къахэшхыдэ уафэхъуэпскIхэри, щIымахуэ шылэм щатэщхъыщхъыу къеIущэщэхыурэ жьыфий гъуагъуэм ипхъуэтэж уэсхэри абыхэм я нэку-напIэт.

Дыгъуасэ хуэдэщ щIымахуэр ешу щикIуэтыжар, итIани, гъатхэм и пасэр пIэщIэгъуэкIэ къиужьгъэри, тафэ удзыпэр къызэщIэрыуащ, къапщIий хужьыпсым зэщихуэпыкIащ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм я къуащIэр. АрщхьэкIэ гухэщт егъужьым зэпиIыгъ Бахъсэн псыхъуэм зи егуапэртэкъым дунейм и гъатхэ Iупэр. Гупсысэ мыщхьэпэхэр и набжьэу, унэм къыщIэувыкIа пщы уэлийми гу лъимытэххэ хуэдэт гъатхэ зыкъизыхым и убзэ шэрашэм. НэгъуэщI шабэт[2] ХьэтIохъущокъуэ

[1] Iэдэлысэ – одалиска.
[2] НэгъуэщI шабэт – нэгъуэщI Iуэхут, нэгъуэщI лажьэт.

Кургъуокъуэ иджыпсту гурыгъуазэкIэ икIыщтэр. Къэбэрдейм и пщы уэлийр, мыпIащэу, гъэмахуэ пырхъуэм ирокIукI. ХьэтIохъущокъуэр сыт щыгъуи игъэгуауэщхьэуэрт къэбэрдеипщхэм яку илъ зэдауэ-къаугъэм, ауэ мызыгъуэгукIэ, дапщэщи хуэмыдэжу, Iуэхур хэплъэгъуэщ... Къэбэрдей бжэIум гузэвэгъуэбэ къыIуувващ. Дыгъуасэ а хъыбар щхьэкIуэр къэзыгъэIусахэм зэраIуатэмкIэ, Къырымыжьым аргуэру зауэу къежьэну зегъэхьэзыр. Пщы уэлийм иджыпсту зэригъэзахуэрт «Гугъуехь шэчыгъуафIэщ» жызыIа пасэрейм и щIагъыбзэр. ЦIыхур гугъуехьым хэмыкIыурэ псэумэ, а щытыкIэр и хэгъэрейщ. Йосэж... икIи щIэупщIэркъым и щхьэусыгъуэхэм, къилъыхъуэжыркъым хэкIыпIэхэр. Апхуэдэххэурэ, зэгуэр цIыхуу щытар, и сэфэтым йокIри, псэущхьэ еупIэхам хуэдэу дунейм къытонэ. Апхуэдэм и акъылымрэ гурыщIэмрэ къэбгъэукъубийуэ псэукIэ щхьэхуитым и мардэхэм щIэбгъэхъуэпсын папщIэ, егъэлеяуэ гуащIэ лъэщ ухуейщ. Зи зэхэщIыкIыр а хъуэпсапIэм ентIэIуахэр зыбжанэ нэхърэ нэхъыбэ мыхъуми, а зыбжанэри щхьэпэщ хэкум къыщхьэщыгъуагъуэ икIагъэм и хьэшым лъэпкъыр, ипкъ мышу, къыIэщIэпхын папщIэ. Ар зыхузэфIэкIын лIым и напэт адыгэ-шэрджэсхэм я пащхьэ щыкъабзэр...

Нэгъабэ (1707 гъэм) Менлы-Джэрий кърым шупашэр мин бжыгъэхэр и дзащхьэу Къэбэрдейм къыщытеуам, ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийр зримыусыгъуэджэу, тридзэри кIуат дзэхэм я пашэм и шэтырыпIэм. КIуат, къэбэрдейхэр кърым Iулъхьэ тыхьым зэриухъуэнщIари, хъаныдзэм и хъунщIэ-фыщIэр цIыхум зэрахуэмыгъэкъаруужри гуригъаIуэу, лъэныкъуитIми я Iупэ Iузымыудын хэкIыпIэ езэгъырабгъу къызэдыщIаIукIын и гугъэу. АрщхьэкIэ!.. «Си псалъэрщ унафэр, уи псалъэркъым!» – жиIэри шупашэ щхьэзыфIэфIым и лулэм илъ сахуэр Къэбэрдей пщы уэлийм и щхьэм къыфIикIутащ...

Ягъэгъу-ягъэвым хуэдэтэкъым апхуэдэ лейр. ХьэтIохъущокъуэпщым щыгъупщэнт а пудыныгъэр?! Гупсысейм ихьырт пщы уэлийр: «Мырзэ-дзэпщ зыбжанэр жейрэ пэт дукIыну дыщызэгурыIуэм, Къармэ уэркъ зэшхэм ар къыддаIыгъатэкъым. Плъагъуркъэ, Къармэхэ[1] я пхъур хъаныжьым и нысэ пажэщи, благъагъэм епцIыжынухэкъым. Абыхэм ящогъупщэ уи лъэпкъэгъу къепыджыныр (хэтуи ар щрырети!) лъыкIэ зэрыбийр. НтIэ, апхуэдэурэ дызэхэтмэ, лъэпкъ къупщхьи напи къытхуэнэжынукъым. Дунейм темытыр мардэ зимыIэрщ. Зэ-

[1] Кърым тэтэрыдзэр тынхэх Къэбэрдейм къыщихьэкIэ, мырзэхэм унагъуэщхьэрыкIыу хьэщIэщхэм зытраугуашэрт. 1706 гъэм зэхыхьа пщы-уэркъ хасэм къыхалъхьат а жэрдэмыр: щхьэж и хьэщIэщ щIэс кърым мырзэр жэщыр къихьэрэ, жейм хилъафэмэ, фIигъэжыжыну. Къармэ зэшхэр а хасэм щихьэм: «Жэщдэгъуэлъ гъэпщкIуауэ яхуэвгъакIуэ, фи фызхэм я лэныстэм и бзылъхугъэ къалэныр си деж щхьэ къэуст?! А ди «жейр зэрыдималъхъэм и гугъу умыщIыххи, жеяр дэ фIэдгъэжкъым, зауэ губгъуэрщ дыщыупщIатэр», – жиIэри, и лъэпкъэгъухэм ядиIыгъатэкъым. А махуэрщ Къэзанокъуэм щыжиIари: «Уэркъым и жьэр и щIопщщи, и пщыр и джатэщ!»

гуэрым кIэ етыпхъэщ мы хьэдэгъуэдахэми. Мес, жыжьэ умыкIуэ, хъаныкъуэ Шэхьбэз-Джэрий Беслъэнейм щIраукIыхьар Къанокъуэпщ зэшхэм я шыпхъум ириха лейр лъыкIэ ирагъэпшыныжауэ арщ[1].

Нэхъ емыкIуращи, кърым хъаным и дежи унэмыс, ди жэпкъди къупщхьэхэм я нэхъыбапIэм нэмыплъ иратат Къанокъуэхэ я лъыщIэжыкIэ Iэмалым. Пэжыр пэжщ: хъаныкъуэ щIалэм къыпекIуэкIыжар хуэфащэу къилэжь кIуэкIэщ. Аркъымэ, езы хъанхэм ящыгъупщауэ пIэрэ Менлы-Джэрий, нэгъабэ етщIам и ужькIэ, и шыкIэ къурыкъуу, Кърымым зэрилъэдэжам и ауаныр? НтIэ, апхуэдэ напэтехым ищIыIуж сыт иджыри ерыщу Къэбэрдейм къыщIыхуенэцIэкIыр?!»

Щхьэзакъуэ гупсысэхэм яIэщIэкI-яIэщIыхьэу, къэбэрдей пщы уэлийр и бейгуэл Сэбанш еджащ:

– Шы-уанэ зэщIэлъхьэ. ТIэкIу сыдэкIынущ.

...Шыбгым ис ХьэтIохъущокъуэр, зыжри Iэхэми къахуемыплъэкIыу, къызэпсэлъэкIащ кIуэрыкIуэм тету:

– Сыту махуэ бзыгъэ дахащэ-тIэ нобэ! Мо Iуащхьэмахуэ нэхъри зэрыуардэ!

Пщы уэлийм и шыфэлIыфэмкIэ бейгуэлхэм къагурыIуат къызэрымыгуэкI Iуэхушхуэкlэ ар нобэ зэрыдэшэсыкIыр. Пэжу, ХьэтIохъущокъуэм и псэлъэкIэр иджыпстуи Iэдэбт, езыри, сыт щыгъуи хуэдэу, зэпIэзэрытт, итIани гурыкъ пIейтей гуэрым и щIэжьыуэр пщым и макъым къыхэIукIыртт. Абы къикIращи – псалъэмакъ цIыкIуфэкIукъым пщым зызыхуигъэхьэзырыр.

Шыр лъэхъу-сабыру иутIыпщри, ХьэтIохъущокъуэпщым иунэтIащ Бахъсэн псыхъуэкIэ. Хьэрэкхъуэрэ къызэринэкIри, Тамбиикъуэ[2] къыщежьэ Тамбиипсым[3] икIащ.

Шым и лъэхъу кIуэрым дэущырт Кургъуокъуэ и гупсысэ зэрыхьзэрийр. Мыбдеж щыщIэдзауэ, пщы уэлийм и щакIуапIэ Уафэбгыкъу (нарт Сосрыкъуэ и абрэмывэр здэщылъым) нэс махуэ ныкъуэ гъуэгуанэщ... Арыххэу, лIым шыр къыжьэдикъуэжри, Къэзанокъуэ Жэбагъы и лъапсэмкIэ иунэтIащ шыщхьэр. Пщым кIуэрыкIуэм тету къызыщIипхъуэт гупыжхэр зимыщIэщыгъуэж бейгуэлхэм ХьэтIохъущокъуэм и шыкIэу зыкъаIуэнтIэжащ.

---

[1] Салым-Джэрий кърым хъаным и къуэ Шэхьбэз-Джэрий 1699 гъэм и кIэм Шэрджэсым тынхэх къэкIуат. Дыгъэгъазэу ар Къанокъуэпщ зэшхэм Беслъэнейм щаукIащ.

Кантемир Дмитрий абы теухуауэ етх: «Салым-Джэрий и къуэ Шэхьбэз-Джэрийр Беслъэнейм игъэкIуащ илъэситIым зэтрихьа тыхь-щIыхуэхэр зэхуихьэсыжыну. Беслъэнейхэм хъаныкъуэр хабзэм тету ирагъэблагъэри, кърaтыпхъэу къилъыта мылъкури къыхузэхуахьэсат. Iуэхум хэтурэ, Шэхьбэз-Джэрий и нэ теплъащ пщащэ дахэкIей. Хъуэпса хъаныкъуэм и унафэкIэ пщащэр яубыдри, Шэхьбэз-Джэрийм хуашащ. Модрейми (лей ирихынути) пщащэр лэгъунэм щIиубыдащ. Пщащэр зи шыпхъуу къыщIэкIа Къанокъуэ зэшхэм, апхуэдэ пудыныгъэр ягу темыхуэу, Шэхьбэз-Джэрийр яукIащ».

[2] Тамбиикъуэ – Къэнжал зауэм и ужькIэ «Ашабэ и къуэ» зыфIаща, ди зэманым «Тызылэ» жыхуаIэ къуэм и пасэрей фIэщыгъэщ.

[3] Тамбиипс – романым къиIэтыж лъэхъэнэм мы фIэщыгъэжьырщ зэрихьэу щытар иджыпсту ГундэлэнкIэ дызэджэ псыежэхым. Пасэ зэманым Тамбиипс (Гундэлэн) Iуфэ Iусащ жылищ: Гундэ, Елэн, Уардэ.

Плъыфэбэт Къэбэрдей гъатхэр, ауэ ХьэтIохъущокъуэпщым и гупсысэ кIэнтхъхэм гъатхэнэри хуиту ягъаплъэртэкъым: «Сыт тщIэнур? Сыт хэкIыпIэр? Дэтхэнэм и псалъэ быдэ къытхуэщхьэпэну? Дауэ зытхъумэжа хъуну? Зэш-зэкъуэту, IэщэкIэ дызэщIэузэдауэ дапэщIэмыувэмэ... Нэгъабэ запэщIэтсатэкъэ а щIыкIэ дыдэм тету? АрщхьэкIэ, мес, нэхъуейр зыщхьэщыкIам дичыхыну игу илъкъым! Шэрджэс Ипщэм ис ди къуэшхэм хъыбар къыдагъэщIащ Къримым дзэ игъэшэсу. Абыхэм, дауи, якъуэувэнущ Шэрджэсым чынгызщIэжу къина нэгъуейхэр. Зылъщ ахэр псори! Хьэуэ... Къримыдзэр шэсмэ, къэбэрдеипщхэр мыхасэу хъунукъым. Игъуэщ пщы зэхуэсышхуэр. Иджыпсту зы блыпкъыу зызэдгъэщIрэ зы лIакъуэ IэпщэкIэ бийр идмыщIыкIмэ, хэкур шылъэ сабэу ирахынщи, лъэпкъри дызэтраукIэпэнщ»...

Шу гупыр Жэбагъы и куэбжэм щыIухьэм, ХьэтIохъущокъуэр шыфIэдзапIэмкIэ плъэри, къыгурыIуащ Къэзанокъуэ деж уэркъ гуп зэрыщыхьэщIэр. Пщы уэлийм и шу гъусэхэм яриIуэкI нэхъей:

– Сыщымыуэмэ, ящыщ зыр Жэбагъы и уанэшщ... – еплъыIуэри щIигъужащ: – Хьэуэ, сыщыуакъым. ЗекIуэ къикIыжу арагъэнщ мы гупыр. – Пщыр и шым елъэдэкъауэри:

– Шэджагъуэм ирихьэлIэу Къэзанокъуэр нысхуеблэгъэну хъыбар евгъащIэ!

... ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийр къашыргъэпэу задэу жьэпкъыпэ дыкъуакъуэт, лIы пащIагъуэ набдзапцIэу натIабгъуэт, нэ къащхъуэт. Езыр лIы Iэчлъэчышхуэу, зэIэщIэлъ щхьэпэлъагэт, пкъы задэр хуэфIу ист дыжьын хьэзыр Iупэхэр къызытещ цеищхъуэ пIащIэм. Иджыпсту пщыр къикIукI-никIукIырт: щхьэгъубжэм ирихулIэрти зыкъигъазэрт; къикIуэтыжурэ блыным нэсырти, аргуэру щхьэгъубжэмкIэ игъэзэжырт. Гъатхэ махуэм хуиту хузэIугъэузэщIыкIа щхьэгъубжэм деж щызэтеувыIэри, пщы уэлийм и нэхэр жыжьэрыплъэу хьэуам хэплъызыхьащ. Арыххэуи, бжэр зыгуэрым къыIуиха къыфIэщIри, къызэплъэкIащ. ХьэщIэщым къыщIыхьащ лIы напэпкъ кIыхь, натIэ лъагэ. Илъэс тIощIрэ тхурэ и ныбжьынт а лIы къуапцIэ къуэгъум. Къэзанокъуэ Жэбагъыт ар.

– МахуэфI сыкъыпхуихьауэ, зиусхьэн! – фIэхъус къитащ Къэзанокъуэм.

– Алыхьым уиузэщI, Жэбагъы! Къеблагъэ! ТIыс.

– Махуэ къэс дэ тхуэнейрэ, Алыхьым и пащхьэ дыщытIысдыщытэджыжу, нэмэз тщIы щхьэкIэ, зиусхьэн, шэчыбэ изощIэкI ар фIыкIэ къызэрытхуэупсэм. Мыдэ, Ашабэ Миншакъ и жыIэкIэу: «долъаIуэ, ауэ дызэхихыркъым, дыщызэхихми, дыкъилъагъуркъым». Ауэ, итIани, хэт ищIэрэ жыхуэтIэу, зыщыдмыгъэгъупщэр и щыIэныгъэрщ...

– Гуп дыгъэл гуэру фызэрихьэлIати, а фызытепсэлъыхьам тепщIыхьмэ..., – Къэбэрдей пщы уэлийр и пащIэкIэ щIодыхьэшхыкI. – А зи щхьэфэ фиIэбам фызэхимыхауэ къыщIыукI, армыхъумэ, хэт ищIэн фи щхьэ кърикIуэнур?

– Зыри худиIэмалкъым. Тыркум залымыгъэкIэ ислъам диныр адыгэхэм къаригъащтэри, сэр дыдэми зыдэзгъэшащ абы. Си жэуапырщи: адрей адыгэхэр зэрыхъуу дэри дыхъунщ. ЗэрыжаIэу, «Зым нэщI иIыгъщ, адрейр, и ныбэ из хъуху, йофэ-йошхэ».

ХьэтIохъущокъуэ пщым игу ирихьакъым уэркъ щIалэ жьэнахуэм и жыIэр, итIани, ар уэим имыщIу, кIуатэри, блыным пэгъунэгъуу тIысащ. Алэрыбгъу къуэлэнышхуэкIэ къеуфэха хьэщIэщ блыным фIэдзат дыжьын сампIэу къамэ дэгъуэ, дохъутей зэрыIыгъ екIу, уанэш щIопщ.

– Ущымыт, тIысыт, – зыхуигъэзащ пщым зы пIэм иуджыхьу къыщхьэщыт Жэбагъы.

– Пщы уэлий пащхьэ сыщыхабзэкъутэт? Тетыгъуэр зейм дыщхьэщытыныр адыгэ хабзэ хьэкъщ.

– Сыщыгъуазэщ уи хабзэ-щэн. Жылэм укъацIыху. УтIыс хъунущ.

– УзыгъэтIыс уимыубыжу щыжаIэкIэ, сетIысэхынщ. Сыт хуэдэ Iуэхум сыкъыхуебджа? СынодаIуэ.

– Мыр Iэжьэкъур ипчынуи! Псалъэмакъ тIасхъэкъым ар... Гупсысэн хуейщ, – хэкъузарэ губгъэни хэлъу, тригъэчыныхьащ пщы уэлийм.

Жэбагъы и псэлъэкIэр ХьэтIохъущокъуэм игу ирихьатэкъым: «Иджыри щIалэIуэщ ар. Нэхъыжьым апхуэдэурэ епсэлъылIэну къемызэгъщ», – итIани, пщым зишыIэри, щIалэ гурэпкIырэм и гушхуэныгъэ жьэхъум гу лъимытанэпцIу, нэмыплъыр ирикъухыурэ:

– Узахуэщ. Адрей адыгэхэр зэрыхъуу дэри дыхъунщ. АрщхьэкIэ нэгъуэщIщ сэ сызыхуэIэмалыншэр – зэгурыIуэ-зэдэIуэж, е унафэу, е жьэгуфэу, дызэримыIэрщ.

– Ярэби, мы дунейм тету пIэрэ зы лIакъуэ, зыр здэплъэмкIэ адрейхэри зэнэзэпсэу еплъэкIыу? – щIэупщIэщ Жэбагъыи, и щхьэ жэуап иритыжащ: – Тету къыщIэкIынкъым. Теткъым...

Пщыр Iэджэм иригъэгупсысащ Жэбагъырэ езымрэ я псалъэмакъ зэхэублэкIэм. Пкъы Iэчлъэчым хуэмыфэщэн жьы щIэту, ХьэтIохъущокъуэм зэуэ зыкъиIэтри, уэршэрэгъу зэриIэр щыгъупщэжа хуэдэ, зыбжанэрэ хьэщIэщ жыхафэр псынщIэу зэпикIухьащ. ИужькIэ, къызэфIэува Жэбагъы и пащхьэм къыщызэтеувыIэри, и псэлъэгъум и нэкугъуэм иплъэурэ жиIащ:

– Сэри апхуэдэу къысщохъу... ИтIани, Жэбагъы, апхуэдэ зэхэтыкIэр, адыгэхэр щыгъэтауэ, дэтхэнэ зы лъэпкъым дежкIи напэтехщ, икIагъэщ. Мы алэрыбгъум кIэрылъ Iэщэм къалэн хэха гуэр иIэн хуейуэ пIэрэ, хьэмэрэ ауэ сытми хьэщ1эщ гъэдахэу ара?..

– АбыкIэ сыакъылэгъущ, зиусхьэн. Ямыгъэлъащэ Iэщэр мэулъий, е нэхъеижращи, ар зейр еукIыж...

ХьэтIохъущокъуэпщым зэуэ зыкъигъазэщ, алэрыбгъур здыфIэлъ блынджабэм къыбгъэдэкIуэтри, здэщысам щытIысыжащ. Къэзанокъуэри, къыжраIэху пэмыплъэу, етIысэхыжащ.

ХьэщIэщыр щымт. Пщы уэлийр, нэхъу-нэхъуу, Жэбагъы жьэхэплъэурэ егупсысырт, мы унагъуэр хэт и чэнджэщу пIэрэ зытетыр, жыхуиIэу. ИужькIэ еплъыхыурэ, нэщхъей-нэщхъейуэ, къэпсэлъащ:

– Укъызосэпауэри, Къэзанокъуэ... АрщхьэкIэ къомыхъулIэнщ ар! Ущоуэ: ямыгъэбза Iэщэм и улъиигъэр биижь лъыпскIэ ягъэджэфэж. Ахьей, нэхъыфIт апхуэдэм дызэрынэмыхьэсатэм! АрщхьэкIэ дэ зитлъэфыхьыху, кърым хъаныр мэудафэ, сыт игъэшми, къыхуэгъун хуейуэ къыфIощIыж. Абы къыхэкIыуи игъуэщ хэкIыпIэхэм я нэхъ лъэщ гъэзапIэншэм деувэлIэныр.

– Узахуэщ, зиусхьэн. Плъагъуркъэ, къызэщIамыгъэплъа лIыр лIы хуэдэу зэIурыдзэсыкIкъым. Дыщыгъуазэщ лей зытехьам и лъыщIэжыгъуэ хабзэми.

– Апхуэдэ пщалъэкIэ убгъэдыхьэмэ, мыри жаIэ: «ШыIэныгъэншэ шэпэIудзщ», – пщы уэлийр дыхьэшхыпцIри къыщIигъуащ: – Куэдщ лъэпкъ Iущыгъэу зэдутIыпщар. Iуэхум ехьэлIауэ дыпсэлъэнщ иджы. ПIалъэ кIэщIым кърыубыдэу къэбэрдеипщхэм я хасэ джакIуэ дымыщIыныр игъуэджэщ. Батэщ щхьэусыгъуэ фIэкIыпIэншэхэр.

– Сегупсысащ абы, зиусхьэн. ЗэрыжаIэу, дзыхьмыщIыр чэнджэщэху, Iущыжьым зетIыж. Уэри ущыгъуазэщ адыгэ ерыщым и щхьэгъэкъыкIэм. Зыхуэфащэри зыхуэмыфащэри бжьыпэ жьантIэмкIэ йокъу. Языхэзри пэрытыну йолъэдэкъэщыкIри, диль-дипкIыурэ никъуэкъуэбг дыщоху. Псалъэмакъыр здэщыбэм Iущыбэр щыбжэкъуагъщ. А теплъэгъуэ дыдэхэр пщы хасэм щыдамыгъэлъагъуну шэсыпIэ уит, зиусхьэн? Уи гугъэр – си гугъэщ: делэ фIэкхъыу зэхэткъым лъэпкъ псор. Псыежэхххэр зэхэхуэмэ – хыщ. Ари пэжщ. ИтIани, хэт ищIэрэ, хэт ищIэрэ? Псори пашэныгъэ здэщыщIэкъум, зиш къижынур зыдэзыщIэжу щыIэр закъуэтIакъуэхххэщ.

– Жэбагъы, сытыт хужаIэр шэчыбэ зыщIым?

– ДзыхьмыщI дзыхьщIыгъуэджэщ. И адэм илъ къызытринэнущ апхуэдэм, – жеIэри, Къэзанокъуэм къыщIегъуж: – Мыпхуэди зэхэсхащ: «Куэдрэ хэплъыхьым зыхуэмейрщ къылъысыр. Зыхуейр къыхилъагъукIыным ещэу, куэдрэ хэплъэм нэхъыщхьэр зыIэщIегъэкI».

Къэбэрдей пщы уэлийр къэуIэбжьауэ къыдэплъейри, Жэбагъы здеплъым егупсысащ: «Нобэ хьэкъ дыдэ сщыхъуащ «Уи жьэ зэIумыщIэу, уи гурылъ зэрыщIэркъым», жызыIа пасэрейм и Iущагъыр». Пщы уэлийр тегушхуат, хьилагъэ мащIэ хилъхьэу, Къэзанокъуэм игу щыжьэр къитIэщIыну...

– Мыдэ, сщымыгъупщэж щIыкIэ, зы Iуэху сыщIэупщIэнут... Нэгъабэ Менлы-Джэрий Кърымым здриша пщащэ цIыкIур – КIэрэфхэ я пхъур – и цIэри сщIэжрэ... Ар Ашабэ Миншакъ сыткIэ къыгухьэрэ?

– БжесIэнщ, зиусхьэн, и цIэри... Налмэсщ. Адэр ихьащ пхъум и гуауэм. «Хужь цIыкIут» езыр зэреджэр. Иджы дыдэ щIэтлъхьэжащ пщащэр зи кIэтIий кIапэ анэри..., – Жэбагъы, къызэфIэзэрыхьауэ, мащIэрэ щымри, къыщIигъуащ: – Ашабэхэрэ КIэрэфхэрэ благъэ зэхуэхъуат. Налмэс и анэ Гуащэнэ Ашабэ Миншакъ и шыпхъу нэхъыжьт. Пщащэм и щхьэ кърикIуар зригъэщIэн гугъэ иIэу, Миншакъ мыгувэу гъуэгуанэ техьэнущ.

– Хъыбар кIапэлъапэ иIэу пIэрэ езы Миншакъ а пщащэм теухуауэ?

Къэбэрдей пщы уэлийр зыщIэупщIам и жэуапу азэным и макъ жьгъыру лъагэр ХьэтIохъущыкъуейм къыщхьэщыхьэри, жылэдэсхэр ичындым къыхуриджэурэ, Бахъсэн псыхъуэ дыхьэжащ. ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэрэ Къэзанокъуэ Жэбагъырэ псалъэмакъым дихьэхыщэри, ар ящыгъупщат. Бжэм адэкIэ къыщыIуащ унэ IуэхутхьэбзащIэхэм я Iэуэлъауэ – андез зэращтэну псы-къубгъан-кумбыгъэхэр хьэщIэщым къахьырт.

II

ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ и кIыхьагът адыгэ-шэрджэсхэмрэ кърым хъанхэмрэ я зэпэщIэтыныгъэм. Зызэблахъурт лъэхъэнэхэм, лIакъуэ лIэужьхэм щIэблэ къащIэхъуэрти, лIэужь ягъуэтыжырт. Зэман гудзэхэм дамылъафэрэ гъуэгуанэ къуаджэхэм дэмыуфэрэкIауэ, зэбий-зэзауэр адэжь щIэинт.

Адыгэ-шэрджэсхэр зы щIыналъэ зэщIэугъуея зэримысыр хамэщIкIэ нэпсеирилэ зэрыпхъуакIуэхэм я гъэпцIашэт. Икъухьаифэ ираплъурэ адыгэхэр тегушхуэгъуафIэ зыщI къэралыгъуэ лъэщхэм, хьэдзыгъуанэ абгъуэ иIэба нэхъей, лъэпантхуэу, ирахьэжьэжт я щхьэ-я лъэм щыщу адыгэхэм къайлар.

ЛIэщIыгъуэ курытхэм я пэщIэдзэм Кърым хытIыгу никъуэм итIысхьауэ щыташ тедзэщ-тедзэщу къэгъуэгурыкIуэ «кипчак-половцы» жыхуаIэу, тыркубзэ зыIурылъ лIакъуэр. ЕпщыкIущанэ лIэщIыгъуэм а хытIыгу никъуэр монгол-тэтэрхэм яубыдри, щIыналъэм и зэхуэдитIыр Дыщэ Ордам зыкIэщIиупщIащ. Аргуэру зы лIэщIыгъуэ дэкIыжауэ, хытIыгу никъуэм исхэм ислъам диныр къащтэщ, иджыри зы лIэщIыгъуэ кIэлъыкIуэтэжри, 1443 гъэм, Хьэжы-Джэрий кърым хъаным лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу щIыналъэм исыр зыкъуигъэуващ. НэгъуэщI тепщэгъуэхэм Iыхьэгъу яхуэмыхъун папщIэ, зи щхьэ хуэпсэуж Кърым хъаныгъуэ къызэригъэпэщщ, Тыркур и щапхъэу, Бахъшысэрей къалащхьэр иухуэри дэтIысхьэжат. АрщхьэкIэ щIэх дыдэ Хьэжы-Джэрий щIэувэн хуей хъуащ Кърымым щыIэ генуэз къалэхэр зауэкIэ зыIэщIэзыубыда Уэсмэн Тыркум и тепщэгъуэм. Нэрылъагъущ хъан пажэу щыта а Хьэжы-Джэрий деж щегъэжьауэ Кърым хъаныгъуэр зы махуи мыхьэ[1] гъуэтыгъуэ зэримыхуар. Абы къыхэкIыуи, «зи щхьэ хущыт къэралыгъуэм» и фIэщыгъэ нэпцIри къэнэжащ зэрынэпцIу.

Зи тетыгъуэр «Къэнжал» зауэм хиубыда Къаплъэн-Джэрий, нэхъапэкIэ щыIа хъанхэми хуэдэу, Уэсмэн Тыркум и хьэихубжэхуэщIт. Кърымым ис мырзэ-дзэпщхэм (хъан хэхыгъуэм Iуэхур щызэрынэхьэсым) Къаплъэн-Джэрий и пхъэ къыщIрагъэкIари ар, езыхэр зэрыхуеймщхьу, Тыркум и хухьэ-псыхьэу зэрыщытырт. Шэ-

[1] Мыхьэ – суверенитет.

чыншэу, Кърым тхыдэм къыхэнащ Тырку жагъыным хуэмыуджа хъанхэр. Ауэ щыхъукIи, «цIэр бжьакъуэпэм фIэзэгъэгъуейти», апхуэдэхэм куэдрэ ирагъэIыгъакъым тетыгъуэр.

Лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зыгъэгулэзу къекIуэкIа Кърым хъаныгъуэм ехьэлIауэ сыт хуэдэ хъыбархэр IуэрыIуатэм щызэтримыхьами, дунейпсо тхыдэм Кърымыр[1] зэрыхыхьар и зауэлI залым гущIэгъуншэхэм я фIыщIэкIэщ.

1708 гъэм и щIышылэщ. Адрей гъэхэм елъытауэ мыгъэрей щIымахуэр щыткIийкъым Кърымым и къалащхьэ Бахъшысэрей. Бурунчак дэкIыпIэмкIэ тенджызым къыхиху уейпсейр къежьэпщауэурэ, Кырк-Ор быдапIэм къыдопщэ. Къалэм и хэгъэрейщ апхуэдэ жьапщэр. Жэщ хэкIэсам и сабыр щхьэхынэр абы дэпIейтейркъым. Хьэуа умэзэхам йощхьэукъуауэ къалэ мамырыр. Жасы нэмэзым и уахътыр икIуэтри, азэн джэ макъыр жэщым хэдиихьыжащ. ПсыхъуэмкIэ къыщоIу Чурук-Су къуршыпсым и хъушашэ кIэухыншэр. Хьэзэрыщх макъи, шыд ерыщхэм я Iуеи, адакъэIуэ зэпэджи имыщIэу, щымщ къалащхьэр. ЩыхупIэ куу кIыфIым щхьэщыжыхьа къыр нэз зэрамыщIэжри жэщ къарэм щэхуу йопщыхь. А къутахуэ абрагъуэхэм, вындыч шылэхъару, закъезыпхъух уафэ щIэншэм вагъуэджэм цIыщхъухэр лъагэу щопщIыпщI. Хьэщыкъ зэхуэхъуахэм къищынэмыщIа, зыми къыфIэмыIуэху а вагъуэ зеиншэхэм гу ялъимытэххэ хуэдэщ IитIэлъитIэу жэщ Iув жей IэплIэм ищэтэж Бахъшысэрей.

Жасы нэмэзыр щIын иухри, Къаплъэн-Джэрий хъан нэмэзлыкъыр къиIэтащ, блыным фIидзэжыну. Хъаныр илъэс щэщIым хэтщ. Езыр теплъафIэщ, ипкъ екIужу, хуэфэщэн лы зытелъ лIы нэкIущхьэплъщ.

... Лъэмакъыншэу, Iэдэбу пэшым къыщIыхьащ хъангуащэ Алсу, мэ IэфI гуакIуэм и жьыхур данэпс лъэужьу къыздихьу. Макъ пIытIахуэр зэпишурэ хъаным зыхуигъазэри:

– Си нэхэм я нэху! Уэ къыптехуэрэт-тIэ нэмэзлыкъ фIэбдзэну? НэгъуэщI къалэн зимыIэ мо унэIут Iуэхуншэ гупым езгъэгъейр сыт?..

– Сэ ар щIызытезгъахуэр, си тхьэIухуд, Алыхьышхуэм и хьэтырырщ. Аращ закъуэр. Аращ дызыуэзэщIыр.

– Пэж дыдэу жыпIащ, си нитIым я нэху, – и щхьэ цIыкIур арэзыуэ егъэсыс Алсу (лIым сыт жимыIами, арэзыфэ зытригъауэрт абы). – Уэ узилIыкIуэ Алыхьым и нэфIу, гъуазэ пэжыр тхуэзыгъэлъагъуэм и нэIэр дгъэфIэну ди къалэнщ.

– Си тхьэIухуд, Алыхьым сэ срилIыкIуэу жыпIэу, зэи уи пси си пси гуэныхь къыттумылъхьэ. Бегъымбар лъапIэу Мухьэмэдырщ Алыхьым и лIыкIуэр. А зырщ.



[1] «ЩIыналъэ гъунэгъухэм (урысым, адыгэм, украиным, литвам) зауэ-фыщIэу илъадэрэ, абы кърахам хэпсэукIыу, къэгъуэгурыкIуэрт Кърым хъаныгъуэр, – щетх Дзэмыхь Къасболэт и «Адыги (черкесы) в истории России XVI – XVII вв.» тхылъым. – ПIалъэ-пIалъэкIэрэ трагъазэурэ щытеуэкIэ, зэрапхъуэрт я мылъкуи, я Iэщи, я цIыхуи (гъэру ящэн мурадкIэ). Зи къихъуапIэр щIэншэ мылъкур батэурэ нэхъри хэхъуэрт. Абы хуабжьу лъэщу иузэщIырт хъаныгъуэм и зэфIэкIыр: тэтэр феодалхэр лъэ быдэкIэ игъэувырт».

6 Заказ №219

– Пэж? – зигъэсабиифэу, щIоупщIэж Алсу, икIи, зигъэзэхуэжу къыпещэ: – Ар щIыжысIэр, Ахьмэд тырку сулътIаныр – а пщэдей зи деж уежьэнур – Алыхьым и лIыкIуэу жаIэ...

– Зумыгъапщэт!.. – хъаным уэщу пеупщIри, банэу Iуреубэж, икIи тIэкIу зэрыригъэлеяр нэгъуэщIкIэ щхьэдигъэIухын и хьисэпу, япэу и щхьэм къыихьар жеIэ: – Дэнэ щыIэ Налмэс пщащэр? Нобэ лъандэм си нэгу къыщIэхуакъыми?

Хъан гуащэм, мастэпэ къыхэуа нэхъей, и набдзэ псыгъуитIыр дэпкIейри, нэ фIыцIэ пIащэхэм блапцIэ хъуаскIэ къащIэлыдыкIащ.

Хъаным, имыщIэххэу, лы цIынэм шыгъу IэмыщIэ трипхъауэ арт! ЗыхуэшыIэнт бзылъхугъэм?! ГушыIафэ зытрегъауэри, жеIэ:

– Ассымыгъуэт, хъан! Мо шэрджэс уэдыкъуаижь цIыкIум ухуэзэшауэ жумыIэ иджы... ЩызекIуэкIэ, мэдзыргъ абы и къупщхьэ зэкIэрыблэблхэр!

– Сыт мыгъуэ жыпIэр, си дыгъэ-щыгъэ?.. – фэрыщIу зыIурелъэфэж Къаплъэн-Джэрий. – Уэ зыращ, жэщи махуи си нэгум щIэмыкIыу, сызыхуэлIэр!

ПцIы зэфэзэщт хъаным жиIэр... Дэтхэнэ зы цIыхухъуми хуэдэу, Къаплъэн-Джэрий зэгупсысыр зыт, ауэ и щхьэгъусэм жриIэр нэгъуэщIт. ТеплъэкIэ Налмэс иригъэщхь пщащэхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ хъаным и хъуапсэефыкIт. БлэкIрэ пэт Налмэс Iуплъэмэ, лIым игу шыкъырыжьыр шэхувэ IэтIэлъатIэу щIытэрти, щыгъупщэжырт мы дуней иным нэгъуэщI бзылъхугъи зэрытетыр...

– СщIэркъым... СщIэркъым... – аргуэру Алсу зэбгреху хъаныр езыхьэжьа нэкъыфIэщI хъуэпскIыр.

– А псалъэмакъыр къызумыщIэкIыну дапщэрэ бжесIат? Абы нэхърэ мыдэ мы си щхьэр схуэупси нэхъыфIщ, жэщыр хэмыкIасэ щIыкIэ. Уэ пхуэдэу зыми хуэщIыркъым ар. Мыдрейуэ: шэрджэс бзылъхугъэ си бгъафэ щызгъэфIэну зэи гупыж сиIакъым, сыщыхуэмеиххэр иджыпсту уэ ущызигъусэрщ.

– Ы-хьы-ы... Щхьэупсыгъуэм нэсмэщ уигу сыкъыщыкIыжыр... – зегъэгусапэри, и Iупэ цIыкIур къегъэпщ Алсу.

– Апхуэдэу жумыIэ, си дахэ. Мыдэ, ныжэбэ...

Алсу и нэкIущхьэ къамылыфэр иджы шкIэплъ дыхьэрэну къэцIыплъат. Дыщэ уагъэр дахэу зэта пыIэ щхьэгуэ хъурейм щхьэц налъэ жэрхэр кIэщIигъэзагъэ зищIу пэщащэурэ «ныжэбэм...» къыкIэлъыкIуэу хъаным нимыжыIыса гурыфI щэхум кIэлъыщатэри, Налмэсым еджащ:

– Налмэс! Сыт апхуэдизрэ дыщIызэбгъажьэр?! Зэхэпхыркъэ?! КъакIуи, хъаным и щхьэр хуэхущI!

Щхьэгъусэм и кIий макъ щIыкIэншэм зэгуигъэпа Къаплъэн-Джэрий ехьэкI имыщIу:

– Апхуэдэурэ ухуимылъыт а пщащэм!

Алсу зэгуэудыпэнут иджы. ИгукIэ: «Зэхэпхрэ абы жиIэр?.. И къуэш Шэхьбэз-Джэрий Беслъэнейм къыщращIар щыгъупща нэхъей! Щыгъупщаи, щыгъупщаи ди мырзэхэр Къэбэрдейм къызэрыщаукIар...

УмыпIащIэ уэ, сэ нэхъ сщIэнщ апхуэдизу сакъыу зи цIэр бгъафIэ къэбэрдей пщащэм сытыр хуэфащэми! Зы ныкъуэдыкъуэ шынагъуэ гуэрым физу естынщ. Сэ сыхуиту щытамэ, адыгэ тыхь пщащэу мы хэкум ис псори, унэIут-унэщхьэрыкIыу, ятезгуэшэнт зауэм къыщаупщIэтыхьа дилI Iэшэлъашэхэм. ЩIалэжь цIыкIухэрти – сызэрыхуейуэ, адыгэхэр дунейм тралъагъуэ мыхъуу згъэсэнти, езы адыгэ-шэрджэсхэм я ажал залыму згъэшэсыжынт! СыткIэ щIагъуэ тырку сультIаным и щхьэгъусэр адыгэмэ?.. Ди хъанхэми тырку сультIаным зрагъэщхьу, ди лъэпкъэгъу пщащэхэм блэплъыкIыурэ, шэрджэс бзылъхугъэхэр щхьэгъусэу къашащ. Апхуэдизу зэрызыIэпашэрщ къызгурымыIуэр? Ахэр, мы ди IуэхутхьэбзащIэжь цIыкIум ещхьу, ерагъмыгъуейуэщ ди бзэм зэрырипсалъэр! И къалащхьэр – Москва – мафIэм едгъэсу, езыри гъэрыпIэм итшэ пэта урыс пащтыхьым и щхьэгъусэри адыгэт. НтIэ, а благъагъэр сыткIэ къахуэсэбэпа урыс пащтыхьыр зыгъэмалъхъэхэм?!»

Хъан гуащэм мыхьэморэ ищIыну[1] зыхэт пщащэр, къубгъанрэ псырэ къихьри, щтэIэщтаблэу къыщIыхьащ зэщхьэгъусэхэм я пэшым. Илъэс пщыкIуийм хэт къыщIэкIынт ар: щиху цIынэ лантIэу, псыгъуэт, нэ фIыцIэ нэкIухут, псы хуэм ес къыууэ, щабэрыкIуэ Iэсэт. Хъан гуащэр Налмэс щыIуплъэм, сыт щыгъуи хуэдэу, нэхъ щIалэ-нэхъ дахэм иращIэкI фыгъуэ зэзыр и кIапцIэ дакъэм къыщызэщIэутхъуэри, гужьгъэжь хэлъу:

– Дапщэрэ бжесIа мы бостей укъуеижар зыщумытIэгъэну!

– Хъангуащэ, нурыр зыщхьэщыт хъаным мы бостейр нэхъ игу ирихьу къысфIэщIри...

– Зэхэпхрэ, хъан, мы напэншэм къипсэлъыр?! Уэ сыт щыгъуи абы укъыщхьэщож! Хьэуэ, зэхэпха мыбы жиIэ хьэдэгъуэдахэр? IукI аддэ, зызумыгъэлъагъуу!.. Ди бзэри зэхыумыуцIапIэ!.. Алыхьыр къызэрытхуэупса бзэр!

– Хъунщ, хъунщ, сыщIокIыж, – щэхуу къыдрешей Налмэс, – ауэ хъаным и щхьэр уэ хуэпхущIын хуей хъунущ, – ар зэрыжиIэфар игъэщIагъуэрэ, къызэрыхудэшеями иригуфIэу, Налмэс пIащIэу пэшым щIэбзэхыкIащ.

– Мес! Сэ зыкъыспишэжыну зыкъызепщыт мо адыгэм! ИтIани, сэ абы сыхуэткIийуэ бдэркъым, – и Iупэр къигъэпщри, жиIащ Алсу, къыщиуду гъын хьэзыру зэрыщытыр плъагъуу. – Хъунщ, къакIуэ, си нитIым я нэху, псыр мыупщIыIуж щIыкIэ уи щхьэ дахэр пхуэсхущIынщи, пхуэзупсынщ.

Къубгъан быдзым шэрашэу пыху псы хуабэпцIыр и пщэгурыгъым здежэбзэхым, Къаплъэн-Джэрий къыщIопсэлъыкI:

– Щхьэрыгъажэ умыщI, Алсу. А IуэхутхьэбзащIэм къилэжьыркъым апхуэдиз уи губжь. ЯфIэбэмащIэу, ар зыщэхун Iэджэ исщ Тыркум...

– Сыт а жыпIэр? Ар Истамбыл здэпшэн уи гугъэу ара?

[1] Мыхьэморэ щIын – Iумпэм щIын, зэмыпэсын. /Брезговать, не признавать.

– Хьэуэ. Мыдэ... Къэбэрдейм сыкъикIыжмэ, – жери Къаплъэн-Джэрий и гупсысэр аргуэру мэбгъунлъэ: – «Къэбэрдей! Егъэлеяуэ цIэнтхъуэрыгъуэ кIуапIэщ – пчы лъэбакъуэ къэс быдэу укIэлъыплъыпхъэщ, умылъэпэрэпэн щхьэкIэ. Дыгуэмыщэтарэт зы щыхупIэ егъу. Сакъын хуейщ, сакъын!»

Хъан гуащэм гу лъитэххакъым и щхьэгъусэр зэрыхэгупсысыхьам. Бзылъхугъэм гурыгъуазэкIэ зэригъэзахуэрт а игъэтIуанэм хузэрихъэну хьэшым и Iуданэр. Хъаныр Къэбэрдейм зэрыкIуэнуми хуабжьу къигъэпсынщIэрт Алсу и гурылъхэр...

– Ара? – Iэлъын фIэупIэ зимыIэжу гъэщIэрэщIа и Iэпхъуамбэ псыгъуэхэмкIэ лIым и бгъэгуцэм хэпэщащэурэ, зегъафIэ бзылъхугъэм: – Апхуэдэу жыпIэртэкъэ-тIэ, си нэху!..

## III

Гъэмахуэ хуабэр напIэдэхьеигъуэу кIуасэри, бжьыхьэм и Iэнэ-Iэтэ зэщIилъхьэжащ. Жэщ Iумылхэр игъэдзыхэрэ жьапщэ гурым гъуагъуэхэр игъэIуэщхъуу, къигъэзэжащ щIым и махуэм. Бахъсэн псыхъуэ ешыншэу къыдэукIуриикI жьыхъарзым[1] бжьэпэ тафи пщIантIэ дурэши зэхимыдзу, шыцуэс пхъашэкIэ есеиж. Тамбиикъуэ и джий зэвым щыбэмпIа жьы фийм, шы емылыджу, зыкъызэщIеудри, Уафэбгыкъу и бжьэпэ къэракъэм жьы кIэрахъуэу зыкъыщеуфыхь. Щтырыгъуджэ цIанлъэщ Уафэбгыкъу и натIэ джафэ укъахэр. ЩIымахуэ напIащхьэу зезыхьэхыж мамыр куэщIщ Уафэбгыкъу дзажэ щIэлъ IэхъупIэ хуитхэр.

... Жыжьэщ аддэ хьэуа уащхъуэмыщхъуэм къыхэдзэсыкI ХьэтIохъущыкъуей мэжджытыщIэм и азэн джапIэр. Мэжджыт утышхуэм гуп-гупурэ шухэр щопсых...

Нобэ Къэбэрдейр мэхасэ. Зэхуэсышхуэ щопэкIу ХьэтIохъущыкъуей жылэм. ПащIэ-жьакIэхэм Iумыл сытхъур тещIэу, къэбэрдеипщ щэ ныкъуэм щIигъур щызэхэтщ мэжджытыщIэм пэмыжыжьэу. НэфIэгуфIэкъым пщыхэр: ирамыху и унэ щимыкI мыпхуэдэ уаем щIызэхуашэсар зыфIэкъабыл гуэри абыхэм яхэткъым. «Зимычэзу хасэщ...» – уэршэр пытхъахуэу къоIу зыгуэрхэм я хъущIэр. Пкъынэ-лъынэр зэпхызылыгъукI уейпсейм, хэт дыгъужьыфэ кIагуэу, хэти мэлыфэ джэдыгуу, абыхэм зыщахъумэ. Зэмыщхьыххэр пщыхэм я пыIэхэрщ: зыр купсэ кIыхь папцIэщ, адрейр пыIэку щхьэгуэ хъурейщ. Бащлъыкъхэри жьэгъурыпхэщи, зым ейр хужьмэ, адрейм ейр фIыцIэу, напэпкъхэр щIыIэм хузэщIауфэ.

Пщы къэс и Iэщэ ибгщи, къамэр, фокIэщIыр, сэшхуэр и пкъырылъщ. А гупым и щIыбагъ къыдэтщ нэгъуэщI гуп, япэрейм нэхърэ нэхъ иныжу – ар уэркъ лIакъуэлIэшхэрщ. ГупышхуитIми фIыуэ япэIэщIэу зэхэтщ лъхукъуэлI мэкъумэшыщIэхэр. Мыбыхэм нэхъ щыкъуейуэ зракъухьащ.

---

[1] Жьыхъарз – жьы кIэрахъуэ. /Вихрь.

Ищхъэрэжьым къехь пщафIэ лъэуджыджэхэм зэфIадза лэгъупхэм къащхьэщих къуэнымэ-бжьынымэр. ДэнэкIи щыплъагъур цIыхухъущ, шэджагъуашхэр зыгъэхьэзырхэм я деж щегъэжьауэ, Iэпыдзлъэпыдзу яIэ нэхъ щIалэIуэхэм я деж щиухыжу. Зы бзылъхугъи къыпIэщIэлъагъуэркъым: адыгэ хабзэкъым бзылъхугъэр хасэ ихьэну.

Бгырыс хабзэкIэ хасэр къызэIузыхыр тхьэмадэрщи, уэршэр ужьгъэр зэуэ щым мэхъу, хьэщIэхэр (пщыхэр, уэркъхэр, лъхукъуэлIхэр) зэлъыIуокIуэтри, хуит къэхъуа ут хъурейм къохьэ Къэбэрдейм и пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ...

Зилыгъуэжу уаеми, пщы уэлийм и нэкIущхьитIыр маскIэплъ жьэражьэщ, и нэхэм бзий хъуаскIэ къащIех, лIы зэIэщIэлъым и бахъэрыс пщтырыр щызэщIощтхьэ хуиту зэIудза джэдыгущхъуэм и къуащIэм.

Гурыщхъуэ пIейтейхэр шыIэныгъэ дакъэм щIикъузэу, ХьэтIохъущокъуэпщым гупым захуегъазэ:

– ФIыр зи махуэ ирикIуэн, зиусхьэнхэ! Хасэм къекIуэлIа жылэ махуэ! КъыздэфIыгъмэ, нэхъыжьхэм къабгъэдэкIыу къызэIусхынущ къэбэрдеипщхэм ди хасэр!

– Захуэщ, пщы уэлий, дызэдэарэзыщ! – псори зэлъэзыщIыс макъ лъагэкIэ жэуап къет Мударыпщым. Абы и нэкIуи, и пащIэ-жьакIи, и пкъым илъ дыгъужьыфэ джэдыгум ещхьыпсу, сытхъуфэ бэлацэщ. – Джылахъстэней къикIа пщыхэм къабгъэдэкIыу, дэ удот апхуэдэ хуитыныгъэ! Шэчыншэу, адрей пщыхэри арэзыщ. Уи жыIэ – ди жыIэщ. Уи унафэ – ди унафэщ. Ауэ, хъуну щытмэ, къытпэIэщIэу мобдеж щызэхэт лъхукъуэлIхэми дакъевгъаджэ. Абыхэми ящIапхъэщ пщыхэр щIэхасэр. Дэ дыхуэныкъуэщ лъхукъуэлIхэми я арэзыныгъэ. Дауэ феплърэ?...

– Пэжыр пэжщ, – къопсалъэ Джылахъстэней лIыкIуэхэм ящыщ Идарыпщ лIы гъур кIыхьыр. – ДыщIызэхыхьар зытеухуар пщыхэм я закъуэкъым. Адыгэу щыIэм зэдайщ ар. ДощIэж дэ Мэшыкъуэ гъукIэмрэ абы и дарэгъухэмрэ зэрахьа лIыгъэр.

– КъащIэжаи иджы лъхукъуэлIхэри зэрыщыIэр... – мэгъумэтIымэ Джэрыджэ Мэрем.

– УвыIэт иджы, ауэрэ умыгубжьыт, – Джэрыджэ Таукъан шынэхъыщIэм йоIэфрэкIауэ: – Зыщумыгъэгъупщэ дызэрыабазэр, дызэрыхэхэсыр. Ерагъмыгъуейуэ дазэрыхэзэгъар пщыгъупщаи...

– Ди адэри, дэри, уэ уи бынхэри мыбы дыкъыщалъхуащ. Дэ тхуэдэ-тIэ хэхэскIэ зэщыр? – зыкъретIэ Мэрем.

– Ди къуэш абазэхэ! Къэвгъанэт псалъэмакъ лейр! – Къэбэрдей пщы уэлийм и бейгуэл Сэбанш зэшхэм ящIокIие, ахэр зэрыабазэр яриIуэкIын и мыжагъуэу. – Фысабыри, девгъэдаIуэ пщы уэлийм и псалъэ!

– ЛIо, уи даIуалъэм бдзапцIэ гъэва IудгъэткIуа дэ?.. – пэпсэлъэн хьэзыру иришэжьат Мэрем, арщхьэкIэ ХьэтIохъущокъуэм и Iуплъэгъуэ хъуэпскIам дзасэпэу фIэуэщ, и бзэгупэ пIэжьажьэм едзэкъэжри, жьэгъу жьакIэ тегъэщхьам псынщIэу хэпэщэщыхьу увыжащ.

ТIэкIу дигъэкIри, пщы уэлийм адэкIэ пищащ:

– Псори дыщызэакъылэгъукIэ, фыкъэкIуатэ лъхукъуэлIхэр. Псори дихуэнущ мы жылэ утышхуэм. Нобэ зи гугъу сщIынур адыгэу щыIэм ди гукъеуэ узыжьщ. Ди зэхуэдэ мыгъуагъэщ Къэбэрдеймрэ Кърымымрэ я зэпэщIэтыныгъэр. ДрилъэгущIэтын къыфIэщIыжауэ, кърым хъаным и напщIэ трилъхьэ хьэдэгъуэдахэр яшэчхэм хуэдэкъым. Адыгэм и щхьэр егъэпуд, ягу къыпылъэдэху кърымхэр зауэкIэ къилъадэурэ, хэкур зэрызэхафыщIэм. Iулъхьэ-тыхь еттын хуейуэ хъаным къытпеубыд. ДыгъуэгъуакIуэр ди гущIыIу зэритыр жагъуэгъу хъуэну къытпокIуэкIыж. Ауану ар дэнэкIи къыщыдаIуэкI: «Къэбэрдейм пщы имысыжу ара, лъахэдзэ зэщIигъэшасэу, кърым хъаныр ирагъэпсыхын хуэдэу?!» Нобэ хасэджакIуэ зыхуэтщIари а Iуэхурщ. «Удын зэхэдзэ нэхъры – акъыл зэхэдзэ» – жи, дывгъэчэнджащи, зы унафэ дывгъэщI... Ди хэкур зэхэзыдыгъуэу, ди унагъуэхэр зэтезыукIэм сыт етщIэнур, дызэрыпежьэнур дауэ, зэрыIудгъэщтынур сыт? Фыхасэ, адыгэ, фыпсалъэ! Акъыл жыыгъэ-щIагъэкъым.

НехьэкI-къехьэкI хэмылъу, пщы уэлийм хасэ утыку «къриублэрэкIам» псори зэхэзещхъуэн ищIат. Пщыи, уэркъи, лъхукъуэлIи щыму зригъэплъыжат ХьэтIохъущокъуэм. Зыри хуейтэкъым псалъэмакъыр япэ щIидзэну. Жьапщэри зыхамыщIэж нэхъей, къэуIэбжьауэ зэхэтт къэбэрдейхэр. Щымт пщыхэр. Зэплъыжырт уэркъхэр. ЗэIуплъырт лъхукъуэлIхэр. «Iупэм напэр и хашэщ» зыхужаIэр щхьэж и щхьэкIэ зэпилъытырти, псэлъэн къахэкIыртэкъым. ПщафIэхэр здэIэуэлъауэмкIэ арыххэу жьапщэм кърихa IугъуэкIэм къитIэтэпащ зыгуэрхэм я бзэр. ТэмакъыщIэм щIэгъуэлъхьа Iугъуэм зэ зыр, зэ адрейр къыдыхэпсчыкIыурэ гупыр зэщIэужьгъащ.



Идарыпщыр нэхъ шыIэныгъэншэу къыщIэкIри:

– Уа, мы Iугъуэм зыгуэр ефщIэркъэ, зиунагъуэрэ! Нобэ хуэдэ махуэ жьапщэт хасэ щызэхашэр?.. Ауэ, – къыпещэ абы, – тIэуней псалъэ къэсщтауэ къыздэвмыгъуэн папщIэ, си еплъыкIэр жысIэнщ. Адыгэу щыIэм пщIэ зыхуащI, зи IуэхущIафэхэр уахътыншэ ди Инал нэху и фэеплъу, абы и щIэблэу мыбдеж крихьэлIам игу сыкъипсэлъыкIынщи: ди зэхуэдэ бийм дызэкъуэту дыпэувынщ. Ардыдэркъэ уэри уи гугъэр, Жэбагъы, Алыхьыр къызэрыпхуэупса Iущыгъэр уи гъуазэу? ДэркIэ гурыфIыгъуэшхуэщ уэрэ уи ныбжьэгъу щIэблэмрэ, лъхукъуэлIхэри къыфкъуэтыжу, пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэм пэжкIэ фызэрыбгъэдэтыр. Къэбэрдеишхуэм хуэнэхъIэгъуэщ Кърымым къикI гъуэгур. Абы къыхэкIыуи, дыфщогугъ бийр ныблэвмыгъэкIыну. Дыадыгэщ, дызыунэ-дызылIакъуэщ, фынаджэмэ, дыкъэкIуэнщи, дызэдэзэуэнщ. Пщы Кургъуокъуэ зэрыжиIауэ, дамитIым яку псы дэмыткIуу, дызэкъуэтынщ. СыщIэупщIэнут, Джылъахъстэнейм къикIа пщыр зэрыупщIэу: сытыр фи унафэ, къуэшхэ? – Идарыпщым къамэр крипхъуэтри, лъагэу иIэтащ. – Си псалъэм мыр и щыхьэтщ. Флъагъурэ?!

– НтIэ, нтIэ, – къыхэпсэлъыкIащ уэркъ, лъхукъуэлI зыбжанэ, Идарыпщ псалъалэм и фэрыщI мышыур яхуэмышэчыжу.

– Абы щыгъуэ, – лъапэпцIий зищIурэ, зыкъызэрыщыхъужам и мыхьэнэм нэхъри иригушхуэпауэ, пещэ модрейми: – Бахъсэн псы-

хъуэм дэс жылэ, Къэбэрдеишхуэ, фигу къэзгъэкIыжынщ а мыгъуагъэм къыщыщIидзар! Кърымхэм я деж фынэс-фыкъэсурэ лъагъуэ хэфшри, зэвгъэуэсащ, абдежщ дакъэжь мафIэр щыщIэнар!

– Фэ-щэ? Фэ... Фэри... – Ашабэ Миншакъ, Идарыпщым къигъэубэлэцыну зыхэт хъуэн хъуэрыбзэр игу темыхуэу, къыщитхъри, уэркъ-лIакъуэлIэшхэм я гупым къыхэкIиикIащ: – Фэ-тIэ УрысеймкIэ феплъэкIакъэ?!

– Пэжщ жыпIэр. НтIэ... Апхуэдэ гуэрхэри щыIащ. Ауэ... блэкIам щыщщ ар. Къыдэдвыжынкъым иджы... Уэ бжесIэнуращи, си лъэпкъэгъу, пщы и псалъэ зэпаудыркъым. Пщы хабзэкъым ар. Нэхъыжь зэрымысым нэмыси илъкъым. ЖысIар пцIымэ, ди нэхъыщIэж Къэзанокъуэ сыкъреумыс!

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, зиусхьэн, – Идарыпщым жэуап иримытын хузэфIэкIакъым Жэбагъы, – ауэ, къыщезэгъи къыщемызэгъи, «пщы» адыгэ хабзэр тегъэщIапIэ щIэфщIын щыIэкъым. Адыгэм зэхигъэкIыу щытакъым «пщы хабзэти», «уэркъ хабзэти», «лъхукъуэлI хабзэти», жиIэу. ЩыIар – адыгэ хабзэщ. А зэи димыIа фащэхэри залымыгъэкIэ къытщыфтIэгъэну фыхэмыт. Мыдрейуэ... Иджыри зэ псалъэ къэзмыщтэн папщIэ, кIэщIу къэсIуэтэнщ нобэ дыщIэхасэм сызэрыхущытыр. Си япэ къихуэу псэлъам и хъуэрыбзэм жэуап естын хуейуэ къэслъытэркъым: псори дыщызэхуэдэщ мыбдеж. Срителъхьэщ зэкъуэт-зэгурыIуэм. Пасэрейм и ущиекIэ жысIэнщи: «Е дылIэнщ, е дылIынщ». НэгъуэщI къытхуэнэркъым. Нобэрей хасэр адыгэ зэхэщIыкIым, зэгурыIуэм, зэкъуэувэныгъэм я кIуапIэ ухъу, – жиIэри, и псалъэр иухащ къыхуеджэныгъэкIэ: – Куэдщ тшэчар! Сыт хуэдизрэ дагъэикIа дэ абыхэм? Къигъэ нэхърэ – игъыкI... ЗыкъэдвгъэщIэж, къуэшхэ!



Ашабэ Миншакъ, Къэзанокъуэм щIэдэIуурэ, Налмэс и адэанэм я гукъеуэм хыхьэжырт. Дапхуэдиз нэпс щIагъэкIа а унагъуэм! Сыт хуэдиз хьэзаб яшэча! Дэнэ иджы а пщащэ цIыкIур здэщыIэр? Сыт хуэдэ лей кърапэса... Хъаным е султIаным я хьэрэм лэгъунэм щыжыIэдаIуэрэ? Иужьрейр игу къыщридзэкIэ Миншакъ, зимыщIэжу, къамэ Iэпщэр икъузырт...

Хасэм зэблэкIыу къыщыпсалъэрт пщыхэр, уэркъхэр, лъхукъуэлIхэр. Псоми я гугъэр зэдэарэзыуэ зэтехуэрт. ХасэкIэм щынэблагъэм ХьэтIохъущокъуэм гупым захуигъазэри:

– Адыгэ! СэркIэ гуапэщ щхьэж игу илъыр жьэнахуэу утыку кърилъхьэу, хьэкъувыкъурэ гукъанэрэ хэмылъу, хасэм и кIэм дызэриплъар. Иджы, къыщIигъужынIауэ гупыж зиIэ къытхэмытмэ, унафэр къэтщтэнщ.

– Сэ сиIэщ псалъэ, Къэбэрдейр дызыщыгугъ пщы уэлий! – жиIэри, щхьэхуэ зызыщIа уэркъ лъхукъуэщохэм къахэкIри, утыку къихьащ Шурдым Жанхъуэт. – Мыдэ, зэрыжаIэу, нысашэ джэгум ираджэу къамыгъэуджыжам ещхь дымыхъун щхьэкIэ...

– Догуэт, догуэт! – дыжьын баш цIыкIур щIиупскIэурэ пIащIэу утыкум къохьэри, Къэсей хьэжыр Шурдымым пэроуэ: – Жанхъуэт,

«НэхъыщIэм гъуэгу ети, нэхъыжьым жьэ ет», жаIэу зэхэпхакъэ? Дуней нэхури цIыху цIыкIури къэзыгъэщIа Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд бегъымбар нэхум и мыIумин къалэныр сэ сохь. Лъагэрэ лъэщу зи къарур къытщхьэщыт, цIыху егъуми, бзаджэнаджэ фыгъуэми, шейтIан IэрыкIыу гъуэгу пэжым дытезышхэми дащызыхъумэ Алыхь лъэщым и цIэкIэ дыуэ сщIынущи, фыкъызэхэкIуатэ!

– УмыпIащIэт зэ, хьэжы, – ХьэтIохъущокъуэм къегъэувыIэ бжьыхьэ кIуам Чэбэм къикIыжа Къэсей. – Унафэ къатщтэрэ хасэр зэхуэтщIыжмэ, пщIынщ дыуэр.

– Алыхьым и цIэр зыщымыгъупщэ уэ, дипщ, апхуэдэу щыпфIэкъабылкIэ, уэ зэрыжыпIэщ...

Къэсей хьэжым и щытхъур ХьэтIохъущокъуэ пщым и тхьэкIумэм блигъэцIэфтри, зи псалъэр зэпауда уэркъым щыхуеплъэкIыжым, нэбгъузкIэ къыипхъуэтащ мэжджытым къыблэкIауэ утым къыхуэкIуэ шур. Пщы уэлийм къицIыхуат и шу гъусэ уэркъ щауэм и шыфэлIыфэр.

БжьыхьэлI Мусэ жыжьэу епсыхщ, пежэжьа щIалэ цIыкIум шхуэмылакIэр IэщIилъхьэри, лъэбакъуэхъу псынщIэкIэ утым къыхуиунэтIащ. «Сыту пIэрэт?..» – зэупщIыжурэ плъэрт ХьэтIохъущокъуэр. Бахъэр къызыщхьэщих Iэнэ хъурейхэр зэIэпызых щIалэгъуалэм къапхыкIщ, гуп зэхэтхэм, фIэхъус иту, и щхьэр яхуищIурэ къаблэкIри, БжьыхьэлIыр Кургъуокъуэ и пащхьэм къыщыувыIащ:

– Зиусхьэн! Къэбэрдейм щхьэлъащIэу исым я цIэкIэ, пщы уэлий гуащэ Нэрынэ хасэм сыхуегъэлIыкIуэ...

– ЖыIэ, БжьыхьэлI и къуэ, укъызытекIухьар. Хасэр къодаIуэ.

– Къэбэрдей бзылъхугъэхэм я лъэIущ: «ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлий! Уи цIэр, уи лIыгъэр, нобэрей пщы хасэм къищтэну унафэр фIыгъуэкIэрэ тхыдэм хэухьэ! Алыхьу лъапIэм долъэIу сыт хуэдэ унафэкIэ хасэр зэхэмыкIыжми, адыгэм и фIыгъуэ абы къытхуздихьыну! Иремахуэ, иредакъикъэ а лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ фыщихьэну уахътыр – ди фIэщхъуныгъэр фи афэ щIыбагъщ!» – жиIэри, БжьыхьэлIыр иувыкIыжащ. Хасэр щымт.

ХьэтIохъущокъуэр хуэмурэ къэпсалъэри:

– Адыгэ хасэм къыбгъэдэкIыу ди шыпхъухэм фIыщIэ яхудощI. Догъэгугъэ дакъызэрыщыхъу дахуэхъуну. ГуащIэрэ псэкIэ дызыщымысхьыжу, бийм щытхъумэнур ди бынщ. Ахэр къэзылъхуа анэхэм я сабий ямыгъеижын папщIэ деблэжынкъым дилъ. Бзылъхугъэу щыIэр я быным гу щахуэу жьыщхьэ махуэ хыхьэн ухъу.

– «Алыхьым жиIэмэ», жыIэ. Алыхьыр щIыгъу, зиусхьэн, – Къэсей хьэжым и дыжьын башыр уафэмкIэ ишийурэ пщы уэлийм йоплъ. – Алыхьым и Iэмыр хэмылъу, мы дуней нэпцIым зы мэскъал щызекIуэркъым, жэмыхьэт! Алыхьыр фигу ивгъэлъ. Нэмэзыр, андезыр зыщывмыгъэгъупщэ!

– А зи гугъу пщIы Алыхьым ищIэркъэ кърым муслъымэнхэм ди фэм ирахыр?! Илъэс къэс дахъунщIэ, дафыщI, ди бынхэр ираш! Ахэр муслъымэнкъэ? – жыжьэу къэкIиящ зы лъхукъуэлI щIалэ.

– УвыIэ, Iиманыншэ, зышыIэ! ДыкъэзыгъэщIам апхуэдэу хуэпсалъэркъым! – и макъ псыгъуэр нэхъри икIауэ зехъунщIапэ иджы Къэсей хьэжым.

– КъурIэным кърoигъэзэгъpэ муслъымэным илъ муслъымэным игъэжэну? – къокIий нэгъуэщI гуэр.

– Хьэрыпыбзэм хуэхейм КъурIэным итым сыт хищIыкIрэ? – пезыж адрейм.

– Мыбы жаIэхэр... Мыбы къапсэлъхэр! – и гур ехуэхауэ, мэIущащэ Къэсей хьэжыр. Арыххэуи, «хьилэри акъылщ» жыхуаIэрати, зыкъытрегъэхуэжри:

– Пэжщ, пэж дыдэщ жыфIэр, си къуэш муслъымэнхэ, Кърым тэтэрхэр дэ дэщхьу ислъам диным итщ. Ауэ дин хабзэхэр абыхэм зэрагъэпудыр Алыхьым къахуигъэгъунукъым. Яригъэпшыныжынущ, гуващIэхами. Абыхэм я гуэныхь-хьэзабыр жыхьэнмэ дакъэщ. Алыхьыр щыхьэтщ. ПцIы супсмэ, мо мэжджытыр зыухуа ХьэтIохъущокъуэпщым сыкъиумысынщ.

Кургъуокъуэ куэд щIауэ есэжат Къэсей хьэжым и уаз Iэпэхъым. Иджыпстуи арэзыныгъэ хэлъу, Къэсей жиIэхэм и щхьэр дищIурэ зыщхьэщигъэкIри, псэлъэну къыдэкIа уэркъыр псоми яригъэцIыхун папщIэ, и цIэмкIэ зыхуигъэзащ:

– Къытхуэгъэгъу, Жанхъуэт. Уи псалъэхэр зэпыдудат. ЖыIэ.

– ЖысIэращ-тIэ... – къэкIуэтащ Шурдымри. – Хасэм дыщогугъ унафэ пэж къиштэну. Ауэ сытми Уафэбгыкъу лъапэ щIэс лэгъупэжьхэм гъэлъэхъу пшэрхэр Iыхьэу фхухахат? Мыдэ... сэ сыщIэгузавэм теухуауэ мы хасэм зы псалъи щыIуакъым. Зи гугъу сщIыр – Шэрджэс Ипщэм ис ди къуэшхэу Кърымыр зи лъахэ гъунапкъэхэм сыт ягу илъыр? «Унэвым уеуэмэ, мэзывым и бжьэ мэхъей» – жи... Беслъэнейм, КIэмыргуейм, Бжьэдыгъум, Жанейм исхэр адыгэщ – пщыуэ, уэркъыу, лъхукъуэлIу. Абыхэм ящIэркъэ кърым тэтэрхэм дилъ зэрырафыр?! Къыткъуэувэну ахэр? А упщIэм и жэуапым дыщигъэгъуэзэну дызыщыгугъыр фэращ, пщы хасэ!

ПщIэшхуэ зиIэ Шурдым Жанхъуэт псэлъэн щиухым, ХьэтIохъущокъуэм, нэмыс хэлъу лIыжьым зыхуигъазэурэ:

– Жэмыхьэт лъапIэ! Пщы здэщыхасэм, унафэр щасеижкъым. Тщыгъупщауэ аркъым Шэрджэс Ипщэм ис ди лIакъуэгъухэр. Дауи, зыщыдгъэгъуэзэнущ ахэр ди Iуэхум зэрыхущытым. Аращи, игъуэ хъуащ нобэрей пщы хасэм унафэу къищтам щыгъуазэ фыхуэтщIыну. Зытедухуар утыку щигъэIуну и пщэ идолъхьэ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Псалъэ удот, Жэбагъы.

– Сыпсалъэмэ, кIапсэм и кIыхьыр фIыщIи, псалъэм и кIэщIыр нэхъыфIыжщ... Ди хэкурэ ди нэрэ къеIэ бийм и псэм еIэжыну хьэзырым къамэр иIэтынщ, тхьэрыIуэ дамыгъэу!

Хасэм къекIуэлIа лIы зыбгъупщIым я къамэхэр щызэдаIэтым, уафэ щIэплъыпIэм, маисэщхъуэ задэу, къыщIэуващ жырыщхъуэм къыхэщIыкIа бжыхь папцIэ. Къэсей хьэжым къамэ къыздрихьэкIыну диным къезэгъыртэкъыми, и дыжьын баш цIыкIур псыпсу уафэм худрихьеящ.

– Жэмыхьэт, андез къэзыщтахэми, андезыр зымыIыгъхэми, зыжьэу «Iэмин!» жыфIэ. Алыхьыр ди щыхьэту къэтщта унафэр къабылу тIихын папщIэ, «къулъхуолэ» лъапIэр къэдбжынщ. Дэтхэнэ зыми и псэм щыщ Iыхьэщ а тхьэлъэIу-духьэ лъэщыр!

Къэсей хьэжым дыуэ ищIри, ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийм и жыIэкIэ, псори иригъэблэгъащ шэджагъуэшхэ Iэнэм.

IV

1708 гъэ. ЩIым и шылэ мазэ. Истамбыл сулътIаным и уардэунэ Топ-Капэ.

Босфор хыдэжымкIэ дыгъуасэ лъандэрэ къежьэпщауэ щIыIэр кIащхъэ хъууэрэ увыIэрт. Шэджагъуэ нэмэзым и уахътыр икIри, къалащхьэр къызэщIэрыуэжат, вэржьэр макъ зэхуэмыдэу. Дунейр зэхэуфа щхьэкIэ къамыгъанэу, тырку бэзэрым тет сатуущIэхэм хьэпшып цIугъэнэхэр кърагъэувэкIат.

Хэт кхъухькIэ, хэти чэруанакIуэу, хы адрыщIым къикIа сондэджэрхэр Истамбыл бэзэрым тезщи, хьэпшыпхэр зэIапщIыкI, зэрагъапщэ, уасэм щIодэу: уэру щахуэхэм хукIэрагъэху хабзэщ. ЩIэупщIэшхуэ иIэщ дарийм, къэдабэм, данэм, алътесым. ЩэхуакIуэхэр я куэдщ IэщэкIэ сату зыщIхэми: къамэхэм, тыркусэ къуаншэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ; лъапIэу ящэху тырку IэщIагъэу щIагъщIэлъ щабэ пIащIэр, щхьэфIэпхыкI къуэлэнхэр, щхьэтепхъуэ бгъуфIэшхуэхэр. Дуней иным лъэпкъ лIэужьыгъуэу тетыр щызэхуэса хуэдэщ Истамбыл бэзэрым. ЦIыхухэм я бзэ тэмэму зэрыщIэркъыми, тэрмэшми жьыIурыхьэгъуэ имыгъуэту зэридзэкI щхьэкIэ, нэхъыбэм IэпэтэрмэшкIэ пIалъэ зэращIылIэри, зэбгъэдокIыж, пщэдей-пщэдеймыщкIэ мыбдеж дыдэм щызэIущIэн папщIэ.

Ерыскъыпхъэ щащэ сатырхэми цIыхур щыIувщ: пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа, хадэхэкI гъэгъуа-шыуа, кхъуей лIэужьыгъуэхэр, лы, IэфIыкIэ, дэ цIыкIу, щIакхъуэ IэфI зэтеупIэщIыкI – хэт сыт хуейми, хьэмбырэбову тезщ дапхъэхэм. ДэщIеящ лы щапIэхэр. Шей, псы, IэфIыкIэ зыщэхэр сатыр зэхуакухэм щызэблокI, зым адрейр пэджэжу, я ерыскъым щытхъупсыр кърагъэжэх. Бэзэр жыхуаIэращи, зэховэ-зэхожьэ: зым ещэ, адрейм къещэху...

Истамбыл и уэрамдэкIхэм, зыгъэзапIэ имыIэу, гу зэмылIэужьыгъуэхэр щызэтрехьэ: щхьэ зытелъ гулэгъунэ лъагэ зыкъизыххэм къахозэрыхь шыд пэху бэлацэжь цIыкIу зыщIэщIа шыдыгу фейцей хьэлъафIэхэр. Абыхэм яку, лъэувыпIэ къалъыхъуэу, щызэрызокъуэ хьэлъэзехьэхэр. Мыбыхэм, хэт и плIэм дэлъу, хэти и щхьэм тету, сондэджэрхэмрэ зэхэзекIуэхэмрэ къащэхуар кхъухь тедзапIэм ях. А псоми пIалъэ-пIалъэкIэрэ къащхьэщогъуагъуэ Азиемрэ Европэмрэ зэпызыщIэ Босфор щызэблэкI кхъухьхэмрэ кхъуафэхэмрэ я бжьамий зэпэджэр.

ЛIэщIыгъуитIрэ никъуэрэ ипэкIэ, Истамбылыр КъуэкIыпIэ Византием и къалащхьэу щытат, «Константинополь» и фIэщыгъэу.

Иджы зейр Тыркуращи, муслъымэн щIыналъэм зэрыщыхабзэу, нэр зыIуплъэр – мэжджытыщхьэрэ уафэ ныбэм зыщIэзышие азэн джапIэрэщ. Залыму лъэрызехьэщ Уэсмэн къэралыгъуэр – зыхуейр егъэблагъэ, игу иримыхьыр – егъэбийри, йозауэ. Уэсмэн тетыгъуэм хамэIэкIэ шыпсыранэ Iэзэу епщIэ: зи пщэдыкъ дэс къырым тэтэрхэмрэ тыркухэмрэ я шапэIудзурэ фейдэ къызыщIихузыкIыр шэрджэс лъэпкъхэм я Iулъхьэ-тыхьым и закъуэкъым. Мыр щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щощакIуэ, щIыпIэ зэмыщхь куэдыщэм хьэкIэтеуэ къыщызэрегъэпэщ.

Кърым хъан Къаплъэн-Джэрий махуищ мэхъури Истамбыл дэсщ, сулътIаным щриджэнум поплъэри, ауэ ар езыгъэблэгъа СулътIан Ахьмэд III пIащIэркъым, махуэм къилъхур и пщэдейуэ, щызэхуэзэну пIалъэр махуэ къэс егъэIэпхъуэ. ФIыгъуэр дэлъщ Истамбыл, Топ-Капэ уардэунэрщи – дуней жэнэтщ, ауэ сулътIаныр зэрымыпIащIэм гурыщхъуэ иригъэщIащи, хъаным и ни, и пи къихьыркъым ар. «КIэлъэф Iуэху гъэфщ», – жи, пщIэгъуалэкъым, дауи, абы къыхудэкIуэнур. Мышхэж-мыжейщи, мэумамэ[1] Къаплъэн-Джэрий.

ЗылI и Iыхьэ и нэгу щIэкIащ хъаным. ГъащIэ и пIалъэ щыгъуазэщи, шэч трещIэж и щхьэкIэ езыр апхуэдизу зыхуэпэж сулътIаным иджыпсту кърипэс хабзэншагъэм. СулътIаным и «гулъытэншагъэм» щхьэусыгъуэ иIэт. Ауэ сытми щхьэусыгъуэт ар! Хъаным и щхьэр къызэщIовэ, къапэщылъым щегупсыскIэ: псомкIи къуаншэр и шынэхъыщIэ Менлы-Джэрийщ. Ар игу къызэрыкIыжу, хъаныр и пIэм щымызагъэу, къыщылъэтащи, лъэбакъуэ кIэщI-кIащхъэу пэшыр зэхекIухь: «Сэри сыкъуэншащ. Дэ дыщыгугъащ Менлы-Джэрий. Абы зауэ и щыпэлъагъут! ИтIани, Къэбэрдейм ди пыIэкур къыщраудащ. Зы жэщ закъуэм мырзэ нэхъыфI зыбжанэ адыгэхэм къаукIат, езыри къыщIэпхъуэжат! Ахьмэд сулътIаным и фIэщ хъуну зи зауэлIи, зи щхьи къэрабгъэр? Дауэ сулътIаным и нэм сызэрыщIэплъэнур иджы? ЖесIэнури сыт? ЗэкъуэшитIри арэфу дыкъуаншэщ... Сытыт ар щIэтIур?.. Ещанэр-щэ? Шэрджэсым мыхьэнэншэу зыкъыщезыгъэукIа Шэхьбэз-Джэрий сыткIэ нэхъыфIт? Ей-ей, сытым хуэдэу лIы Iущт ди адэ Салым-Джэрий! Зэмыпыууэ диущийрт: «Адыгэхэм фащышынэ, ахэр зауэлI къимыкIуэтхэщ, я псэ пыту зы щIы IуэгупIэ къафхутехынукъым абыхэм. Iулъхьэ-тыхь, жыфIэу я къурмакъейм фыщIэмыгъуалъхьэ, фи лIыгъэ фемыплъыжауэ, адыгэр къыщевмыгъэтхъ. Езыхэр зэрызэхущIэуэжым зыкъевмыгъэгъапцIэ – ем деж зэшщ ахэр. НэгъуэщI Iэмалхэр къыщIэфIукIыурэ я адыгэ хабзэмкIэ факъыпекIуэкI. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къапывмыхыфар – IэщэкIэ къыфхуэзэунукъым. Зыщывмыгъэгъупщэ: «Адыгэ нэмыс, урыс насып» щIыжаIэр... Дапщэрэ къыджиIэрэт ар ди адэм?! Дауи тщыгъупщат абы и чэнджэщыфIхэр?..»

Адэм и псалъэхэр зэригъэзахуэурэ, Къаплъэн-Джэрий дэплъырт тенджызыр зи IуплъапIэ щхьэгъубжэ зэIухам. Хъаныр щIэдэIурт

---

[1] Мэумамэ – и псэр хьэзаб хэтщ.

сулътIан уардэунэм и Iэуэлъауэм: зэми бжэ кIыргъ макъ и тхьэкIумэм къыцырхъэрти, зыгуэр къеплъакIуэу къыщыхъуу, къызэплъэкIырт, арщхьэкIэ щымт хъуреягъыр – къыфIэщIу арагъэнт...

Тенджызышхуэр мамырт, Босфорыр уардэу къыпэщылът Къаплъэн-Джэрий. Зэблэпщырт кхъухь абрагъуэхэр, кхъуафэшхуэхэр. Бдзэжьеящэ кхъуафэжьеижь цIыкIухэми, гъатхэ пэплъэу, хыдэж Iуфэм зракъузылIэрт. ЩIымахуэ шылэ хуабэпцIым къигъэбырсея хы тхьэрыкъуэхэр бдзэжьеяшхэу хыдэж щIэплъыпIэм щызэхэзеуэ щхьэкIэ, я кIий макъыр зэхэпхыртэкъым. Жыжьэт ахэр.

Хыдэж щхьэфэм и нэр тедия щхьэкIэ, хъаным и псэр Кърым жыжьэм щызекIуэрт, и нэгу къыщIыхьэрт Чурук-Су псым къыщхьэщыт къурш IупщIакIэ абрагъуэхэр. И нэгу щIэкIыжырт Бахъшысэрей, езым и унэшхуэр. Игу IэфIу щыхъэрт Истамбыл къежьэн ипэ Алсу дигъэкIуа жэщ закъуэм и теплъэгъуэ кIэщIхэр. Арыххэуи, и нэгум къыщIэуващ Налмэс!

«Зым хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым», жыхуаIэу, Менлы-Джэрий насыпыншэм а зы ф1ыгъуэрат Шэрджэсым къысхуздришыфар. Апхуэдизуи седыджэкIын хуеякъым си шынэхъыщIэм. Пщащэм и закъуэкъым. Менлы-Джэрий абы щыгъуэ къиша щIалIэ, хъыджэбз цIыкIу зыбжанэм фейдэ хъарзынэ къащыщIэтхат Истамбыл гъэр щапIэхэм. Налмэс иджы къыздэсшатэмэ, Ахьмэд сулътIаныр, дауи, и сом еблэжынтэкъым! НэхъыфIщ къызэрызмышари: махуэ дапщэ хъуауэ сызыпигъаплъэрэ езым, псэ гъэбампIэу... Армырами, зытесфыщIэжащ – дапхуэдиз мылъку саугъэту къыхуэслъэфар, дыжьын IэпслъэпскIэ зэгъэпэща адыгэш бэлыхьым и гугъу умыщIыххи! КъэбэрдеишкIэ умыджэгу – ар хэти ещIэ. Мыдрейуэ, къахуэсхьакъэ махъсымэ фэндырэрэ дыщэрэ дыжьынкIэ гъэщIэрэщIа къурш ажэ бжьакъуэрэ. АбыкIэ ирырефэ, фIыуэ зрырегъэужь и нэгу. И щхьэгъусэ адыгэпхъури Iыхьэншэ сщIакъым: си гуфIакIэ жыпым илъщ налкъутналмэс, мыщIэм къикъутэу, тхьэгъу-Iэлъын. Ахэр куэдкIэ нэхъ лъапIэщ сулътIан гуащэм нэхърэ...»

Къаплъэн-Джэрий иджы IупщIу зэхихащ бжэ кIыргъ макъ. КъызоплъэкIри, унэIутыр къыщIыхьэу щилъагъум:

– Сыт хъыбар?

– СулътIаным ичындым ирихьэлIэу хъаныр ирегъэблагъэ.

– Нэмэзыр дэсщIын хуейуэ къыщIэкIынщ...

– Сэри апхуэдэу къысфIощI.

– КъыфIощI, къыфIощI! Хэт уэ къыпфIэщI псом щIэупщIар? – хъаным и губжьыр унэIутым трикъутащ. – КIуэи, къехулIэ гулэгъунэр! СулътIаным зэрыжиIэщ. Ичындыр уахъты лъапIэщи, блэдгъэкI хъунукъым. Сыт ущIыщытыр укъызэплъу? ЖыпIэн уиIэ?

– НтIэ... Каффэ щаIыгъ тыркудзэм ипщ Муртаз-пэщэм и гулэгъунэр сулътIаным и куэбжэм деж щыслъэгъуащ.

– Уэ дэнэ щыпцIыхурэ абы и гулэгъунэр?

– Шыгухум сеупщIати...

– Ар хъыбарыфIщ... – жеIэ Къаплъэн-Джэрий, ауэ игукIэ нэгъуэщIщ зэгупсысыр: «СымыщIэр сэ си япэ ар щIригъэблэгъарщ».

Ичындыр къэсыным сыхьэт нэблагъэ иIэу, Къаплъэн-Джэрий Iухьащ султIаным и пэш-пэIущIэшхуэм. СултIаным деж Iэщэ зыкIэрылъ зэрыщIамыгъэхьэм хъаныр щыгъуазэти, къамэмрэ сэшхуэмрэ щхьэхъумэм IэщIилъхьэри, зыкъызэIузыха бжэм щIыхьащ. Хъаным лъэбакъуэ зыбжанэ ичщ, щхьэщэ ищIурэ Ахьмэд султIаным и пащхьэ щызэтеувыIэри, зэрызигъэщхъам хуэдэ дыдэу, и Iупэхэр модрейм къиишия Iэбэлагъым хуихьащ.

Къаплъэн-Джэрий султIаным еплъурэ, игукIэ: «ЩIалэщ иджыри... Сэ нэхърэ илъэсищ-плIыкIэ нэхъыжьынщ, хьэмэрэ дызэныбжь? Муртаз-пэщэр хэпщIыкIыу дэр нэхърэ нэхъыжьщ, илъэс щэ ныкъуэ хъууэ къыщIэкIынщ. ЛIы гуащIэщ пэщэр, и теплъэм тепщIыхьмэ, зауэлIщ... И псэ-и щхьэм Iуэхур зэрынэхьэсмэ, къызыкъуихынур пщIэнукъым. СултIанри зэрынэщхъыдзэ... И нэгум гуфIэ хъуаскIэ къызэримыщ... СултIаныгъуэри, зи, а дызэригугъэм хуэдэу тхъэжыгъуэу къыщIэкIынукъым. Къэралыгъуэшхуэ зехьэныр, дауи, мыр зи щIалагъымкIэ тынш цIыкIукъым. Тлъагъункъэ дяпэкIэ... Дауэ ирехъуи, цIыхур къызэрацIыхур и псалъэщ, и IуэхущIафэщ, и зэфIэкIщ».

Къаплъэн-Джэрий нобэ и щыпэлъагъут Ахьмэд султIаныр, итIани и ныбжьымкIэ щыуатэкъым: султIаныр хъаным нэхърэ илъэситхукIэт зэрынэхъыжьыр.



СултIан Мухьэмэд IV и къуэ Ахьмэд султIан III 1673 гъэм къалъхуат. Иджыпсту ар итт илъэс щэщIрэ тхум. И къуэш нэхъыжь Мустэфа II щытрадзам, Ахьмэд илъэс щэщI хъурт. Абы лъандэрэ илъэситху дэкIыжащ. СултIаныгъуэр къыщыIэрыхьам, и япэ махуэхэм щегъэжьауэ, Ахьмэд, адэм и чэнджэщым темыкIауэ, Кърым хъаныгъуэм и Iуэхутхьэбзэхэр къэрал фейдэкIэ къигъэсэбэпырт. Кърымым и IэщэмкIэ Урысейм и Iуэхухэр, езыр зэрыхуейуэ, Кавказым щызэрихуэрт. Псом хуэмыдэжу, Ахьмэд и нэIэ тетт Шэрджэсым, Къэбэрдейм, Къэжэрым.

Урысейм иджыпсту зауэ дрегъэкIуэкI Швецием, султIаным егъэныбжьэгъу пащтыхь Карл XII Украинэм и гетман Мазепэрэ – иужьрейр щэхуу зи телъхьэр Швециеращ, дэIэпыкъуну къигъэгугъэу.

Тыркур Европэм щIэныгъэкIэ къызэрыкIэрыхум султIаныр хуабжьу егъэпIейтейри, зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къэралым къыщрихьэжьэн папщIэ, Европэм егъэджакIуэ нэхъ Iэзэу исхэр езым зрешалIэ: тыркухэм хамэбзэхэр ящIэн хуейщ, хамэ тэрмэшхэр къэрал Iуэху псалъэмакъхэм щыгъуазэ мыхъун папщIэ. СултIан щIалэр гъуазджэхэми дехьэх. Абы, европей пащтыхьхэм заригъэщхьу, зэхуехьэс сурэтыщI е IэпэIэсэ щэджащэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Европэ макъамэхэри фIэфIщ султIаным. Уардэунэм щызэхыхьэ пшыхьхэм макъамэтх цIэрыIуэхэр щIэх-щIэхыурэ ирегъэблагъэ. А псоми зэман къыдегъэхуэри, Ахьмэд султIаным и хьэрэмыр зыхуей хуэзэу зэрехьэ: дунейм нэхъ бзылъхугъэ дахэу тетыр султIаным ейщ; щIэращIагъэрэ дахагъэу щыIэм ахэр хэсщ, мэпсэу, данэр лъапэкIэ зэрахуэу...

– ФIым фыкъытхуиблагъэ, хьэщIэхэ, фыкъэтIыс, – дыщэ уагъэкIэ хэдыкIа и тахътэ хужьыпсым йотIысхьэж Ахьмэд султIаныр. –

Алыхьышхуэр къызэрытхуэупса зэманыр хъер пылъу дгъэкIуэнщ. КIыхь зедгъэщIынкъым псалъэм, ичындыр къэблэгъащ. КъыджеIэт, хъан, сыт Къэбэрдейм къыщывгъэхъухэр? Зэрыщыт дыдэм хуэдэу къысхуэIуатэт.

Къаплъэн-Джэрий зэрыкърым хъаныр щыгъупщэжри, сулътIаным и пащхьэ шэщIауэ иуващ.

– Алыхьышхуэм и лIыкIуэ, уэ сэ нэхърэ нэхъыфIу ущыгъуазэщ къэбэрдей Iуэхухэм. Дауи, бощIэ Менлы-Джэрий Къэбэрдейм къыщращIари. Ауэ бжесIэнщ сэ а Iуэхум сызэреплъыр.

– ТIыс, хъан, етIысэх. Дыщысурэ дыпсэлъэнщ.

– Зэщхь дунейм къытемыхьауэ, дзэзешэ щэджащэ Чынгызхъан дришат Кавказ Ищхъэрэм, – и гур къызэфIэнауэ, адэкIэ пищащ Къаплъэн-Джэрий, и тIысыпIэр зригъэгъуэтыжурэ: – А зэманым щегъэжьауэ, дэ Кърымым дисщ, гъэ кIуа пщIондэ ди Iуэхухэри тэмэму щытащ.

– Зыщыгъэгъупщэт, хъан, а «щегъэжьауэ, дисщи» жыхуэпIэ псалъитIыр. ДыкъэзылъхуахэмкIэ напэкъым ар, – къопсалъэ сулътIаныр. – Дызыхуэлажьэ Алыхьым къыдитар дищIщ. Тыркум ищIщ. А щIыналъэм иса адыгэхэр Алыхьым кърихури, фэ къывитащ абыхэм я щIыр. Иджы фыфейщ ар[1].

– НтIэ, Алыхьым и лIыкIуэ, нтIэ, – игу псы къыщызыхуа сулътIаным хуэарэзы дыдэу, зэкIэлъегъэпIащIэ хъанми. – ФIыщIэ лей пхузощI, си жьэмыгур[2] зэрызэбгъэзэхуэжам папщIэ. Си псалъэмакъ кIэщIыр щIэздзэн и пэ, хуит сыкъэщI, дыгъэр зи теплъэ, саугъэтхэр уэстыжыну. Уи тетыгъуэри уи гъащIэри кIыхь хъуну сыпхуохъуапсэ. Дэ, уи лъэпкъэгъу тэтэрхэр, дыпщIыгъуу, мы дунейр куэдрэ Алыхьым тхущигъэIэ. Уи нэфI-гулъытэм дыщIэмыкIыурэ, зреузэщI ди къэралыгъуэми. Сыт щыгъуи узыгъэпэжынур дэращ, сулътIан щэджащэ!



... «Зи пщIэр зи хуэмыхугъэкIэ зыIэщIэзыгъэкIыу, ди щIыб зыкъыдэзыгъэщэтэжа Менлы-Джэрий фэ Iувыжьым елъытауэ, мы сэ слъагъум хьэр псафэ пхуишэнущ», – егупсысырт Ахьмэд сулътIаныр, Къаплъэн-Джэрий здыкIэлъыплъым, – и къуэшым къылъыкъуэкIа щIэщхъуми къызэтригъэувыIэркъым, а ди деж зыщызыгъэпщкIур лIэми тхъэми щIэупщIэххэркъым. КъыгурыIуа къыщIэкIынщ

---

[1] Кърым тхыдэтх, ермэлы щIэныгъэлI Тер-Абрамян къызэригъэлъагъуэмкIэ, (адыгэ щIэныгъэрылажьэ Цей Заремэ абы и акъылэгъущ): «Курыт лIэщIыгъуэм (Византие лъэхъэнэм) Кърым хытIыгуныкъуэм щыпсэуащ адыгэ лIакъуэ зыбжанэ». Абы и щыхьэтщ щIыпIэцIэ, жылэ фIэщыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу: «Черкес», «Черкес-Эли», «Черкес Тогай», «Черкес-Кир», «Черкес-Чокрак», «Черкес-Дерс», «Черкес-Хош», «Черкес-Даг» жыхуиIэхэр.

НэгъуэщI щыхьэтхэри щыIэщ. 1578 гъэм Кърымым щызэхэзекIуа Броневский Мартин етх: «Нобэ «Черкес-Кермен»-кIэ зэджэ быдапIэр зыухуар тыркухэращ. Абы пэмыжыжьэу щытщ нэгъуэщI быдапIэжьи, ауэ, е ермэлыуэ, е алыджу, е тэтэру а етIуанэми «Черкес-Кермен»-кIэ щIеджэр къыджезыIэфын дгъуэтакъым. Нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, быдапIэжьыр зыхиубыдэ щIыналъэм «Шэрджэс куей»-кIэ езыхэр йоджэ».

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, 1475 гъэм, Кърымыр Уэсмэн Тыркум и унафэ щыщIэувэм, ищхьэкIэ зи цIэ къыщытхьа щIыпIэхэмрэ жылагъуэхэмрэ щыпсэу адыгэ-шэрджэсхэри, адрей христан лъэпкъыу щыпсэуахэри зэтраукIэри, къелахэр гъэрыпIэ яхуащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, а зэманым зи щхьэ къезыхьэжьэу, хытIыгуныкъуэм псэууэ къикIыфа адыгэ-шэрджэсхэр Iэпхъуащ Кавказ Ипщэм ис я лIакъуэгъухэм деж.

[2] Жьэмыгу – оплошность.

шынэхъыщIэм щхьэщылъэIукIкIэ зыри къызэримыкIынур. Пщэдей ди щхьэ кърикIуэнур щыдмыщIэкIэ, зэ тщIа унафэми нобэ дытекI хъунукъым. ЖаIэркъэ: султIан тахътэр мастэпэбдзми, ар фIырыфIкIэ зыми ибгынэнукъым.

Пэжщ, Менлы-Джэрий хъан тахътэми нэсатэкъым, ауэ щыхъукIи, гугъэ ищIырт текIуэныгъэ иIэу Къэбэрдейм къикIыжмэ, абыи хуит хуэхъуну. Иджы мес, дызэрыщыгугъа тхуэхъуакъыми, къулыкъуи пщIэи имыIэжу, щысщ. Щрырес. Ирегупсысэ. Зи лIыгъэ дыхэзыгъэплъэну пIэщIеиж мы хъаным и хьэсэпэ здынэсым деплъынщ. Тлъагъунщ Къэбэрдейм мыбы щигъэшынур зыхуэдизыр. И къуэшым ещхьу, мыри пыIэжьынэ гуэру къыщIэкIмэ, дэри ди Iуэху мыхъумыщIэ хъунущ. Карлрэ Мазепэрэ гугъэн-дыгъэн щIэсщIар схуэмыгъэIэрылъхьэмэ, урыс пащтыхьым – Пётр нэтопыжьым – и нэгу щIэтыр и лъэгу щIилъхьэнущ».

– Тхьэм и нэфIыр къыпщыхуэ, хъан, – жеIэ Ахьмэд султIаным, гупсысэ хъэрэмэхъищэм къыхэкIыжурэ, – дэ ттеухуауэ жыпIа псалъэ гуапэхэм папщIэ. Сэри псалъэ дахэ яжесIэну сыхуейт ди лъэпкъэгъухэм. Си гуи, си пси къыбгъэдэкIыу жызоIэ абыхэм дзыхьи, пщIэи зэрахуэсщIыр. Ауэ, Хъан, – султIаныр тIэкIурэ щымри адэкIэ пищащ: – уи къуэшыр къэзыукIа бийхэм щыблэу уатеуэрэ я щхьэхэр пIэщIэлъу къэбгъэзэжмэщ уи лIыгъэм шэч къыщытедмыхьэнур. Уэ дауэ уеплъррэ, Муртаз-пэщэ? Пэж жысIэр?

– Пэж дыдэщ, Алыхьым и лIыкIуэу ди дыгъэ.

– Къаплъэн-Джэрий и телъхьэу зауэлI дапщэ пхуэгъэшэсын, пэщэ?

– Каффэ щытIыгъ дзэр миних мэхъури...

– Дэгъуэщ! Минитхур куэдщ. Каффи дзэншэу къэвмыгъанэ... Уэ дапщэ уиIэ, хъан?

– Кърымым мин щэ ныкъуэм щIигъу щыдгъуэтынущ.

– Сыт «щыдгъуэтынущ» жыхуэпIэр?! – султIаным и макъыр зэуэзэпсэу зэкIуэкIащ. – Иджыри къыздэсым дзэр зэщIэвмыгъэуIуауэ ара?

– Дэ, дыгъэр зи теплъэ, жыIэ закъуэ, сыт щыгъуи дыхьэзырщ. Муртаз-пэщэм зи гугъу хуэпщIа минитхур къыдгухьэжмэ, зэфIэкIащ. Шэч къытесхьэркъым ди къуэш нэгъуейхэри зауэлI минипщIкIэ къызэрыткъуэувэнум.

– КIэмыргуеипщ Бэлэтокъуэ дауэ ухущыт? – и нэ лъэныкъуэр щIиукъуанцIэурэ хъаным трегъапсэ Ахьмэд султIанми, унафэ хэлъу жеIэ: – И цIыхухэр дэ ди дзэм къыхрешэ абыи.

– Апхуэдэр си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым, Алыхьым и лIыкIуэ, абы дэ дигъэныбжьэгъуу зищI щхьэкIэ, езыр къэбэрдейхэм я лIакъуэщ, я къуэшщ... Зы адыгэ лъэпкъщ ахэр псори.

– ЗэрызэхэсхамкIэ, – иджы хэгупсысыхьу жеIэ султIаным, – абы и малъхъэу щыта Абрэдж Мырзэбэч зэпеIу Кърымри, Шэрджэс Ипщэри, Къэбэрдейри. Мызэ-мытIэу абы здришэжьащ кIэмыргуейхэм ящыщ Батыр ефэндыр. Ахэр уи дэIуэгъукъэ, хъан? НтIэ... мис а и

малъхъэмрэ, мо Батыр ефэндымрэ тракъузэIуэмэ, Бэлэтокъуэпщыр нэхъ къэскIэнщ. Езы ефэндыми адыгэхэр игъэIущу жаIэ, я гупэр Кърымым къахуригъэгъэзэнуи, ахэр къэгъэсэбэп... Дауэ уеплърэ?

– Пэжщ, пэжщ, Алыхьым и лIыкIуэ! Уэ сэ нэхърэ нэхъыфIу ущыгъуази Шэрджэсым щызекIуэ Iуэхухэм. Мыдэ... абы дэри щыдиIэщ, кхъуащхьэри хьэкIэри зэпищIэу, зылI. Шэрджэс Ипщэм щытхуэлажьэ нэгъуей Алигъуэт-пэщэрщ зи гугъу сщIыр. Ахэр псори зэхыхьэмэ, Бэлэтокъуэпщыр къагъэIулэнри зыхуэIуа щыIэкъым... Мыдэ зэ секIуэлIэжмэ, ахэри къэзгъуэтынщи, Бэлэтокъуэ езутIыпщынщ. Ягъэшынэ-ягъэукIытэми, кIэмыргуеипщыр къыдгухьэн хуэдэу ирырепсалъэ.

– Ардыдэрщ сэри зи гугъу сщIыр, – сулътIаным и Iэгур зэтрегъауэ, арэзыуэ. – НтIэ-э-э, зэрыжыпIэмкIэ, уи зауэлI мин щэ ныкъуэр хьэзырыпсщ. Дэгъуэщ! Езы Къэбэрдейр-щэ?.. Дапщэу пIэрэ абы къытпигъэувынур?

– Къэбэрдейр, Алыхьым и лIыкIуэ, езыр ин щхьэкIэ, и кIуэцI илъ зэбий-зэдауэр нэхъ иныжщ. Зы мин пщыкIутху яхуригъэкъуну къыщIэкIынщ абыхэми.

– Нэгъуейхэм къищынэмыщIа шэрджэсхэм яхэсу мэпсэу ди лъэпкъэгъухэу балъкъэрхэр, къэрэшейхэр. Абыхэм ятеухуауэ мащIэщ дэ тщIэр. Зи хъыбар нэхъ зэхэтх хабзэр тафэм тес нэгъуейхэрщ. Нэгъуей хъанхэм шэрджэсыпхъухэр щхьэгъусэ ящI. Мыдрейуэ, къурш гъуанэм икъухьауэ ис балъкъэрхэм ятеухуауэ мащIэ дыдэщ тщIэр. Хэт хъуну ахэр?

– Ахэри, Алыхьым и лIыкIуэ, бзэкIи лъыкIи дэ тщыщщ... Муслъымэнхэщ. Шэрджэсхэм зыкърагъэзэгъыну хэтщ ахэр, шэрджэс пщащэ щхьэгъусэу зиIи яхэтщ.

– Я бжыгъэкIэ сыт хуэдиз хъууэ пIэрэ ахэр? – и нэр щIеукъуанцIэ аргуэру Ахьмэд сулътIаным.

– Езыхэм зэрыжаIэмкIэ, мащIэкъым.

– Фымыбэлэрыгъ! – сулътIаным и щхьэр лъагэу еIэт, – гугъэ нэпцIхэм зыдевмыгъэшэх! Адыгэхэр, дэ нэхърэ мынэхъыкIэу, шуей зауэлIхэщ, я нэм уеIэмэ, уи псэр зэ уэгъуэу хаудыну хьэзырхэу. Мыри, хъан, зыщумыгъэгъупщэ: зыпщ закъуэ акъыл зэгъэзахуэ иIэу къахэкI нэужьмэ, зэрыадыгэу зэщIигъэшэсэфынущ. Нэгъабэ Менлы-Джэрий къэзыгъэлъеяхэм иджы къызыкъуахынур зыщIэр ди щхьэщыгу ит Закъуэрщ. Иджыри зы Iуэху: ари уи лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэщ, хъан. Псыхуабэ лъэныкъуэкIэ щыIэ тафэ Iэхэлъахэр зыбгынэу бгылъэ щIыпIэхэм зизыгуэшахэр къефхужьи, здэщыIам ефхулIэж...

Ахьмэд сулътIаным и иужьрей псалъэр зэрызэхихыу, Муртазпэщэр «хъущт» жиIэу «Алыхьым и лIыкIуэм» еплъщ, псынщIэу хъаным хуеплъэкIыжри, и къэптал щIыIу дыщафэхэм пэщащэурэ Iэпхъуамбэхэр щызэригъэжащ. Зы щIыIущхьэ хиубыдыкIыу, хуищIэу иIуэнтIа нэужь, и жыпым бзыхьэхуэ уэсчэсейр кърихри, и IуфакIэр илъэщIурэ, и нитIыр хъаным триубыдащ: «Зауэщ дыздэкIуэнур, Iулъхьэ хэхкъым» – къиIуатэрт и плъэкIэм.

Дзэзешэм и нэ зэхэзеплъэкIэм гу лъызыта сулътIанми:

– Зыгуэр жыпIэнут, пэщэ?

– Адыгэхэм ятеухуауэ, дыгъэр зи теплъэ, псори икIи жытIэри, икIи зэхэтхащ. СыщIэупщIэнут, хуит сыкъэпщIмэ, зы Iуэху...

– Пэжщ, шэрджэсхэм ятеухуауэ дыпсэлъакIэщ, – погуфIыкI сулътIанри, гушыIэнэпцIу къыщIегъуж: – Ди жыIэм унафэ тумыщIыхьыжынумэ, дынодаIуэ. Псалъэ, пэщэ.

– Тыркум и сулътIану нурыр зыщхьэщытым и псалъэ тепсэлъыхьыжыр сэ схуэдэ? Хуей хъумэ, адыгэ лъэпкъыр зэрыщыту, щIыр пэкIэ ятхъуу, уи пащхьэ нэхум къыщызэхуэтхусыни! ЖыIэ закъуэ, дыгъэр зи теплъэ! Ауэ ди зауэлIхэм деж нэтхьэсын хуейщ уи унафэр. Дауэ яжетIэмэ нэхъыфI: дыздежьэр зэуакIуэ хьэмэрэ фыщIакIуэ?

– Адыгэ IэубыдыпIэншэхэм, лъэщыр хэтми ящIэн папщIэ, жыхьэнмэм и мафIэр ящIэвгъэстыну фокIуэ. Ящыгъупщауэ ара езы урыс пащтыхь Пётр дыдэм зэрызедгъэщIэжар! Ди иужьрей зауэр иджыри игу илъщ абы... Си Iуэхущ ар, шэрджэс адыгэхэр щыгъэтауэ, Кавказым ис зы лIакъуи дяпэкIэ къыщхьэщыжмэ[1]! – хикъузащ Ахьмэд сулътIаным, и натIэм къыщIэплъурэ: – Псори къывгурыIуа?

– КъыдгурыIуащ, дыгъэм хуэдэ, – езыми, хъаным и цIэкIи жэуап пIащIэу къет Муртаз-пэщэм, пщIэнтIэпс къекIуар и напэм трилъэщIыкIыурэ, – дэ укъытщыгугъ хъунущ. Хьэуэ, дэ Iэщэ тIэщIэлъу дыкIуэн къудейкъым, атIэ кIэ еттынущ джаурхэм ятеухуауэ шэрджэсхэм гугъэу яIэм.

– КъывгурыIуамэ, аращ. Ди мурадхэр Алыхьым къыдигъэхъулIэ! Муртаз-пэщэ, нобэрей IуэхукIэ уи щхьэ ухуитщ. Пщэдей, шэджагъуэ нэужьым сыныппоплъэ. Каффэ теухуа IуэхухэмкIэ дызэпсэлъэн хуейщ. Иджыпсту хъаным сэрэ дгъэзэжынщ Кърым IуэхухэмкIэ...

Ахьмэд сулътIаным и щхьэ илъыр Кърымыртэкъым. Муртаз-пэщэр зэрыщIэкIыжу, сулътIаныр хьилэ хэлъу пыдыхьэшхыкIри:

– НакIуэ, хъан, пщыхьэщхьэ нэмэзыр тщIынщ. АдэкIэ си хьэрэмыр къытхуозэшри... дэтхэнэ зылIри, псом япэрауэ, цIыхухъущ. Бзылъхугъэ дахэхэм дауэ уахущыт, хъан? Жэнэт абгъуэ ухуей? Си хьэрэмым щIэсщ тхьэIухудхэр: алыджу, адыгэу, урысу, тэтэру, тыркуу... Уэри уи унэ къэбэрдей тхьэIухуд гуэр ису жаIэри, пэж ар? Сэри си щхьэгъусэ етIуанэр адыгэщ. Абы жиIэр пэжмэ, дыщэрэ къулеигъэрэ здэщыIэм адыгэ бзылъхугъэхэр щыгуащэщ. Уахэдэнщи, уигу ирихьыр – ууейщ, хъан!

[1] «Урысеймрэ Тыркумрэ 1700 гъэм зэгурыIуэныгъэ зэращIылIамкIэ, урыс пащтыхь Пётр Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я Iуэху хэIэбэнутэкъым, – етх Бгъэжьнокъуэ Барэсбий. – Абы къыхэкIыуи, урыс-адыгэ зэхущытыкIэхэр хуабжьу зэIыхьат. ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ ищIэрт Урысейм ущыгугъыныр зэрыщхьэгъэпцIэжыр, икIи лъэпкъ гъунэгъухэм ящыщ дэщIэгъуу къилъыхъуэрт. АрщхьэкIэ пщы уэлийр къагъэщIэхъуащ къалмыкъхэм, дон, тэрч, гребен къэзакъхэм, щэмхъалым и тет Тарковскэм. КIэщIу жыпIэмэ, Къаплъэн-Джэрий къыщытеуэнум ирихьэлIэу, Къэбэрдейм и Iуэхур хэплъэгъуэт. Къэбэрдей Iэщэм зыри къыфIэлIыкIыжтэкъым. Тыркумрэ Кърымымрэ, Ахьмэд III сулътIанымрэ Къаплъэн-Джэрийрэ Шэрджэсыр псынщIэу къазэууэ, Урысейм къыпэщIэт швецие пащтыхь Карл XII-м дэIэпыкъуну я мурадт».



7 Заказ №219

«Иджыри къэс къысхуепсэлъэхыу фIэкIа сыкъизымыдзам нэгъуэщI гуэру зыкъысхузэкъуехри, – къэуIэбжьауэ егъэщIагъуэ хъаным. – Сыту пIэрэ? Сигъэунэхуу арагъэнщ. И нэфI фэрыщIыр сэри жыIэзыфIэщ сощI. Ягъэ кIынкъым, сымыбэлэрыгъмэ... Хэт и гугъэнт сулътIаныр апхуэдэу дыхьэшхыфу?! Сыт хуэдэ уасэу пIэрэ мы зэуэзэпсэу къысщыхуа и нэфIым пигъэкIуэнур?»

– ЖыпIэр унафэщ, ди дыгъэ, – мэгуфIэ Къаплъэн-Джэрий, – бзылъхугъи си плъапIэщ, дахагъи си щIасэщ!

– Сыт, хъан, хьэрэм зэи ущIэмыхьауэ ара?

– Хьэуэ, хьэуэ! Уи дзыхьыр гуапэ сщыхъуауэ аркъудейщ...

– Ы-ы-ы, ара жыхуэпIэр? – сулътIаныр мэдыхьэшхри: – ВыжьитIрэ пэт, бжьыр зэзэмызэ трахыртэкъэ?

– ПэжкIэ ари! Сэ схуэдэт уэ зозыгъапщэр? Мыдэ, къызэпха хьэщIагъэ екIум сыдихьэхри, сщыгъупщэ пэтащ уи щхьэгъусэм хуэтщIа ди саугъэтыр, – хъаным и бгъэ жыпым къретх налмэс къабзэу зэщIэпщIыпщIэ тхьэгъу, Iэпщэхъу, Iэлъын зэкIэрыщIар. – Мыхэр хъан гуащэм и тыгъэу сулътIан гуащэм къыхуэтхьахэрщ.

– ФIыщIэ тхухуэщIыж уи хъан гуащэм. Ауэ а налмэсхэр зыхурагъэхьа адыгэ бзылъхугъэм ищIэщыгъуэжкъым апхуэдэ саугъэтхэр. Махуэ къэс налкъутхэр къракIутэхыурэ щагъэкIыпащ. Абы къыхэкIыу, мы тыгъэ лъапIэр ди зэхуэдэ щэхуу къренэж. Мо дыздэкIуэм щыIэ сфIощI ар зыхуэбгъэфэщэн гуэр, и-и-и? – сулътIаныр аргуэру мэдыхьэшх.



Ичынды нэужьым уэрамри уардэунэри зэуэ зэщIэункIыфIащ. УнэIутхэм, зэблэжу, жьэгухэм мафIэ иращIэщ, шэху IуэнтIагъэшхуэхэр уэздыгъэ лъакъуэхэм трагъэувэжри, уардэунэр хуабагъэрэ нэхугъэкIэ зэщIэпсащ. ЩIыбыр щIыIэт. Уафэри кIэгъэпшагъэт, зы вагъуи къыпхрымыпсу. ЩIымахуэ пшыхь кIэщIыр Истамбыл къыщихьат.

СулътIанымрэ хъанымрэ кIуэцIрыкIыбжэ защIэкIэ зэпрыкIащ хьэрэмым и пэш пхыдзахэм. «СулътIаным и лэгъунэшхуэу, езым и Iизыныншэу, псэ зыIут щIыхьэну зыхуимытым дыкIуэу аращ... цIыхуитIым нэгузыужь-зэхэзекIуэ ящI хуэдэ, – егупсысырт хъаныр. – Ауэ апхуэдэ щIыкIэкIэ сигъэгъэщIэгъуэну зыхэтыр сыту пIэрэ? Бзылъхугъэ дахэхэм и закъуэу яхэсын иужэгъуауэ ара? НтIэ, сэри сыщыцIыхухъукIэ, цIыхухъу зэрыхуэфащэу сыщытынщ...»

УкъигъэуIэбжьу щымт хьэрэмыр. Псоми зэдайуэ щыт пэшышхуэр дыщэрэ дыжьынкIэ зэщIэлыдэрт. Iэнэр къикъутэрт пхъэщхьэмыщхьэмрэ IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. Лъэныкъуэегъэзу щылъ алътес щхьэнтэ къуэлэнхэм тест Iупэ пшынэ еуэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ. Щхьэгъубжэшхуэхэм къайпхъуха дарий Iупхъуэ пIащIэхэмрэ лъэгум илъ алэрыбгъу къуэлэнышхуэмрэ я тхыпхъэхэр, зыр зым тращIыкIа фIэкIа умыщIэну, зэщхьыпст. ПлIанэпэ дурэшхэм дэт пхъуантэ лъагэхэм къайпхъухат тепхъуэ зэмыфэгъухэр. ДэнэкIэ умыплъами, щхъуантIагъэр уэфу къаIурихыу, удз дахащэхэр щыгъагъэрт. Блын дэгуу куутIхэм къахэплъырт тхыпхъэщIыпхъэ зэхуэмыдэхэр къызыхэуIукIа бжэхэр, дэтхэнэ зыри цIыхухъу угущхъуахэм яхъумэу.

Ахьмэд сультIанымрэ Къаплъэн-Джэрий хъанымрэ пэшышхуэм щыщIыхьэм, макъамэм лъагэу зиIэтащ. ИужькIэ, Iэнэ щхьэгуэ лъахъшэхэм егъэщIылIа гъуэлъыпIэхэм сультIанымрэ хъанымрэ зрагъэщIа нэужь, макъамэр хуэм-хуэмурэ нэхъ щэху хъужри, щIэжьыуэ щабэм хуэкIуащ.

ЛIитIыр уэршэру фадэм здеIубым, макъамэ щабэм щIэдэIуурэ ерыскъыпхъэхэм хэIэбэрт. Ахьмэд сультIаным Къаплъэн-Джэрий Кърымым къыхуздриха къурш ажэ бжьакъуэр щхьэгъэрытым хуишийри:

– Къигъахъуэт ди хьэщIэм къыздиша адыгэ махъсымэр, – и жьэр и Iэгу лъэныкъуэмкIэ щIихъумэ щIыкIэу хъаным йоIущащэ: – Дэ шэрджэсхэр дгъэбий щхьэкIэ, япхъухэмрэ я фадэмрэ ди щIасэщ. КъэIэт фадэбжьэр, хъан, сэ бжьакъуэр сIэтынущ! Алыхьым къытхуигъэгъунщ а гуэныхьыр. Си ныбжьэгъу пащтыхь, Карл XII и жыIауэ, а гуэныхьри зытедгъэкIыжынщ ди бийхэм – джаурхэм – ялъкIэ.

Фадэм къызэщIигъэплъа сультIаным, и Iэдэбагъыр фIэкIуэда къыпфIэщIу, къарууншафэщи, чэф хъуауэ хъаным шэч ирегъэщI: «Мыр дауэ?!» – гужьеят Къаплъэн-Джэрий. УнэIут щхьэгъэрытхэм, жэуапыр къапихын хуэдэ, Iэнкуну яжьэхэплъыхьырт.

– Умыдзыхэт, си ныбжьэгъу! – щэхуу, ауэ хэкъузауэ сультIаным щыжиIэм, хъаным зызэфIигъэпщхьащ. СультIанри, зызэпкъригъэщтауэ а зэрыщылъу, хъаным хущIоплъ ауанырыплъэу. – Сэ сфIэфIщ зызгъэпсэхун, мэ гуакIуэхэр зыIурысшэн, махъсымэ сефэн, ауэ сэ зэи чэф сыхъуркъым! Си ныбжьэгъу Карл, – щхьэхынэ-щхьэхынэу пещэ абы, – Гроднэ къалэр къиштауэ, иджы Минск нэ ирещ. АдэкIэ ар дыхьэнущ зэгуэр фэ вгъэсауэ щыта Москва. ПщIэжрэ? Зыри пщIэжыркъым, сыту жыпIэмэ, абы щыгъуэ уэ иджыри укъалъхуатэкъым!

КъуэкIыпIэ лъэпкъ къафэхэр щIихурыхукIыу зэблахъуу, утыкум къихьащ бзылъхугъэхэр, я Iэпщэхъухэмрэ лъэдиилъэ тхьэгъухэмрэ зууэ зэпэджэжу. Я щIыфэ гъэфIахэр псыпсу къызэпхыплъырт хуиту ущызэкIэщIэплъ данэпсышхуэхэм; зыми щIимыуфэ я дамащхьэм щызэтежырт я щхьэцыр, хэт фIыцIэу, хэт гъуэуэ, хэти цыплъу. Алътес гъуэншэдж лъэпахъуэ быхъу цIыкIухэм щIауфэртэкъым лъэдий псыгъуэ пцIанэр. Я натIащхьэхэм дыщэрэ налкъут мыщIэкIэ щызэхуэлъэфэса натIэрыпхъуэ пIащIабзэхэм, щIыфэр щIамыхъумэурэ бынжащхьэм къыщызэтеувыIэрти, нэхъри хъуэпсэгъуэу уIуагъаплъэрт ныбэ хъурей быдэ цIыкIухэм.

– Зэхэпхрэ, хъан, сыт, зызыпхъэха бзылъхугъэ уи щыпэлъагъуу ара? Сыт, уи нэр къатумыгъэкIыу, апхуэдизу уащIеплъыр? Къэбгъуэтаи ущIэхьэулеин! Мыдэ зы бжьэ дыкъегъафэт си ныбжьэгъу пащтыхь Карл и щIыхькIэ. Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ уи лIыгъэ щызэхэкIрэ къэбгъэзэжмэ, уэзгъэцIыхунщ ар езыр... Иджыпсту бжьэр дыгъэIэт джаурхэмрэ абыхэм нэхърэ нэхъ джаурыж шэрджэс лъэпкъхэмрэ дазэрытекIуэнум и саулыкъукIэ! ПэжкIэ къыдгуэува Мазепи зыщыдгъэгъупщэнкъым, – сультIаныр кууэ хьэкIэри, зэуэ къызэкъуихащ и упщIэр: – КъызыхащIыкIыр сыт мы махъсымэ хьэлэмэтыр адыгэхэм?

А упщIэм и жэуапыр къызыпысхыну Истамбыл псэ зыIут дэзгъуэтакъым. СулътIаныгъуэ псом изгъуатэркъым мы фадэ хьэлэмэт телъыджэм хуэдэ зыхуэщI. Адыгэ лIакъуэхэм ящыщ си шэрджэс щхьэгъусэм абыкIэ сеупщIмэ, IупщIэ къысхуещIри, фадэр зэщIэзылъхьэнум адыгэгу кIуэцIылъу, адыгэIэ фIэтын хуейуэ къызжеIэ. Еплъыт абы! ФIэфIкъым я фадэ сIухуэну! Я ягъэжщ езыхэм...

СулътIаныр хьилэшыуэ йоплъ дзэхупс зыIурыткIуам хуэдэу щыс хъаным:

– СогушыIэ мыр... ЛIо, Уэсмэн къэралыгъуэр зи инагъымрэ Къырымымрэ имысыжу ара махъсымэ тхузэхэзылъхьэн цIыху?

Къаплъэн-Джэрий сулътIаным зищIрэ пэж дыдэу чэфрэ емыгупсысэн папщIэ, Iэрнэут бзылъхугъэ цIыкIур къызэрыфэм дихьэха нэпцI зищIауэ, абы еплъу щыст.

Шынэм зэщIиIулIауэ, хъаныр гупсысэрт: «ФIэщщIыгъуейщ... мы лIы Iэчлъэчыр махъсымэ фалъитI-щым апхуэдизу чэф ищIауэ ара? Сигу илъ къитIэщIын и гугъэу, чэф нэпцI зищI къыщIэкIынщ. Зэм щотхъу, зэми еуб адыгэ махъсымэр; сулътIан гуащэ шэрджэсыпхъуми хуопсалъэ; дыкъэзыфыхь дахэкIейхэми сатрегъэплъэкъукI... Апхуэдэу жьэнахуэу я гурылъ зыхуаIуатэ хабзэр дзыхь дыдэ зыхуащIырщ...»

– Пщыхьэщхьэ дахащэт, хъан, ауэ, уэ гупсысэм уехьри, си упщIэхэри жэуапыншэу къонэ.

– Мо пщащэ гуакIуэм сыдихьэхащи аращ, ди дыгъэ, – хьилэ хэлъу, псалъэр IэщIоцIэнлъ Къаплъэн-Джэрий. – Уи упщIэр зэхэсхащ. Езмыта жэуапри, Алыхьым и лIыкIуэ, мыращ: си адэ Салым-Джэрий жиIэрт, бзылъхугъэр зыхуей хуэдгъэзэну ди къалэн щхьэкIэ, ахэр лIы Iуэхум хэдгъэIэбэну къызэремызэгъыр.

– Салым-Джэрий Iущым и псалъэр дэтIыгъынщи, ди щхьэгъусэхэм я цIэкIэ тIэтынщ бжьэр! Ауэ зыщумыгъэгъупщэт, иджыпсту къытхуэфэу мы ди пащхьэ итхэми къахокI сулътIан е хъан гуащэхэр... Сытыт жыпIа мы махъсымэр къызыщIахур?

– Шэрджэс лъэпкъхэм зэрахьэ нэгъуэщI фадэ лIэужьыгъуэхэри, уи лъэр щIиуду. Фо махъсымэщ а зи гугъу сщIыр.

– Ди лъэр щIэзыудын лъэпкъ дыхуейкъым, ар фадэ телъыджэу щытми! – мэдыхьэшхыпцI сулътIаныр. – Модэ плъэт, мес а жыхуэсIа шэрджэс пщащэр. Абы ептынщ уи налмэсхэр. Ухуейуэ щытмэ, уигу ирихьмэ, узотыпэ ар! Здэшэ Къырымым.

– Ар зи дахагъ дауэ ухуэмеинрэ... Ауэ, си дыгъэ, ар къыщызэптынур, Алыхьым иухрэ, Шэрджэсым, нэхъ тэмэму жыпIэмэ – Къэбэрдейм, сыкъикIыжмэщ.

– Къэбэрдейм лIэужьыгъуэ Iэджэу укъикIыж хъунущ... Ауэ сщIэркъым мо иджыпсту узыхущIыхьэну шэрджэсыпхъур зи дахагъ уигу зэрыпыкIынур, хъан... КIуэ, къыппоплъэ ар. Дэри къэдгъуэтынщ мыбдеж зэрызыщытедгъэун гуэр.

... Къырым хъаныр лэгъунэм къыщIэкIыжащ сыхьэт нэхъ зыщимыIэжьэу. КъызэщIэплъауэ къэзыгъэзэжа лIым сулътIаныр Iуплъэри, игъэщIагъуэу щIэупщIащ:

– Арат зэрыхъури? ЩIэхыщэти уи Iуэху...

– Уи бзэ зэрымыщIэмэ, куэдрэ узэщIыгъуфкъым...

– Бзэ щхьэхуэ хуэныкъуэ лъагъуныгъэр, хъан?

– Пэжщ жыпIэр, дыгъэр зи теплъэ, налкъутналмэсрэ пэт, бзагуэщ.

– Жэуап хьэлэмэтыщэщ! Иджы мы си упщIэм жэуап къет. ЗэрызэхэсхамкIэ, уи мырзэхэм яфIэкъабылкъым Къэбэрдейм зауэкIэ узэрихьэнур. Пэж ар?

– Кърым хъаныгъуэри ящыщщ мы щIыщхьэм Алыхьышхуэм щытхуигъэтIыгъуэ гъэунэхупIэхэм. Пэжщ, диIэщ апхуэдэ мырзэхэри. Ауэ псом жаIэми уедаIуэу щытмэ, хъаныгъуэр пхузехьэн?..

– Ар бгъэдыхьэкIэ Iущщ, – Ахьмэд сультIаныр Къаплъэн-Джэрий хъаным Iуплъэри, игукIэ: «Мыбы дзыхь хуэпщI хъунущ!» – жиIащ.

V

Къэбэрдейм пщы хасэ щыщызэхэта махуэ уейпсейр блэкIри, дунейм дыгъэпс дахэу зиукъэбзыжащ. Бахъсэн псыхъуэм иджы къыдихуркъым щIыIэбжь.

ХьэтIохъущыкъуейр махуэ бзыгъэ хуабэм гуапэу йоIущабэ. Пщэдджыжьышхэри зэфIэкIауэ, къулъшыкъур шэджагъуэ пэплъэщ. Уэрам нашэкъашэхэм къыщоIу сабий джэгухэм я зэрызехьэ, я дыхьэшх макъ. ЗыщIыпIэкIэ зиукIыжу щоIуэ адакъэ хэжея гуэр. ПщIантIэхьэхэм я зэпэбанэ мыухыжыр а псом къахохьэжри, уафэм лъахъшэу щызэрызехьэ фикъхэр[1] жыжьэу Iуегъэщт. ГъащIэ курыкупсэщ – дыгъэпсу, жьгъыруэ, мамыру. Сыт и пIалъэ а гъащIэм?

Дунейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIыурэ куэдым я лIэужь щызэхэзекIуащ адыгэ-шэрджэс щIыналъэхэм. Тетхыхьыжахэри куэд мэхъу. ГъэщIэгъуэныракъэ, нэхугъэ къахопс а зэхэзекIуэхэм я гъуэгуанэ-гукъэкIыж тхыгъэхэм. Яхуэмыухыу ягъэщIагъуэу, цIыху Iущ хьэлэмэтхэр тетхыхьащ адыгэ хьэщIэихьэгъуэм, адыгэпсэ зэIухам, цIыхугъэм. ЯфIэтелъыджэу, зэхуагъэлъагъуэу, яIуэтэжащ адыгэ-шэрджэсхэм къадекIуэкI пасэрей хабзэхэр. ЯфIэхъуэпсэгъуэу кIэлъыплъу тепсэлъыхьыжащ нэхъыжь-нэхъыщIэ, лIы-бзылъхугъэ зэхущытыкIэхэм.

А зэхэзекIуэхэр зыIэпишэрт къуршыщхьэ уэсылъэхэм къапих нурым, мэз Iувхэм я щхъуантIагъэ псыIалъэм, тафэ хуитхэм зыщызыукъуэдий хъупIэхэмрэ щIыгулъ вагъапхъэхэмрэ. Мэл хъушэ бжьыгъэншэхэр-щэ! Ахэр псори, дауи, яIуатэм хуэдэт, дахэу, бжьыфIэу... Адыгэхэм якъуэлът ямыгъэхэIущIыIу щэхухэри. Пасэрей ущием «Уи Iей уи гуэн лъапэ щыщIэтIэж» жыхуиIауэ, мы лъэпкъхэм яку илъ фыгъуэ-ижэр, зэхуэдалъэ-зэдэуэжыр, зэрытех-зэхущIэуэр, Iэмал зэриIэкIэ сэтей ямыщIу, псэурт адыгэ лIакъуэхэр. Псэурт... нобэр къыздэсым щIызэрымыгъэтынш а хьэл мыхъумыщIэхэр къащыпекIуэкIыжыр я махуэ мыгъуэу...

[1] Фикъ – къуаргъ пщэху, дамэху. /Серая ворона.

Къопс дыгъэр. Дахащэу къопсри, щIы тафэ хъуэпсар гъатхэ вэнсэным зэрыхуагъэхьэзырри, сабий емыщIэ-фIымыщIэхэр Iуащхьэ лъапэм зэрыщыдыхьэшхри и бзий-нэбжьыц кIыхьхэм щигъафIэурэ, гуапэу щIрегъэлъафэ.

Псори тэмэмщ, ауэ Бахъсэн Iуфэ Iут ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ сыт и гур апхуэдизу къыщIиузыкIыр? Лъэ макъ зэхехри, пщы уэлийр къызоплъэкI, и бейгуэлхэр къызэрилъагъууи, и губжьыр ятрекъутэ:

– Е унэжын, си ужь фыщIимыкIыр сыт? Си закъуэу сыкъэнэну сыхуимытыжу ара?

– Дыщыпсэу дунейр мамыру щытамэ, хъунут ар, – Къарэжь бейгуэлым, жэуап щхьэкIэ и жып имыIэбэу, пщым педзыж.

– Сыт мыхъужыр? Мамырыншэ мы махуэ хьэлэмэтыр? – щIегъуэжауэ ифI зыкърешэж Кургъуокъуи, и нэхэр щIиукъуанцIэурэ жыжьэм хоплъэ: – Мес, Жэбагъы къокIуэри... фыпежьэ.

– Къеблагъэ, Жэбагъы. Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ, жи. Моуэ сыногупсыса къудейт.

– БлагъэфI къыпхуихьэ, зиусхьэн, – пщым гуапэу Iуоплъэ Жэбагъы, – уи пщыгъуэр лъэщрэ уи лъэужь дыщафэу. Сэри сыкъезышэжьар уи гупсысэ лъагъуэщ.

– СощIэ, Жэбагъы, сощIэ а лъагъуэр... – жери, Кургъуокъуэ и бейгуэлхэм захуегъазэ: – Унэм фекIуэлIэж хъунущ.

Зэман кIэщIкIэ щхьэхуит ящIа бейгуэлитIыр тIэкIу IукIуэтри, псы Iуфэм щхьэщыт дзэлым зэрынэсу зэтеувыIэжащ, гъумэтIымэу. Бейгуэл нэхъыжь Сэбанш, Къарэжь хуоплъэкIри, жеIэ:

– ХьэтIохъущокъуэм и псалъэщ – дэ ди Iуэхущ...

– НыIукIуэт иджыри, пщыр къыткIэлъоплъ...

– КъыткIэлъыреплъ-тIэ. Зыгуэр къыщыщIмэ, дэращ ягъэкъуэншэнур.

ХьэтIохъущокъуэр бейгуэлитIым яхущIэплъурэ:

– Мо тIур плъагъурэ, Жэбагъы... ЖаIэм едаIуэркъым ахэр, – пщыр ирибампIэрт бейгуэлхэм зэрызаIэжьэм, губжьыр игъэIэсэурэ, иджы гъумэтIымэрт: – Еууей, адыгэ... Пщыи, уэркъи, лъхукъуэлIи, мо бейгуэлхэри – псори зэщыщщ. ЦIыкIурэ ину зызэхамыдзыжу, псори щхьэгъэкъ лъапэпцIийщ. Псоми Iуащхьэмахуэу зызыдрашеину яфIэфIщ.

– Узэрыщымыту зыбгъэлъагъуэ нэхърэ, къыппэщытым ифI зытеплъагъуэми нэхъыфIщ. «Нэм илъагъу щхьэм и уасэщ», жи.

– Дэгъуэу жыпIащ! – гурыхь щыхъуауэ, мэгуфIэ Кургъуокъуэ.

– Сэракъым. Пасэрейщ жызыIар.

– НакIуэ, Жэбагъы, унэмкIэ, ди щIыбыр дыгъэм къигъэхуабэ щIыкIэ, дымыпIащIэурэ дыуэршэрынщ. Гуащэми хьэщIэ и щIасэщ.

– Уи хьэщIэгъуэ фIы ухъу, дипщ, ДыкъэзыгъэщIам и нэфIщ псори дызыщыгугъыр. Хъэрэмэхъищэщ[1] мы дунеижьыр, дыхиулъэрэхъауэ дыхэтщи, тщIэркъым къыхэтхыну лъагъуэ кIуапIэр.

– Дунейм лъэпкъ дагъуэншэ тету къыщIэкIынкъым, – нэщхъей-

[1] Хъэрэмэхъищэ – зэмылIэужьыгъуэ куэду зэщIэпщIыпщIэ, зэщIэлыдэ. /Переливы цвета.

уэ жеIэ ХьэтIохъущокъуэм. – Адыгэхэр абыкIэ псоми датекIуэжауэ къысфIощI зэм-зэми. Жыжьэ умыкIуи: джылахъстэнейхэмрэ Бахъсэн псыхъуэ дэсхэмрэ... – пщым щIопщыр дридзей хуэдэу ещIри, Iэрыхуэу къеубыдыж, и нэгу мащIэу гуфIэ къохьэри: – Къэбэрдейм я пщы уэлийм ар жысIэнуи къыстехуэ хъункъым, Жэбагъы, итIани, уэ бжесIэну сыхуейт Сэбанш бейгуэлым къысхуиIуэтар. Ар бзыщIа гуэру щытамэ, бейгуэлыр ипщ еувалIэу жриIэжынт... Ущыгъуазэмэ, жыхуэсIэщ. НтIэ... лъхукъуэлIхэм зэжраIэу зэхихащ Сэбанш: «Къэбэрдеишхуэр щIыщыIэр Къэбэрдей ЦIыкIу щыIэщи арщ».

– «Къэбэрдей ЦIыкIу» ящIыр джылахъстэнейхэра? СощIэ ар, зэхэсхащ. Абыхэм апхуэдэ Iэджэ къав! «Делэшхуэ нэхърэ, Iущ цIыкIу», жаIэу зэрыдэтыр-щэ?

– Тхьэм щхьэкIэ, апхуэдэу жаIэу ара?! – Жэбагъы жиIар пщым апхуэдизкIэ фIэгъэщIэгъуэн хъуати, зэуэ зэщIэувыIыкIащ, итIанэ къыщиудри, лъэщу, зыхуэумыубыдыжу, гум хыхьэу дыхьэшхащ. Пщым пэIэщIэ зызыщIа бейгуэлхэм я зым (Къарэжь) дыхьэших макъыр щызэхихым:

– Ди пщыр апхуэдэу и гур утIыпщауэ дыхьэшхыу зэрызэхэзмыхрэ махуэ дапщэ хъурэ?..

– Пэжщ... – Сэбанш и пэм къипсэлъыкIри, щIегъуэжа хуэдэ: – Сыт-тIэ иджы дыхьэшхамэ? Пщыр дыхьэшхащ! ДжэдыкIэм цы къыщIыхэпхыр сыт? Дыхьэшхащ пщыр?! Абы нэхърэ нэхъыфIщ а тIум я зыIыгъыкIэм, я кIуэкIэм еплъи... Уэ уи дагъуэр нэгъуэщIым думылъагъу!

– Сыт сеплъмэ? – Къарэжь ерыщщ... Iэдэжу иIыгъ Жэбагъы иш лажьэ зимыIэм IэдакъэкIэ йоджэбауэри: – Япэми етIуанэми адыгэ фащэ ящыгъщ; мобыи мыдреими ябг къамэ илъщ; тIуми пыIэ зэрахьэ. КъызэрытщхьэщыкIыр: зыр, уэ уэщхьу, цIыкIунитIэщ, адрейр, сэ сэщхьу, екIушхуэщ. Арат слъагъуну узыхуейр?

– Уделэщ уэ! И гущIыIу телъращ плъагъур, сытми зыгуэрхэр къыбов, упсэлъэн папщIэ. Ар – пщыщ, уэ ухэт?! Лъэпкъ пхуэгъэлъэпкъынут уэ мы зэман утхъуам? Уи фыгъуэныр къэгъани, уэ пхъэ дакъэ дэгужьым жыгым зумыгъапщэ, – гужьгъэжь гуэри химылъхьэу, Сэбанш адэкIэ пещэ: – Нэхъыжьыр и пIэм икIыркъым, нэхъыщIэм – и увыпIэр иIыгъыжщ. Плъагъуркъэ а тIур? Мо жыг дакъэм деж щетIысэхами, зэхагъэгъуэщакъым зыри. Уэращи, унэхъыщIэрэ пэт, бгы къэуэным хуэдэу укъысщхьэщытщ... узэрыдомбейр къысхуогъэщIагъуэри.

– Мо дыгъэр си щыхьэтщ, нэхъыжь, узэрыкъуаншэмкIэ. Шы IумпIэ зыIыгъым апхуэдэ псалъэхэр къилэжькъым.

– Дыгъэр щыхьэту къызэребджэр Къэсей хьэжым зэхихыжмэ, сыкъэпщIэнщ. Абы зэрыжиIэмкIэ, дыгъэри, мы щIым тет псори Алыхьым дрикъэгъэщIыгъэщ. Уэри, сэ сэщхьыркъабзэу, удиныншэщ, аращ дэ тIур дыщIызэхуэдэр.

– Дызэхуэдэнут... уэ – бейгуэл нэхъыжьу, сэ – нэхъыщIэу дыщымытатэмэ... ари дызэныбжь щхьэкIэ къэмынэу...

– Аргуэру уфыгъуэрэ? Уэ жыпIэну узыхуеяр: «лъхукъуэлIу дыкъамылъхуатэмэ?»

– КъэпщIащ икIи къэзбгъэщIэжащ таурыхъ гуэрым хэт псалъэхэр: «Уэри упщмэ, сэри сыпщмэ, ди шыдыр зыхунур хэт?»

– УзыщIэупщIэн хэлъкъым. Пщыхэм я шыдыр зыхунур дэ тхуэдэ лъхукъуэлIхэращ. Дэращ... Къарэжь, дзыгъуэ-джэду укъыздэджэгуу ара? Насып уиIэти, сэр нэмыщI зыми узэхихакъым. Ауэ, плъагъурэ Жэбагъы и шым и тхьэкIумэхэр дзасэу зэришэщIар... – Сэбанш гушыIэурэ, занщIэу и фIэщу зыкъызэридзэкIыжри, щIэупщIащ:

– Зи IэштIымыр къытхуэзыгъэдалъэ кърым хъаныр къэсмэ, сыт пщIэну уи мурад, Къарэжь?

– Аргуэру схуэмыфащэ къызупэсащ! Ауэ зысшыIэнщ, зыгъэгусэрейуэ сыкъыпщымыхъун щхьэкIэ.

– ПщIэр сыт, мыкхъэмывэ! Жэбагъы ишщ а уздэшэсыр! – къэгузэващ Сэбанш, Къарэжь къэгубжьауэ и лъакъуэр лъэрыгъым зэрыригъэувэр щилъагъум.

– НтIэ, а уэ жыпIэ делагъэхэр Жэбагъы и шым зэхих нэхърэ, пщым и шы фIэдзапIэри нэхъыфIщ.

Абы хэту, къоIу ХьэтIохъущокъуэм и макъ лъагэр:

– ИщIэр сыт! ... Сэбанш, мыдэ... – къызэщIэнауэ къоджэ пщыр.

Сэбанш, пщым гъунэгъу зыхуимыщIыщэу, зэтоувыIэ:

– СынодаIуэ, зиусхьэн.

– Пэж жызыIэм едаIуэ. Уэри сэри ди зэхуэдэ насыпщ Жэбагъы и шым Къарэжь зэрумыгъэшэсар!

– Дыкъуэншащ, дипщ. Шыр Iэдэжу иIыгъыу къэзылъагъухэм пщым и щхьэ кърикIуаIауэ къафIэмыщIын папщIэ, шы фIэдзапIэм...

– Ар телъэфэжыкIэкъым. ЦIыхухэм дэри дыкъалъагъунут... Апхуэдизу хьэщIэм ухуэсакъыр пэжмэ, къеджэ мо щIалэжь цIыкIухэм ящыщ зыи, егъашэ шыр си шы фIэдзапIэм.

Бейгуэлыр IукIыжащ. ХьэтIохъущокъуэм, и дзэ шыуэ, жеIэ:

– Аращ, дыадыгэщ...

– Зыри емыкIу хэлъкъым а иджыпсту къэхъуам. Ауэ абы сигу къигъэкIыжащ лъэпкъ Iущыгъэ гуэр: «Пхуэмыфащэ жьэгу удэмытIысхьэ» жыхуаIэр...

– Дауэ жыпIа, Жэбагъы? – щIоупщIэ Кургъуокъуэ, зэхихар и щхьэ хуихьыжауэ: – Сэ къызэпIуэкIыу арагъэнщ. Дызэхуэзэн ипэ къиихуэу сегупсыса къудейт Къэбэрдейм пщы уэлийхэр кIэщI-кIэщIурэ зэрыщахъуэжым.

– ПIалъэра пфIэкIэщIыр? Я пыIэр щхьэратIэгъэху нэхъ мыхъуми, тетыну щIэхъуэпсхэр куэду щыIэщ.

– Тебгъэхуащ и купсэм. Сызэгупсысар уэ езым къэппсэлъыжащ. БжесIэнщ сэри сигу илъ. Пщы уэлийр кIэщI-кIэщIурэ зэрахъуэжым и зэран къыдокI. – Кургъуокъуэ тэлайкIэ щымри: – Тыркум, Кърымым, е Идарыпщым и малъхъэ ИванкIэ зэгуэр дгъэблэгъауэ щыта Урысейм сахуеплъэкIыну къыпфIэмыщI. Я къэрал ухуэкIэращ абыхэм щапхъэу къатепх хъунур. Дэри дыхуэныкъуэщ апхуэдэ къэрал кIуэцI Iуэху зехьэкIэм. Къэбэрдейм, гъуэрыгъуапщкIуэ дыджэгуурэ, пщы уэ-

лийхэр къыщызэдыдогъажэ. Еплъыт къэрал гъунэгъухэм, Европэ жыжьэм – абыхэм я тетхэр зи къалэным хуэIэижьу, унафэшхуэхэр зыIэщIэлъ пщы е пащтыхьхэщ. Апхуэдэм, гува-щIэхами, дэри дыхуэкIуэжынущ. Плъагъуркъэ иджыпсту ди зэхэтыкIэр – унафэншэ жылагъуэщ, дэтхэнэри езым и щхьэ хуэпщыжщ. Уеблэмэ мо лъхукъуэлIыр, мо Къарэжь, уи уанэгу итIысхьэну хэтщ! ЩIалэгъуалэм фэрыщIыгъэкIэщ адыгэ хабзэ зэрызэрихьэр, кIуэцIыкIыщIэкIэ ихьыр – фыгъуэмрэ губжьымрэщ... Нэхъыжьхэр хуэм-хуэмурэ тIэщIокI. Зы IэштIым лъэщу лъэпкъыр зэщIэзыкъуэн Iэпщэ адыгэм къытхэмыкIмэ, хэт дяпэкIэ Къэбэрдейр зыхъумэнур? Егупсысыт иджыпсту ди Iуэху зыIутым: Тыркур, кърым тэтэрхэр, нэгъуейхэр зэгухьауэ, зауэдзэ тхуагъэшэс! А къарум пэлъэщыну Къэбэрдейр, зылI и жыIэ щIэмыувэмэ?

Къэзанокъуэр пщы уэлийм хуэарэзыуэ Iуплъэри:

– Тет зимыIэ къэралыгъуэ щыIэкъым, дауи...

– ЩыIэщ, Жэбагъы, щыIэщ, – пщы хасэ нэужьым гупсысалэ хъуа ХьэтIохъущокъуэр пIащIэу иджы пэроуэ и псэлъэгъум, – къащтэ Къэбэрдейр...

– Къэбэрдейр – къэралыгъуэ? – Жэбагъы и набдзэ Iув къуаншэр дригъэуейри, къэуIэбжьауэ, пщы уэлийм Iуплъащ.



– Къэбэрдейм хуэдэ къэрал уигъэлъыхъуэжынт, пщыхэм яку апхуэдиз зэпэщIэсэ-сэпауэр имылъатэмэ! Уэ фIы дыдэу къыбгуроIуэ сэ зи гугъу сщIыр. Уэ езыми пхузехьэнут Къэбэрдейр, нэхъыжьхэр фщхьэщыкIыжу щытмэ, – ХьэтIохъущокъуэр нэхъри жьэнахуэу къызэщIэплъэрт. – Къэзанокъуэхэ я лIакъуэр къыщежьа Шэрджэс Ипщэм зэгурыIуэ нэхъ илъ уи гугъэ? Къысхуэгъэгъу, уи уэркъыгъэм хузиIэ пщIэм сыжьэхэуэIуамэ... Зыри жыпIэркъыми, Жэбагъы. Пхузехьэнутэкъэ пщы уэлиигъуэр?

Къэзанокъуэр, дауи, щыгъуазэт Шэрджэс Ипщэм къыщекIуэкIхэм. Арат ХьэтIохъущокъуэм и псалъэхэм, сапэ жану, Жэбагъы и гущхьэр щIыхабзари. ИтIани, пыгуфIыкIыфащ лIыр:

– Хэхэс ныбжьэгъукIэ укъызэщакъыми, ари гурыфIыгъуэм щыщщ, зиусхьэн. Пэж ухуеймэ, Къэсей хьэжым и жыIэу, мы дуней хьэхум цIыху псори дыщыхэхэсщ. Ди закъуэкъым. Алыхьым хуэлажьэу щIым тет адрейхэри – хэхэсщ. Къэбэрдеи, кIэмыргуеи, бжьэдыгъуи, абазэхи, шапсыгъи – псори адыгэщ, зы диным иту. Мыдэ, Бэрокъуэпщырщ а ислъам диным емызэгъар... Джылахъстэнейхэм я пхъур куржыпщ Вахтанг VI щратым, Бэрокъуэр, чристаным дихьэхри, и къуажэм члисэ щиухуат. Иджы гушыIэ IуэрыIуэдзу къахуэнащ: «У-Борыкъуей, хьэмэрэ умуслъымэн?»

– Къэсей хьэжым ар зэхихмэ, мыувыIэжу къыдиудэкIынщ, – мэдыхьэшх Кургъуокъуи, ауэ зэуэ нэщхъей къохъуж: – Аращ-тIэ, хамэ пащтыхь уипхъу ептмэ, къыпщIэкIуэнкIэ хъунур... УмыгъэщIагъуэ ар, Жэбагъы. Сщыгъупщауэ аракъым ХьэтIохъущокъуэхэ япхъу кърым хъаным и щхьэгъусэу зэрыщытар. И адэжьыр игъеижыну къыщыкIуэжым абы къытхуздиша хъаныдзэ щхьэ мин тIощIым

дыкъафыщIыхьат, Iулъхьэ-тыхь хахыурэ! Идархэ урысыдзэ кърашатэкъэ Къэбэрдейм?! Сщыгъупщакъым зэгуэр джылахъстэнейхэр, Иван пащтыхьым и дзэр зыщIагъуу, Къэбэрдеишхуэм къызэрезэуари. Сщыгъупщэркъым шэрджэс щхьэгъусэ зи унэ ис Ахьмэд султIаным кърым хъаныр къызэрыдиуштри. Дэ, езыхэм, ди бжыкIыщхьэ зэхуэдгъэдалъэурэ, адыгэ дунейр бжэныцрэ хьэцыпэу иткъухьащи, емынэми зэщIикъуэжынкъым. ЖыIэт, сыт иджы тщIэнур? Сыт хэкIыпIэу диIэр?

– Зыщ хэкIыпIэр.

– Сыту? СынодаIуэ.

– ЖысIэмэ, уигу иримыхьынкIэ...

– Дигу иримыхьын защIэщ мы дунейр. ФIымэ, щхьэпэ тхуэхъунщ, Iеймэ, тшэчынщ.

– Иджыпсту, къуэкIыпIэм Къэжэрыр къыщытхуэдалъэрэ, къухьэпIэм Тыркумрэ Кърымымрэ къыщытхукъуэплъмэ, зэгуэр Идархэ къыдэзыхыжа Урысейрщ дэри Iэмалу къытхуэнэжыр..

– Къэзанокъуэ, уэра ар?! Адыгэ пыIэ пщхьэрыгъыу?..

– Си псэм жиIэр пхуэсIуэтащ, зиусхьэн, сыхэбгъэзыхьати.

«Шэч хэмылъу, игу сеуащ Жэбагъы. Ауэ езыри захуэ? Идархэрэ абы я урыс малъхъэмрэ си щапхъэу сежьэжынуи!»

ЗэрыпIейтейр хэIущIыIу мыхъун папщIэ, псалъэхэр зэпиш хуэдэурэ пщы уэлийм кърегъэжьэ:

– Идархэ я урыс накъырэм сыдэуфэразэурэ си дини, си унэцIи схъуэжу, «Иван»-кIэ къызэщхэу сыдэувэжыну ухуейуэ арат?

– Урыс накъырэм, зиусхьэн, узэрепщэм елъытауэ, адыгэ къафэ къыпхуигъэкIынущ. Уи цIэ-унэцIэрщи, зыми ухигъэзыхьыркъым пхъуэжыну. УзэрегуакIуэщ. Мыдрейуэ, урыс пащтыхь Пётр и чэнджэщэгъу уи унэкъуэщыр, иджыпсту Урысейм къызэрыщацIыхур Бекович-Черкасский Александр жиIэущ.

– СытыбзэкIэ псалъэрэ а зи унэцIэр зыхъуэжа си унэкъуэщыр?

– Зи гупкIэ пысым и псысэ еIуатэ, жыхуаIэращ... Зыхэсхэм я бзэкIэ мэпсалъэ. КъызыхэкIам и бзэри, хэбгъэзыхьмэ, щапIа Кърымым ейри щыгъупща хъункъым, дауи...

– Диныр-щэ?

– Уэ дауэ уеплърэ? – дыхьэшхыпцIыр и пащIэкIэ щIегъапщкIуэ Жэбагъы. – Псоми тхъуэжащ диныр: тхьэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэм делъэIурти, иджы тыншу... зы закъуэщ дызэлъэIун хуейр, Къэсей хьэжым и жыIауэ, КъурIэныр къытхуезыгъэхауэ, бегъымбархэр зи лIыкIуэ Алыхьырщ! ХьэрыпыбзэкIэ дыуэ дощI, адыгэпсэкIэ допсэу. Пэжщ, ди ефэндым (Чэбэм кIуэнути) хьэрыпыбзэ зригъэщIауэ КъурIэным къоджэ, зэджэр къыгурымыIуэми. Ди гъунэгъу муслъымэнхэми апхуэдэ дыдэщ я зэхэтыкIэр.

– Пэжщ, пэжщ, – нэгъуэщI гупсысэ уэрым зэрыдишэхар нэрылъагъуми, Жэбагъы жиIэм дежьууэ зещI Кургъуокъуэ. – ФIыуэ дыкъалъагъуу пхужыIэнукъым бгылъэ щIыпIэхэм щыпсэу балъкъэрхэм, ауэ ахэр ди гъунэгъущ, икIи абы зыри пхуещIэнукъым. Уэ езым жыпIаи:

«Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ, жыхуаIэращ, ар пхуэгъэпщкIунукъым». ГъунэгъукIэ гукъеуэ диIэнтэкъым, ауэ а къысхуэбгъэлъэгъуа хэкIыпIэ закъуэр сфIэдзыхьщIыгъуэджэщ. БлэкIам дгъэзэжыну ара-тIэ аргуэру?.. СщIэркъым. Жэуапыр си хьэзыркъым.

– Зиусхьэн, Урысейм дэрэ ди зэкъуэтырщ зи гугъу сщIыр.

– Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ дэкIащ. Пащтыхь зыбжанэ дунейм ехыжащ. Сыт хуэдэ зэкъуэт иджы къэдужьгъыжынур?

– КъэралитIым е лъэпкъитIым тхылъымпIэм тету зэращIылIа зэкъуэтыныгъэр тхыдэ дэфтэрщ. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэр езыр-езыру кIуэдыж хабзэкъым.

– А уи гугъэр фIыт, ауэ сэ си фIэщ зэрымыхъурщ...

... Жыжьэу къыкъуэкIа шууитIым щIалэ цIыкIухэр «къущхьэ! къущхьэ...», жаIэурэ зэрызехьэу пежэжьащ. Сабийхэм якIэлъыплъурэ Кургъуокъуэ и бейгуэлым йоупщI:

– Къэхъуар сыт?!

Пщы уэлиймрэ Жэбагъырэ зыIут псы IуфэмкIэ дадзыхри, шухэм хуэм защI. Сэбаншрэ Къарэжьрэ абыхэм япожьэри, шхуэмылакIэр къыIахыурэ, лъэрыгъыр яубыд, кърагъэпсыхыну. Арати, литIым я нэхъыжьыр къопсалъэ, адыгэбзэри къущхьэбзэри зэхитхъуэурэ:

– Сэлам алейкум, къэбэрдей пщы уэлий. – Пщым сэлам къыщрихыжым, абы адэкIэ пищащ – жиIащ къащIыхуеблэгъам и щхьэусыгъуэр: – Ди Урысбий Хьэзрэт и щIалэм къешэри, мы мэремыр мыхъумэ, къэунэхуну мазэм и япэ мэремыр икIмэ, къыкIэлъыкIуэну мэремым хьэгъуэлIыгъуэм фрегъэблагъэ. – Ар жеIэ, йокIуэтыжри, и уанэгу зрегъэзэгъэж.

– Фи Iуэху фIы ирикIуэ, зиусхьэнхэ! – жаIэурэ, къыздеха къурш задэ лъагъуэмкIэ яунэтIыж шухэм.

– Плъагъуркъэ ди гъунэгъухэр... зыгуэр къыбгурыIуа абы жиIам щыщу? – мэдыхьэшх ХьэтIохъущокъуэр. – Дэтхэнэ мэремыра-тIэ я хьэгъуэлIыгъуэр зытраухуар?

Жэбагъы погуфIыкI:

– Сыщымыуэмэ, мэрем къакIуэр мыхъуу, мазэщIэм и щыпэ мэремыр икIмэ, къыкIэлъыкIуэну мэремыращ.

– Дауэрэ зэхимытхъуами, дыкIуэнщ нысашэм. Къуршым щакIуэ дыщихьэкIэ, Хьэзрэт ныддежьэ хабзэщ. Къурш гъуанэм ис къущхьэ-тэтэрхэр лъагъуэ кIуапIэхэм фIыуэ щыгъуазэщ. Ди адэр щакIуэ дэкIмэ, Хьэзрэт и адэр здришажьэу щытащ. Зэгуэрым, сощIэж, щIы IэгупIэ тIэкIуи яхупичат ди адэм, мыри жриIат: «Зэманыр щыхьэлъэм деж узыщыгугъыну щыIэр уи гъунэгъурщ».

Жэбагъы, пщы уэлийм здеплъым, игукIэ егупсысырт: «Апхуэдэ псапэ уэри блэжьыну ухэмыт закъуэ!»

Къэзанокъуэм и гурыщхъуэхэм къахэзэрыхьащ жылэр шэджагъуэ нэмэзым хуэзыгъэуш Къэсей хьэжым и азэн джэ макъыр.

## VI

Адыгэ-шэрджэсхэм я хьэщIэщыр щхьэхуэу щытщ: унэрысхэр щыпсэу унэмрэ Iэщыр щаIыгъ бэкхъыIуэмрэ я зэхуакум, куэбжэ дыхьэпIэшхуэм нэхъ пэгъунэгъуу, щаухуэ. Тэхъуанащхьэщ хьэщIэщыр. ГупэмкIэ къэгъэза блынджабэм и кIыхьагъкIэ къыIутщ пкъоищ зыщIэгъэкъуа кIэлындорышхуэ. Лъэныкъуэ зэпэзанщIэу, бжэ щIыхьэпIитI иIэщ. И бгъуитIымкIэ бжэ зырыз хэлъщ, хьэщIэщым ущIишэу. ГупэмкIи щIыбагъымкIи щхьэгъубжэ тIурытI хэлъщи, пэшыр фIы дыдэу къагъэнэху.

ПлIанэпэм дэтщ чы-бжэгъу лантIэ зэщIэяр зи Iугъуэ кIуапIэ жьэгур. А жьэгум мафIэ щащIмэ, хьэщIэщыр нэхъ Iэхуитлъэхуит хъуауэ къыпщохъу. ЩIыIэр къэсмэ, абыкIэ ягъэхуабэ зэрыхьэщIэщу. Жьэгу дапхъэм, нэгъуэщI хьэпшып-хьэкъущыкъухэм ящIыгъуу, тетщ пхъэупсахуэрэ пхъэ ласкIэрэ зэрылъ чы матэр. ПлIанэпэм дэтщ дэп маскIэ ужьыхыжхэр зэрагъэбатэ пэрыIэбэр.

Жьэгум пэгъунэгъуу шэнт щхьэгуитI щытщ – мафIэм пэрысу мэуэршэр хьэщIэхэр, бысымхэр.

Блын щхьэгъубжэншэм алэрыбгъу фIэлъщ, абы и инагъыр зэлъытар унагъуэм и хэхъуэрщ: зыхузэфIэкIым алэрыбгъушхуэ фIедзэ, зи мылъку нэхъ мащIэм и алэрыбгъур нэхъ есщ. Блынджабэр игъэдахэ къудейкъым алэрыбгъум – абы и щIыIукIэ фIадзэ хьэщIэщым и набдзэу къалъытэ Iэщэр: сэшхуэрэ фокIэщIрэ зезымыхьэр адыгэкъым.

Адыгэ-шэрджэсхэм я Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыд щIыкIэ Iэщэ зыкIэралъхьэ. Къамэ зехьэныр елъытакъым пщыгъэм е уэркъыгъэм. Ар лIым и фэилъхьэгъуэхэм ящыщу къыдекIуэкI хьэпшыпщ – щылажьи, щефэ-щешхи, зыщигъэпсэхуи, джэгу щыхэти, уеблэмэ – щыжеи (и пIэщхьагъ щIэлъщ) зыкIэрихыркъым. Къамэр и нэщэнэщ лIым и зэфIэкIым, и пщIэм. ХьэщIэщ блын алэрыбгъухэм къатещ Iэщэфащэр бысымым и щхьэм далъагъу пщIэ-нэмысщ.

Адыгэ хьэщIэщ плIанэпэм лъэныкъуэегъэзу дэтщ щхьэнтэшхуитI зэрыс гъуэлъыпIэ зэлъыIуха. Абы лъэгурыдзу алэрыбгъу цIыкIу бгъурылъщ. Блынхэм къадекIуэкI тетIысхьэпIэ кIыхьхэр хьэщIэр зылъагъуну къакIуэхэм япоплъэ. Зэи ерыскъыншэкъым хьэщIэщыр, Iэнэ лъакъуищымрэ шэнт щхьэгуэхэмрэ (нэхъыжьым и шэнтыр нэхъ щабэщ) ныш я щыпэлъагъукъым.

Адыгэ-шэрджэс хьэщIэ и щIасэщ, а хьэщIэр хэту щымытми, адыгэ хабзэ ткIийм тету ирагъэблагъэ, ягъэхьэщIэ, ирагъэжьэж. А Iуэхугъуищыр екIуу зэфIумыгъэкIыфу уи напэр зытепхыжыныр ажалым нэхърэ нэхъ Iейщ. «Напэм и пэ псэр ихуэ» – аракъэ жиIэр адыгэ псалъэжьым.

ХьэщIэщхэм я зэлъыIухыкIэри, я ерыскъы зехьэкIэри зэщхькъым. Щхьэж и унагъуэ зэфIэкIым елъытащ хьэщIэщым и теплъэр. Елъытащ и мылъкум, жэмыхьэтым щиIэ пщIэм, езым и жылагъуэ къулыкъум е IэщIагъэм... Пщым и хьэщIэщыр ещхькъым уэркъым ейм,

уэркъ хьэщIэщри ещхькъым лъхукъуэлI хьэщIэщым.

Шэджагъуэ нэужьым къуршым къехыжа Шурдым Жанхъуэт уанэшым Iэпслъэпсыр къыпщIэхихщ, езыри зэсэбауэри, унэм щIэмыхьэжу, хьэщIэщымкIэ иунэтIащ.

Бысымым зэрихабзэу, бжэр Iуихри щIэплъащ хьэщIэщым: сыт щыгъуи хуэдэу, ар къабзэщ, жьэгумкIэ хуабэ къреху, куэд щIа хъунщ мафIэ зэрыращIэрэ. Гъатхэ дыгъэ къухьэжым и бзийхэр щхьэгъубжэм къодэхащIэ. Пырхъуэмкlэ къиIукI лъэ макъыр зейм хуемыплъэкI щIыкIэ, Жанхъуэт щIэупщIащ:

– Уэра ар, щIалэ?

– Хьэуэ, Елэнкъым ар... Сэращ, – къоIу щхьэгъусэм и макъ щабэр: – Ар иджыри къэтщ Джылахъстэнейм зэрыкIуэрэ... Согузавэ.

– И гъусэхэр къекIуэлIэжа а къэтым?

– Хьэуэ, хьэуэ. И закъуэ дауэ закъыкIэригъэхунт...

– НтIэ сыт?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, дунейр зэхэзэрыхьащи...

– Узэджэр къокIуэ, Шурдымхэ я нысэ, Iейр къыумышэу, нэхъыфIымкIэ гупсысэ. И гъусэхэр зэрыхъуу, езыри хъунщ. Махуэ псом си джий гъавэ ехакъым. Хьэзыр щыIэмэ, къэхь.

– Сыт щIыщымыIэр, Iэнэр щытщ. Ауэ... ахъшэмыр къохьэ. Къэсей хьэжыр азэн джакIэщ. Уоу, Алыхь, нэхъыфI къыдэти, Iейм дыщыхъумэ, ди щIалэ закъуэр узыншэу къытхуэхьыж, нысащIэри, узыншэу, кIэпсфэпс къабзэкIэ зэIэпых.

Къубгъаным къиж псымкIэ и Iэхэр зэригъэIуэтурэ, Жанхъуэт фIэфIыпсу щIэдэIурт щхьэгъусэм къипсэлъхэм. ЩIалэм папщIэ зэрыгузавэри, нысэм щхьэкIэ Алыхьым зэрелъэIури и гуапэт, ауэ Къэсей хьэжым и цIэр щызэхихым, зыхуэIыгъыжакъым:

– А сохъустэ ныкъуэм и цIэр ухуэсакъыпэурэ зэрыжыпIэм ещхьу, игъащIэм сэ си цIэр къыупсэлъакъым уэ. ЩхьэлъащIэ гупыр дауэ фыкъыдихьэхынкIэ хъуа абы? И-и?!

– КхъыIэ, дотэ, сынолъэIу, Алыхьым деж нэмысын псалъэ уи Iупэ къыумыгъэкIу. Зыгуэрым узэхихмэ, ислъам диныр зыIыгъхэм, пщы уэлий гуащэшхуэр псом япэ иту, зэхэзехуэн уащIынщ.

– Иджыпсту ди закъуэщ. Сэ жысIащ – уэ зэхэпхащ. Адрей зи бзэ хуимытыжхэр сэ си псэлъэгъукъым... апхуэдизу ущыгузавэкIэ, нэмэзыр унэм щысщIынщ, мэжджытым сыдэмыкIыу.

– НэхъыфIт, мэжджытым укIуамэ.

– Уэ, АфэщIагъуэхэ япхъу, сэ сщIапхъэмкIэ сумыущиижу, нэмэзлыкъыр къэхь мыдэ.

ЛIым и хьэл IуэнтIар зыщIэ бзылъхугъэм:

– Уэ зэрыжыпIэщ, – жиIэри ину, игукIэ щIигъужащ: «ИтIани, нэхъыфIыр аратэкъэ, жэмыхьэтым уахыхьэу, мэжджытым укъыщалъэгъуатэмэ!»

Пщыхьэщхьэ Iэщыр ягъэзэгъэжри, гъунэгъулIхэр щызэхуэсащ Шурдымхэ я хьэщIэщым. Нэхъ щIалэIуэу яхэтитIыр бжэм нэхъ пэгъунэгъуу еувэкIащ. Нэхъыжьхэр здызэхэсым щIалэгъуалэр

щытIыскъым. Ар хабзэщ. ХьэщIэщыр нэхущ: уэздыгъэр маблэ, мазэгъуэ нурыр щхьэгъубжэм къыдопс. Хуэм-хуэмурэ хьэщIэщ кIуэцIыр зэщIищтащ езыр-езырурэ яшыхьа тутын зэфэм къапих Iугъуэм. ЦIыхухъухэм ящыщ зы къопсалъэ:

– Тутын Iугъуэм дигъэплъэжыркъым, нэхъ мащIэу фефэ мыхъуну пIэрэ?

– Дэ демыфэу зыхуэдгъэшэчыфынут, Дэмдей, уэ уи тутыныр мыхъуамэ. ФIы дыдэщ мыр...

– Ар фIыкIэ фIыт, ауэ тутын Iугъуэм ди пэр икудащ, – къэгубжьаифэу гъумэтIымащ Къундет набдзэ фIыцIэр, икIи адэкIэ пищащ: – Уи тутыныр, Дэмдей, апхуэдизкIэ фIыщи, ди гум жьы дрегъэху. Дэнэ мыр къыздипхыр? КъыджепIатэмэ, дылъэс-дышуми, дыкIуэнт. Шыд дытесу къэтлъыхъуами, зэдгъэгъуэтынт.

– Шыи умышэс, Къундет, абы щхьэкIэ, шыди умылъыхъуэ, лъапэриси умыхъу. Мо уи гъунэгъу Жанхъуэт еупщIи, къыбжиIэнкIэ хъунщ. Ауэ къыпщибзыщIмэ, къуаншагъэр сэ къызощтэ.

– Дэмдей, мыбы щэху гуэри хэлъу щыткъым, – игъэгувакъым жэуапыр Жанхъуэт. – Уэри, Къундет, пщIэуэ къыщIэкIынщ мы тутыныр къызыхах къэкIыгъэр къыщыбгъуэтынур... Ауэ пэжыр фщIэну фыхуеймэ, сэ ар сыбзыщIынкъым: модэ Уафэбгыкъу адэжкIэ Къущхьэхъу мэкъупIэхэм щызощIэ мы иджыпсту фызэфэр. Хьеймащэ щызощIэ... абы зы бамэ щыIэщи!..

– Мис ар хъуащ! – къыхокIиикI Къашыргъэ гъукIэм и уадауэ Дэмдей. – НтIэ, сэри сыкъевгъафэт а тутыным.

ЩIалэгъуалэр зэплъыжурэ, щэхуу иридыхьэшхырт Дэмдей и гушыIэ еншэм. Абыхэм нэхъыжьыIуэу яхэт Быж Нэгъур, зытэлайкIэ а псалъэмакъым щыму щIэдэIуа нэужь, къэпсэлъащ:

– Къашыргъэ, зы хъыбарыфI дыкъебгъэдаIуэркъэ, «хьэщIэщыбжэмрэ хъыбар бжыкъурэ» жыхуаIэращ, зиунагъуэрэ...

– Нэхъыжьым игъуэу къыщыплъытэкIэ, бжыкъури дубыдынщи, пкIэунэми дыдэпщеипэнкъым. Хъунщ, бжесIэжынщ хьэжым къыщыщIар. Мы си хъыбарыр хьэжым деж нэсыжмэ, мы дунейм сытрихужынщ, ауэ, итIани, вжезмыIэжу хъунукъым, – гушыIэ IуэрыIуэдзым гупыр уэру пэдыхьэшхыурэ хьэщIэщыр щым щыхъужым, гъукIэм хъыбарыр ирешажьэ:

– Мыр къызыщыщIар фэрмыра икIи сэрмыра, атIэ хьэжымрэ мыдрисэм щеджэ сохъустэхэмрэщ. Зэгуэрым, Хъуэжэ и жэмыбгъэ бжьакъуэ кIэрэфыжьыр хъуакIуэ дихуат. НэбгъузкIэ жэмыжьым хуеплъэкIыурэ, Хъуэжэ мэщхьэукъуэ, кIэрэфыжьыр зи бжьакъуэри щхьэхынэу гъуэгунапщIэ удзым щохъуакIуэ. Сохъустэ гуп шууэ блэкIырти, Хъуэжэр къацIыхури, фIэхъус кърах:

– Бохъу апщий, Хъуэжэ!

– Упсэу апщий!

Сохъустэхэм зы гушыIэрей яхэтти, и гъусэхэм нащхьэ яхуищIурэ:

– Хъыбар гуауэ къыпхуэтхьырт, Хъуэжэ...

– Дунейм гуауэ Iэджэ щызэрахьэ. СынproblemыводаIуэ.

– Пщэдей дунейр къутэжыну жаIэри, ди ныбжьэгъухэр иужь дыдэу тлъагъужыну дыкъежьауэ арщ.

– Уэлэхьи, хъыбар гуауэмэ! Сыт-тIэ иджы тщIэнур?

– Сыт тщIэнур?.. Жэми сыту пщIыжын, Хъуэжэ? ТхуэукI, дыкъэгъэхьэщIи, Алыхьым и пащхьэ дихьэжынщ зыдгъэнщIарэ ди ныбэ изу.

– НтIэ, Iуэхур апхуэдэу щытыр пэжмэ, жэми зэрысщIынур сыт? – жери, Хъуэжэм жэмыбгъэжьыр и IэкIэ къахуешэ сохъустэхэм. Модрейхэми пIащIэу запхъэх, зыщахар Iэтэу ягъэтIылъри, уанэхэр зытраха яшхэр лъэхъауэ удзыпцIэм хаутIыпщхьэ. ЗэдэIэпыкъуурэ сохъустэхэм фIагъэжа жэмыр зэIахыу лэгъупышхуэм ирагъэзэгъа нэужь, Хъуэжэ къажреIэ:

– Иджы, щIалэхэ, мэзым фыжи пхъэ къэфхьыт.

ЩIалэхэр гуфIэу мэзымкIэ мажэ. Здэжэм, Хъуэжэ ауан ящI: «И IэкIэ къишэри, жэмыбгъэр фIыдигъэгъэжащ. Дэр фIэкIа ар къызыхуэгъэпцIа щыIэкъым!»

МыдэкIэ сохъустэхэм зыщаха щыгъыни, зыкIэраха хьэпшыпи, зыр дыжьыныжьмэ, адрейр дыжьынызщIэу, Хъуэжэ зэщIекъуэри, къуэ цIыкIум щегъэпщкIу.

«ЕIуящIэ гуп! СыкъагъэпцIа къафIэщIыжу аращ иджы... Си жэмыжьым и уасэр щыкIэ гъэбэгъуауэ къыщIэсхыжаи! Фи щхьэщ къэвгъэпцIар, зинэкIэ къалъхуа гуп», – жиIэурэ, уанэ къутахуэхэмрэ къамышы зыбжанэмрэ лэгъупым кIэщIилъхьэри, мафIэ зэщIигъэстащ.

Сохъустэхэм пхъэ IэплIакIуэхэр яIыгъыу къыщыIухьэжам, лэгъупым ит псыр къэкъуалъэрт, лыри вэрт.

– Уогъавэри лыр?! Пхъэр дэнэ къипха? – ягъэщIагъуэ сохъустэхэм.

– Пщэдей дунейр къызэрыкъутэжынум къыхэкIыу, нобэ иужь дыдэу зыдгъэнщIу дышхэнущ. ДяпэкIэ сыту фщIыжын щыгъынрэ уанэрэ? Мес, мафIэ ирисщIащ. Лыри иджыпсту хьэзыр хъунущ. ФыкъэмэжэлIа?

– Сыт мыгъуэ а къыдэпщIар, Хъуэжэ?! Дыбгъэунэхъут, зэ унэхъугъуэу!

– КъызгурыIуэркъым фыщIэгужьеяр, – и нэхэр щэтегъауэ ещI Хъуэжэ. – Пщэдей дунейр къэкъутэжынущ. Зыри фыхуеижынукъым. Дывгъашхэт иджы IэфIу!

КъащыщIа щIэщхъум иригубжьауэ, бзаджэу щыIэр Хъуэжэ ирапэсри, сохъустэ пцIанэхэр шы цIахуцIэхэм тесу ежьэжащ.

Уэздыгъэ нэфым и бзий гъуэплъхэр къыдэскIэу, псори къыщиудри, ину зэщIэдыхьэшхащ. Къашыргъэ и Iэпхъуамбапщэр игъэдалъэурэ, Хъуэжэ и хъыбарым пащIэIуантIэ иритыжырт:

– Мывэ дзыкIэ зымыщIэм и натIэ къохуэж, жыхуаIэращ ар.

Дэмдей къэпсалъэри:

– Яхуэфащэр ярищIащ! Хъуэжэ и пIэм ситатэми, бетэмал... Хьэуэ, хьэуэ, жызмыIэмэ нэхъыфIщ апхуэдэм сэ есщIэнур.

– Насыпыр дэ диIэти, уэ у-Хъуэжэтэкъым, – Къундет щыжиIэм, гупыр аргуэру къыщиудащи мэдыхьэшх. Къундети ерыщу Дэмдей хегъэзыхь:

– Хьэуэ, къыджеIэт, сытыт пщIэнур, апхуэдэ уIущIамэ?

– «Хуэмыза – лIыфIщ», жи. ЖызмыIэмэ нэхъыфIщ абы есщIэнур.

– Си ныбжьэгъужьым жиIэну зыхуэмейр шытепхъуэм[1] и хъыбарым ещхь гуэру къысфIощI, – жери, Къашыргъэ нэгъуэщI хъыбар ирешажьэ: – Джылахъстэнейм къикIауэ зылI щыхьэщIэрт Къэбэрдеишхуэм. ХьэщIэм и шытепхъуэр зыгуэрым игъэбзэхащ. Мыдрейми, хэт и деж щемыпсыхми, «Си шытепхъуэр ядыгъуащ. СощIэ сэ сщIэнур», – жиIэрт. Жылэдэсхэр гузэващ: «Мы шум зы мыгъуагъэ гуэр дыхимыгъаплъэ щIыкIэ и шытепхъуэр къыхуэгъуэтыжын хуейщ... Зы бзаджэнаджэм и ягъэкIэ жылэм ди напэр зытетхыжын?» – жаIэри, къыщIауIукIащ шытепхъуэр здэщыIэр. ДжылахъстэнеилIым фIадыгъуар иратыжри, щIэупщIахэщ:

– ГъащIэм апхуэдэ гуэрхэри къыщохъу. Нэхъыщхьэраци, нэщIэбжьэ къыхэмыкIыу пIэрыдгъэхьэжащ пфIэкIуэдар. Мы зыр къытщумыбзыщI – сытыт пщIэнур шытепхъуэр къыпхуэдмыхьыжамэ?

– Уэлэхьи, сыгуфIэжу вжесIэным. Си щIакIуэр теспхъуэуэ сежьэжыну арат! – жэуап къитыжащ модрейм.

ХьэщIэщым дыхьэшх макъыр щыувыIэртэкъым.

– Си ныбжьэгъужь, – адэкIэ пещэ Къашыргъэм, – апхуэдэ гуэру къыщIэкIынт уэри а сохъустэхэм епщIэнур?

– Тебгъапсэ щхьэкIэ, ублоцIэфт, Къашыргъэ, – зыхуэмыIыгъыжу къыщеудри, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ Дэмдей мэдыхьэшх. – Аращ сэ уи цIэмкIэ сыномыджэу, «къащыкъ-шынакъжьей» щIыпфIэсщар. Урещхьыркъабзэщ, хьэлэболэжь! Хъунщ, бжесIэнщ есщIэнур: яшхэр фIезгъэгъэжынурэ, шыл езгъэшхыжынут!

– Къэбэрдей адыгэхэм шыл яшхрэт-тIэ?! – жеIэ зым.

– Сохъустэхэр адыгэт? – мэгушыIэ адрейр.

– Хьэуэ, хьэуэ, сохъустэхэр джылахъстэнейт. Хъуэжэ Бахъсэн псыхъуэ щыщ къэбэрдейт... Хъунщ ар, фащымыдыхьэшх. Шыл фшхыну фыпIэцIеижми, кърым тэтэрхэм къыфлъагъэсынкъым. Фемышамэ, иджыри зы хъыбар фхуэсIуэтэнщ бжьэдыгъухэм япщ Джэджыкъуэ теухуауэ. Зыри щIызмыгъуу, къызэрызащамкIэ физощэж ари, – погуфIыкI Къашыргъэ.

– ЖыхуэпIэр – «Сыщыжеинум деж хьэндыркъуакъуэхэр фымыгъэкъуакъуэ!» – жызыIа Джэджыкъуэпщырат? – щIоупщIэ Жанхъуэт.

– Арагъэнщ, Жанхъуэт. И пэжыпIэр сщIэркъым... Джэджыкъуэ Пщымахуэ нэхърэ нэхъ пщы залым бжьэдыгъу лъахэм имысауэ жаIэж. Джэджыхьэблэ щыпсэурт ар. ЛъхукъуэлIхэм: «ХакIуэмыхъум

[1] Шытепхъуэ – щэкI Iувым, къэдабэ сыт хуэдэхэм къыхэщIыкIауэ, шым трапхъуэр.

жылэр егъэунэхъу» жыхуаIэм хуэдэт а пщыр. Зэгуэрым, бейгуэл гъусэ щIымыгъуу, пщыр къуажэм шууэ дэкIащ. ИпэкIэ плъэри, шу гъуэгурыкIуэ къэблагъэу щилъагъум, «гъуэгум дезгъэдзыхынщ», жери игу къокI пщы щхьэзыфIэфIым. Модрейми гу къылъитагъэнт шу щэныншэм и зыщIыкIэми, къэсри, хутемыкIуэту къыпэуващ:

– Гъуэгу уиIэщи, ирикIуэ. Сэри си гъуэгу сригъакIуэ. Ухэту щытми, гъэпажэ захуагъэр. Гъуэгур тIуми къыдэлыжынущ.

– Мо пабжьэмкIэ дэдзыхи, къыспэкIухь. Гъуэгур зейр сэращ, – и пэм дыджу къопсэлъыкI пщыр.

Шу гъуэгурыкIуэр абазэхэ лъэрызехьэ Нэущхъуокъуэ Ахьмэдт. Абазэхэм къыщымынэу, адрей лъахэхэми зи лIыгъэ щыIуа лIыт.

– ЗыкъыспэщIумысэу, уи лъэныкъуэр пIыгъыжамэ нэхъыфIт, – жеIэ абазэхэм.

– Си пIэм сыкъыумышу, мо пабжьэмкIэ къекIуэкI! – пхъашэу педзыж Джэджыкъуэпщым.

Нэущхъуокъуэр шум зыкъызэрыхуищIым хуабжьу иризэгуэпат. И уанэгу исыкIэкIэ, и псэлъэкIэкIэ мо къыпэщIэувар зэрыпщыр абы къыгурыIуат, итIани, «ухэт?» жиIэу щIэмыупщIэу:

– ФIыкIэ узблэкIыну ухуэмеймэ, уилъ уи лъынтхуэ изгъэпцIыхьыжынщ уэ напэншэу хьэм къилъхуам.

Абазэхэ лIы гуащIэр зыIэзыбжьэу илъщ, пщыр зэкIуэцIипхэри, уанэ къуапэм ирикъузылIэжащ.

– ГъэрыпIи сыпхуишэнукъым, фейдэщIэхыуи сыпхуэщэнукъым, саугъэтуи сыпхуэтынукъым, – мэдыхьэшх Джэджыкъуэр. – Сэ сыпщщ!

– Сэ ар сщIакъым, ауэ уэ упщыр пэжмэ, ар нэхъыфIыжщ, нэхъ лъапIуэу усщэнщ. – Нэущхъуокъуэм пщыр зэрызэкIуэцIыпхауэ хы ФIыцIэм и Iуфэм щыIэ гъэр щапIэм ешэ. Джэджыкъуэ Iэпхлъэпхыр Ахьмэд щIы пцIанэм ирегъэтIысэхри:

– ФейдэхуэлIэу укъэсшакъым мыбы. Уэ езым хей Iэджэ мыбдеж щыпщащи, иджы уи щхьэкIэ зыхэпщIэнщ ар IэфIрэ дыджрэ.

Пщыр здэщысым къыщинэри, Нэущхъуокъуэр лъэбакъуэ зыбжанэкIэ IукIуэтащ.

Лей зытехьэ и лъэпкъэгъухэм защIигъакъуэу а щIыпIэм щызэхэзекIуэ адыгэ шу гуэр, блэкIрэ пэт, щIым щыс Джэджыкъуэр къицIыхури:

– Пщымахуэ! Сыт мы слъагъу хьэдэгъуэдахэр?! – жиIащ. – Сыт къыпщыщIар?

Джэджыкъуэри, и нэр а къепсалъэм щигъэпщкIуурэ, химкIэ маплъэри:

– СызэпрыкIыу, мобыкIэ щыIэр зэзгъэщIэну сыхуейщ сэри, – жи.

– СщIэрт зэ мыхъуми зэ ар къызэрыпщыщIынур! СщIэрт икIи абы сыпэплъэрт... Гъэр узыщIар, ар хэту щытми, нэгъэсауэ лIыщ. ЛIы дыдэ ухуэзауэ аращ, Джэджыкъуэ. Блэжьар уигъэгъуэтыжаи! – жиIэурэ щызэплъэкIым, абазэхэ лъхукъуэлIыр къелъагъури йолъэIу:

– Нэущхъуокъуэ, мы пщым уи губгъэныр къыщIихьам


8 Заказ №219

сыщIэупщIэххэнукъым, сыту жыпIэмэ, сощIэ и напэ тригъэхуэфыр зыхуэдизыр. ИтIани, утIыпщыж мы бзаджейр.

– Мыр къыщIэсшар зезгъэщIэжын си гугъэу аращ. НэгъуэщIхэм я щхьэр мыукIытэу зыщэф мы Iиманыншэм пщылIыпIэр и щхьэ-и псэм ирикIуэну къелэжь...

Апхуэдэу жиIа щхьэкIэ, Нэущхъуокъуэм Джэджыкъуэпщыр Бжьэдыгъум ишэжри, а зэрызэкIуэцIыпхауэ и жылэ ибгъу щыпигъэщэтыжащ:

– Нэущхъуокъуэ, сыбукIамэ нэхъыфIт мыпхуэдэ пудыныгъэ къызэпхауэ, сыбутIыпщыж нэхърэ.

– Зэгуэр шы ушэсыжрэ гъуэгуанэ утехьэмэ, уи лъэныкъуэм зыдэIыгъ. ПщIэнукъым иджыри узыIущIэнур! – жиIэурэ, пщыр пхыру къигъанэри, абазэхэ лъхукъуэлIыр и шым елъэдэкъэуащ.

ХьэщIэщым щIэсхэр япэм хуэдэу дыхьэшхыжтэкъым иджы. Щымт гупыр. Быж Нэгъур къэпсалъэри:

– Къамыгупсыса хъыбар жыхуаIэм хуэдэщ ар. Адыгэ гъащIэм и зы теплъэгъуэщ. ДэркIэ яублакъым, дэркIи яухынукъым. Джэджыкъуэ Пщымахуэ игъэпудар и щхьэт. «Пагэм и блыпкъ-блащхьэ къутэгъуафIэщ» – жиIэртэкъэ пасэреймм... Насып дэ диIэти, ХьэтIохъущокъуэпщыр гурыкъ щхьэзыфIэфIкъым.

– Дагъуэншэу къыщIэкIынкъым ХьэтIохъущокъуэпщри... – башыр джафэу иупсурэ, псоми зэхахын хуэдэу гъумэтIымащ Къашыргъэ гъукIэр.

Зыгуэрхэр къэуIэбжьауэ зэрызэплъыжам гу лъитэри, мащIэу трилъэщIэж щIыкIэу, Къашыргъэ жиIащ:

– Къэсей хьэжым и жыIауэ, мы дуней нэпцIым теткъым гуэныхьымрэ щыуагъэмрэ яхуэхей. Жагъуэгъури уи дагъуэхэм зэи блэплъыкIыркъым. Си ныбжьэгъужь Дэмдей и псэлъафэщ: «Жагъуэгъущхьэрэ мывэ пIэщхьагърэ».

Дэмдей псалъэ кIапэр ипхъуатэри, нэгъуэщI гупсысэмкIэ ириIуэнтIэкIыу:

– Къашыргъэ Iущышхуэ! Хъыбар дыхьэшхэнхэр уи куэдтэкъэ уэ? Моуэ, зэ-тIэу дыкъэгъэдыхьэшхи, итIанэ щхьэж и унэ – бжэн лъакъуэ!

– Мыдэ, ныбэхуэфIым и зы хъыбар вжесIэнщ, иджыри фемышамэ... Зы ныбэ быхъу гуэрым къыIурыцырхъащ я гъунэгъум тхьэмщIыгъуныбэ ягъавэу. Хэтыт зыфIэмыфIыр тхьэмщIыгъуныбэ?! – Къашыргъэ щыжиIэм, гупыр, и акъылэгъуу, зэщIэгъуэгъуащ.

– НтIэ, а тхьэмыщкIэжьым гъунэгъумкIэ нэцIакIуэ зрырегъэхьэкI. ЩIыхьащи, и гурыIупсыр ирегъэнэхри щысщ, щагъэшхэнур къыхуэмыгъэсу. ТIэкIу къыпыуэршэрыкI хуэдэуи зещI, арщхьэкIэ и ныбэр къызэрыкъуалъэр нэхъыбэщ, къипсэлъым нэхърэ. Ауэрэ Iэнэр къахьри, къахьар джэш хьэнтхъупсщ... мырамысэ щIыгъуу! НыбэрицIэм, и хьэкIэ псым хэуауэ, и нэхэр гуауэу щIрегъэлъафэри:

– Ныжэбэ кIуам пщIыхьэпIэ Iей си нэгу щIэкIащ, си гъунэгъужь.

– Хьер Алыхьым ищI. КъыджеIэж, къытхуэIуатэ.

– Блэхэм сыкърахуэкIырт. Ауэ сытми пIащэт ахэр! Моуэ... мо

жьэгущхьэм къелэлэх тхьэмщIыгъуныбэхэм хуэдэнт я гъумагъкIэ...

– Умыдзыхэ, си гъунэгъужь, жагъуэгъу уи куэдщи, аращ пщIыхьыр зыхуэплъэгъуар.

– Абы ирихьэлIэу, – пещэ жызыIэжым, – нэгъуэщI зы Iэни къыщIахьэ: щIакхъуэ хъурей пIащIэхэр телъРэ фоупси къабгъэдэтыжу. Ар щилъагъум ныбэхуэфIым игу зэуэ къызэрогъуэтыжри:

– Уэ сщIэркъым, ауэ сэ мо джэш хьэнтхъупсымрэ мо тхьэмщIыгъуныбэмрэ сшхы нэхърэ, мы щIакхъуэ пIащIэр нэхъ къызощтэ.

И ныбэ быхъум щIакхъуэр ириубэм, фоупсыр трифыхьыжурэ, здэщыIэри щыгъупщэжауэ къыщIэкIынти, и бысымым иджы зыхуегъазэ:

– Едзакъэ, зиунагъуэрэ, едзакъэ, узрихьэлIэ шхыныфIщ. Мы унэр зейм игу пыкIыу итыфым нэхърэ тIукIэ нэхъыбэ къыхэхъуэу тхьэм игъэпсэу.

## VII

ЩIэплъыпIэ нэзым дарий кхъуакIэу къыпыщэт дыгъэ гъуэплъышхуэм Бахъсэн псыхъуэр зэпилъащIэурэ иджы лъагэу зеIэт. Iуащхьэмахуэ и щыгу дыкъуакъуэм лъэтхьэмпэ-лъапэпцIийуэ йонтIэIури, дыгъэр мылылъэ ткIугъэмрэ псыхьэлъахуэ ужьгъыхумрэ[1] гъуахъуэу зыIурызылъэфэж Бахъсэныжь йоплъакIуэ. Гъатхэщ!.. Уафэ къундэпсом шащхьэ тхъурымбэху щызопщыпщэ уэшхылъэ пшэ бырыбхэр. Уафэ напщIэхъым лъагэу щохуарзэ гъатхэнэм зыхэзышытIэ къуршыбгъэхэр. Жьыбгъэ Iубыгъуэр дамэ лъэщхэмкIэ зэгуахуурэ, дыгъэ шэджэнэплъыр абыхэм хурзалэу къауфэрэфыхь.

ЩIым и гурыфIыгъуэщ: жыгей лъэдакъачэ вэгъухэм я лъабжьэм щоулъэпхъащэ цыжьбанэ зэрыбын, мышхумпIэхэр, удз лъэдакъэжь щIыIэрысхэр къалъыхъуэу. Гъатхэ махуэм къигъэбырсея жэщхэс жьындум и джэ макъыр батыргъэнылъэм къыщоIури, зэуэзэпсэу мэбзэхыж. Дунейм и гъэзапIиплIри гъатхафэщ.

КъущхьэхъущIыр зи жьантIэ Уафэбгыкъу Iуащхьэжьым иджы зэщIэгъэгъэн щIидза къудейщ. Iуащхьэ лъапэм щIэлъ IэхъупIэ куэщIхэр къэщхьэлъэн хьэзыру хъуэпсащ. Губгъуэ джэдгынымрэ фоку гъуэжьыбзэмрэ иджыпсту я фIыгъуэ дыдэщ.

Уафэбгыкъу и Iэхэлъахэм дыгъуасэ щакIуэ къикIыжа пщы уэлийм, къуршхэм я мамыр лъэщыр псэкIэ игъафIэурэ, гъавалъэ тафэмрэ мэкъупIэ бгылъэмрэ къызэхеплъыхь. Сытуи тхъэжыгъуэт мы гъащIэ даущыр!.. Сытуи гъэнщIыгъуэт мы гъатхэ дунейр! Кургъуокъуэ йогупсыс лъахэ гъунапкъэншэм щащIэну зыхунэмыса жыг хадэхэм, зэпелъыт пхъэIэщэдзэм иджыри зэщIимыгъэлъа щIы гъабгъэхэр... IуэхуцIыкIу-Iуэхушхуэу нобэрей хьэкъкIэ пщэдейм къыхэплъхэм я дэтхэнэ зыри сыту гурыфIыгъуэт, Тыркумрэ Къримымрэ я дауэ-да-

[1] Ужьгъыху – древесная вывелочь.

лъэр лъыпсыдзэ уэщыжь Iэтыгъуэу къащхьэщымылъатэмэ.

Пщы уэлийм аргуэру зэригъэзахуэр: хасэри зэхыхьат, унафэри зэгурыIуэу къащтат, тепсэлъыхьыжат, ауэ зы Iуэхуи ипэкIэ кIуатэркъым. Зыми зихъуэжыркъым. ЗыщIыпIэ деж щызэщылъэдащи, зикI, зэрыкIыжыркъым. Зэм-зэми ХьэтIохъущокъуэм къыфIэщIырт, езым къищынэмыщIа, нэгъуэщIу псэ зыIут а Iуэхум иримыгузавэу, хэкIыпIэ къэлъыхъуэнри езы пщым и щхьэзакъуэ тезыру. Ар нэхъыфIуи къыщIэкIынщ. Iэхъуэншэу, дауи, хъушэ щыIэнукъым. Уафэбгыкъу Iуащхьэжьым и хьэуа мамырым мо къуршыбгъэхэр къызэрыхэкIуэтым ещхьыркъабзэу, а Iэмал щхьэрыуар зэгуэр гъуэбжэгъуэщу къыхэсыкIынущ щхьэзакъуэ гупсысэхэм.

«ЗэрыжаIамкIэ, тырку сулътIаныр къыдэIэпыкъуурэ, хъаным зауэлI мин пщIейм нэблагъэ игъэшэсынущ, – зэрегъэзахуэ, мафIэм хэплъэурэ, пщы уэлийм. – Аращи, ди зы шууей къэс – къым зауэлIу и къыпоув!

Бийм къару зэкъуэткIэ нэхъри дыкъигъэлэнджэну хэтщ. Егъэлеяуэ куцI къару гуащIэ ухуейщ апхуэдэу уэру зэрыубыда къанлым упэщIэувэн щхьэкIэ. КуцI къару... Си хьэрычэтым щыму къыхукъуэплъу зэхэс ди шупашэхэмрэ ди лъхукъуэлIхэмрэ-тIэ а гуащIэмкIэ сызыщыгугъынур? – игу хэщIу мэщатэ аргуэру пщыр. – ИтIани, дапхуэдизу IэштIым лъэщ бийм къызыкъуимыхами, абыхэм якъуэмылъ гуэр дэ диIэщ – дищIщ дызыщIэзэур. Ди жьэгущ тхъумэжыр. ДыкъэзыгъэщIар къытщхьэщытщи, къарури абы къытхилъхьэнщ. Iэмал къызэрымыкIуэ гуэр иIэн хуейщ мы Iуэхум, арщхьэкIэ адыгэлI пэрытхэм ящыщу хэт семыпсэлъылIэми, «псэ тхэтыху дызэуэнущ», жаIэ фIэкIа, зыри IупщIу къасхупыхыркъым. – Кургъуокъуэ «мафIэр зэIещIэ». – Къримхэм къыспагъэтIылъыр яхуэздэу сафIэкIынтIэ?! Пщы уэлийхэм мызэ-мытIэу апхуэдэу ящIащ, нэхъыбэр ажалым щахъумэн папщIэ, щIалэ, пщащэ цIыкIухэр щхьэщатыкIырти, абыкIэ яфIэкIырт. Хьэуэ! Хьэуэ... Уи щхьэм и фейдэ къэплъыхъуэурэ, дауэ сабийр пщылIыпIэ дзэпкъым зэрыжьэдэбдзэнур? Напэтех щыIэмэ, мис ар, икIагъэу, напэтехщ! Къримыращи, и гъаблэгур зэи пхуэгъэнщIыххэнукъым: нэхъапэхэм сабий щитI, нэхъ иужьыIуэкIэ – щищ, жаIэу къекIуэкIамэ, иджы щитху тIэщIатхъыну мэныкъуакъуэ. Щитхур щыгъэтауэ, зы сабий закъуэм и гъы макъыр пхурикъунущ дунейм утетыху уи псэм узу къефыкIыну. Мыдэ, нэгъабэ зэрытщIам хуэдэ гуэру, я нэвагъуэр егъэлъагъужын хуейуэ аращ иджы а хьэIуцыдз фыщIакIуэхэм! Хъуатэкъым ар Iуэху: дыкъэзыухъуреихь бгырыс лъэпкъхэр Къримым щошынэри, зи хущхьэ хъум и бзууэ, зэрызехьэу дзэ бэджэндкIэ хъаным зыщIагъэкъуэну хэтщ. «Щхьэж и къис и къисщ», – жиIэнт иджыпсту Къэзанокъуэм... Абыхэм я мэсхьэбри гурыIуэгъуэщ: узыхьыну псым зыдегъэзых. Уезауэ нэхърэ, бгъэныбжьэгъумэ нэхъыфIщ... Зи щхьэм ар нэмысам узэхищIыкIын?

Мыдэ плъагъуркъэ Бэлэтокъуэпщым цIутI зэрыжимыIэр. Зиущэхуаи... Тыркумрэ Къримымрэ я лIыкIуэхэр КIэмыргуейм щыIащ, Бэлэтокъуэр езыхэм ягуэту, дэ, и къуэшхэм, къыдагъэзэуэжыну тра-

гъэгушхуэу. ЛIыкIуэ зыгъэкIуахэми кIуахэми я акъылыр зытеухуар къуентхърэ фейдэрэщ. Бэлэтокъуэрщи, кIэмыргуейхэм мамырыгъэ къахущIиIукI и гугъэжмэ, ижынущ а и гурыгъыр: лъыпс зыIухуа хьэIуцыдзым, лъы хуэлIэху, зым адрейр кIэлъыкIуэурэ, адыгэ лъэпкъыр къанэ щымыIэу илIыху, къызэтеувыIэнукъым. Шэрджэс Ипщэм ис ди лIакъуэгъухэм пIалъэкIэ зауэр зыщхьэщагъэкIыу арщ. АрщхьэкIэ а пIалъэми гъунапкъэ гуэр иIэщ: дуней иныр зи Iэпэм дэкIэрахъуэу зыкъызыщыхъуж кърым тэтэрхэм адыгэ щамыгъэIэныр я плъапIэщ...

Ахэр псори тхыдэм и дыгъуасэщ. Пщэдейм нахуэу петхьэжьэнур сыт? Ди лъэпкъыр ди лъахэ исыжу бэгъуэн папщIэ, а лъахэ щIыгулъым дилъ IэмпIэ-IэмпIэурэ ирифыжарамэ, дыкъикIуэт хъунукъым! Зауэмэ – зауэщ. Хьэлэр хьэлэкIэ Iуауду жиIэртэкъэ пасэрейм. Дгъэунэхунщ иджы хэт и бжыкIыщхьэ нэхъ лъэщми. ИтIани, Iэмал щыIэххэмэ, ди кIэрыхур нэхъ мащIэу... Къэбэрдейм къимыхьэ щIыкIэ дапежьэмэ, ярэби, дауэ хъуну пIэрэт? АрщхьэкIэ, ди лIакъуэгъухэм къытхуадэну зэхэуэр езыхэм я щIы кIапэ щыдублэу?..»

Къэнжалыбг лъапэкIэ мыщэ къыщыщыгъуахъуэм, Кургъуокъуэ зэуэ гурыщхъуэ ещIри:



– Къарэжь, зэгъащIэт къэхъуар, – жиIэурэ щызэплъэкIым, зи IэплIэм мыщэ шыр ису къахуэкIуэ лъхукъуэлIыр къелъагъу.

– Мыр дэнэ къипха? – щIоупщIэ пщы уэлийр.

– ЛъхукъуэлIхэм мыщэбз къаубыдати, зиусхьэн, шырыр уэ къыпхузагъэхьащ.

Пщым мыщэ шырыр къищтэри, Iэ дилъэурэ и куэщIым иригъэтIысхьа щхьэкIэ, мыдрейм, анэм и гъуахъуэ макъыр къэIуху, езым и лъэбыцэ кIэщI цIыкIухэр ХьэтIохъущокъуэм и бгъэм пэщIигъакъуэурэ, зыкъыщыхуIэщIэмыудкIэ, пщIэурт.

– Дауэ къэвубыда хъуат мы тхьэмыщкIэм и анэр?

– Къапхъэным дэнащ. Иджыпсту лъхукъуэлIхэм уагъэгуфIэнущ, зиусхьэн, мыщафэр къыпхуахьынурэ.

– Дэ мыбы дыкъыщIэкIуар мыщэбз дукIыну аракъым, атIэ псэкIэ зыдгъэпсэхун щхьэкIэщ. – Ар жиIэри, Кургъуокъуэ пIащIэу иунэтIащ лъхукъуэлIхэр здэщытымкIэ. – Къэвгъанэт! Апхуэдэ гуэныхь къэвмыхьыт!

– Зиусхьэн, къапхъэным иубыдат ар... – къопсалъэ Дэмдей. – Мыщафэми гуащэр щыгуфIыкIынтэкъэ, зиунагъуэрэ...

– ЗэтепIэ уи тIуалэр, Дэмдей! Къыдэфх а и лъапэр!

– Къыдыуигъэхтэмэ жыхуэпIэр!

– Пхъэ дыкъуакъуэкIэ и псэфылъэр щывубыдыкIи, лъапэр хуит къэфщI. Ар зыхузэфIэкIын лIы къыфхэмыту ара? Дэнэ щыIэ Сэбанш?!

– Дауэ къытхэмытрэт? – Къашыргъэ гъукIэр гупым къахокIри: – СызыIуригъэлъэда папщIэ, дипщ, уи хьэтыркIэ сэ сщIэнщ ар! Дэмдей, си ныбжьэгъужь, Къэсей хьэжым дыуэ къыстрищIэжыну ухуэмеймэ,

мо пхъэ дыкъуакъуэм жьэдэгъанэ и щхьэри, нэхъ быдэу Iыгъ. Сэбаншрэ Къундетрэ абы фыдэIэпыкъут!

Мыщэбзым и лъапэ дэуплIэнщIар Къашыргъэ къапхъэным къыщыдихым ирихьэлIэу, Кургъуокъуэ мыщэ шырыр щIым иригъэтIысэхащ, Дэмдеи пхъэ дыкъуакъуэр зэуэ зыIэпигъэхуащ, мыщэ анэр хуит къищIыжу. Абдеж щытахэри, щхьэж и занщIэу, зэбгрыжащ.

Мыщэ анэм илъагъур шырым и закъуэти, ар зэщIипамэщ, зэпибзаери, и лъакъуэ лъэбыцэшхуэр щIэкъуауэу зыкIэлъилъэфурэ мэз лъапэм щIэзэрыхьыжащ.

ХьэтIохъущокъуэр мафIэ зэщIэлъым пэрытIысхьэжащи, башыпэмкIэ дэпыр зэIищIэурэ и гупсысэхэм егъэзэж. Пщым и щхьэм щызэрызехьэхэм къапокIуэкIри, мыщэ-анэр аргуэру и нэгу къыщIоувэ... Кургъуокъуэ игъэщIагъуэрт: «Дыгъуасэ хуэдэщ щIымахуэ гъуэмбым, жейкIэ зигъэнщIауэ, къыщипщыжар. Дэни кърихa абы щIэжьей? Гъуэмбым псэфу игъуэлъхьэжагъэнт. Дауэрэ мыхъуами, псэ гузэвэгъуэм хэдгъэташ тхьэмыщкIэжьыр, ауэ бэIутэIуншэу дутIыпщыжащ. ФIымрэ Iеймрэ дапщэщи щызохьэкъувыкъу мы дунейм. Дэтхэнэр текIуэнкIэ хъунуми зыми ищIэркъым. ЖаIэри, игъащIэ лъандэрэ гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ зэIэпэгъуу. Къэрым зауэм и гузэвэгъуэм щыму сриплъэурэ, мыщэ анэмрэ абы и щIэжьеймрэ я псэ хьэзабыр си нэгу щIэкIащ».

Ужьыхыжыну зызыщI мафIэ дэпым башыпэкIэ «щIэтIахъуэу», чы гъэсын щыпэридзэм, бзииплъхэм лыпщIурэ зыдрадзейри, пщы уэлийм и напэпкъ зэкIужыр къыхэплъащ. Иужьрей тхьэмахуэхэм я хъэтIыр лIым и натIэ лъагэм иджы лэдэх лъэужьу ирикIуэрт. Пщы уэлийр мафIэм хэплъызэурэ зыгуэрым хупогуфIыкI: «НэхъыфIщ я псэ дызэремыIар. Мыщэ шырым и нэ хъурей цIыкIухэр-щэ! Щхъырыб мыхъуитI ирагъэтIысхьа нэхъей... Хэт зыщIэр псэ гузэвэгъуэу абы игъэшар? Хэт зыщIэр Къэрым щIыбым дадзэжа ди сабийхэм псэ хьэзабу ягъэвыр?!» А упщIэм и жэуапыр, пщы уэлиигъуэ ита лъэпкъылIхэм я хьэдрыхэ егъуу, щэхут. А жэуапырт ХьэтIохъущокъуэм, жейм ирималгъэзэгъыу, къыкIуэцIыуIухьри. Нэхъыбэрэ пщыр абы иуIухукIи, зыщыгугъ текIуэныгъэр нэхъ хьэкъыу къыжьэхэплъэрт.

Пщы уэлийр зэуэ къызэфIэуващ. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу зызэпиплъыхьурэ, къамэ-бгырыпх еIуэнтIэкIар и пIэ иригъэзэгъэжщ, зэтхыпщIэуэжри, шы IумпIэр зыIыгъыу къыпэплъэ бейгуэлым жриIащ:

– Вгъэужьых, Къарэжь, мафIэр. Фынежьэ.

Гъуэгу теувэжа ХьэтIохъущокъуэр нетIэ зыIыгъа и гупсысэхэр – дыгъуасэри пщэдейри я шыкIэу – иджы зы жыжьэ гуэрым хэшэсэжт. Хэт нэщэнэхэр и гъуазэщ, хэти пщIыхьэпIэхэр и чэнджэщэгъущ. Пщы уэлийр зыщыгугъри зэрыгъуазэри КъэзыгъэщIауэ и щхьэщыгу къитымрэ къритауэ и акъыл къихьымрэт.

Пщым и шы лъэужьыр лъэхъулъэущу зыIыгъ лъхукъуэлIхэм я гъащIэр нэхъ тыншщ, абыхэм я гупсысэхэм зэи зытраIэтыкIыркъым щIыщхьэм. Аращ зэрыщытын хуейри – щIым тетщ. ЩIым епI ахэр,

абдежым щеух я къалэнри. Пщы уэлийм ихь бжьыр нэгъуэщIщ. Абы и напэ хьэкъыр къызэрапщытэнур лъэпкъым IупщIу игъуэт натIэ Iыхьэрщ. Пщыгъуэ зылъысам «си щхьэ», «си псэ» жиIэжыркъым.

Шухэр кIуэрт, шы лъэ макъ зэпэджэжхэм я къебжэкIым дэщэнауэу. КIуэрт, гъуэгубгъуитIым зыкъытращIэу къащхьэщылъ Iуащхьэ натIэхэмрэ бгъуэнщIагъхэмрэ зэпаплъыхьу. Къыр блын лъапэхэм Iуву зыщIэзыубгъуа мэзхэр зэмыщхьу щхъуантIэщ. Балъкърэ Бахъсэнрэ я зэхуакум итщ (илъэс мин зыбжанэ ипэкIэ папцIэу щытагъэнт) зи гущIыIур щхьэгуэ-бгъуфIэу теIущIыкIа Уафэбгыкъу бгыжьыр. Абы кIэлъокIуэ Сосрыкъуэ бгыр. Мес а нартым и мывэжьри. АдэкIэ нэр пIэпызых къурш удзыпцIэ махъэщ. МобыкIэ – Джэдмыших, Мэлпшэр. МодэкIэ уплъэмэ, Лахърэнщ. Мес Тамбиикъуэ, Къазий. Абыхэм адэжкIэ, уэс тхьэху щэджащэхэм я жьэгу-жьантIэу, къыщытщ Iуащхьэмахуэ.

Къазий и псынэм нэсри, ХьэтIохъущокъуэр шым епсыхащ. Пщыр тэлайкIэ псым хэплъэщ, псынэ Iуфэм хьэмбыIуу IутIысхьэри, шкIурыжу мывэху дзэлытIым къыдэбыргъукI псынэпс жыгъурыхум и IэгуитIыр хищIэурэ, зы цIыхум зэи нимыжыIыса псэгъэнщIыгъуэкIэ щэташ. Iэпкъынэ куцIым зизыгуашэ псынэпсыр зэкIэлъигъэпIащIэу IэгукIэ къыщIигъалъэурэ, Кургъуокъуэ и нэгум щIикIэщ, псынэм и щIэм тэлайкIэ щIэплъэжри, и Iупэхэр хищIащ Iэгубжьэ зэгуэлъым щхьэдикIыхыу къригъэхъуа псынэпсым... Псы мылыр тэмакъыщIэм дзакъэу ибжьа щхьэкIэ, а бжьыбжьыр ХьэтIохъущокъуэм и лъым иджы зы телъыджэ гуэру къыщыхъуэпскIат. Пщы уэлийм и псэм гуфIэгъуэ лъащIэншэр щыхъэрт иджы! «А Iэмалыр, а хэкIыпIэр! Мы къурш зэхуакухэм дэлъ псыхъуэ уэхым къыдэгъэщхьэрыуауэ, мыбдеж щызэтеукIэн хуейуэ аращ кърымыдзэр. Мыбдежщ ар къыщыхъунур!»

Къазий и псынэр къызэранэкIауэ, сэнтхым дэкI шу гупым къапэплъэрт Iуащхьэм тет Шурдым Жанхъуэт, шууитI щIыгъуу.

– ФIэхъус апщий, Алыхьым фIыкIэ къыдита пщы уэлий! КъущхьэхъущIыр уимыщыпэлъагъуми, мызыгъуэгукIэ дауэ къыпщыхъуа?

– Бохъу апщий! НэхъыфIыр фи Iыхьэрэ Iыхьэм и фIыр фхуэбагъуэу, Алыхьым фиузэщI! КъущхьэхъущIыр, унэжынхэ, адыгэнэадыгэпсэу къысIуплъащ. Лъагэрэ зэIухауэ, къысIуплъащи, ди напэри апхуэдэ ухъу!

– Алыхьым узэхих, зиусхьэн, – арэзыуэ я щхьэр ящI лэгъупэжьхэми.

Жанхъуэт къопсалъэри:

– Къэбэрдейм и къэкIуэнур уэ зым уи IэмыщIэ илъщ, пщы уэлий. А пщIэр тлъытэу, мы щынэр тыгъэ пхуэтщIынут. ДяпэкIэ къыпщIэхъуэну уи хъушэхэм я Iэщыпэ мыр ухъу! Мы фэри, а щынэр къызыхэкIа мэл хъушэм къеуэса дыгъужьым тетхащи, мыри ди лэгъупэжьхэм я тыгъэщ. ПхуэфIын ухъу а нэщэнэр!

– Фызытеджалэ фи былыму, Алыхьым фригъэфIакIуэ, къуэшхэ! Фи Iуэху фIы ирикIуэ! – фIыщIэ яхуещI Кургъуокъуэ.

– Сыхьэтыфӏ тхьэм ухуишэ, дипщ! – псоми къабгъэдэкӏыу жеӏэ Шурдымым. – Захуагъэрэ напэкӏэ сыт хуэдэ ӏуэху умыублэми, зиусхьэн, мо ӏуащхьэмахуэрэ мы Уафэбгыкъурэ хуэдэу, дэри дыпкъуэтынущ.

Зи гъуэгу техьэжа шухэм Шурдым-уэркъыр куэдрэ якӏэлъыплъащ, гупсысэу: «Ярэби, мы пщы уэлийм и ӏущыгъэмрэ и лӏыгъэмрэ зыкърагъэщӏэжыну пӏэрэ адыгэхэм? Сынолъэӏу, Дыкъэзыгъэщӏа, мы лӏыр зэхэпщӏыкӏыу, гуащӏэрэ гъащӏэкӏэ укъетэну!»

Ичындыхуэкӏуэу шухэр нэсащ Пщычом. Къэсей хьэжым и азэн джэ макъыр зэрызэхихыу, Хьэтӏохъущокъуэр и шу гъусэхэм яхуеплъэкӏри:

– Мэжджытым нэмэзыщӏ кӏуэн къыфхэтмэ, зыкъыскӏэрывмыгъэху...

Шухэр, зыри къэмынэу, пщым и ужь иуващ.

## VIII

Ашабэ Миншакъэрэ Джэрыджэ Мэремрэ гъуэгу тетщ махуэ етхуанэ мэхъури. Нэгъабэ Кърымым залымыгъэкӏэ ираша Налмэс, Миншакъ и пхъурылъхум, и щхьэ крикӏуар зрагъэщӏэну ежьащ къэбэрдей шууитӏыр.

Жыжьэщ Кърым хъаныгъуэр, Шэрджэсыр и кӏыхьагъыххэкӏэ зэпыпчын хуейщ. Мэзылъэрэ къурш къуакӏэу, псыхъуэшхуэрэ щӏы тафэу, макӏуэ шухэр. Зэзэмызи, гъуэгур къуацэ-чыцэмрэ жыг лъэкъыцэ лъабжьэхэмрэ якӏэщӏэпщхьэжурэ лъэс лъагъуэ ӏузэу зэхуокӏуэж. Зэм-зэми, кууурэ къуэм ехыурэ мэз ӏувыпӏэм щынэскӏэ, жыг дакъэхэмрэ мылыф гуацэмрэ къыпакӏухьри, шы ӏущхэр мэз хуейм ухуэзышэ лъагъуэ бгъузэм тохьэж. Псыежэх цӏыкӏу ӏэгъуэблагъэм зэрыщыӏэр игъэӏупщӏу, жыглыц къэдабэхэм зыщаущхъуэнтӏым деж, шухэр епсыхырти, шыхэм зрагъэгъэнщӏт, езыхэми загъэщӏыӏэтыӏэрти, уэршэру гъуэгу теувэжырт.

Гъуэгуанэ зэдытехьэхэр щыгъуазэщ, бзыщӏа гуэри къызикъуимынэу, цӏыхугум зыкъызэритӏэщӏым. Псэхэм жьы дихужауэ, гъуэгу гъусэхэр зэрызэпсалъэм щыгъуазэщ. Иджыпсту зэкӏэлъхьэужьу кӏуэ шууитӏыр апхуэдэ псалъэмакъым хуэхьэзыркъым. Зэкӏэ зэӏуоплъ ахэр, заӏэжьэ. Пӏалъэ иӏэщ-тӏэ апхуэдэми... Мэрем зэрынэхъыщӏэр зы дакъикъи щымыгъупщэу зиӏыгъщ. Мащӏэрэ ӏэдэбу, мэпсалъэ щӏалэр. Беслъэнейри къызэранэкӏри, Лабэ и ӏэхэлъахэм шухэр нэблэгъауэ, Миншакъ зыхуигъэзащ и гъусэ щӏалэм:

– Гъуэгум пкӏэлъей къедзыт, Мэрем? Зы хъыбар дыщӏэгъэдэӏут.

– Ездзынт, тхьэмадэ, пкӏэлъей едзыгъуэр здынэсыр сщӏатэмэ...

Шы лъэ макъыр гъатхэ хьэуам жьгъыру лъагэу хэӏуэурэ, гъуэгу сабэ лъэужьым хозэрыхьыж. Щымщ шухэр. Махуэр бзыгъэ уэфӏщи, Абазэхэм и уэсылъэ къуршыдзэхэр сэмэгурабгъу жыжьэм къыхоплъ. Ижьымкӏэ, Псыжь кӏуэцӏрыкӏыу, тафэщӏ укъуэдиящ. Щӏэх-щӏэхыурэ иджы уаӏуощӏэ пасэрей ӏуащхьэ ӏэрыщӏхэм. Нэхъ ищхъэрэху – ахэр нэхъыбэ мэхъу. Адэжкӏэ узыӏуплъэр мэз ӏув гъунэншэщи, а лъа-

хэ хьэлэмэтыр мамыру щIэлъщ пшэ хьэуджэдхэм[1] зыздагъэпщ уэгу бгъафэ гууэщIым. Лабэ, Псыжь, Уарп, Фарзэ, Щэхъурадж, Щхьэгуащэ, Пшыпш, Псыкупс, Шэхь, Афыпс я псыпыху хъурыфэхэр, зыр адрейм щIэмыупщIэжу, нэуфIыцIщхьэрыуэу хуахь хы ФIыцIэшхуэм, лIэщIыгъуитI дэкIмэ, Кавказ зауэм адыгэ-шэрджэсхэм щыщIагъэкIа нэпсым куэдкIэ нэхъ щыуагъэ ищIынум.

ЩIым и къэхъугъэ дахащэм зыIэпишауэ, Миншакъ жеIэ:

– Iистофрилэхь... Сыту дахащэ мы ди адыгэщIыр! – къамышыр зы лъэныкъуэкIэ ишийуэрэ, адэкIэ къыпещэ: – МобыкIэ укIуэмэ, абхъазхэр щопсэу. Iузэв дыфIэкIмэ – Кърымырщ. КIапсэрыIуантIэм ебгъэщхькъэ, Мэрем, ди гъуэгуанэр?

– ЗыхэзмыщIыкIым дауэ сытепсэлъыхьын?..

– Ари пэжщ. Дизыкъуажэ и жыIауэ, «сызыхуейр – сощIэ, сымыщIэмэ – сыхуэмейуэ арщ», – Миншакъ мэдыхьэшхри: – Насып диIэти, апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм къамэ къыдрапхъуэтыртэкъым. Адыгэхэр гуащIэхэщ, зыIэзыбжьэу къамэ Iэпщэм йопхъуэ. Акъылыр иужькIэщ щакIэлъысыжыр. Сэр дыдэми схэлъщ а хьэлыр. Ауэ ХьэтIохъущокъуэпщымрэ Къэзанокъуэмрэ зэрыжаIауэ: дызыщIэхъуэпсыр къыдамыгъэхъулIэну зыгуэрхэр зэран къытхуэхъумэ, дэра абыкIэ къуаншэр?!

– Сыт хуэдэ хъуэпсапIэ фиIэр?

– Сыт хуэдэ?.. – Миншакъ хигъэгупсысыхьащ зыпэмыплъа упщIэм. – Зауэ-банэ къыдамыщIэкIыу, ди быныр дагъэпIыжыну, нэхъыжьымрэ бзылъхугъэмрэ дгъафIэу, я пщIэ тIэтыну... Сыт иджыри? Фыгъуэрэ ижэрэ тхэмылъу дыпсэуныр, пщыгъуэ зэдауэр зэрылъэпкъ гъэунэхъур къыдгурыIуэныр, – нэщхъейуэ жеIэ Миншакъ.

– Иджы уэ, Мэрем, къэIуатэ уи Iуэху еплъыкIэр.

– Сыт сэ схужыIэнур? Уи жыIэм сриакъылэгъущ сэри. ФIы дыдэтэкъэ ар: фыгъуэ-ижэр ди гъащIэм хэмылъатэмэ!

– НтIэ, Джэрыджэ и къуэ, абы уигъэгумэщIыр пэжу щытмэ, пщы хасэм укъихьэу сыт нахуэу ущIэмыпсэлъар?

– Уагъэпсалъэрэ? Си къуэш Таукъан деж щегъэжьауэ... Нэгъабэрейм елъытауэ, мыгъэрей пщы хасэр куэдкIэ нэхъ жьэнахуэу зэхыхьащ. ЩIэлъэфарэ къехьэкI-нехьэкIрэ хэмылъу, щхьэж къиIуэтат игу илъ, арщхьэкIэ... зыми зихъуэжауэ гу лъыстэркъым. Зэрыщытагъэжьщ псори.

– Узахуэщ, Мэрем. Узахуэщ. Пэжым нэр ирещI. Сэри сигу дыхьащ мыгъэрей хасэм щыжаIахэр. Мыдэ, уэри уахэтат ХьэтIохъущокъуэм Джылахъстэнейм игъэкIуа лIыкIуэ гупым. Хъыбар гуэрхэми сащыгъуазэщ абы ехьэлIауэ, итIани, зи нэкIэ зылъэгъуам жиIэжыр IэджэкIэ нэхъ пэжыфэщ. Дауэрэ фыкъызекIуа гупыр?

– Джылахъстэнейм, сыт щыгъуи хуэдэу, екIуу драгъэблагъэри, шыгъупIасти къытхуаIэтащ. Абыхэм жаIэращ: «Къырымыр Къэбэрдеишхуэм и щIыналъэм къеIэну хуежьэмэ, къивмыгъэхьэу, фезауэ.

[1] Пшэ хьэуджэдхэр – бродячие облака.

АдэкIэ фэ къыфщыщI дэри къытщIыхьэнщ»...

Мэрем игу къэкIыжащ ХьэтIохъущокъуэм Къалмыкъми нэгъуэщI лIыкIуэхэр зэриIуэхуар:

– Ди малъхъэ Аюк-хъаным деж шу гуп игъэкIуауэ жаIэ пщы уэлийм. Сыт хуэдэ жэуап къаритыну пIэрэ Къалмыкъым и тетым?

Миншакъ и гур къыхэузыкIащ:

– Зэхэсхащ ари... Джылахъстэнейхэр дыдейщ, дилщи, дэнэ дахьыжын, ауэ а къалмыкъхэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр къаулъэпхъэщу къэтIысыжынущ. Сэ си щхьэкIэ уи Аюк-хъанми уи куржы Чэртлым ипщ Вахтанги я жыIэ зы мэскъалкIэ си фIэщ хъурктым. ПщIэрэ, сэ зэхэсх хуэдэщ абыхэм я жэуапыр: «Ди жагъуэ зэрыхъущи, дощIэ, ауэ... добзыщI».

Миншакъ зи гугъу ищI «дощIэ, ауэ... добзыщI» псалъэхэм къарыкIыр Мэрем къыгурыIуами, ар жызыIар щыхьэт трищIэн папщIэ, щIэупщIэжыну игу къыпылъэдат, арщхьэкIэ, нэхъыжьым жьэмщхьэмыфэ къриплъынкIэ шынэри, зиущэхужащ.

Мэрем куэд щIауэ ицIыхурт Ашабэр, ауэ щыхьукIи, иджыт лIым нэIуасэ дыдэ щыхуэхъуар. Нэхъыжьым кIэлъыплъурэ, ар егупсысырт: «ЦIыху набдзэгубдзаплъэщ Миншакъ. Адрей уэркъхэм нэхърэ нэхъ Iущщ, нэхъыбэм гу лъетэ, и лIыгъэкIи нэхъ къахощ, жьыми щIэми ягуроIуэ. «Дежьэнущ», – къызжиIа мыхъумэ, дыздэкIуэм и гугъу къысхуищIакъым, Къэбэрдеишхуэр къызэднэкIыху. БеслъэнеймкIэ щыдгъазэм, абы дыкIуэ си гугъа щхьэкIэ, мис, КIэмыргуейм и щIыналъэм дыкъэсауэ, дитщ. Езыри щымщ. ЕмыкIуу пIэрэ иджы сеупщIыну?»

– Миншакъ, сыноупщI хъуну?

– УпщIэ щIэщхъуркъым, Мэрем.

– Дэнэ дыздэкIуэр?

– Ара? ... – Миншакъ и напщIэр хэлъэтри, нэфIэгуфIэу къеплъащ и гъусэ щIалэм: – ЛIы и шыIэ убгъэдэлъщ, Мэрем. ДыздэкIуэр зыщIэр сэращ. БжесIэнщ дэнэми: Кърымым докIуэ. Уэ пщIэрэ Налмэс сыткIэ къызгухьэми. Иджы, укъызэрыздежьам ухущIемыгъуэжамэ, сэри зыгуэр сщIэну сыхуейщ: сыт дэлъ фэ тIум – Налмэсрэ уэрэ – фи зэхуаку?

Мэрем, лъэпэрэпа фIэкIа умыщIэну, зэуэ Iэнкун къэхъуащ. Япэрауэ, Кърымым зэрыкIуэр ауи зыпэмыплъа Iуэхугъуэт, етIуанэу... Миншакъ, Мэрем шу гъусэу къыщыхихым, дауи, щыгъуазэт абы Налмэс хуигъафIэ гухэлъым. А псом я щIыIужкIэ, узыщIэупщIэну къемызэгъщ зыщIэупщIэр. Ауэ, дауэ мыхъуми, нэхъыжьщи, жэуап нахуэ къыпоплъэ Налмэс и анэ дэлъхур. Миншакъ ищIэну хуейщ Мэрем Налмэс зэрыхуэныкъуэм и пэжыпIэр. Хуэмыныкъуэхэми, ари – IупщIу зы жэуапщ. Дакъикъэ ныкъуэм къриубыдэу щIалэщIэм и нэгу зэрыщIэхыжащ япэ гухэлъым и гурыщIэ укIытэххэр. Абыхэм ящыщу зыщыгугъахэр, имыгъуэтыжахэр, хэщIыныгъэшхуэу къещхьэкIуэжахэр, гугъэ нэпцIхэр, итIанэ гугъэншэ защIэу зэкIэлъыкIуа мазэхэр, илъэсыр... Иджыпсту къытепсыхэжа гурыфIыгъуэ лъэщыр! Налмэс

здэщыIэм иджы макIуэ! Налмэс къашэжыну Кърымым макIуэ...

Мэрем укIытапэурэ жэуап ет:

– Налмэс хуэсщIа гухэлъыр ауэ зымащIэкIи ужьыхакъым. Иджыпсту, ар хуит къэтщIыжыну гугъэ щызгъуэтым, нэхъ гуащIэж мэхъу ар, – жери, псалъэмакъыр нэгъуэщIымкIэ иришэкIыу: – Урыс пащтыхьым и дэщIэгъущ Бекович-Черкасский Александр. И цIи къызыхэкIа лъэпкъи щыгъупщэжауэ къыщIэкIынщ абы. Пащтыхьым къыхуищI и унафэу, урысхэм яхэсщ. Ягъэ кIынтэкъым Кърымым дилъ зэрырифыр а Пётр Езанэм жриIами...

– ЖриIэнукъым-тIэ! – пеупщI Миншакъ. – Дэ зыми дыщыгугъыркъым: Алыхьым дакъыхуимыгъанэкIэ Бекович-Черкасскэми, Къэбэрдейм икIа Черкасскэхэми, ди адыгэу Тырку сулътIаным, кърым хъаным, куржыпщым, къэжэр падишахым, къалмыкъ хъаным хуэдэ гуэрхэм запызыщIахэми. Зэран къытхуэмыхъумэ, нэхъыбэкIэ дащыгугъыркъым[1].

– Дэмдей и псэлъафэу: «Ди дагъэ дыкъегъэлыбжьэж» – жыхуэпIэщ.

– Дыкъэзыгъэлыбжьэжын дагъи дагъэщIрэ хьэIуцыдзхэм? «Хамэр зыгъэшэрашэм унэр игъэшэрыуэркъым», жызыIа пасэрейр дэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ Iущт, шынэхъыщIэ. КъызыхэкIам IупщIэ хуэзыщIу дыхьэжа ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм дзыхь лъэпкъ яхуэсщIыркъым.



ЩIалэр «хъущт» жиIэу Миншакъ Iуплъэри:

– Си къуэш Таукъани ар дыдэрщ жиIэр. Сэрщи, вдызоIыгъ ар. Уи Iэщэр – си Iэщэщ, Миншакъ, уи пэжыр – си пэжщ!

Мэрем и иужьрей псалъэхэр уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу зыжепIэ хъун адыгэлIт Ашабэ Миншакъ...

Нэгъабэ, 1707 гъэм и гъэмахуэу, Менлы-Джэрий, зауэлI минитI щIыгъуу, Къэбэрдеишхуэм къитIысхьэри, хьэблэрэ жылэу щыIэм и дзэр ятригуэшат, игъэкIэфыщэну. Кърым тэтэрхэм, хьэIуцыдзым ещхьу, къэбэрдей сабийхэр лъэпкъым хачырт. Анэхэм я хьэдагъэт. Адэхэмрэ дэлъхухэмрэ Iэщэ яIыгъыу япэщIэувэмэ, кIуэрэ пэт я щхьэр фIахти, кърым тэтэрхэр къызэтемыувыIэу фыщIэрт. ХьэпIацIэ фIыцIэм ещхьу къэбэрдеищIым зизыгуэша зэрыпхъуакIуэхэм жыхьэнмэр зэрахьэрт. ЛIыжь-фызыжь е сабий жыхуэпIэр ящIэртэкъым

---

[1] 1557 гъэм Къэбэрдей ЦIыкIур (Джылахъстэнейр) Иван IV зи пащтыхь Урысейм гухьащ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) пащтыхьым щхьэгъусэу иратри. А благъагъэр къагъэсэбэпри, Темрыкъуэ и лIэужьи и Iыхьлыхэм ящыщ щIалэ зыбжани Урысейм Iэпхъуэжщ, чристан диныр къащтэри, я цIи адэцIи, Черкасскэ унэцIэмкIэ зрагъэтхыурэ, яхъуэжащ. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ Черкасскэхэр Урысейм хуэлэжьащ, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр зэблахъуу. Абыхэм ящыщщ: Михаил Темрюкович, Доманук Темрюкович, Мамстрюк Темрюкович, Борис Камбулатович, Василий Карданукович, Яков Кундетович, Иван Борисович, Дмитрий Мамстрюкович, Михаил Яковлевич, Сунчалей Канлычевич, Михаил Алегукович, Григорий Сунчалеевич, Алексей Михайлович, Муцал Сунчалеевич, Касбулат Муцалович, Александр Андреевич Черкасскэхэр. Тырку сулътIанхэу Сулеймэн, Баязэт, Ахьмэд III, Абдул-Хьэмид, Абдул-Хьэзиз сымэ хэт и анэр, хэти и анэшхуэр е и щхьэгъусэр адыгэу щытащ. Кърым хъанхэм мызэ-мытIэу адыгэ щхьэгъусэхэр яIащ. Куржыпщ Вахтанг VI, къэжэр шаххэу Аббас I, Аббас II, къалмыкъ хъан Аюк сымэ я щхьэгъусэу щытахэр адыгэщ.

абыхэм. Бзылъхугъэ дахэ ялъэгъуамэ, кIуэрэ пэт лей ирахырти, зыщыщми зейми щIэмыупщIэжу, блэкIхэрт.

А махуэхэм Ашабэ уэркъым и жылэм щитIысыкIат тэтэр зауэлI гуп зыщIыгъу Актай мырзэр. Дауэ и нэ теплъами, хэт ищIэрэ... Актайр ехутылIэри, ехъуэпсащ Ашабэм и щхьэгъусэ Мэмыху.

Къырымхэр зэресагъэжьти, мырзэм и щхьэхъумэхэр игъэкIуащ Мэмыху къашэну.

Щхьэхъумэхэр пщIантIэм щыдыхьэм, Миншакъ бжьэщхьэIум тету къопсалъэри: «Си фыз стрихыфын хуэдэу, зи лIыгъэ къигъэгугъэж къыфхэтмэ, кърырех и Iэщэр!» – жиIащ. Кърым зауэлIхэм къахэкIакъым а лIым пэувын. Мэмыху ящIымыгъуу мырзэм деж абыхэм къыщагъэзэжым, къэхъуар Менлы-Джэрий шупашэм ирагъэщIащ. Модрейми Миншакъ ириджэри, къыжриIащ:

– Уи фызыр си мырзэм жэщгъуэлъу щIыхуумыгъэкIуар сыт? Зэрехъуэпса къудейм щхьэкIэ, угуфIэжу хуэбутIыпщын хуеящ!

– АдыгэлIым и фыз лIы тригъэджагуэркъым! – узыпэпсэлъэж мыхъуну макъ зэпIэзэрыткIэ пидзыжащ Миншакъ кърым хъаныкъуэм.

Къэбэрдей уэркъым щыблэхъуэпскI хуэшу къыIурилыгъукIа лIы куцI жьэражьэм и дзапэ сырыр Менлы-Джэрий и дамэпкъ сэмэгумкIэ къыщыхэпыджэри, цIыхухъу фыгъуэгъум и хьэджасэ пэбдзу, кIапцIэм зыщриIуэнтIыхьыжащ... «Мыпхуэдэ зауэлI зыбжанэ дзэзешэу сиIатэмэ, бетэмал, Къэбэрдейр дэнэ къэна, Кавказыр, зы илъэси сыпэмыту, чокIэ къэсхухьыжынт! Мыбы ажал Iулыдж ищIэркъым... Дауи ирехъуи, мыр ныбжьэгъуу уиIэмэ, нэхъыфIщ, бгъэбий нэхърэ...»

Менлы-Джэрий Миншакъ и Iэр къикъузыжри, нэуфIыцI-фэрыщIу къыщытхъуурэ, къыщIигъэкIыжащ.

Бахъсэн псыхъуэ дэс жылэхэм зэдэууэ а жэщ дыдэм щызэтраукIащ кърым тэтэрхэм я дзэзешэ мырзэ зыкъом. Ауэ езы Менлы-Джэрий яIэщIэкIащ, Кърым лъэныкъуэмкIэ игъэзащ, Налмэс здищтэри.

– Зыгуэр жыпIат, Мэрем? – Ашабэр гупсысэ хьэлъэ гуэрхэм къаIэщIокIыжри, щIалэм хуоплъэкI.

– Жыжьэ иджыри Кърымыр? – щIоупщIэ Мэрем.

– ЛIо, уешауэ ара хьэмэрэ апхуэдизу уи нэ къыхуикIрэ а Кърымым? – жиIа щхьэкIэ, Миншакъ фIы дыдэу къыгурыIуэрт щIалэр зыхуэпIащIэр.

Ашабэм, игукIэ зыгуэрхэр зэригъэзахуэри, щатэурэ жиIащ:

– Беслъэнейр къызэднэкIауэ, КIэмыргуей щIыналъэм дытетщ, итIанэ Абазэхэрщ, адэкIэ Бжьэдыгъухэм я лъахэ дихьэнущ. Абы къыкIэлъокIуэ Шапсыгъыр, адэжкIэ – Жанейр, итIанэ, зэрыжысIауэ, хы Iузэвым дикIмэ, Кърымыр къэтлъагъунущ.

– Си гугъэнтэкъым Адыгэ лъахэр апхуэдизу абрагъуэу.

– Абрагъуэщ, Мэрем. Абрагъуэщ... ЗэгурыIуэу лIакъуитI имысу, лъахэ абрагъуэщ. Иджыри къахэзбжакъым Егурыхъуейр, Хьэтыкъуейр, Адэмейр. Абыхэм дапхрыкIынутэкъыми, блэзгъэкIащ. Къэсей хьэжым зэрыжиIэщи, Алыхьым гъуэгу къыдит. Зыми ищIэркъым уэрэ

сэрэ ди натIэ илъыр, итIани, лIы дзыхэркъым, си къуэш. Мыдэ зы пасэрей уэрэдыжь къыхэбдзатэмэ, сэри сынежьуунт е нэхъ къапщтэу щытмэ, къуажэ зэфIэдгъэхь.

– Уэрэдыр хьэщIэщым щыжытIэмэ, нэхъыфIщ, къедаIуэхэри дгъэгушхуэу. Иджыпсту къуажэхьыр къыхызох.

– ДызэгурыIуащ. СфIэфIщ къуажэхьхэр, дыщысабийм щыгъуэ щIымахуэ пшыхь кIыхьхэр икъукIэ щIэщыгъуэу дгъакIуэрт, къуажэхь дыджэгуурэ. Абыхэм, Мэрем, гупсысэр яузэщI. КъыщIэдзэ-тIэ иджы!

– Ди уэнжакъ мэжаджэ ныкъуэ къыкъуоплъ.

– Мазэ.

– Ди бжыхьыпэ къуацэ фIэлъщ.

– Уэс.

– IэкIэ емыIусэу, куэбжэр зэIузых.

– Жьапщэ.

– Ди лIыжь цIыкIу шыгъушхщ.

– ДжэдыкIэ.

– Ар сыту укъэщIэрей, тхьэмадэ!

– СыкъэщIэрейщ – къуажэхьхэр тыншщи.

– Мыр къащIэт-тIэ: МэпIэнкI, зэтопкI. Пхъуми иримых, нысэми къримыхьэ.



– Мис иджы сыкъэбубыда сфIощI. Сысейри яхэту, къуажипщI узот, Мэрем.

– Ууейр уэ къызыхуэгъэнэж, мыдрейхэр къызощтэ.

– Зэ умыпIащэ, къэувыIэ. А къапщтэхэм ящыщщ ХьэтIохъущыкъуейри.

– Ар сэ сщIакъым. Апхуэдэу щыхъуакIэ, узотыж къуажэу къызэптахэр псори. БжесIэнщ жэуапыр: Ар уэщ. Иджы уи чэзущ, Миншакъ!

– КъащIэ-тIэ: Дзэ куэд зыIуту, дзэ уз зимыIэ.

– Пхъэх.

– Жыгыщхьэм къыпаупщI, хьэуазэ зэщIещыпэ.

– Гуахъуэ.

– ЩIылъэм къыщожьэ, уафэм щоджэрэз, удзхэр ирегъэщI, гъуэм зыщеущэхуж.

– Ар дыгъуасэ Псыжь дыкъыщызэпрыкIым ди щхьэщIыбкIэ къытщIэрыуа къуэкIыпIэ жьапщэрщ.

– НтIэ, мыр къащIэт: Уеплъым – гъуджэ, уеджэм – дэгу.

– Мыл.

– Ди гуэн цIыкIу лы изщ.

– Iэпхъуалъэ.

– Бгырыпхыбгъуэ – лIыбгъуэ кIэщI.

– Чей фэндырэ.

– Мыр-щэ: ЦIыхубз щIалэхэм къащхьэщолъатэ, сабийр епхъуатэри – мэлъэтэж.

Мэрем къэуIэбжьауэ, Миншакъ Iуплъэри, нэщхъейуэ еплъыхащ, игукIэ: «СощIэ, ари. Кърым къашыргъэжьырщ...», жиIэурэ.

Ашабэм зыхищIат Мэрем и гупсысэр пIейтейуэ здэжар. ЩIалэм

игу щIэгъуат Миншакъ, нэгъуэщI къуажэхькIи зэрихъуэкIыну хэтат, ауэ шууиплI къакIуэу къыщилъагъум, къызэгуэпауэ жеIэ:

– Уа, вэсэмахуи шу, дыгъуаси шу, ноби... мы шу зэхэзекIуэ кIэухыншэхэр щхьэ щIэмычэу къытIущIэн хуейт?.. Я уанэгу исыкIэкIэ уеплъмэ, мыбыхэм ящыщу щыр адыгэкъым... Догуэт, догуэт, сыкъэмыпцIэмэ, зыр абрэджщ – Мамсыр Нэкъарщ. Догуэт... Хьэуэ. КъысфIэщIа си гугъэщ.

– Миншакъ, а дэ дыздэкIуэм къимыкIыжу пIэрэ мыхэр?

– ПэжынкIи хъунщ. Ауэ, сыщымыуэмэ, мо еплIанэр адыгэщ...

## IX

Къалмыкъым ежьа къэбэрдей шууитхур гъуэгу тетщ. Шу къэс щхьэж и дохъутей и щIыбырыхьщ, и бжыкI – и шы джабэщ. Дэтхэнэми и бгырылъщ къамэрэ сэшхуэрэ.

КъуэкIыпIэ жьапщэр уащхъуэдэмыщхъуэу къыкъуоури, пшахъуэ къущ щхъыщхъыр жьыхъарзым сабаеу зэщIеIэтэ. Удз тежьыкIыжамрэ чыцэ гъуркIымрэ я мылыф щар пшахъуэ сабэ гуэрэным хиужьэпхъэжурэ жьыпэум зехъу-зелъ. Жьы пхъэнкIауэм къызыIэпипхъыж хъуахуэ зэщIэлъыр шухэм Iуву къатохэ. Пшахъуэ борэн зи щыпэлъагъу шыхэр зэпеуэу мэпырхъ, мэпапщэ, лъэныкъуэкIэ еIэурэ, зэм хощыщыкI, зэми я пэщхъын ягъаджэ.



– IумпIэхэр фубыди, хъурейуэ фыкъызэхэувэ, – къопсалъэ гупым я шупашэ Быж Нэгъур. – Мыр жьапщэ щхьэрыуэщ, борэнхэпщкъым, къызэрыкъуэхуам ещхьыпсу зилъэхъэжынущ.

Нэгъур зэрыжиIам хуэдэу, жьапщэр щIэх дыдэ теужри, борэн хъуэпсар, щIыщхьэм зытриукъуэдиеурэ, икIуэтыжыпащ. Дэмдей зиутхыпщIыжурэ, Нэгъур йоупщI:

– ЖыпIар зэхихауэ пIэрэт, тхьэмадэ? Жьапщэрэ пэт, плъагъуркъэ, зыгуэр зэхещIыкI...

– ШейтIаным ещхьу къытщхьэщыгъуэгъуам и зэхэщIыкIыр жыжьэ нэсынкъым, зи, – Къашыргъэ гъукIэм, и пыIэ хъурыфэр иутхыпщIыжурэ, лъэгуажьэпэм треупцIэри, зиплъыхьурэ щIоупщIэ: – Сыщымыуэмэ, Астрахъаныр мо лъэныкъуэрщ здэщыIэр...

– Зэгуэр, ди адэшхуэхэм я зэманыгъуэм, абыкIэщ здэщыIар, иджыпсту – сщIэркъым... – гушыIэ хуэдэурэ мэхъурджауэ Дэмдей.

– Дапщэрэ ар зэрыбжесIэнур – мы си бзэгупэм утемысыну! – Къашыргъэ и къамышы дакъэр уадауэм тришащIэ нэпцI зещI: – Ди адэшхуэхэр дигу къыумыгъэкIыжми, тщыгъупща уи мыгугъэ дэ дызэрыт лъэхъэнэр. Астрахъаныпщым дипхъу зэрищхьэгъусэри тщыгъупщакъым! Уэ уэщхьу, пэкIэ псы дефэ уфIэщIрэ?

ЗэныбжьэгъуитIым аргуэру зызэрызэраупсеям гу лъетэри, Быж Нэгъур къопсалъэ:

– ФувыIэжыт! Сыт къыфщыщIар? Псы къэдвгъэлъыхъуи нэхъыфIщ а жыфIэхэм нэхърэ. Дыгъуасэ лъандэрэ шыхэм псы яIухуакъым. Елэн, уэ унэхъ нэ жанщ, модэ, къысфIэщIу пIэрэ...

ЧэруанакIуэхэр здекIуэкIыр... Махъшэхэр абыкIэ щIахур, дауи, Iуащхьэ лъапэм псы щыIэщи арщ.

– Ущыуэркъым, тхьэмадэ, – къопсалъэ Къэбард, нэхъыжьым жыхуиIэмкIэ плъэурэ, – мес, махъшэхэр псы кхъуафэм бгъэдэтщ.

– ГъэщIэгъуэнкъэ... хэту пIэрэ а псыкъуийр зейр?

– БжесIэнщ ар зейр! Ар зейр... – зэкIэлъигъэпIащIэу, гушыIэну иришэжьат Дэмдей, арщхьэкIэ и ныбжьэгъум щыIуплъэм, зэуэ зыкъызэридзэкIыжри: – Сэр дыдэми сщIэну сыхуейт ар зейр – къалмыкъ, тэтэр хьэмэрэ къэзакъ.

– Хэт и къэзакъ? Дэнэ къикIауэ къэзакъ! – Быж Нэгъур ткIийуэ Дэмдей хуилъри, зригъэущэхужат, арщхьэкIэ езыр-езыру хэгупсысыхьыжри, губжь-бампIэ щIэлъу пищащ: – Пэжу, тэн къэзакъхэм ди къэбэрдей щIыналъэм уащрохьэлIэ, «тэрч къэзакъ» зыфIащыжауэ! Емынэрэ пэт зэрыхьэм... Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, Къэбэрдейм щIы IэгупIэ къыхуэнэжынукъым, тедзэщ-хэхэсым зыкIэщIимыубыдауэ!

– Псы щхьэкIэ умылIапэмэ, мыбыхэм япс зыIубгъэахуэ хъунтэкъым... – щэхуу, Къэбард фIэкIа зыми зэхимыхын хуэдэу, мэгъумэтIымэ Елэн.

ЩIалэр щэхуу псэлъа щхьэкIэ, жиIар Нэгъур и тхьэкIумэм фIэкIакъым:

– Псы зэхэгъэж щыIэкъым! – щIалэм пидзыжри, Быжым шыр лъэхъуу иутIыпщащ.



Уэгум лъагэу зыщызыIэжьэ дыгъэр пшахъуэщI гъуатIафэм тенэцIыхьащи, бжьизкIэ мыкIуатэ хуэдэщ. Шылъэхэм пшахъуэщI пщтырым зыкъытрапхъуэтыкIрэ пэт арыххэу пхрыщэтыжурэ, пшахъуэ къэплъар зыщIапхъыкIыу мэущ. Зэм жьуджалэ Iэрамэ, зэми банэ гъурц Iэгуэ пшахъуэщIым щхьэрыуауэ къыхоплъ.

Зэзэмызи къыпIэщIолъагъуэ пшагъуавэм и щхьэфэ жьэражьэм щызепщыпщэ шындырхъуо жьгъейхэр. Шыхэм, гъунэгъуу псы зэрыщыIэр зыхащIащи, хуабейр зыхуагъэшыIэурэ, нэхъри лъэхъулъэущ защI. Уафэгум щохуарзэ хэпщIыкIыу зыкъезыгъэлъэхъшэха бгъэхэр. А лъэныкъуэ жыжьэмкIэ къыщылъщ Къалмыкъ щIыналъэр.

Уэгу нэзым щIэплъурэ, Быж Нэгъур зэрегъэзахуэ: «Къалмыкъыр гъунэгъуу къытфIэщIа щхьэкIэ, иджыри дэнэ!.. Пщыхьэщхьэ кIасэу дынэсыни дынэмысыни... Астрахъан и Iэгъуэблагъэм щIы бэву илъыр (мы къум пшахъуэщIри щIыгъужу) ХьэтIохъущокъуэм и малъхъэм IэщIэлъщ. Аращ Астрахъан пщыгъуэкIэ зэджэжыр. Индыл Iуфэ Iус Астрахъанри, Тэрч Iуфэр зыIыгъ Къэбэрдейри къанэурэ, тетыгъуэр зыIыгъа лIыхэр дунейм йохыж, зэи щымыIэххам хуэдэу. Идар Инал Нэху ноби щIытщымыгъупщэр адыгэу щыIэр зы къэралыгъуэу зэгуигъэхьэну зэрыщIэхъуэпсарщ. Абы и лIэужьри – Темрыкъуэ – лIы Iущт, ауэ щыхъукIи, адэкIэ-мыдэкIэ зидзурэ, дунейм тет хьэгъэщагъэр зэкIэрихъэщ-зэхилъхьэжри, къэбэрдей адыгэхэм я лъэр щIиудыпащ. Ипхъу нэхъыщIэ Гуащэнэ мо Иваным пIащIэу иритат, батэкIэ щыгугъыу. МыдэкIэ ПщыIэпщокъуэхэ япхъухэри кърым хъанхэм гуфIэу хурагъэшэри, нысашэми и кIэухыр лъахэжь хьэдагъэу къэбэрдей-

хэр етIысэкIыжащ. Дауэ пIэрэ иджы ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийм апхуэдиз зэхэзырыхьар зэрызэхихыжын и гугъэр? Дэ Къалмыкъым дыкъигъэкIуа нэхърэ, урыс пащтыхьым хуэлажьэ Бекович-Черкасский Александр[1] лIыкIуэ хуищIамэ нэхъ тэмэмт...»

Иджы IупщIу плъагъурт псыкъуийри, махъшэхэр псафэ Iузышэ сондэджэрхэм я шыфэлIыфэри.

Быж Нэгъур и гупсысэхэр а зэ здежьауэ щытам аргуэру зэрыхьырт: «Къэбэрдей пщы уэлийр е и фIэщу къалмыкъ хъаным щогугъ, е... зэманыр ауэ сытми зэпеш. Пэжу, Аюк-хъан иIэщ шуудзэ ахъырзэман, итIани, Урысеймрэ къалмыкъ хъанымрэ я зэфIэкIыр зэхуэбгъадэ хъун? Сыт-тIэ Урысейр иджыпсту Швецием пэщIэтмэ! ПэщIрырет! Иван пащтыхьыр зауэ-зэпэщIэуэхэм мыувыIэу хэттэкъэ, итIани джылахъстэнейхэр, я малъхъэ Иван щыгугъыу, абы зыщыхуагъазэм, Вишневецкэр зи шупашэ и дзэр занщIэу Къэбэрдеишхуэм къиутIыпщащ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, дэ дымыщIэ гуэр хэлъу къыщIэкIынщ мы Iуэхум. Дыкъыщежьэм Жэбагъы сигъэIущат, си гъусэхэм гурыщхъуэ сиIэу къезмыгъэщIэн папщIэ, си бзэр быдэу сIыгъыну. АбыкIэ зэи шэч къысхуумыщI, Жэбагъы. Уеблэмэ, бийм дыкъаухъуреихьауэ, ди закъуэу утыку дыкъинэ хъуми, дэ зыщыдгъэгъупщэнкъым ди япэ ита нэхъыжьхэм я къыхуеджэныгъэр: «Е дылIэн – е дылIын».

Быжыр, и гупсысэ хьэлъэхэм къахэкIри, къэпсэлъащ:

– Елэн, модэ плъэт... Плъагъурэ мо псыкъуийм деж щызэхэт махъшэхэр? Абыхэм псыкIэ загъэнщIыху дапэплъэн хуейщ иджы.

– Дауэ?! – алъандэрэ цIутI жызымыIэу къэкIуа Дэмдей аргуэру зыкъритIащ. – Махъшэхэм псыкIэ загъэнщIыху жэщ къыттехъуэни! Ахэр мащIэ ефэрэ езыхэр... – нэхъыжьым дежкIэ зегъазэри: – Нэгъур, кхъыIэ, сэ сыгъакIуэт а сондэджэрхэм сепсэлъэну. СагурыIуэнщ. Къэбард, мыдэ лы гъур IыхьэфIрэ хьэлу зы-тIурэ къидзэт мы си хъуржыным.

– Iэдэбу псалъэ. УкъимытхъутхъукI. Iэщэ яIыгъщ абыхэм ящIыгъу хъумакIуэхэм, – педзыж абы Нэгъур.

– ЖызоIэри: сэ зесхуэр нэгъуэщI хьисэпщ... – Дэмдей и хъуржын хьэлъафIэм еплъыжри, арэзыуэ жиIащ: – Я нэхъ къанлыхэми ерыскъыкIэ уахозагъэ.

ЩIалэщIэ дыдэ бгъэдэтт псыкъуийм, псы къригъахъуэу. Адыгэбзэ щызэхихым, ар, къэскIауэ къызэплъэкIри, Дэмдей къеупщIащ:

– Фэ фыадыгэ?!

[1] Бекович-Черкасский Александр. Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щыта ПщыIэпщокъуэ Къазий и лIэужь Жамбот Бэчмырзэ (пщым) къуих къыщIэхъуат. Бекович-Черкасский Александр къыщалъхуа илъэсым и пэжыпIэр тхыдэхэм IупщIу къыхэщыжыркъым. Дэфтэрхэм япэ дыдэу абы и цIэм дыщыщрихьэлIэр 1688 гъэрщ. Долэт-Джэрий (Александр) Терки къалэм и анэмэт унэм щыпсэуащ, нэхъ иужьыIуэкIэ Голицын Борис и унагъуэ исащ, Голицыным и къуэхэм ящIыгъуу, ирагъаджэ-ягъасэу. Зэман дэкIри, Долэт-Джэрий (Александр) Голландием ягъэкIуащ кхъухь IуэхухэмкIэ щIэныгъэ щрагъэгъуэтыну. Бекович-Черкасский Александр 1716 гъэм Хивэ хъаныгъуэм гъэпцIагъэкIэ щаукIауэ щытащ. Хивэ хъаным Долэт-Джэрий (Александр) и щхьэр гуфIапщIэ тыгъэу Бухъар хъаным хуригъэхьыжат… Долэт-Джэрий къуитI къыщIэхъуащ. ТIуми, урыс пащтыхьым хуэлажьэу, дзэ къулыкъу яхьу щытащ.

– Ахьей, дыадыгэ! Къэбэрдейуэ дыадыгэщ. Уэ дауэрэ укъыщыщIидза мыбдеж, щIалэ?

– Сэ... – гъырнэIуу зыкъызэщIещIэри, щIалэм нэпсыр ирикъухыжурэ: – Сондэджэр гуэрым, мес мобыхэм ещхь зы хьэжьвакъэжьыших гуэрым, лъэщыгъэкIэ сиубыдри, мыбы сыкъишат... Къалмыкъ гуэрым срищауэ, мыбдеж IуэхутхьэбзащIэу сыщытщ. Зэхэфхагъэнщ кIэмыргуеипщ Бэлэтокъуэм и цIэр. Абы и жылэм сыщыщщ сэ...

– Дауэ зэхэдмыхрэт Бэлэтокъуэпщым и цIэ? Сыт щхьэкIэ? Мыпхуэдэ лей къызэрыптехьар Аюк-хъаным и щхьэгъусэ Абай щIумыгъэщIар сыт? Ар ди къэбэрдеипхъущ, къыпщхьэщыжынут.

– Хъангуащэ Абай зыкъом лъандэрэ мыбы щыпсэуркъым. ЗэрыжаIэмкIэ, Аюк-хъан и унафэкIэ ар зэпрашащ Астрахъан лъэныкъуэмкIэ. Иджы аращ щыпсэур.

– Ы-хь-ы! Апхуэдэ хъыбарыщIэр дэ зэхэтхатэкъым... Нэгъур, зэхэпхрэ? Мыр адыгэщ... НакIуэт, щIалэ, ди нэхъыжьым, Быж Нэгъур, укъезгъэцIыхунти.

Шыныбэпххэр къигъэлалэу Нэгъур лъэныкъуэкIэ щытти, псалъэмакъыр щызэхихым, езыр къапежьащ. Сондэджэрхэмрэ абыхэм я махъшэхэмрэ къаблэкIри, тхьэмадэр щIалэ гъырнэIум къыбгъэдыхьащ:



– Уадыгэ, си щIалэ? УкIэмыргуейщ, ара? Бэлэтокъуэ и щхьэкIэ дымыцIыхуми, и цIэр куэдрэ зэхэтхащ.

– Сыадыгэщ, тхьэмадэ, – къыщиудын хьэзыру жэуап къет щIалэм, – Бэлэтокъуэ Болэт срипхъурылъхущ. Си анэр Болэт и шыпхъу нэхъыжьщ.

Нэгъур и гущIэм узу зыкъигъэзат. ЩIалэм и дамэр IэплIэныкъуэешэкI ищIри:

– Iэстофрилэхь! Мы дуней иным Iейуэ щызекIуэр?! Умыдзыхэ, си щIалэ. Ди нэхъ Iущхэми жаIауэ: «МылIэр лIы мэхъу». Иджыпсту уи къуэшхэр дыбгъуэтыжащи, къыджеIэ, «КIэмыргуей» дяпэкIэ дызэрыноджэнур?

– Си адэ-анэри, Болэти, ди жылэри къызэрызэджэу щытар Даурщ.

– ЦIэ хьэлэмэтщ. ЦIэ бэлыхьщ. Нобэ къыщыщIэдзауэ, мы псыкъуийри, мо пшахъуэщIри си щыхьэту, Даур-КIэмыргуей пфIызощ!

– Иджыпсту сызыIут IэнатIэ емыкIур зэрысхуэмыфащэр зыхэпщIауэ, узителъхьэр пэжмэ, сыпхуэарэзыуэ, а цIэр сэри къызощтэ. Си анэш Бэлэтокъуэпщым и жыIауэ: «Уи Iэщэр – си Iэщэщ, уи гъуазэр – си гъуазэщ».

ЩIалэщIэм и тхьэрыIуэр апхуэдизкIэ Дэмдей игу дыхьати, Къашыргъэ нащхьэIущхьэ хуищIурэ егупсысырт: «Мыпхуэдиз лIыгъэ зыхэлъым иджыри къэс дауэ хуэшэча мы зэрыт пщылIыпIэр?»

Къашыргъэм Быжым зыхуегъазэ:

– Тхьэмадэ Iумахуэ, кIэмыргуей щIалэм, дэ дурищыхьэту, цIэ щыфIэпщакIэ, дауи, Къэбэрдейм дыщихьэж нэхъ пIалъэ къыхэмыкIыу, гуфIэгъуэ IэнэкIэ дыбгъэхъуэхъуэну къыщIэкIынщ?!

– ЩыжыфIэ – сыхьэзырщ, – жеIэ Нэгъури.

9 Заказ №219

Псыхьэ щIалэр и къалэным къытрачауэ къэбэрдейхэм зэрагъэуэршэрыр ягу темыхуэу, сондэджэрхэм псалъэмакъ къаIэтащ. Быжым гу лъитащ щIалэ Даур-КIэмыргуей и дзей къалмыкъ щIалэ Цырындорж хьэкхъуафэм бгъэдэт махъшэхэр пIащIэу къызэрыIуихужым.

– ЛIо, мо уи дзейм ищIэну зыхэтыр, щIалэ?

– ЯпэщIыкIэ фишхэр иригъэфэну аращ и гугъэр.

– Ы-хь-ы! – мэгуфIэ Дэмдей.

– Апхуэдэу ищIэ хъунукъым, – гъумэтIымэурэ, и щхьэр ещI Къашыргъэ.

Быж Нэгъур Даур зыхуегъазэри:

– Ар Iуэху хъунукъым, КIэмыргуей. Уи къалмыкъ щIалэми уэри Алыхьыр арэзы къыфхухъу, ауэ мо махъшэхэри дишхэри зэхуэдэу псы зыхуэлIа псэущхьэ хей ешахэщ. Гуэныхь къэвмыхь.

– ИтIани, тхьэмадэ, ахэр...

Елэн къригъэжьар кIэщIу Нэгъур пеупщI:

– Къэгъанэт! Псори къызгуроIуэ сэ. КIэмыргуеймрэ и дзей щIалэмрэ ягу щывэри зэхызощIыкI, итIани... шыIэныгъэ тхэлъу дежьэнщ махъшэхэм псыкIэ загъэнщIыху. СыткIэ дыхуей а къаугъэм? ДылIыкIуэщ. Гъуэгуанэ къытпэщылъщ иджыри. Дэмдей, ерыскъым къанлыхэри зэтриуIэфIэу жыпIати нетIэ... Гъуэмылэр зэщIэфхи, Iэнэ къэвухуэт! Мо сондэджэрхэри ди ерыскъым хэднынкъым. Къевгъэблагъэ... Хэт жыпIат ахэр лъэпкъкIэ, Къашыргъэ?

– Хьиндыуэ жаIащ езыхэм. Ауэ мо нэ зэвым блэкIрэ пэт хьиндымэ зэрыщымыуар нэрылъагъущ. Пэжкъэ жысIэр, Дэмдей?

– Шэч хэмылъу, хьиндыкъым ар, плъагъуркъэ ди Iуфэр къызэрихъуэрэхъухьыр: къытщIэдэIуу арщ. Алыхьым ещIэ абы адыгэхэм якIэщIищIыхьауэ щыта щIэщхъур.

– ФувыIэжыну фэ тIур зэ?! – мэгие Быжыр. – Шы лъэрыгъыншэм и лъэрыгъ фиувэну фыхэтщ, гъуэгу махуэрэ!

НэхъыщIэхэм гъуэмылэ зэрылъ хъуржынхэр ятIатэщ, Iэнэр къаухуэри, Нэгъур хьиндыхэр зыдигъэшхэну кърйгъэблэгъащ. Щхьэхуэу зыхуигъэзащ нэ зэвым:

– Уэри, хамэгу-хамащхьэу ущымыту, къэтIысыт. Ди бзэри мо узигъусэхэм яйри зэдэбгъэшэрыуэу пщIэуэ къысщохъури, фIы дыдэкъэ ар – тэрмэш утхуэхъунщ. Сыт уи цIэр?

– Iэта-ИльяскIэ къызоджэ.

... Гъуэгуанэ жыхуаIэращ. Данэ гъуэгуу Европэмрэ Азиемрэ зэпызыщIэм деж щаухуа Iэнэм мамыру бгъэдэст адыгэхэр, къалмыкъхэр, хьиндыхэр, нэгъуей Iэта-Ильяси ящIыгъужу. НэхъыщIищыр – Елэн, Къэбард, Даур-КIэмыргуей сымэ – бгъуэщIэсти, тIум Iэнэр зэрагъэзахуэрт, ещанэм псы къахуихьырт.

Iэта-Ильяс я тэрмэшу, Iэнэм бгъэдэсхэр зэпсэлъылIэурэ, мыпIащIэу ерыскъым хэIэбэрт. А гупым зэжраIэхэр нэгъуейм щызэридзэкIкIэ, езым и гупсысэ гуэрхэр зэрыщIигъужыр нэрылъагъут. ЧэруанакIуэхэм я нэхъыжь хьиндыр егъэзыхыгъуэм теува дыгъэм худэплъейуэ, я ежьэжыгъуэр къызэрыблагъэр гупым къащыгуригъаIуэм,

Быж Нэгъур мыр жэуапу яретыж:

– Дыщысыху жытIэни дгъуэтынущ, ауэ фи ежьэжыгъуэр къэсамэ, гъуэгу махуэхэ! СыхьэтыфI тхьэм фыхуишэ! Фэ зыфIэтыжыху, мыдэ, Iэта-Ильяс сепсэлъэнут зы Iуэху гуэркIэ.

Нэ зэвыр зыщIигъуауэ, Быжыр IукIрэ пэт, гу лъитащ сондэджэрхэм Iэнащхьэм ахъшэ зэрытралъхьэм. Абы къикIыр Нэгъур къыгурыIуауэ, къэуIэбжьри:

– ФщIэр сыт?! ХьэщIэм шхапщIэ ит хабзэ?! Хьэлэл фхухъу! Iуфхыжыт псынщIэу, – жиIащ.

ЗэрагъэтIылъам хуэдэ дыдэу, сондэджэрхэм я ахъшэ жьгъейр пIащIэу къызэращтэжым кIэлъыплъри, Iэта-Ильяс, абыхэм къащхьэщыжу, къэпсэлъащ:

– ЕмыкIу пщIы хъунукъым. Абыхэм я сомым сомитI трагъуэтэжу есахэщ...

– Я хьэлэлщ, дапщэ трагъуатэми. Я Iуэху фIы ирикIуэ, – жиIэурэ, Нэгъур Iэта-Ильяс йоплъри:

– СыкъэпцIыхужакъэ иджыри?

– ДызэрыцIыхуу зэгуэр щыта? – Iэнкун къохъу нэгъуейр.

– КъэщIэжыт Къанокъуэ зэшхэм Беслъэнейм щаукIар.

– Шэхьбэз-Джэрий щхьэншэра зи гугъу пщIыр?.. – ауан хэлъу, подыхьэшхыкI Iэта-Ильяс. – Къилэжьар къылъысыжащ...

– КъылъысыжамкIэ сыарэзыт, ауэ и къуэшхэм иджыри увыIэну ягу илъкъым. Нэгъабэ ди деж къэкIуащ зэуакIуэ – нобэр къыздэсым лъы уасэ къалъыхъуэ... Иджыпстуи дзэ ягъэшэс Къэбэрдейм кърашэну.

– Нэгъур, уэри зэрыплъагъущи, сэ апхуэдэ Iуэхухэм куэд щIауэ сыхэтыжкъым, – нэмыс зыхэлъ макъкIэ хэкъузауэ жэуап къетыж нэгъуейм. – Аращи, хуит сыкъэпщIмэ, сежьэжынт. Си гъусэхэри, мес, къыспоплъэ...

– ГурыIуэгъуэщ. Уи бжыкIыр дзагуэ щыхъуакIэ, гъуэгу махуэ! Ауэ сэри зы къыбгурыIуэну сыхуейщ: дяпэкIэ си нэгу зэи зыкъыщIумыгъахуэ.

ЧэруанакIуэхэр зэрежьэжу, Псыкъуийм деж щыт и гъусэхэм къахыхьэжри, Нэгъур жиIащ:

– Дэри дежьэжын хуейщ, догувэ. КъызжефIэт, Даур-КIэмыргуей теухуауэ сыт иджы ди унафэр?

– Сыт унафэ? Мы пшахъуэщIым къиднэу дежьэжын хуейуэ ара? – къэгузэвэщ Къэбард.

– Пэжщ а жыпIэр, Къэбард, хъунукъым щIалэр къэдгъанэ, – жиIэурэ, Дэмдей Къашыргъэм хуоплъэкI.

– Унафэ лей иIэ абы? Пщэдей-пщэдеймыщкIэ дыкъыщыблэкIыжкIэ, здэтщтэжынщ, – жеIэ Къашыргъэм.

Нэгъур псоми жаIэм едэIуа нэужь, захуабзэу зишэщIауэ къэдаIуэ щIалэщIэм зыхуигъэзащ:

– Уэ дауэ уеплърэ абы, Даур-КIэмыргуей?

– Иджыри къэс мыбы сыщIыщыIэфар си лъахэм згъэзэжыну

згъэфIа а гугъэрщ. ИтIани, си зэранкIэ мыдыгъу-дыгъуфэ къываплъыну сигу схутегъахуэркъым. Фхуэмыфащэщ ар.

– Афэрым, КIэмыргуей. Псалъэ пэжщ. Иджы и чэзу хъуащ уи адэм и цIэм дыщIэупщIэнуи...

– Абрэджхэ сащыщщ. Си адэр... Къэрымым щыIэщ ар. Мырзэ дзэпщ гуэрым и деж къулыкъу щещIэ.

– Ар дауэ ухъут! – къолъ Дэмдей. – АдыгэлIым мырзэ гуэр деж къулыкъу щиIыгъыу?!

– Дэмдей, уи тIуалэр иджыри ешакъэ? – мэгие Къашыргъэ. – Дипхъухэр тырку султIанхэм, урыс пащтыхьхэм, къэрым хъанхэм, къэжэр падишаххэм, куржыпщхэм ягъэфыз щыхъукIэ, абрэджыр сыт бахъшысэрей мырзэм хуэлIыщIэ щIэмыхъунур? Хэт жыпIат, КIэмыргуей, уи адэм зэреджэр?

– Мырзэбэч... Ауэ сщIэркъым а къэрымхэр нэгъуэщI цIэкIэ къеджэми?

Къашыргъэ тIэкIурэ гупсысэри:

– Уи жагъуэ-уи щIасэми, щIалэ, адыгэм диIэщ псалъэжь: «Банэ и пIэ банэ къокIэж»... Щхьэж къызыхэкIам и нэпкъыжьэ и натIэм телъыжщ.

– СщIыркъым щхьэрыгъажэ, сыту жыпIэмэ, си анэш Бэлэтокъуи, апхуэдэ гуэр къикIыу, зэ зыгуэр жиIэгъат...

КIэмыргуей и псалъэхэр Къэбард щызэхихым, шыныбэпх икъузыжар гу лъимытэххэурэ IэщIэжыжащ, ауэ иужькIэ аргуэру щIикъузэжри, къэуIэбжьауэ жиIащ:

– Уа, шынэхъыщIэ, къызгурыIуар пэжмэ, укъэзылъхуа уи адэр уи щхьэ иупэсыжыркъым уэ...

Гупым щыму къахэдэIухь Елэн диIыгъащ абы жиIэр:

– КъызэрыщIэкIыр аращ, дауи.

– Тхьэмадэ Iумахуэр къызэупщIати, пцIы хэзмылъхьэу, сигу илъыр жысIауэ аркъудейщ. Си адэр мыбдеж къэувами, а сызэрыхущытыр, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу, жесIэнут. ИтIани, сэ сщыгъупщэркъым зэи: ар – си адэщи, си адэу къонэж! – хэкъузауэ жэуап къет Даур.

Нэгъур, хуэмышэчыжу, къигъэувыIащ абыхэм я зэдауэр:

– Елэн, Къалмыкъым дыкъикIыжыху, КIэмыргуей и пIэкIэ мыбдеж укъыщыдонэ.

– Къалмыкъыбзэ зыри сымыщIэуи?..

– УмыщIэуи. Псы ибгъэхъуэн папщIэ, бзэ ухуэныкъуэну си гугъэкъым.

– ЗэрыжыпIэщ, Нэгъур, зэрыжыпIэщ. КIэмыргуей къызэлам сэри сыкъелынщ. Къалмыкъым залымыгъэкIэ сыщагъэпщылIыну зыгуэрхэм гугъэ къысхурамыщI къудей! Гъуэгу махуэхэ! Ди Iуэхур тхьэм къыдигъэхъулIэ!

Шухэр гъуэгу теувэжащ. КIэмыргуей гупым хэмыт-хэмыщу кIуэрт, Къэбард и сэмэгурабгъур иIыгъыу. Абыхэм япэ къиту макIуэ Къашыргъэрэ Дэмдейрэ. Нэгъури щыму уанэгум исщ. Елэн и шым

зыхищIащ и уанэгу исыр зэрыхамэри, хопырхъыкI, ауэ ахэр зэсэжынущ куэд дэмыкIыу.

Даур нэщхъейуэ мэгупсысэ, и адэм теухуауэ къипсэлъахэм ироплъэж: «ЕмыкIущ уи адэм теухуауэ хуэмыфащэ гуэр бгъэIуну... Ауэ а жысIам пцIы лъэпкъ хэлъкъым. СыхущIегъуэжи хъунукъым. Къэбард иджы нэмыплъ къызиту пIэрэ? «Уи адэм ухуопсалъэ!» – къызжиIащ нетIэ... Сыт сэ абы щыгъуэ емыкIуу къызжьэдэкIар? Зэгуэр сэ си адэм хуэзгъэгъунущ къызэрызэпцIыжари зэхэзедзэн сызэрищIыгъари, ауэ къыхуигъэгъуну пIэрэ къытщхьэщыт Алыхьым!..»

– КIэмыргуей! – къэджащ Нэгъур, – моуэ укъызбгъурытурэ накIуэт!

ЩIалэр, зы шыщхьэкIэ и ужь иту, Быжым бгъурыуващ.

– Уи шыщхьэр спэзанщIэ зыкъэщIыт, тIасэ, къызбгъурыувапэт, – жеIэ Нэгъур.

КIэмыргуей кIуатэри, нэхъыжьым а жыхуиIам хуэдэу бгъурыувэпащ. Нэгъур здэкIуэм щIоупщIэ:

– А кърым сондэджэр Iэта-Ильяс уи нэIуасэ, КIэмыргуей?

– Сондэджэркъым ар! – кIэщIу педзыж Даур.

– Сэри а фэр есплъащ, – Нэгъур иджыри тэлайкIэ мэгупсысэжри: – Зыри зэхэпхакъым. КъыбгурыIуа?



Дыгъэ къухьэгъуэм ирихьэлIэу къум пшахъуэщIым къыумыцIыхужын хуэдизу зехъуэж. Тегъущыхьыжа удз гъурцхэм иджы къащIоплъ щхъуантIагъэ мащIэ. Шухэр къалмыкъ щIыналъэм и тафэшхуэм зэрытехьам и нэщэнэу, жьапщэм иджы удзыпэ щхъуантIэмэ къыхех. Шыхэри, удзымэр зыхащIащи, нэхъ кууэ мэпапщэ.

Быжым къыгурыIуэрт КIэмыргуейрэ езымрэ я псалъэмакъыр зэрамыухар. ТIури, гумызагъэу, адэкIэ къыкIэлъыкIуэнум пэплъэрт.

Нэгъур здэкIуэм, щIалэм зыхуегъазэ:

– Хэт сыт хуэдэ лей къыптримыгъэхьами, уэ губжьыр зытебгъэкIуакъым, КIэмыргуей. Ар фIыщ.

– Пхуэмыфащэ къозыпэсам, уи псэ къеIам, дауэ зэрыхуэбгъэгъунур, ар уи адэу щытми? – егъэщIагъуэ Къэбард.

Быжым игу ирихьакъым нэхъыщIэр а псалъэмакъым къызэрыхыхьар, итIани, къыпыгуфIыкIри, жиIащ:

– Къэбард, сыту пIэрэт уэ езым пщIэнур, Даур-КIэмыргуей и пIэ уитамэ?

Къэбард къыгурыIуат нэхъыжьым игу зэрызригъэбгъари, зыри пидзыжакъым.

– «Мыр щIэ, мыдрейр умыщIэ», жытIэу – КIэмыргуей иджыпсту чэнджэщ еттыну дыхэткъым дэ. – къэпсэлъащ Быжыр. – Хьэкъращи: къалмыкъ хэкум щIалэр къиднэнукъым. Абы тIэу жыIэ хэлъыххэн хуейкъым.

Шухэр Iуащхьэм дэкIрэ, плъэмэ – нэм зэлъищIысыр щхъуэкIэплъыкIэ хьэлэмэту удзыпцIэ Iув тафэт. Быжым шыр къыжьэдикъуэщ, гупсэхуу зыкъиплъыхьри, дахагъэу илъагъур игъэщIагъуэу, жиIащ:

– Тобэ ярэби! Хэт и гугъэнт мыпхуэдэ дахагъэ щIы гущIыIум тету?..

Шухэм языхэзри зэи теплъатэкъым апхуэдиз удз гъэгъа зэщIыгъуу зы щIыпIэм уэру щыкIыу. Гъуэжьу, плъыжьу, хужьу, гъуатIэу, шэджэнэплъу, купраузу, шакъафэу – гъэгъа дахащэхэр моуэ жьы хуэмым тригъащIэмэ, мащIэу зыдыщIаупскIэурэ толъкъуну щIэхъаерт.

АдэкIэ жыжьэу къыщылъагъуэрт къалмыкъхэм я псэуалъэ фэ пщыIэхэу нып зэмыфэгъу цIыкIухэмкIэ гъэщIэрэщIахэр. Щхьэж и пщыIащхьэ – пэнцIыв шопсым щызэрыдзэжа кIапсэхэмкIэ, щхьэж зытет щIым тепхэжауэ, зэхэтт а псэуалъэхэр. Аюк-хъан и шэтырхэт ахэр.

Хьэблэ цIыкIуу зэхэт фэ пщыIэхэмкIэ шухэм яунэтIащи, заплъыхьурэ ягъэщIагъуэ: хъуреягъыр Iэхъушэ бэгъуащ. Языныкъуэ гуартэхэр удзыпцIэм щохъуакIуэ, нэгъуэщI хъушэхэр Iуэшхуэ къэхухьахэм ярытщ.

ЩIымахуэ кIыхьым жэмхэм зэтралъхуа щIэжьейхэм, анэ джабэхэм зыщахъуэурэ, шхуэлыр къалъыхъуэ. Хъуэпсэгъуэу куэдщ апхуэдэ жэм зэщIэсхэри. Адрей лъэныкъуэмкIэ уэру щохъуакIуэ шы табынышхуэхэр: шы къарэхэр, шы гъуэплъхэр – езыхэр лъэ псыгъуэ лъагэрэ пщэгурыгъ къуаншэ хъужахэу, теплъафIэхэщ. Я дарий сокупцIэхэр пщIыпщIу жьыбгъэ хуэмым зэрехьэ. Шы табынхэр гуэрэнурэ къэзыуфэрэфыхь бзу лIэужьыгъуэхэм якIэлъыплъурэ, къэбэрдей шухэм ягъэщIагъуэ къалмыкъ хъаным и щIыналъэ къулейр.

Шэтыр хьэблэм къыдокIри, я бжыкIыщхьэхэм пылъ кIапэ щабэ бацэхэр (псэущхьэ гуэрхэм яйхэр) жьым хэджагуэу, хъумакIуэ шу гупыр лъэхъуу къахуокIуэ къэбэрдеилIхэм.

– Къэбард, КIэмыргуей, дяпэ фищи, ди малъхъэ Аюк-хъан жефIэ Къэбэрдейм дыкъызэрикIар, ХьэтIохъущокъуэпщым дызэригъэлIыкIуэр.

Даур-КIэмыргуей къалмыкъ шу щхьэхъумэхэм я бзэмкIэ епсэлъа нэужь, къэбэрдей лIыкIуэхэр шэтырхэмкIэ благъэкI. Я гупэхэм къалмыкъ шууитI къоувэри, лъэныкъуэегъэзу щыт фэ пщыIэ хужьышхуэмкIэ ягъэгъуазэу хуаунэтI.

Адыгэхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхь здыщIаша фэ пщыIэр: мащIэу къызэщIэIэтащ лъэгур, шэтыр кIуэцI джабэхэр къищIыкIащ зы IэпапIи къызыщIэмыщ алэрыбгъушхуэхэмкIэ. Блын лъабжьэхэм кIэщIэлъщ щхьэнтэ къуэлэн цIыкIухэмрэ шхыIэн тепхъуэ шыхьахэмрэ. ПщыIэм узэрыщIыхьэу, Iэнэ хъурей щхьэгуэ лъахъшэ щытщ. Iэнащхьэм псы изу тетщ дыжьын тхыпхъэIущIэ зэта пэгуныр. Абы ещхьыпсу тхыпхъэщIыпхъэ зытелъ кумбыгъэ цIыкIур пэгуныкъум фIэгъэнауэ жьэдэлъщ. Iэнэ щхьэгуэм зэгъэзэхуэпауэ телъщ напэIэлъэщI къабзэхэр.

Къубгъанхэмрэ зытхьэщIылъэ куу цIыкIухэмрэ къыхуахьу, хьэщIэхэм зрагъэгъэкъэбза нэужь, ерыскъыри мыгувэу къыкIэлъахьащ. Гъуэгуанэ кIыхьым зэхиукIа къэбэрдейхэр, шхыным зэрыхэIэбаи щымыIэу, пIэм я щхьэр нахьэсрэ пэт, Къашыргъэ щIоупщIэ:

– Псыунэ ямыӀэу пӀэрэ мыбыхэм?

– Псэ яӀумыт уи гугъэ мыбыхэм?.. – зэгуэпауэ къопсалъэ Дэмдей. – А уздэщылъ бжэм пэгъунэгъущ псыунэр.

– Сыту фӀыт ари, – жиӀэу Къашыргъэ зигъэзэжынрэ пэт, Къэбард щэху цӀыкӀуу зэрыпыдыхьэшхыкӀам гъукӀэм гу лъетэри, зыхуретӀэ:

– Куэд къыбгуроӀуэ уэ! Уэ сыт... ущӀалэщ иджыри. Сэращи – мыбыхэм я шхупс-лэпсым си дзыхь езгъэзыркъым: сымыщӀэххэу срихужьэнщи...

Къашыргъэ ар здыжиӀэм, КӀэмыргуей гуэрыр къыщетхъри, и жьэр зэуэ ӀэгукӀэ еубыдыж. Къэбардщи, мыдыхьэшхын папщӀэ, ерагъкӀэ зишыӀэурэ, Быжым зыхуегъазэ:

– Нэгъур, нэмысыншафэ къызумыплъ, кхъыӀэ, ауэ мы ди бысымхэм щыуагъэ яӀэщӀощӀэ.

– Сыт уигу нэхъ иримыхьыр? ЖыӀэт.

– Дипхъу зи хъангуащэм хьэщӀэщ зэпэщхьэхуитӀ хузэфӀэмыкӀыну арат-тӀэ, щӀалэгъуалэр лъэныкъуэегъэзу щытын папщӀэ?

– УвыӀэт иджы! Жьы къыфщӀэпщэркъым, псы къыфщӀэуэркъым. Сыт нэгъуэщӀ фызыхуейуэ фигу темыхуэр? Абы нэхърэ нэхъыфӀщ дыкъыщӀежьам дригъэхъулӀэну Алыхьым псори фелъэӀуи. НэхулъэфӀ фыкъикӀ.

«Мы къытпекӀуэкӀа телъыджэр-щэ? – зэрегъэзахуэ Нэгъур. Тхьэмадэр еша щхьэкӀэ, гупсысэм къиутӀыпщыртэкъыми, жейми иригъэзэгътэкъым. ЩӀалэхэр ӀурихакӀэт. – ХьэтӀохъущокъуэпщыр щыгъуазэу пӀэрэ хъан гуащэр Къалмыкъым зэрыщымыпсэужым? Щыгъуазэу щытамэ, къыджиӀэнтэкъэ? ЖиӀэнут, дауи... Аюк-хъаным дыщепсалъэкӀэ, ди шыпхъум и цӀэ къыхэдгъэщынщ, ауэ ар иджыпсту здэщыӀэмкӀэ деупщӀынкъым. Хьэдагъэ кӀуэн, физ зыбжанэ зиӀэм ущыдэкӀуэкӀэ, нэхъеижи къыпщыщӀыныр зыми хуэӀуакъым... – Арыххэуи, Нэгъур игу къэкӀыжщ Къэсей хьэжым КъурӀэным физиплӀ къабыл ищӀу зэрыжиӀари, къыпыдыхьэшхыкӀащ: – А плӀым дауэ уапэлъэщынт, зыр ерагъщ арэзы зэрыпхуэщӀыр... Ярэби, пщэдейм сытхэр къытпигъаплъэу пӀэрэ?..»

Пщэдджыжьышхэ нэужьым къэбэрдей лӀыкӀуэхэм деж къыщӀыхьащ Ӏэщэхэр зыкӀэрылъ къалмыкъ лӀитӀ.

Языхэзым – зи нэхэр тыкъырыфӀу къипӀиикӀ лӀы нэкӀущхьэплъым – абыхэм закъыхуигъэзащ къалмыкъыбзэкӀэ, КӀэмыргуей яхузэридзэкӀащ:

– Къалмыкъ щӀыналъэм дыгъэр къыщыпэлъагэм ирихьэлӀэу, хъан щэджащэм и шэтырым фрегъэблагъэ.

Къалмыкъхэр щӀокӀыжри, Быжым и гъусэхэм захуегъазэ:

– Иджыри зэман диӀэщ ди щхьэ дыкӀэлъыплъыжыну.

И ӀэгушхуитӀымкӀэ и пыӀэ хъурыфэм телъэщӀыхьурэ, Къашыргъэ игу щӀэныкъуэм щӀоупщӀэ:

– Ярэби, дишхэм, псы нэхъ мыхъуми, зыгуэр яӀухуауэ пӀэрэ?

– Дауи, псы ирагъэфагъэнщ, – игурэ и щхьэрэ зэтемылъыщэу, кърегъажьэ Дэмдеи, къызыфӀимыгъэӀуэхуу адэкӀэ пещэ: – Дэ иджыри пщӀыхьым дыхэтт, дишхэр зыхуей щыхуагъазэм.

– Шыхэмрэ фэрэ фыхьэзыру щытмэ, сэри сыхьэзырыпсщ, – жеIэри, Къашыргъэ и псалъэр пегъэщхъ.

– Аюк-хъан[1] и шэтырышхуэр тпэжыжьэкъым, – псоми захуигъазэу къопсалъэ Даур-КIэмыргуей.

– Лъэсу дыкIуэнщи аращ, – къыпогуфIыкI Дэмдей.

– Хьэуэ, – идэркъым ар Быжым, – хъаным и шэтыр бжэIупэм ди уанэгу тIыгъыжу дыIухьэнущ.

ЩыжаIам ирихьэлIэу, къэбэрдей шухэр хъаным и куэбжэдыхьэ тхыпхъэщIыпхъэхэр къызыхэбзыкIам, фэ пщыIэ екIушхуэр къызыщхьэпрыплъым, екIуэлIахэщ. ХъумакIуэ зэщIэузэдахэр къапежьэри, шухэр хабзэм тету ирагъэпсыхащ. Сэшхуэ-къамэдохъутейхэмкIэ зэщIэхуэпауэ, адэкIэ щиувыкIа къэрэгъул сатырхэм къэбэрдейхэр бжьыфIэу блашри, хъан шэтырым щIашащ. Гупым я пэрыту кIуэцIрыкI къалмыкъым макъ псыгъуэкIэ зыгуэр жиIэри, лъэныкъуэкIэ IукIуэтыжащ, хьэщIэхэм утыкур хуит яхуищIу.

Къэбэрдей лIыкIуэхэм я гупэ къита къалмыкъ зауэлIиплIыр, лъахъшэу загъэщхъыурэ, щIыбкIэ икIуэтыжщ, бжэ щIыхьэпIэм лъэныкъуитIкIэ щиувыкIхэри, хьэщIэхэр благъэкIащ.

Аюк-хъан, щхьэнтэ хэдыкIа зэмыфэгъухэмкIэ къэгъэтIылъыхьауэ, алэрыбгъу дахэшхуэм лъахъшэу тест. Езыр лIы нэкIутэбакъ тхъуэплъышхуэт, щэлыр и пкъым ебэкIыу, лIы тIыгур пщае кIэщIт.

И лъэпкъ фащэри, гъэщIэрэщIэпауэ, хъаным ипкъ илъыжт.



[1] Къалмыкъ Аюк-хъан (Аюшэ) и сабиигъуэр Джунгарым щихьащ. 1665 гъэм, и адэшхуэр щIыгъуу, ар Iэпхъуат Индыл Iуфэм. 1672 гъэм, и адэ Мончакъ дунейм ехыжа нэужь, Аюк хахащ Къалмыкъ Ордам и пашэу. Индыл Iуфэм щыпсэу къалмыкъхэр зэгуигъэхьэурэ, Аюк зи тепщэ щIыналъэхэр нэхъри иуфэбгъуат. Нэхъ иужьыIуэкIэ хъаныр Псыжь Iуфэ Iус нэгъуейхэм ятеуэри, абыхэми я тету езым зигъэувыжащ. Урысейм Аюк-хъан кIэлъызэрихьэ политикэр зыми емыщхьу ухуат: мызэ-мытIэу, тхьэрыIуэкIэ ягуэувэурэ – сатуи ядищIэрт, ядэщIыгъууи къадекIуэкIырти, зэкъуэхуауэщехутылIэм деж, и фейдэр блимыгъэкIыу, Урысейм едыгъуэжырт.

Индыл Iуфэ зи Iуэхухэр щызыгъэбыдэну щIэкъу Урысейм Аюк и Iуэхутхьэбзэхэр кIэщIкIэщIурэ къигъэсэбэпырт. Апхуэдэу Астрахъан зыкъыщызыIэтахэр щраудыхми, Булавин зи пашэу щыта зыкъэIэтыныгъэр щыхагъащIэми, Ищхъэрэ зауэхэми Аюк и шуудзэр къащыхуэсэбэпащ. Езыр (Аюк) къэзакъхэмрэ тыркумэнхэмрэ ятеуэри, абыхэм Iулъхьэтыхь къуэды ятрилъхьащ. 1690 гъэм Далай-Ламэ и унафэкIэ, Аюк къыфIащат (мыхъуркIэ щIэгъэбыдэжауэ) хъан цIэ лъапIэр. 1697 гъэм Аюк-хъанрэ Голицын Борисрэ зэIущIэри зэгурыIуащ хъаныр Урысейм гуэту къарэкъэлпакъхэмрэ къыргъызхэмрэ зэдезэуэну. Абы къыпэкIуэуи, Урысейми топрэ гынышэкIэ къалмыкъхэм закъыщIигъэкъуэну...

Башкирхэм зыкъыщаIэта зэманым Аюк-хъан и дзэхэм Пензэ, Тамбов щIыналъэхэм щыщу жылищэ яIэщIэкIуэдащ. Аюк-хъан зыунэтI чэнджэщэгъуу Урысейм хуигъэкIуат Апраксин Пётр. Пащтыхь Пётр и унафэкIэ Аюк-хъан и дзэр Тэн Iуфэ зыкъыщызыIэтахэми езэуащ. Тырку-кърымыдзэр Киеврэ Чугуеврэ къащыхуэкIуэм, Урысейм гуэту япэувахэм ящыщщ Аюк-хъан и шуудзэри. Ибрэхьим-пэщэм и дзэр Чигиринэ деж щызэхакъутам щыгъуи Аюк и шухэр ядэзэуащ, Черкасскэ Къасболэт и унафэм щIэт дзэм щIыгъуу.

Апхуэдэ хыхьэхэкI иIэу урысхэм зэракъуэта илъэс тIощIым къриубыдэу, Аюк щIыпIэ куэдым къыщацIыхуати, КъуэкIыпIэ къэралхэми иджы Iулыджышхуэ щиIэт. Хъаным игурэ и щхьэрэ зэтелъти, зэрегуакIуэу, зыхуейм гухьэрт, зыхуэмеижым – къыгуэкIыжырт: дагъыстэн, къумыкъу, къэбэрдей, нэгъуэщIхэми. Къалмыкъ хъаным и лIыгъэр къилъытэу, пащтыхь Пётр I, Аюк къыхуэупсэу, тыгъэ лъапIэхэр къыхуригъэшауэ щытащ.

Аюк и къуэ нэхъыщIэм – Гунделек Джунгарым къыщыхухаха и къэшэныр (Дарма-Балу) езы хъаныжьым, илъэс 55-рэ зи ныбжьым, фызу къишэжат, къуищи дигъуэтыжат. А зэманым ирихьэлIэу Аюк и фыз нэхъыжьитIыр дунейм ехыжакIэт, и щхьэгъусэ ещанэ Абахъан (ар къэбэрдеипхъут) Къалмыкъ Ищхъэрэм хъаным ирыригъэшауэ щыIэт. Абахъан лIэжыху абы щыпсэуащ, Аюк-хъан игу пыкIыу хухих Iыхьэм нэхъ гурыфIыгъуэ имыIэу. Къалмыкъым я тет Аюк-хъан 1724 гъэ пщIондэ псэуащ.

ЛIыкIуэхэр нэхъыжь-нэхъыщIэкIэ еувэкIыу, мащIэу жьэпкъыпэщхьэгъэщхъ ящIа нэужь, Быж Нэгъур, игурэ и щхьэрэ зэтелъу, псэлъэн щIидзащ:

– Ди къихьэр пхуэфIын ухъу, хъанышхуэ! Уи щхьэкIэ, уи къэралыгъуэкIэ тхьэм уиузэщI! Уи мурадыр лъэщрэ уи бийр хэщIэу, уи IуэхуфI щIэмынэрэ уи акъылыр жану, уи гъащIэр кIыхьрэ уи жьыгъэр Iумахуэу, Къалмыкъым куэдрэ тхьэм ущхьэщигъэт! Къэбэрдейм и пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэм дыкъыпхуегъэлIыкIуэ. Пщы уэлийм и фIэхъусыр удохыжри, ди благъагъэр быдэным дыхуэхъуахъуэу, пIэщIыдолъхьэ мы дыжьын бгырыпхыр, адыгэ къамэр, гуэбэшы сэшхуэр.

– ФIыщIэ фхузощI! Захуагъэм тет ди Буддэ и гупсысэ мамырхэм нэхъри зреузэщI. Фыкъеблагъэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ! Си жьэгур – фи жьэгущ. Ди благъагъэр кIыхь ухъу, ди лъэпкъитIым я зэгурыIуэр нэхъри иребыдэ. Къэбэрдейм и пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэм си фIэхъусыр екIуу хуэфхьыж. Сыщыгъуазэщ, Бекович-Черкасскэм къызжиIауэ сыщыгъуазэщ Къырымымрэ Къэбэрдеймрэ фяку дэлъ гугъуехьым. Ауэ сэ сыт абы схухэлъхьэнур? Зи малъхъэу сыщытхэм сазэрыдэIэпыкъун къару сиIэкъым. Си мызакъуэу, езы Урысейри аращ. Сэ Урысейм сридзейщ. Пащтыхь Пётр Езанэмрэ Ахьмэд Ещанэ сулътIанымрэ я зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, сэ урысхэм сралъэныкъуэщ, абы къыхэкIыуи, а Iуэхум ехьэлIауэ, Iэмал фхузиIэкъым, сыбгъэ дамэншэщ.



Быж Нэгъур и гъусэхэм яхуеплъэкIщ, Аюк-хъаным еплъыжри, хуэму къригъэжьащ:

– КъызэрыщIэкIымкIэ, хъан, дыкъызытекIухьа упщIэми укъытхущIэмыдэIу щIыкIэ, уи жэуап уи хьэзыру, укъытIущIащ.

– Апхуэдэу къызэрыбгурыIуар?.. – хъаным хьилэ хэлъу и нэ лъэныкъуэр щIеукъуанцIэри, бзаджафэу пыгуфIыкIыжурэ: – Аращ, си благъэ лъапIэхэ, аращ – сэ фIыуэ хызощIыкI а фэ физыIут IэнатIэм... Мы ди дунейм, бзыщIауэ щэху гуэр тетыж иджы?!

– ЗэрыжыпIэмкIэ, хъан, зы щэху бзыщIаи здэщымыIэж мы дунейм, зы хабзи екIуу щызэрамыхьэжу, щхьэж и щхьэ зэрыхьщ? Ара? – упщIэм, жьэнахуэу, поупщIэж Нэгъур.

Къэбэрдей лIыкIуэм Iэдэбу зэкIэлъихьа гупсысэ тэрэзыр Аюк-хъаным и гущхьэ псантхуэм пэж хьэджэсэу хэтIысхьат. Къалмыкъыпщым и нэкIу тхъуэплъыр нэхъри къызэщIэцIыплъа щхьэкIэ, зишыIэфри, зызэщIиубыдэжащ. Дауи ирехъуи, гуфIэнэпцIу, и дзэлыфэ итIащ:

– Хьэуэ, хьэуэ, си благъэхэ, уи щхьэзакъуэр уи щхьэрыхьу ущыпсэуфрэ мы дунейм? Уагъэпсэунукъым, апхуэдэр пфIэфIыпсу щытми. Къыпхуадэнукъым... – Хъаным лей гуэр къыжьэдэцIэфтауэ шэч зыхуищIыжри, мащIэу къызэIынат, ауэ зэуэзэпсэу Iэмал хуекIуэжри, псалъэмакъыр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ иунэтIу, щIэупщIащ: – Мо уи гъусэ щIалитIыр сыт щIэмытIысыр?

Тэрмэшыр Даур-КIэмыргуейти, езыми, Къэбэрдей псоми къабгъэдэкIыу, мыпхуэдэ жэуап иритыжащ хъаным:

– Дэ, хъан, нэхъыжь здэщысым дыщытIысыркъым. Ар хабзэкъым.

– Уэ езыр сыткIэ уагухьэрэ мы си благъэхэм?.. – погуфIыкI Аюк-хъаныр: – НетIэ, мыбы фыкъыщIыхьэн ипэкIэ, уэ уи хъыбарри къысхуаIуэтат сэ... Уи лIакъуэгъу щыбгъуэтыжыфакIэ, нобэ щыщIэдзауэ уэри ущхьэхуиту бжы. УзыхуэпщылIахэм Iуэхум щыгъуазэ сащIакIэщ.

– ФIыщIэ пхуэфащэщ, хъан! – зыжьэу къэпсэлъащ Къашыргъэрэ Дэмдейрэ.

– ФIыщIи хэлъкъым абы, дыщIызэблагъэр апхуэдэ гуэрщ. Мис, хьэлэмэту ди бзэри зэбгъэщIащ. – ИужькIэ, пэжыр ибзыщIу, Аюк-хъаным жеIэ: – Фэ фи шыпхъу Абай хъан гуащэм мыбы фызэрыщыхьэщIэр ищIамэ, лъэс защIэу къум пшахъуэщIыр къызэпичынти, къэкIуэнт, зэ закъуэ къыфIуплъэн папщIэ... Ар флъагъуну фыхуеймэ, махуищ гъуэгуанэр къыфтемыхьэлъэнумэ, фезгъэшэнт хъангуащэр здэщыIэм...

– Ди шыпхъум и напэлъагъури, шэчыншэу, тфIэфIт, – нэщхъейуэ къопсалъэ Нэгъур, – арщхьэкIэ сыт ди Iэмал? Дэри гъуэгуанэ къытпэщылъщ.

– Сызималъхъэ адыгэхэм зэрыжаIэщи: «ХьэщIэм и Iуэхур – и къэкIуэгъуэрщ, ежьэжыгъуэр бысымым и Iуэхущ». – хъаныр, аргуэру хьилагъэ хэлъу щIэгуфIыкIыурэ, Быжым къоплъ.

– Аращ, хъанышхуэ. Пэжщ жыпIэр, адыгэхэм яйщ а псэлъафэр. Дэращи – гъуэгуанэ жыжьэ къытпэщылъщ.

– Фэ фылIыкIуэщ, ауэ, итIани, си щхьэкIэ къасщтэмэ, иджыпсту физихьэщIэ лъапIэу арщи, ерыскъы Iэнэр къыфпоплъэ. Шэджагъуашхэ зэдэтщIынщи, ди псалъэмакъым пытщэжынщ.

Аюк-хъаныр, къэбэрдей лIыкIуэхэр щIыгъуу, шэтырышхуэм къыщIокIри, Iэнэ зэтетым иригъэблэгъэн ипэ къихуэу, гъунэгъу Iуащхьэм и ищхъэрэ сэнтхымкIэ и щхьэр ещI:

– Мо махъшипщIым хьэлъэу ятелъыр Къэбэрдейм и пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэм сэ къызбгъэдэкIыу хузоутIыпщ. ШуудзэкIэ зыри хуэсщIэфынукъым. Iэщэращи, мес: шабзэкъу, шабзэшэ, бжыкI, сэшхуэ, джатэхэр. Абы теухуауэ хэт сыт хуейми жрыреIэ. Апхуэдэхэм жаIэнум си пыIэр яхуэгъэтIысагъэжьщ.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪАРМЭ Iэсиятщ**
*КъыкIэлъыкIуэнущ*

ЩАУЭЦIЫКIУ *Людмилэ*

# КЪЫЗЭМЫПЛЪЭКIЫЖА ЦIЫХУБЗ

*Рассказ*



ПсэзэпылъхьэпIэ Iуэху шынагъуэ гуэр хэхуа цIыхум и гъащIэ псор, къанэ щымыIэу, зы дакъикъэм и нэгу щIэкIыжу жаIэ, калейдоскоп щхъуэкIэплъыкIэм ещхьу.

НтIэ, дауэт а псори къызэрекIуэкIар, сытри къыщыухъут абы и псэукIэм, и гъащIэм апхуэдэ кIэух игъуэтыну? Залинэ и нэ плъыжь щIэгъущыкIахэмкIэ кIыфIым хэплъэрт, и гуауэр нэпс уэру кърикIутыну хьэзыру, ауэ, сыт имыщIэми, зы нэпс ткIуэпс къыхущIэкIыртэкъым. И гъащIэ тхылъыр зэIипщIыкI хуэдэ, напэкIуэцIхэр зырызыххэурэ зэрегъэдзэкI: къикIуа илъэс тхущIым нэблагъэм илъэгъуахэр акъылкIэ зэрегъэзахуэ. Дауи щIы, и илъэс бжыгъэ хъурей дахэр къэсащ мы гъэм.



Мис, япэ классым япэ дыдэу кIуэну зегъэхьэзыр. Игури и псэри насыпым зэщIищтащ. Зи IункIыбзэ IухыпIэхэр зэщIэцIууэж и тхылъылъэ щIэрыпсым иригъэзэгъащ псори: букварыр, тетрадхэр, бохъшэ цIыкIум ещхь пеналым зэкIужу ирилъхьа ручкэ, къэрэндащ хуэдэхэр. Мис, зи пщIэри, зи щIыхьри унагъуэм щыпэрыт и адэ ткIийри къыщхьэщытщ. УвыIэгъуи тIысыгъуи зимыIэ, зи Iэр зэи мыувыIэ, пасэу жьыфэ къызытеуа анэри, дэтхэнэ адыгэ нысэми хуэдэу, и щхьэм тригъэкIуэдэну зы дакъикъэ лейуэ игъуэтыркъым: и щхьэгъусэми, абы и Iыхьлы псоми къалэн гуэр яхуищIэн хуейщ. АбыкIэ зэфIэкIа – бын дапщэ бгъуэтами, упIын, бгъэсэн, унагъуэр къабзэу зепхьэн, псоми Iэнэ къахуэбухуэн, зэлъыIупхыжын, хадэр, пщIантIэр зыхуей хуэбгъэзэн, Iэщым уакIэлъыплъын хуейкъэ?! Абы къыхохьэж гъатхэ-бжьыхьэ Iуэху гуэрхэри: кIэртIофыр хэсэ, тIэу-щэ пщIэ, щIэтхъуэ, къэтIыж, зэхэдзыж, щIымахуэ уаем бэзэрым шэи, щэ. ЦIыхухъухэм къаха мэкъур зэхуэтхъус, Iэтэ-Iэмбатэу зэтелъхьэж... Урыс таурыхъым хэт Золушкэ къыплъэщIыхьэным куэд хуейщ!..

Сыт-тIэ пщIэнур, псори апхуэдэущ зэрыпсэур, лIыр мэлажьэ, унагъуэр егъашхэ. Адрейхэм нэхърэ зыкIи нэхъ Iейуэ псэуркъым, хьэргъэшыргъи, псалъэмакъ леи яIэкъым. Унагъуэм я нэхъыжьыр фадэ ефэркъым, здэмыкIуапхъэ кIуэркъым. Аращ-тIэ къуажэ унагъуэ насып жыхуаIэжыр. Абы и закъуэ, дэни аращ насыпу къыщалъытэр. Залинэ йогупсыс: ищIэжыркъым и анэр Iуэхуншэу щысу илъэгъуауэ, уеблэмэ махуэшхуэ Iэнэм псори щыпэрысым дежи. Зыгуэрхэр игъажьэу, игъавэу, Iэнэм къытригъэувэу, Iуихыжу, тхьэщIэу, пIэр ищIыжу, хьэщIэхэр зыхуей хуигъазэу апхуэдэт... Игу къэкIыжащ и анэшхуэр, и адэм и анэр: арэзыныгъэ гуэри и нэгум къищу зэи щытакъым, сыт щыгъуи и Iупэр

зэтекъузауэ псэуащ. Апхуэдэу щIыщытми щхьэусыгъуэшхуэ иIэт. Нэхъ лъэпкъ цIэрыIуэм, хуэщIам, лъы «къабзэм» къыхэкIати, къызыхыхьар зрипэсыщэртэкъым. И къуэрылъхухэм щахэплъэкIэ, ахэр езым и лъы «къабзэм» щыщрэ щымыщрэ зэхигъэкI-зэригъапщэ хуэдэу, зэпиплъыхьу къыпщыхъурт.

Адрей анэшхуэм дежи Залинэ зэзэмызэ кIуэрт: ар нэхъ къыхуэгумащIэт, нэхъ щабэт, ауэ ари и щхьэгъусэ къииным хуэунэIутыным къыдэхуэртэкъым. Залинэ и сабиигъуэм хъуэпсапIэ иIащ: курыт еджапIэр къызэриухыу, къалэшхуэ гуэрым и еджапIэ ехьэжьа щIэтIысхьэну, иужькIи абы къыщынэжу щылэжьэну, къызыгурыIуэ, къыхуэсакъ щIалэфI хуэзэну. Хэтыт абы хуэмейр?! И ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэри ар дыдэрат зыщIэхъуэпсыр. И адэ-анэм ар яфIэсабииIуэти, къалэшхуэм яутIыпщакъым. Пщащэ цIыкIур зыIущIэнкIэ хъуну псори хэт зыщIэр? Псом нэхърэ нэхъапэр къабзэлъабзэу удэкIуэу, унагъуэ быдэ бухуэнырщ.

«Тху» защIэкIэ еджащ, медалкIэ еджапIэр къиухащ, унагъуэкIэ имыщIэф мы дунейм теткъым. Абы и щIыIужкIэ – дахащэщ! ЩIалэхэри дэнэ кIуэжын?.. Псом япэращи, Залинэ университетыр юристу къиухын хуейщ. Адэ-анэ гуэрхэм къызыпхагъэIукIащ Залинэ нысэу къызэрехъуапсэр, я гугъэри зэрыхамыхыжыр. Ауэ, япэщIыкIэ – щIэныгъэ зэгъэгъуэтын, адэкIэ – къалэ гъащIэр.

ЦIыхубзым дежкIэ сытым хуэдэу гугъу къуажэм ущыпсэуныр. Ари пэжт, ауэ Хьэсэн къуажэ щIалэу къызэрыщIэкIар Залинэ зыуи къыщыхъуакъым. А тIур щызэрыцIыхуам, Залинэ – ещанэ, Хьэсэн – еплIанэ курсым щеджэхэрт. Я физкультурэ урокхэр расписаниемкIэ зэтехуат. Залинэрэ и ныбжьэгъу Маряшэрэ япэ курсым щегъэжьауэ зэкIэрыкIыртэкъым. Зы махуэ гуэрым, волейбол зэхьэзэхуэм еплъыну Маряшэ Залинэ ирешажьэ: ухуакIуэ факультетым и студентхэр зэпеуэрт. Утыкум «щыпащтыхьыр» щIалэ бжьыфIэ зэкIужт: топым зэрыхуэIэрыхуэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. ЕджапIэм щIэсым и зэхуэдитIыр Маряшэ ицIыхурт. КъызэрыщIэкIамкIэ, а тIэкIу ицIыхухэм Хьэсэни ящыщт. Маряшэ апхуэдизу дихьэхауэ зэпеуэм еплъырти, Iэзэу джэгу щIалэм и цIэр адрейхэм ящIыгъуу жиIэурэ, ину къыхэкIиикIырт. Ауэ щIалэр джэгуным апхуэдизкIэ дихьэхати, зыри зэхимых, имылъагъу хуэдэт. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар къыпщыхъу къудейуэ арат... Зы махуэ закъуэт дэкIар, хъыджэбзитIыр библиотекэм здыщIэсым, езы щIалэр къащыбгъэдыхьам. ЗыкъреIуэнтIыкI, къыпогуфIыкI, удихьэхыу, дахэу мэгушыIэ. Залинэ, зыри жимыIэу, щыму щысщ, и ныбжьэгъур щIалэ екIум зэрыдэгушыIэм кIэлъоплъ. ПцIы хэмылъу, Залинэ шэч къытрихьэртэкъым щIалэ бжьыфIэшхуэр Маряшэ къызэрегуэкIуам. Абы куэдым занщIэу гу къылъатэ, езыри зикI къикIуэтынукъым: щIалэхэм ядэгушыIэнущ. И нэ цIыкIухэр яхуигъэджэгуу, и щхьэц сырыху дахэр иридзэкIыу, фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу, апхуэдизкIэ гуапэу къыпогуфIыкIри, къыпхуэщIэнкъым а псэлъэгъу къыхуэхъуам хуабжьу дихьэхауэ фIэкIа.

Залинэ фIы дыдэу ещIэ: гушыIэ уэршэрыным адэкIэ Маряшэ

зы лъэбакъуэ лей пхуичынукъым. Я нэхъ мащӀэрауэ, абы гулъытэ гуэр е дзыхь къыпхуищӀын щхьэкӀэ хуабжьу гугъу зебгъэхьын хуейщ. Апхуэдэу екӀуэкӀыурэ, зэ шхапӀэм, зэ кином, зэми жыг хадэшхуэм зыплъыхьакӀуэ-къэкӀухьакӀуэ, жиӀэурэ, хъыджэбзитӀыр щӀэх-щӀэхыурэ дишу къиублащ Хьэсэн. Залинэ и ныбжьэгъум зэран хуэмыхъун щхьэкӀэ, закъыкӀэригъэхуну, щхьэусыгъуэ гуэрхэр ищӀырт, ауэ икӀэм-икӀэжым я гъусэу къыщӀидзыжырт. Дауэ ищӀми, зы махуэ гуэрым Залинэ щхьэусыгъуэ хъарзынэ къигъуэтри, я гъусэу кином кӀуакъым. ФэрыщӀагъ лъэпкъи, адрей-модрей гуэри химылъхьэу, етӀуанэ махуэм Маряшэ жиӀащ Залинэ и цӀэм фӀэкӀа пщыхьэщхьэ псом Хьэсэн къызэрыжьэдэмыкӀар. Залинэ зэрамыгъусэр апхуэдизкӀэ щӀалэм и жагъуэ хъуати, хуэбзыщӀакъым зэрыгукъыдэжыншэр, пщыхьэщхьэ къэс къыщӀэкӀуэми щхьэусыгъуэ пыухыкӀа ӀупщӀу зэриӀэр.

Залинэ и фӀэщ дыди хъуакъым ар, уеблэмэ игъэщӀэгъуащ. И ныбжьэгъу пщащэ щӀэращӀэм, зи адэр куэдым фӀыуэ къацӀыхум, зи анэр къалэм нэхъ гъэщӀэрэщӀауэ къыдыхьэ цӀыхубзхэм ящыщым, нысащӀэ плӀанэпэр нэхъ хуэфащэу къилъытэрт Залинэ. НэгъуэщӀ лъэныкъуэкӀэ укъеплъмэ, пэжщ, тӀури зы курсым щӀэсщи, Залинэ еджэнкӀэ нэхъ токӀуэ, сыту жыпӀэмэ, Маряшэ хуэдэу, гъэщӀэгъуэн мыхьэнэншэ гуэрхэм зэман лей тригъэкӀуадэркъым. И теплъэкӀи, и дахагъкӀи Залинэ абы зыкӀи къыкӀэрыхуркъым. Хэбгъэзыхьмэ, тӀури зэкӀупсырт, зыкӀи зэмыщхь пэтми: Залинэ – къуэкӀыпӀэ тхьэӀухуд щӀэращӀэт, Маряшэ – щхьэц сырыхуфэт, и нэкӀу зэхэлъыкӀэкӀи нэгъуэщӀт.



Залинэ гуитӀщхьитӀу куэдрэ щысакъым. Хьэсэн общежитым нэсри, псори псынщӀэу зэхигъэкӀащ: Залинэ гухэлъ къабзэ зэрыхуищӀар, фӀыуэ зэрилъагъур жриӀащ. Хьэрэмыгъэ лъэпкъ зигу имылъым, дауи, бзыщӀ хэмылъу, псори и ныбжьэгъум хуиӀуэтэжащ. Маряшэ лӀыгъэу иӀэр зэхилъхьэщ, тэмакъкӀыхьыгъэрэ ныбжьэгъугъэу иӀэр щӀигъужри, Залинэ игъэӀущу щӀидзащ. Маряшэ къыхигъэщащ: абы ищӀэрт Хьэсэн къыщӀэкӀуэр, апхуэдизу щӀэмыувыӀэр. Апхуэдэ щауэр Ӏумпэм пщӀыныр акъылыншагъэщ. Залинэ илъагъункъэ – а Хьэсэн куэд къехъулӀэнущ, зыхуей псори зыӀэригъэхьэнущ. Еджэныр къиуха нэужьи, абы къуажэм игъэзэжын мурад иӀэкъым. УхуакӀуэ инженерхэм къуажэм зыри къащыхуейкъым, абы хуэфэщэну лэжьыгъэ гуэри дэлъкъым.

Гъэ еджэгъуэр иухри, псори зэбгрыкӀащ. Нэхъ тэмэму жыпӀэмэ, и ныбжьэгъухэм ящӀыгъуу, Хьэсэн Алтай жыжьэм кӀуащ, ухуакӀуэу щылэжьэну, Залинэ я деж игъэзэжащ.

ЩӀалэм и письмохэращ Залинэ ар фӀыуэ щӀилъэгъуар. Письмохэр Маряшэт къызыхуэкӀуэр, иужькӀэ ахэр письмоулъэ щӀэрыпсым дилъхьэжырти, и ныбжьэгъум хуригъэхьыжырт. Арыншауэ, Алтай жыжьэм къикӀыу щӀалэ гуэрым махуэ къэс жыхуаӀэм хуэдэу хъыджэбздэсым тхыгъэ къызэрыхуригъэхьыр пхуэбзыщӀынутэкъым. Къуажэм псори щызэроцӀыхури, хъыбарыщӀэр занщӀэу хэз хъунут. Абы сыткӀэ ухуейт?..

Хьэсэн лъагъуныгъэ гугъу ищӀыртэкъым. КъэкӀуэну я пщэдейр, яухуэну гъащӀэр зэрыдахэр щӀэчэ имыӀэу къыхуитхырт. ЩӀэх-щӀэхыурэ

къытригъэзэжырт: лъэкI къимыгъанэу, Залинэ зэрыхущIемыгъуэжыным хущIэкъунущ, насыпыфIэ дыди ахэр зэдэхъунущ.

Гъэ еджэгъуэр щыщIидзэжым Хьэсэн къэсыжакъым: яубла ухуэныгъэхэр и кIэм намыгъэсу къежьэж хъунутэкъым. Сентябрым и куу, урок нэужьым Хьэсэн къыщыбгъэдыхьам Залинэ и лъакъуитIыр щIэху къыфIэщIащ. И пащхьэм итыр щIалэщIэтэкъым, атIэ дыгъэм ижьа, лэжьыгъэм ипсыхьа лIы быдэ зэкIужт. И пщIэнтIэпс къабзэкIэ Алтайм къыщилэжьа машинэ цIыкIум бгъэдишэри, иригъэтIысхьащ. IуэрыIуатэм хэт нарт цIэрыIуэ Сосрыкъуэ и цIэкIэ щыIэ шхапIэ дахэм дришейри, нысащIэ лъыхъу тыгъэу дыщэ Iэлъын къыIэритIэгъащ. Ди тхьэ, насыпрэ лъагъуныгъэкIэ сыту дахащэу гъэнщIат псори!..

МазипщI дэкIащ, Хьэсэн еджэныр къиухри, лэжьапIэ уващ, Залинэ етхуанэ курс хъуат. Мис а машинэ дыдэмкIэ Хьэсэн и ныбжьэгъухэр щIыгъуу къакIуэри, лIэщIыгъуэкIэрэ къекIуэкI лъэпкъ хабзэм тету, Залинэ яхьри ежьэжащ, нэчыхь къабзэ хурагъэтхыну. Хьэсэн и адэ-анэм деж ирахьэлIащ. Зыхэхуа унагъуэщIэм пщащэр занщIэу яхэзагъэри, фIыуэ ялъэгъуащ, ауэ къуажэм куэдрэ дэсакъым ахэр: фэтэр къащтэу, къалэм мыIэпхъуэу хъунутэкъым – Хьэсэн лажьэрт, езым еджапIэр къиухын хуейуэ къыпэщылът. Япэ мазэхэм тIуми къафIэIуэхутэкъым сыт яIэми-ямыIэми: унэлъащIэ, хьэпшып гуэрхэр жыпIэми – Iэджэми хуэныкъуэт. Студент общежит щыщIэсами, зэрытхъа щыIэтэкъым, езы тIур щапIари пащтыхь уардэунэу пхужыIэнутэкъым. Ауэ иджы унагъуэ яухуат, тIури зэщIыгъути, насып мыухыжыр яIэт! Залинэ куэдрэ игу къэкIыжырт, уэндэгъушхуэу, и диплом лэжьыгъэр зэрихъумэжар, иужькIэ, махуитI нэхъ дэмыкIыу, ар зэфIэкIын хуейуэ, лъхуапIэ унэм Хьэсэн зэришар. Нэху щыху, къикIукI-никIукIыу, Залинэ и щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэтат Хьэсэн. Сыту фIыщэу илъагъурэт и япэ сабийр – ипхъу цIыкIур! ЛэжьакIуэ къызэрикIыжу, псынщIэу и Iэхэр питхьэщIыкIырти, Оксанэ цIыкIу IэкIэ иIыгъыу щIиупскIэрт. Сыту насыпыфIэт ар, зи Iупс IэфI цIыкIухэр къызыIурыж и сабий дыгъэр къыщыхуэгуфIэкIэ.

ИлъэситI дэкIауэ, Лянэ къащыхэхъуам, абыхэм яIэт пэшитI хъу фэтэр щIэрыпс. Ар зратар Хьэсэнт, ухуакIуэхэм унэщIэ щаткIэ я Iыхьэ гуэри хэлът. Залинэ и унагъуэ Iуэху къомым къыхэхъуэри, щхьэкъэмыIэт хъуат: пщэфIэн, унэм щIэсхэр гъэшхэн, жьыщIэн, псори цIуужу гъэкъэбзэн, щхьэгъусэм пежьэн, егъэжьэжын. Махуэр сыт хуэдизу хьэлъэу, сыт хуэдиз гугъуехь пыщIауэ щымытами, сабийм уимыгъэжеями – зыми и Iуэху хэлътэкъым: уи щхьэгъусэм пщтыру пщэдджыжьыщхэр хутебгъэувэу, лэжьапIэ щIэбгъэкIын хуейщ. Абы и закъуэ?.. Щэбэт къэс гуащэ-тхьэмадэм я деж уокIуэжри, уотхьэщIэ, уолъасэ, уожьыщIэ, махуитI-щыкIэ зрикъун бопщэфI, Iыхьлыуэ уздэкIуапхъэу яIэм яхуэпхьыпхъэр пIыгъыу уокIуэ. Ауэ хэт и нысэ ахэр зи нэгу щIэмыкIар?..

АпщIондэху Хьэсэн лажьэу, унагъуэр ипIу, и лэжьапIэ IэнатIэмкIи тIэкIу-тIэкIуурэ драгъэкIуэтейуэрэ екIуэкIащ. Ауэ гъащIэм зыщихъуэжым, упсэуну нэхъ гугъу щыхъум, щхьэж и хьэрычэтыщIэ IэнатIэ къызэIуихыу щыхуежьэм, Хьэсэн псынщIэу къыгурыIуащ езыми ап-

хуэдэ лэжьыгъэм зритын зэрыхуейр. И щхьэ хуэлажьэу щIидза къудейкъым, атIэ нэхъ IэщIагъэлI Iэзэхэр, нэхъ лэжьакIуэфIхэр и гъусэу здишащ. Хэплъыхьауэ нэхъ щIыпIэфI дыдэм деж щIы кIапэ къыщищэхури, унэ зэтетышхуэ къыщригъэжьащ.

Хъыджэбзит Iыр къыщыдэкIуэтейм, Залинэ щIы-кадастр Iуэхухэм ехьэлIауэ юридическэ IуэхущIапIэ цIыкIу гуэрым щылэжьэну уващ. Хьэсэн фIэфI хъуакъым ар: шэджагъуашхэр игъэхуэбэжын хуей хъурт, япэхэм хуэдэу, бынитIым якIэлъыплъын унэм щIэсыжтэкъым, щхьэгъусэм и улахуэри зымащIэ тIэкIут. Ауэрэ Оксанэ курыт еджапIэр къиухри, езыр щалъхуа къалэм дэт университетым дохутыр IэщIагъэм щыхуеджэну щIэтIысхьащ. ИлъэситI дэкIри, Лянэ Москва и нэхъ еджапIэфI дыдэхэм ящыщ зым и студент хъуащ. Нэхъыжьым лъагъуныгъэшхуэ къыщыхуэкIуэм, ещанэ курсым щIэсу, уащхъуэдэмыщхъуэу, дэкIуэри ежьэжащ. Абы и сабийр дунейм къызэрытехьэу, Залинэ и лэжьыгъэр къимыгъанэу хъуакъым. ЩIалэ цIыкIу къахэхъуам анэшхуэр унэм щIиубыдэжащ: Оксанэ къимыухыу хъунутэкъым, дохутырхэр заочнэу ирагъаджэртэкъым.

КъыкIэлъыкIуэу аргуэру зы хъыджэбз цIыкIу къащыхэхъуам, Оксанэ еджэныр къиухри лэжьэн щIидзакIэт, ауэ Залинэ, еса-есауэ, гуфIэжу сабиитIыр ипIу унэм щIэст.



ГъащIэм гупсэхуу, тэмэму кIэлъыплъ Лянэ куэд дэмыкIыу и насып зыхэлъыр къыкъуэкIри, дэкIуащ. Ар зышар Москва щыпсэу унагъуэ хуэщIат, хьэщIэщ ехьэжьахэр яIэу ягъэлажьэрт, я къуэри хьэрычэтыщIэт. Ляни хъыджэбзитI игъуэтат, ауэ, пэжщ, ар и анэм зыкIи къыщыгугъыртэкъым. Абы и цIыкIуитIым якIэлъыплъын куэду яIэт.

Лянэ и жэрдэмкIэ и шыпхъу нэхъыжьым и унагъуэр Москва ишат: я малъхъэ нэхъыжьым и лэжьыгъэ Iуэхухэр зыщыпсэу къалэм зикI щефIакIуэртэкъым, зыри къыщехъулIэртэкъым.

Хьэсэн и Iуэхухэр фIы дыдэу дэкIырт: и гъунэгъу щIапIэри къыхищэхуэжри, и лъапсэр нэхъ иныж ищIащ. Ипхъу нэхъыжьым фэтэр Москва къыщыщищэхуми, дзэм щелэжь унэй клиникэ къыщызэIуихми, фIыуэ дэIэпыкъуащ. НэхъапэIуэкIэ Хьэсэн, IункIыбзитI иIыгъыу къыдыхьэжри, и щхьэгъусэм жриIащ: унэ зэтет дэгъуэшхуэр хьэзыр хъуауэ итын хуейщи, абы я нэхъыфI дыдэхэм ящыщ фэтэритI ипхъухэм къахуигъэнащ, ари зы къатым тету. Иджырей технологиещIэхэр къагъэсэбэпурэ ахэр яухуати, фIы дыдэу зехьат, псомкIи зыхуей хуэзат. Хэт зыщIэр пщэдей къэхъунур, хъыджэбзитIыр хуэмеймэ, пхъурылъхухэм къахуэсэбэпынщ. Унэ уасэхэр дэуей фIэкIа, ехуэхыркъым. КъиищынэмыщIауэ, я фэтэрыжьри иджыри къэс щытщ. Абы Хьэсэн и Iыхьлыхэм ящыщ гуэрхэр сыт щыгъуи щопсэу: къалэм зыгуэр къызэрыIэпхъуэу, зы псэупIэ гуэр зэрагъэпэщыху, пщIэншэу щIигъэсщ. Нэхъыжьхэм я Iуэхур зэфIыхьа щхьэкIэ, абы я бынхэр къалэм щыпсэуну хуейщи, къоIэпхъуэ, аращи, фэтэрри зэи нэщIу щагъэткъым.

Хьэсэн и анэм и цIэкIэ щыт я унэщIэр зи инагъым езы тIум я закъуэт щыпсэур. Уеблэмэ я машинитIри Хьэсэн и цIэкIэ щыттэкъым: зыр – и анэм, етIуанэр – и щхьэгъусэм я цIэкIэ иригъэтхат. Абы и хьэрычэтыщIэ

лэжьыгъэ IэнатIэм хуэдэ уиIэу, уи мылъкум утеплъэкъукI хъунутэкъым.

ЛэжьапIэ къилъыхъуэну Залинэ аргуэру мурад ищIащ, икIэм-икIэжым, ар щIеджами, диплом къыщIратами сыт и мыхьэнэр?! Унэм щIэсурэ езэшащ, ныбжьэгъуи иIэжкъым, и гъунэгъухэращи – фэрыщIыгъэ-щэныфIагъэщ я зэхуаку дэлъыр.

Маряшэрэ Залинэрэ я зэныбжьэгъугъэр къигъэтIэсхъэн папщIэ, Хьэсэн лъэкI къигъэнатэкъым. КъикIыжауэ, зи къуэ цIыкIур зи закъуэу зыпI ныбжьэгъум Хьэсэн и щхьэгъусэм и пщIэр зыкIи къиIэтыртэкъым. Щхьэгъусэ, бын зиIэ, унагъуэм тэмэму ис цIыхубзым къекIуркъым апхуэдэ кIэрыутIыпщым и гъусэу зыкъигъэлъэгъуэну, цIыхухэм яхыхьэну. Хьэсэн къимыщIэу, Залинэ Маряшэ зэзэмызэ хуэзэу щытащ, ауэ и пхъурылъху цIыкIухэм къахэхъуэху, я зэхуэзэхэр нэхъ кIащхъэ хъууэрэ, зэфIэкIуэдыжыпащ. Маряшэ телефонкIэ къэпсалъэ и хабзэт, ауэ цIыхубз Iущти, зыгуэрхэр къыгурыIуэжри, лъэныкъуэ зригъэзыжащ. Залинэ куэдрэ хуэныкъуащ ныбжьэгъум и гушыIэ щабэм, и хьэл-щэн екIум, фэрыщIагъыншэу, я зэхущытыкIэ дахэм, фыгъуэ-ижэ хэмылъу, сыт хуэдэ Iуэхуми хэкIыпIэ тэмэм къыхуигъуэтыфу зэрыщытым. Псэгъу къыхуэхъуар игъащIэкIэ цIыху зэрымыхъунур, зэрыщыуар къызэрыгурыIуэжу, Маряшэ, къэгъазэ имыIэу, пыкIащ абы. Хьэсэн шынэрт и щхьэгъусэр а и ныбжьэгъум «зэIигъэхьэнкIэ». Маряшэ гушыIэурэ жиIэрейт: кIэ зимыIэ атомым ещхьу, бынунэр зи бжьым щIэт цIыхухъум и «унагъуэ пщы тетыгъуэри» зэи иухыркъым. Зыри зэран къыхуэмыхъуу, хуиту псэу, унагъуэ феодализмэр зылъагъу мыхъу цIыхубзым и щытыкIэр Хьэсэн фIэфIыщэтэкъым.

Залинэ лэжьапIэ дэкIыжын гукъыдэж зэриIэр къыщыхигъэщым, и щхьэгъусэм къыжриIащ ар унэм щIэсыху, щIэныгъэмрэ техникэмрэ фIыуэ зэрызаужьар, псори айти-программэщIэхэм зэрыхуэкIуар, ватсапым фIэкIа зыми хэзымыщIыкI Залинэ унэми щищIэн гъунэжу зэрыщигъуэтынур, зи ныбжь щэ никъуэм нэсахэр вахтёру фIэкIа лэжьапIэфI зэрамыгъэувынур, ари, сабий никъуэхъухэм я деж къыщыщIэдзауэ, хэти лъапэкIэ кърихуэкIыу.

Иужьрей зэманым, щысхь имыщIэу, хэбгъэзыхьмэ, хуабжьу ткIыбжьу щхьэгъусэр къепсалъэ хъуат Залинэ. Я адэм къищта хьэлым теухуауэ, псалъэм къыдэкIуэу, Залинэ и пхъуитIым тIэкIу яхуэтхьэусыхати, зыжьэу тIуми жаIащ: «Папэ егъэлеяуэ йош, егъэлеяуэ лэжьыгъэ гугъу пэрытщ. И хьэрычэтыр зэрафыщIын Iуэхущ псоми зэрахуэр – къэрал IуэхущIапIэхэм я деж къыщыщIэдзауэ, фыщIакIуэ-зэуакIуэхэм я деж щыщIитIыкIыжу. И пIэм кърaш, губжьрей ящI, и псэм зыри техуэжыркъым. Уэ, мамочкэ, игъащIэм зы сом унэм къипхьакъым, аращ ар къызэрылэжьыгъуейр къыщIыбгурымыIуэр!»

ИужькIэ тIуми щIадзащ я щхьэгъусэхэм тепсэлъыхьу. МалъхъитIым елъытауэ, я адэр тхьэпэлъытэщ, сыту жыпIэмэ – зыр ахъшэм игъэудэфа къэзыджэдыхьщ, етIуанэр – и унагъуэр зыхуэмыгъэшхэж уэрамхьэцущ. «Папэ мыхъуамэ, тшхыни дгъуэтынутэкъым дэ. КхъыIэ, еплъ гъунэгъу фызхэм, зы цIыху лажьэу яхэткъым абыхэм, сыту

жыпIэмэ ялIхэм я напэм, я пщIэм къезэгъыркъыми. ГурыфIыгъуэу яIэр зыщ: щыгъын лъапIэхэр зыщатIэгъэнщ, я Iэпхъуамбэ пIырыпI цIыкIу къэс налкъутналмэскIэ ягъэщIэрэщIэнщи, ди лъэпкъ хьэгъуэлIыгъуэ ехьэжьа гуэрым зыщагъэпIиинщ. Ауэ щыхъукIи, жьыхуегъэзэкI хъуа ялIхэми зэманыр ауэ сытми ягъэкIуэдакъым – куэд щIащ етIуанэ зэрызэрагъэпэщрэ. Ар псоми ящIэ, уеблэмэ я фызхэри щыгъуазэщ, ауэ я жьэр зэщIах зэрымыхъунур хьэкъыу япхыкIащи, зыри жаIэркъым. Еплъыт, мамэ, ди благъэ къуажэдэс цIыхубзхэр вым хуэдэу зэрылажьэм есэжащ. Ауэ, урысхэми жаIауэ, уэ кхъуейр тхъум джэрэзу зэрыхэсым ещхьу узэрыпсэур щалъагъукIэ, хъуэпсэн-фыгъуэным абыхэм я узыншагъэр ехь».

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Хьэсэн кIуэ пэтми Залинэ нэхъ гу щIыIэ къыхуэхъу хъуащ. Куэд щIат ахэр пэш зырыз зэрыщIэлъырэ. Нэхъыбэм ар унагъуэзехьэу, унэгуащэу къилъытэ фIэкIа, нэкIэ къеплъыжыртэкъым. Уеблэмэ унагъуэм текIуэдэну кърит хабзэ ахъшэм кIэричат: бынхэр щIэсыжкъым, езы тIур куэд хуеиххэкъым, уегупсысыжмэ, нэхъ мащIэ шхын хуейщ, плъагъуркъэ узэрызэгуэбэтар. Фызым и нэгур зэрызэхэуар къыщилъагъум, лIым гушыIа нэпцI зыкъищIыжащ: езы Хьэсэни ехьэлIащ а псалъэхэр, сыту жыпIэмэ, и тренерым и чэнджэщхэр игъэзащIэ пэтми, нэхъ мащIэ ишхми, щыгъын лъапIэ къищэхуахэр хуэмыхъужу, пIащэIуэ мэхъу.



Залинэ ваннэм щIыхьэщ, бжэр къигъэбыдэщ, зитIэщIри, набдзэгубдзаплъэу зызэпиплъыхьыжащ. Лъэгум нэсу фIэлъ гъуджэ абрагъуэм къызэрищымкIэ наIуэт зы килограмм тIощI хуэдиз кIэригъэхуамэ зэрынэхъыфIыр. Благъуэ фIыцIэ зэрыхъэ хуэдэ, и лъэнкIапIэ щIыбагъым ехыу къытетIысхьа лъынтхуэхэм уагъэшынэрт, и бгъэ къещэтэхахэмрэ щэ лей зытелъу илъагъухэмрэ узыгъэгуфIэн лъэпкъ хэлътэкъым. И нэкIур хужь дахэт, ауэ узэрыIуплъэу гу лъыптэрт и пэбгъуитIымкIэ къех лэдэххэмрэ и етIуанэ жьэпкъымрэ. Сыт нэхъ удэзыхьэхыр жыпIэмэ, ар и нэ дахитIымрэ, зи ишэгъуэ хъыджэбзым ейм ещхьу, и плIэм къытеуэ щхьэц Iувымрэт. Ахэр илэну абы зэи щыгъупщэркъым, ауэ иужьрей зэманым, къуажэ унэгуащэ хуэдэ, и щхьэцыр ешыхь, и щхьэпхэтIыгум деж щепхэжри – зэфIэкIащ.

Зы илъэс пщыкIутхукIэ узэIэбэкIыжмэ, Залинэ и Iэпкълъэпкъ зэкIужми, сурэту ящIам хуэдэ и нэкIуми, и лъакъуэ дахитIми дэбгъуэн щыIэтэкъым. А зэманым Хьэсэн Залинэ хэт ирифыгъулIэми уи жагъуэ пщIы хъунутэкъым: и щхьэгъусэ тхьэIухудыр щыблэкIкIэ, абы куэд къыхуеплъэкIыжырт.

Залинэ игу къэкIыжащ Хьэсэн и хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ Iуэхухэмкiэ Москва къикIыу къэкIуа щIалэ хьэщIэр, езым имыщIэххэу, и щхьэгъусэм унэм къишауэ зэрыщытар. Фадэм тIэкIу нэжэгужэ къищIа хьэщIэр гумащIэ къэхъури, жиIат Залинэ хуэдэ тхьэIухуд игъащIэм зэримылъэгъуар, ботоксымрэ адрей-модрейуэ иджы цIыхубзхэм къагъэсэбэпу езым илъагъу мыхъухэр хэмыту, Алыхьым къызэригъэщIам хуэдэу, ар зэрыдахэр.

Езы Залинэщ къуаншэр, уи дахагъэр пфIэмыкIуэдын щхьэкIэ, абы ухуэсакъын хуейщ. Ауэ махуэ къэс ахъшэ хъушэ я дахагъэм тезыгъэкIуадэ и ныбжьэгъухэм Залинэ и гукъыдэжым хагъахъуэртэкъым: я нэкIум мастэ храгъэIурти, бжьэ зэуам хуэдэу, бэгауэ къакIухьырт, я Iупэ гъэпщауэ къытетIысхьар пщIэнтэкъым жьы зымыгъуэт бдзэжьей Iупэ фIэкIа, псыдыуэ фIыцIэм ещхь набдзэхэр, уигъэшынэу, тещIыхьауэ, нэбжьыц кIыхьыIуэ тегъэпщIахэм тIэкIу делафэ къытрагъауэу.

Хьэуэ, а зэрыщытыр нэхъыфIщ. Жьыгъэми екIуу уIущIэн хуейщ. Ауэ, пэжщ, килограмм бжыгъэ зэрыхигъахъуэми, и теплъэм зэрызихъуэжми кIэлъыплъакъым, къыфIэIуэхуакъым. Пхъурылъху цIыкIухэм якIэрыщIауэ пэщащэурэ зэпэхъурей зэрыхъум гу лъитэжакъым. И лIым абы щыгъуэми нэхъ дахэж хъуауэ къыжриIэрт. Абы сыт хуэдиз щыгъын лъапIэ и лIым къыхуищэхурэт!.. Хэт иджы а къомым хуейр?! Нобэ щатIагъэр нэхъ щIэуэ къежьэ гуэрхэрщ: ахэр зыкIи ещхькъым нэхъапэIуэкIэ къащэхуу щытахэм.

Апхуэдэу щыхъум, Залинэ уэд зэрызищIын Iэмал къилъыхъуэу щIидзащ: имышхыпхъэ зыIуимылъхьэу, пщыхьэщхьэхуэкIуэу мышхэу, уеблэмэ ишхри нэхъ мащIэ ищIащ. Килограмм гуэрхэри зыкIэригъэхуат, ауэ тIэкIу дэкIри, нэхъыбэж къищтэжащ. И гъунэгъу зы цIыхубз гъусэ ищIурэ пщыхьэщхьэкIэрэ дэшхуей зекIуапIэхэр къызэхакIухьу щIадзат, ауэ Залинэ щIэх къыIэщIэужэгъуащ ари, сыту жыпIэмэ, и гъунэгъу фызыр егъэлеяуэ пшэрти, хуэму фIэкIа къыхуэкIухьыртэкъым, икIи апхуэдизкIэ псалъэмакъ мыфэмыцт иригъэкIуэкIри, едэIуэжыфыртэкъым.



Хьэсэн кIуэ пэтми нэхъ гувауэ къекIуэлIэж хъуащ. И ныбжьэгъу хьэрычэтыщIэхэм ядэшхауэ жиIэрти, занщIэу гъуэлъыжырт, ауэ шэджагъуашхэм деж, зэрихабзэу, къэкIуэжырт. Залинэ гузавэ къищтащ: нышхьэбэ гуэрым спщэфIар игу иримыхьмэ-щэ. Апхуэдиз илъэсым сыт сымыгъэхьэзырами, фIэIэфIыпсу ишхырт, иджы щхьэусыгъуэ гуэрхэр ещI: щэ куэдыIуэ хэлъщ, углевод защIэщ, IэфIыщэ пщIащ... Щэ лъэпкъ хэмылъу, дауэ узэрыпщэфIэнур?

Зы махуэм зы махуэр кIэлъыкIуэу, зэщхьыркъабзэу екIуэкIырт: жьыуэ къотэдж, щхьэгъусэр ирегъажьэ, унэмрэ пщIантIэмрэ зэлъыIуех, мэпщафIэри, щхьэгъусэм шэджагъуашхэ ирегъэщI, шэджагъуэ нэужьым тыкуэнхэр къызэхекIухь е бэзэрым макIуэ – яшхыну псори кърехьэлIэ. Зыхилъхьэ щымыIэ киносериалхэм еплъу щысщ, Хьэсэн къыдыхьэжыху. ТIэкIуи гузавэ къищтауэ, поплъэ, дауэ къэсыжыну пIэрэ, жыхуиIэу. ПщыхьэщхьэкIэрэ бынхэр къэпсалъэ хабзэщ: дауэ фыщыт, мамэ и щхьэм лъыр дэуейрэ иджыри, папэ и гастритыр хъужа, жаIэу. ВатсапымкIэ бынхэм гъуэрыгъуэурэ щепсалъэкIэ, Залинэ и гур нэхъыфI къэхъурт, ауэ гузавэр щэхуу и гущIэм кууэ итIысхьати, къиутIыпщыртэкъым.

«Узэджэр къокIуэ», – жаIэ адыгэм. Пэжщ: «Къоджэм уигъэжейркъым». Залинэ щIыIэ-щIыIэу и гум къэкIар къэхъуащ куэд мыщIэу. Хьэсэн гъэ къэс зыгъэпсэхуакIуэ ежьэ хабзэт. Япэхэм тIури зэгъусэу кIуэрт, иужькIэ пхъурылъхухэр здашэу щIадзащ. Хъыджэбзхэм

ядэIэпыкъун хуейти, Залинэ и щхьэгъусэм и гъусэу емыжьэж щыхъум, абы къытенэжри, Хьэсэн гъэ къэс и закъуэ ежьэу къиублащ. Жыжьэ кIуэ и хабзэтэкъым Хьэсэн, псы хущхъуэхэр здэщыIэм псынщIэу унэсырт.

Мис ноби зигъэхьэзыращ, и закъуэу ежьэну. И шумэданэр пщIантIэм дэт дэшхуей щIагъым щIэтщ, машинэр къэсыным сыхьэт ныкъуэщ иIэжыр. Хьэсэн Залинэ къреджэри унэм щIешэ, дауи, щэхуу зыгуэрхэр къыжриIэну аращ.

– Залинэ, – къыщIедзэ Хьэсэн, – жысIэнуи къызохьэлъэкI, жызмыIэщи – адэкIэ убзыщI хъужынукъым. Куэд щIауэ, нэгъуэщI цIыхубз фIыуэ солъагъу, игъащIэ лъандэрэ си хъуэпсапIэ къуэр къысхуилъхун хуейуэ сожьэ, куэд иIэжкъым. Сыт хуэдизу мыгугъуми, дызэбгъэдэмыкIыжу хъунукъым. Си хъыджэбзитIыр зыхуей хуэзгъэзащ, сакъыгурыIуэнщ. Иджы сызэжьэ сабийми апхуэдэ дыдэу си къалэн хуэсщIэн хуейщ. Мы унэм ущIэмыIэпхъукIыу хъунукъым. Япэм дыщыпсэуа ди фэтэрри, ди машинитIым язри уи цIэкIэ щытщ, узэрыхуейуэ къэбгъэсэбэпынщ. УнэлъащIэу диIэм узыхуей дыдэр къыхэхи, щIегъэш, сыт ухуейми къащтэ, ахъшэкIэ сыбдэIэпыкъунущ.

Залинэ лъэныкъуэкIэ къыщыту едаIуэ хуэдэт абы жиIэхэм, зэми псалъэхэр бжьэхуц Iувым къыхэIукIми ярейт, зэми уафэгъуагъуэуафэхъуэпскIым зеукIыжри, бгым къещэщэх мывэ абрагъуэхэр и щхьэщыгум къытехуэ къыфIощI. Ауэ иужьрей псалъэхэм зыкърагъэщIэжащ: къызэрыщIэкIымкIэ, сыщымыкIын щхьэкIэ унафэ къысхуащIри, къызжаIэ хуэди: «Хъуни, зегъэхьыт, зэфIэкIар – зэфIэкIащ». АдэкIэ сыт къэхъуами дахэ-дахэу ищIэжыркъым, Хьэсэн зыгуэрхэр къыжриIэрт, езыми пидзыжIарт...

Машинэр къэсри, Хьэсэн Iуишащ. И IитIыр едзыхауэ, утыкум куэдрэ итами, мащIэрэ итами, Залинэ IупщI дыдэу ищIэжыркъым. ЗыкъыщищIэжам, пшапэр зэхэуат. И щхьэр зэгуэуду къыфIэщIырт – и щхьэм лъыр дэуеяуэ аращ, дауи. ЗанщIэу си псэр хэкIамэ – аратэкъэ! Псори зэтес дыдэ хъужынут. Инсульт сыхъумэ-щэ!? Зыри схуэмыщIэжу, къызгурымыIуэжу сыкъанэмэ-щэ? А гукъэкIым зыкъригъэщIэжри, хуэмурэ къэтэджащ, хущхъуэ ефэри, пIэм зыщигъэукIуриящ.

«ИкIэщIыпIэкIэ зыгуэрым и деж сыпсэлъэн хуейщ, хэтми зыгуэрым... Хъыджэбзхэми?.. Зыр хамэ къэрал зыгъэпсэхупIэ ехьэжьа гуэрым щыIэщ, тхьэм ещIэ, гуфIэжу къызэрыкIауэ, и нэгу зригъэужьу узэхимыхыххэнкIи хъунущ. ЕтIуанэм и сабийр тIэкIу гукъыдэмыжщ, щхьэ бэлыхь хэздзэн хуей? ТIэкIу нэхъыфI сыкъэхъужмэ, пщэдей псори тэмэму ягурызгъэIуэнщ. Сыт а тIум яхузэфIэкIынур, я адэм езгъэзэуэжыну, къыпхуэмейм залымыгъэкIэ зыкIэрыпщIэну?! ИкIэмикIэжым, лъапцIэу унэм уаеу укъыщIихуа?.. ХъыджэбзитIым я унэхэм уемыIусэу, япэм ущыпсэуа фэтэрым ущIэс хъунущ.

Дауэ и унэр къызэригъэнэнур?.. Лындыжу и IэкIэ имыгъэкъэбзауэ, зыхуей хуимыгъэзауэ, зы плIанэпи иIэкъым абы. И пщIантIэр-щэ! ФIы дыдэу илъагъу и гортензиехэр куэд дэмыкIыу къэгъэгъэнущ. ТхьэщIэнлъэсэн, гъэкъэбзэным пщIэ ириту, нэгъуэщI цIыху зэи иригъэIусакъым

унэми пщIантIэми – Хьэсэн фIэфIтэкъым хамэ цIыху я унэм щыпэщащэу. Пэжщ, щхьэгъубжэхэр зытхьэщIын илъэсым тIэу-щэ къриджэрт – ауэ и щхьэгъусэр дэмысу ирыригъэхьэлIэрт, ар имыгъэтхьэусыхэн щхьэкIэ. ПщIантIэм дэт адрей гъэгъахэр дауэ хъуну, Залинэ дэмысыжмэ, хэгъухьыжынкъэ? И щхьэм икIыркъым: сыт жаIэнур я благъэхэм, я ныбжьэгъухэм, я цIыхугъэхэм? Дауи, IупщIщ абы жаIэнур, и лIым къылъыкъуэкIа лъагъуныгъэшхуэм псори щыгъуазэщ.

Зымахуэ малъхъэ нэхъыжьым и анэр къыщыIущIам, имыхабзэхэу, хуабжьу къыжьэхэплъыхьат, тхьэ щиIуэжырт цIыхухъухэр жьыхуегъэзэкI зэрыхъуу, я акъылыр тIэкIу зэкIуэкIыу. Шэч хэмылъу, абы зыгуэр хищIыкIырт а Iуэхум, ауэ зы псалъи къыжриIакъым. ЖиIэпауи сощIри, сытыт?..

Хьэуэ, и акъылыр зэIымыхьэпэу, зыгуэрым епсэлъэн хуейщ. Жэщщ, сыхьэт пщыкIузыр йокIуэкI, хэт къэбгъэушыжынур? Телефоным ит унэцIэхэм IэпэкIэ ирожэ. Хъунукъым. КъищIэжащ! Маряшэ и цIэр и щхьэ куцIым къыщыхэлыдыкIащ. Ар и закъуэу мэпсэу, жьыуэ гъуэлъыж и хабзэкъым. Нэхъыщхьэращи, псори къыгурыIуэнущ. «Алло» жызыIа, фIыуэ ицIыху макъ щабэр зэрызэхихыу, щэхуу, гущхьэр икъутэу, Залинэ къэгъащ.

– Алло, Заля, сыт къэхъуар? А ууейр ара псори къызэрыкIар?

Къритыну жэуапым пэмыплъэу, къыщIигъуащ:

– Къызэжьэ, зы дакъикъэ тIощIкIэ уи деж сынэсынущ.

Залинэ и макъыр утIыпщауэ къэгъащ. Сыту напэншагъэт ищIар! А хьэбыршыбырым и зэранкIэ и ныбжьэгъум пыкIат, епцIыжат. Ари сыт щыгъуэ: и щхьэгъусэм къыщыбгъэдэкIыж, чэнджэщрэ дэIэпыкъуэгъурэ нэхъ щыхуей дыдэм! Маряшэ и анэ Рае къыхуищIэу щытам фIэкIа имылъэгъуами, ар цIыхугъэт?! Дапщэрэ нэху къыщекIат абыхэ я деж, сыт хуэдиз ерыскъы IэфI щишхат, сыту чэнджэщ Iущ куэд кърита Маряшэ и анэм, сытуи псынщIэу хухыфIэдзат апхуэдизу и гъащIэм хэта а цIыхухэр! Уеблэмэ Маряшэ и адэр дунейм щехыжам, зы сыхьэт ныкъуэ къудейкIэ гузэвакIуэ щIэлъадэри къыщIэжыжауэ аращ.

Залинэ хуэфащэщ къыщыщIа псори, Алыхьыр сыт щыгъуи захуэщ. Иджы и нэпсыр псым хуэдэу уэру къыщIож, и щхьэри егъеиж, ипхъухэми Маряши игу ящIогъу. Апхуэдиз къезыщIа цIыхубз напэншэм ирипэс псори къызэрыдэхьейуэ и псэм къыщхьэщыпкI къыщыщыхъукIэ, хуэмышэчыжу, и гущхьэр къызэгуеч. Зыми гу лъимытэу, дауэ ар нобэм къызэрысар? Сабийр дунейм къытехьэным къэнэжа щыIэкъым, нобэ-ныжэбэкъым абыхэм я Iуэхур къыщежьар. ЗанщIэу къэуIэбжьри, пичащ: псори илъагъурт, псоми гу лъитэрт, ауэ къыгурымыIуэ нэпцI зищIмэ, нэхъ къищтат. Игу иримыхь гупсысэ Iейхэр иригъэкIуэтэкIырт. ЩIалэжкъым тIури, тIэкIурэ зыхуигъэшэчынщ, Хьэсэни и къару илъыгъуэр икIынщ, ауэрэ апхуэдэу куэдрэ ирихьэкIын?.. Зыгуэрурэ псэун хуейщ. ЩIэх-щIэхыурэ къищэхуу зэджэ цIыхубз журналхэм аракъэ ярытыр: фи щхьэгъусэм къикIухьу шэч фщIамэ, Iэмал иIэкъым псалъэмакъ къэфIэтынкIэ, гурыщхъуэ бзаджэр сэтей къэфщIмэ, фыкъэсыжащ. КIэщIкIэ фи унагъуэр фи IэкIэ фкъутэжауэ аращ.

«Хьэуэ, – и гур игъэфIырт абы, – цIыхухъум и гъащIэм мащIэ къыщцыхъурэ, залымыгъэкIэ зыкъыкIэрызыщIэхэри мащIэ, ауэ мыр и унагъуи, и щхьэгъуси зэи епцIыжыфынкъым».

«Хуэмыза лIыфIщ», жаIэ... ГъэщIэгъуэнщ, сыт хуэдэ цIыхубз ар дэзыхьэхыфар?! Напэтехыу къэзыкIухь цIыхубзхэр мы дунейм трилъагъуэ хъууэ щытакъым Хьэсэн... Я хьэл-щэн, гъэсэныгъэ, дуней тетыкIэ – ахэрат, цIыхубз теухуауэ, пщалъэу иIэр. Иджы сыт къэхъужар? Дэнэ къикIа гъэсэныгъэ? ХамэлIым сабий къыхуелъху! Абы щыгъуэми, къызыхуилъхури щIалэжкъым. Пэжщ, Хьэсэн иджыри дадафэ теткъым, нобэ зэрыжаIэу, зыгуэрхэри къуэлъщ. Тхъугъэ мащIэ и щхьэцым хидзами, щIалэ екIущ: сыт щыгъуи зэщыхуэпыкIащ, дыхумэ дахэ къыкIэрех, ухуакIуэ ехьэжьам и ныбэ къежьари Версаче и кIэстум дэгъуэм къыхэщыщэркъым. Езы Залинэ-щэ! Езыр унэгуащэ дыдэ хъуащ. Залинэ игу къэкIыжащ: хамэ къэрал цирк цIэрыIуэ гуэр къэкIуати, ипхъу цIыкIухэр абы ишат. ХъыджэбзитIыр япэ сатырым игъэтIысри, езыр адкIэIуэкIэ IукIат, плъэмэ, ахэр илъагъуу, ауэ циркым щIэт Iэщымэмрэ Iэуэлъауэшхуэмрэ нэхъ пэжыжьэу.

Хуабжьу игу ирихьат, дыгъэм ижьэжарэ щхьэц сырыхуфэ хъужауэ, артист щIалитI. Циркым и чэтэнышхьэ лъабжьэм кIапсэ кIэрыщIакIэ, щIым нэмысу, бэлыхьу зыкъыщагъэлъэгъуат. Псом хуэмыдэу а тIум я зыр пхужымыIэн хуэдизу екIут: нэ уиIэххэмэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. ДакъикъипщI дэкIатэкъым а циркачыр езым къыщцыбгъэдэхутам. Гъунэгъуу уеплъмэ, ар нэхъ дэгъуэжт. И макъ щабэ дахащэмкIэ къыжриIащ зэрыцIыхубз тхьэIухудыр, къыхуэзэнуи зэрыщIэхъуэпсыр. Залинэ хуабжьу нэмысыфIэу абы фIыщIэ хуищIщ, и пхъуитIыр иригъэлъагъури, щхьэгъусэм хуэпэж унэгуащэу зэрыщытыр жриIащ. ТIэкIу къыпыгуфIыкI хуэдэу зищIри, къыхуигъэгъуну къелъэIуащ щIалэр.



Маряшэ жыхуиIам нэхърэ нэхъ пасэу къэсащ. Залинэ щепсэлъам рулым дэсагъэнщ. Хьэсэн зыхущIитхъуэ «автоледи»-хэм ящыщт ар: зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж цIыхубзыр машинэкIэ къиджэдыхьу дэткъым, зэзэмызэ Iуэху иIэмэ, и лIым и шофёрыр хьэзырыпсщ, ар дэнэ хуейми ишэнущ. ЗэныбжьэгъуитIым IэплIэ зэрашэкIауэ зыкъомрэ щытащ. Залинэ и нэпс къежэххэр увыIэртэкъым. Маряшэ щабэу, щыму, хуэму и ныбжьэгъум Iэ дилъэрт. ИужькIэ и сумкэм коньяк птулъкIэ кърихащ, изу зы бжьэ хуригъахъуэри, къэгъази-нэгъази хэмыту, хущхъуэм хуэдэу и кIэм нэс иригъэфащ.

– Иджы, къэтIыси, къэхъуар псори къызжеIэт, – хэкъузауэ жеIэ абы.

КъызэрыхэгъыкIым хуэдэурэ, зэм увыIэжу, зэми къыщIидзэжу, зэм нэпсыр кърикIуту, зэм зэкIэлъигъэпIащIэу, зэми хуэм хъужурэ, Залинэ и унагъуэ лъэлъэжам къыщцыхъуахэр и ныбжьэгъум хуиIуэтащ. УпщIэ гуэрхэр зэзэмызэ ирит фIэкIа, зэран мыхъуу, Маряшэ абы едэIуащ.

– Заля, сэ сщIэрт абы щIасэ зэриIэр. Къалэ псор абы щыгъуазэу схужыIэнкъым, ар сщIэркъым, ауэ сэ Iуащхьэмахуэ лъапэ, щIымахуэу, сащыхуэзащ абыхэм. Си къуэр зыдэгушыIэ хъыджэбзым и адэ-анэр, хамэ къэрал къикIауэ, хьэщIапIэ си деж щыIэти, зыплъыхьакIуэ

сшат. Рестораным дыщIэст. Ууейм и щIыб къысхуэгъэзат, и гъусэр апхуэдизкIэ спэгъунэгъуу щысти, жиIэри зэхэсхырт. Езыри фIы дыдэу зэпэсплъыхьащ. ЦIыхубз щIалэщ, илъэс тIощIрэ тхурэ-тIощIрэ блырэ хъуми ираш, хужьыпсу трихуа щхьэц кIыхь утIыпщар и плIэм къыдэлъщ, тIэкIу щхьэпэлъагэщ, Iэпкълъэпкъ зэкIужщ. Езым ей дыдэу хэлъIакъым: и нэбжьыцхэр тегъэпщIащ, и Iупэхэр къэгъэпщащ, и пэм хирург зэрелэжьам шэч лъэпкъ хэлъкъым, и тхьэкIумэ дакъэм нэс и нитIыр удзыфафабзэу щIэлыкIащ, и Iэбжьанэ тегъэпщIахэм мыщIэ цIухэр хэсщ. КIэщIу жыпIэмэ, хамэлI жып хуабэхэм ещэ щакIуэ-цIыхубз хьэулей зыкъизыIуэнтIыкIхэм ящыщщ.

Залинэ мыбэуэжу йодаIуэ. «Адыдыд мыгъуэ, – йогупсыс ар, – Хьэсэн игъащIэм дунейм трилъагъуэ хъуртэкъым апхуэдэ цIыхубзхэр. Е икъукIэ Iэзэу нэпцIу зищIырт, е лъагъуныгъэм итхьэкъури, и акъылыр зэтекIат».

– Ауэ, къытызогъэзэжри, бгы псыгъуэ хъужауэ, зэкIужщ, – пещэ Маряшэ. – ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, псори пэжщ. И фэр дахэщ, зыхуей зэрыхуэзэр плъагъуу, хужь зищIыну зыгуэр зыхилъхьащ, жызоIэри – сщIэркъым. КъызэрыщIэкIыу, Iуэху иIэу арагъэнт, аргуэру быдэу зэпэсплъыхьащ. Спортым ехьэлIауэ зыри щыгъакъым: къекъузэкIауэ, бостей фIыцIэ кIэщI цIыкIу, ботфорт лъэдакъэ пIащIэ, сызэригугъэмкIэ, силикон лъэпкъ хэмылъу, и бгъэр, моуэ еплIанэ номерыфI хъунщ жыпIэу, езым ейщ. КIэщIу жыпIэмэ, пщIэрэ, цIыхухъухэр щхьэунэзэ зыщI, я акъылыр зэтезыху цIыхубз лъэпкъыгъуэщ. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым, абы ууейм зэрызыхуищIыр плъэгъуащэрэт. УвыIэгъуэ имыIэу, и жьафэр тешауэ, и нэ цIыкIухэр хуигъэджэгуу, щIэчэ имыIэу бзэрабзэу... КъыщыщIыхьэжам, и шэнтым тетIысхьэжа уи гугъэ, и гъусэм бгъэдыхьэри, абы и тхьэкIумэм и Iупэхэр Iуилъхьэри ехъуцацэу щIидзащ... Абы зы дыхумэ ехьэжьа къыкIэрихырти, си деж къэсат. Ауэ абдеж щиухакъым «Марлезонскэ балетыр». Ахэр щыщIэкIыжым, ууейм гу къыслъитэри, дауэ къыпщыхъурэ, и щхьэр къысхуищIащ. Сыкъимылъагъу нэпцI зищIамэ, си фIэщ хъунут абы и гъусэр уэрам цIыхубзу. Зэрыслъэгъуари, бжесIэжынкIэ зэрыхъунури къыфIэIуэхуххакъым, апхуэдизкIэ и фIэщу а и гъусэм дихьэхати. Нобэ уныщыпсэлъам, къызгурыIуат Iуэхур зыIутыр...

Маряшэ апхуэдизкIэ Iэзэу псори къиIуэтэжати, Залинэ а и тIуанэ-щакIуэ хьэбыршыбырыр IупщIу и нэгу къыщIэуват. Плъагъурэ ар зэрахъуэжар... Апхуэдизу быдэу илъэс куэдкIэ зэкъуэту щыта унагъуэри, и пхъуитIри, и анэжьри, я гурыщIэхэри, благъэ гъунэгъуи, жыжьи – хэт жиIэнри абы къыфIэIуэхуакъым, зэпишэчакъым. Пэжыр жыпIэмэ, мыпIащIэу, япэ имылъадэу, Залинэ егупсысамэ, зыри игъэкъуэншэнутэкъым. Урысей къулыкъущIэхэми, зи жып къуа цIыхухъухэми аращ ящIэр – лыжьыр лыщIэкIэ яхъуэж, икIи ар зыми фIэгъэщIэгъуэныжкъым, хэбгъэзыхьмэ, куэдыр йохъуапсэ: лIыхэр – цIыхубз щIалэ дыдэ къызыIэрыхьам, цIыхубзхэр – мис а я бохъшэ кудам дэлъым. А бохъшэ Iувым узыхуей ухуэмыныкъуэу уигъэпсэуну къудейкъым. Уигъэпсэунущ, нэхъ щIыпIэ лъапIэ дыдэхэм зыщыб-

гъэпсэхуу, дуней псор къызэхэпкIухьу, щыгъын нэхъыфI дыдэхэр зэпхъуэкIыу, машинэ лъапсей ехьэжьахэм кърибжыхьу, уардэунэшхуэ гъэщIэрэщIахэм ущыпсэууэ. КIэщIу жыпIэмэ, «уей-уей» жебгъэIэу, псэукIэ уиIэнущ.

Маряшэ, абы къыпищэу, ирекъутэкI:

– ПщIэрэ, Заля, япэщIыкIэ сежажьэ пэтащ – псори бжесIэжынут. Ауэ, уи нэгу къыщIэгъэхьэт, сыщыуатэмэ-щэ? Хэт ищIэрэ, абы и гъусар зы щхьэпс цIыкIу гуэру къыщIэкIатэмэ, кIуэрыкIуэм тету, уэри бэлыхь ухэхуэнут: уи дунейри, уи унагъуэри зэтескъутэнут. АбыкIэ сыкъэувыIакъым, псори тэмэму зэхэзгъэкIыхуи сыбэяуакъым. Си гъунэгъу Наташкэ пщIэжрэ, абы имыщIэ мы дунейм теттэкъым! Ди къалэр мыщIыкIу дыдэми, бзэгузехьэнрэ псалъэ къехьэкIынкIэ чемпионщ – абы къытекIуэни гъуэтыгъуейщ. Щэху цIыкIуу солъэIу мы зэщIасэгъу цIыкIуитIым ятеухуауэ псори къысхуищIэну. Махуэ бжыгъэ фIэкIа дэмыкIыу, сарафан радиор упсэу, къэзмыщIар укIуэдыж.

Абы и цIэр Юлэщ, илъэс тIощIрэ хырэ мэхъу. Актёр курс гуэрхэр Москва къыщиуха хуэдэщ, зы сериал хьэмшом цIыкIу гуэрми хэту телевизоркIэ зэгуэр къигъэлъэгъуауэ жаIэж. КIэщIу жыпIэмэ, къалэшхуэ гуэрхэм къыщиджэдыхьри, зыщIыпIэ зыгуэрхэм щыхэпщIа, и Iуэхухэр хузэхуэмыгъэхъуарэ, къыщыщIаIа – сытми, къигъэзэжри, занщIэу риэлторхэм яхыхьащ. Аращ ууейри къыщицIыхуар. Унэ къащэхуну къэзылъыхъуэхэр унэщIэ зыухуэхэм яришалIэрт. АдэкIэ куэд хуейт уи Iуэху дэбгъэкIынумэ?.. Мис абдеж сэбэпышхуэ къыщыхуэхъуащ хэлъ и артистыгъэр. Хьэкъыу си фIэщ мэхъу: Хьэсэн тхьэрыIуэкIэ псалъэ къыIихагъэнщ, щIалэ къыхуилъхумэ, Iэмал имыIэу нэчыхь хуригъэтхыну. Хэбгъэзыхьмэ, хъыбар нэпцIхэр игъэIуауэ хузогъэфащэ: Голливуд къикIауэ кино трахыну Москва къэкIуахэр къежьэу, актрисэ цIэрыIуэ хъуным къэнэжа щIагъуэ щымыIэу. ЦIыхухъухэм апхуэдэу уащхъуэдэмыщхъуэу я унагъуэр хыфIадзэркъым.

Залинэ зэхихахэмрэ къэхъуамрэ зэ егупсысыжри, икIэм-икIэжым псори къыгурыIуащ. ТхьэщIэ-лъасэу пщIэфIапIэм щIэтыху, и бынхэмрэ пхъурылъхухэмрэ якIэрыщIауэ унэм щIэсыху, и щхьэгъусэм лъагъуныгъэ щэху зэригъэпэщащ, къигъуэтащ и пщIыхьхэм щигъафIэ «пащтыхь гуащэр». Пэжщ жаIэр: «Уи лIым утегужьеикIауэ умыпсэун щхьэкIэ, езыр уэ къыптегужьеикIауэ гъэпсэу». Ди унагъуэхэм сыту пхэнжыIуэу щыдгъасэрэ пщащэ цIыкIухэр. Сыт зыхуэдущийр? Быдэу я фIэщ дощI фызыфIыр, анэфIыр лIым сыт щыгъуи ихъумэну, сыт щыгъуи пщIэ хуищIыну; благъэ-Iыхьлыхэм хабзэ нэхъыбэ якIэлъызепхьэху, уэри нэхъ пщIэ къыпхуащIыну, нэхъыфIу укъалъагъуну, псом хуэмыдэу, уи щхьэгъусэм.

Еджа, юрист IэщIагъэ зиIэ цIыхубз губзыгъэм апхуэдэ псысэ мышыур и фIэщ зэрыхъуар дауэ?! Иджы дакъикъэ бжыгъэкIэ абы къыгурыIуащ: цIыхубзым хуимыдэу, цIыхухъум зыри илэжьыркъым. ЯпэщIыкIэ щIалэм къежыхь, цIыхубзыр къихьэхун папщIэ сытри ещIэ, фIыуэ илъагъуу, и гъащIэ псор абы епхауэ жеIэ. Ауэ зыхуейр къызэрыIэрыхьэу, хуэм-хуэмурэ пыIукIуэтыжурэ, зэмани мылъкуи тримыгъэкIуэдэж мэхъу – псори щыхъарзынэкIэ, сыт гугъу

зыщIригъэхьынур? Хьэсэн гузэва, си щхьэгъусэр сфIэкIуэдмэ, жиIэу? Дауи, гузэвакъым. Хьэсэнщ унагъуэр зыпIри, зыгъашхэри, унагъуэ тхьэмадэри. Сыт Залинэ имыIэр? И лIым къызэрилъытэмкIэ, урысхэм я жыIэкIэу, дыщэ нэз зиIэ хьэкъущыкъукIэ псори хьэзыру и пащхьэм кърелъхьэ. ЕхъулIат ар, Хьэсэн пэшэгъу щыхуэхъуам, фомрэ тхъумрэ хэсу, жыхуаIэм хуэдэу егъэпсэу. КъищынэмыщIауэ, езы Залинэ апхуэдизкIэ гъэсащ, тэмэму япIащи, гъаблэр къэсами, хьэлывэ Iэтэ къыхуэбгъэлъагъуэкIэ, зы цIыхухъу дежкIэ пхуеплъэкIынукъым ар, уеблэмэ, езы баварскэ пащтыхь дыдэрами.

Залинэ и ныбжьыр здынэсари, и зекIуэкIэ хьэлъэ хъуари, гипертоние къылъыкъуэкIари – псори Хьэсэн и нэм бжэгъуу къыщIоуэ. Пэжщ, а цIыхубз щIалэр къыхуэмызатэмэ, Хьэсэнрэ абырэ жьы дыдэ хъуху зэдэпсэункIи хъунт. Хьэсэн и ныбжьыр нэхъ хэкIуэтэху, и щхьэгъусэр фIэкIуэдыным тегужьеикIауэ, закъуэныгъэм щышынэу псэунт. Залинэ зыщIыпIэ деж къыщеджауэ щыташ: «ЦIыхухъур жьы дыдэ хъуа нэужьщ нэхъ кууүэ лъагъуныгъэ щищIыр». И щхьэгъусэм фIэкIа нэгъуэщI цIыхубз къыщыхуемыплъэкIыжым деж – а зыр фIы дыдэу елъагъу. Абы и щхьэцыр зэрытхъуами, зэлъа куэд иIэ зэрыхъуами, и тхыр захуэу зэрыхуэмыIыгъыжми – абыхэм лIым гу лъитэжыркъым. Иджы сыт ухущIегъуэжкIэ, гъащIэр блэлъэташ, жыгъэр къэсащ. АдэкIэ псори зэбгъэзахуэу упсэун хуей хъунущ: хэти уфIэпсэкIуэду, хэти къыпхуэдзэлашхэу – еплъ уэри, «пащтыхь гуащэ», пенсэкIэ упсэуныр тыншрэ гугъурэ.

Залинэ пенсэ къилэжьакъыми, нэхъ мащIэ дыдэрщ хуагъэувынур, ари илъэсипщI дэкIмэ. И лIым и гурыфI къикIмэ, зыгуэрхэр къыхуишиинкIэ хъунщ. Ахъшэ тIэкIу дидзыхыну сыт хуэдиз Iэмал иIат абы... Мызэ-мытIэу илъэгъуат и лIым и шумэданэ цIыкIу ахъшэ зыдэмыхуэжыр. И сейфыр зэрыIуах бжыгъэхэри ищIэрт, сыт хуэдиз хуейми къыдихыфынут. Ауэ игъащIэм апхуэдэр игу къэкIакъым, зы соми еIусакъым. Къищтэн дэнэ къэна, и щхьэм щхьэкIэ лейуэ зыри къригъэщэхуртэкъым. Зы лъапIэ дыдэ гуэр къыхуищэхуну Хьэсэн гукъыдэж ищIмэ, дэнэ сыкIуэрэ сэ, ауэ сытми шкафым фIэлъыну аращ, жиIэурэ, а псалъэмакъым тришырт. Залинэ къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу гъэ къэс дыщэхэкI лъапIэхэм ящыщ къыхуищэхурт. Абыхэм я уасэр щилъагъукIэ, ноль гуэтхэм я куэдагъым Залинэ игъэгужьейрт. Иджы, ахэр пщэжынуми, я уасэм и Iыхьэ щани къуатыжынукъым. Я фэтэрыжьыр ищэу, езыр и пхъум и фэтэрышхуэм Iэпхъуэнущи, абы кърaтыну мелуанхэр щIэх дыдэу исыкIынущ. ДяпэкIэ и псэукIэ хъунум теухуауэ апхуэдэ гупсысэ Iэджэ Залинэ и щхьэм щызэрызехьащ, Маряшэ щэхуу иригъэкIуэкIа Iуэхухэр къиIуэтэжыхукIэ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, Хьэсэн иригъэщIа унэхэм ящыщ зым мы щхьэпсым фэтэр щиIэт, машинэ лъапIи ист, мыпхуэдэ щIасэ дахэм хуэфэщэн хьэпшып лъапIэхэри и куэдт. Ягъэпщца хьэфэ уэншэку тIэкIум фIэкIа ящIэмылъми, зи блынхэр земыхьа а унэ ныкъуэцIалэныкъуэзехьэм къыщыушат мы дуней псом щамыгъэунэхуа, щамылъэгъуа лъагъуныгъэшхуэр... Пиццэ кърагъэхьырти, абыхэм загъэтхъэжырт. Хьэсэн игъащIэм унэм щызыIуилъхьэу щымыта пиццэмкIэ

зигъэнщIауэ, и ныбэр изу, хамэлI хуэдэу, хэкIуэтауэ жэщ ныкъуэм къекIуэлIэжырт.

Маряшэ тэмэму ищIат коньякыбжьэр изу къригъахъуэу, залымыгъэкIэ зэрыригъэфар, армыхъумэ, и щхьэр къачэу зэгуэудынкIэ хъунут. Маряшэ жэщым къэнащ. ЗигъэпскIауэ, жэщ джанэ къратар щыщитIагъэм, Залинэ гу лъимытэу къэнакъым и ныбжьэгъум и Iэпкълъэпкъыр зэщIэкъуауэ, бын иIэу умыщIэну, и бги, и бгъи зэкIужу, и нэкIу итхьэщIар гурыхьу, лы лей кIэрымылъу зэрыщытым. Маряшэ илъэс щэщIым тIэкIу щIигъуа фIэкIа пщIэнутэкъым, езы тIур зэныбжь дыдэ пэтми. ФIэщщIыгъуейщ, ауэ Залинэ зэрыгъуэлъу занщIэу Iурихащ, пщэдджыжьми куэдрэ жеящ. Апхуэдизкlэ и Iэпкълъэпкъыр ешати, къаруи гукъыдэжи игъуэтыжын хуейуэ арагъэнт. АпщIондэху Маряшэ егупсысащ адэкIэ ящIэн хуейхэм, уеблэмэ Iущыгъэу къигупсыса гуэрхэри итхащ. Апхуэдэу жэщ ныкъуэм къыщылъэт хабзэщ зи щхьэм гупсысэ хьэлэмэтхэр къихьа усакIуэр.

Маряшэ, тхылъымпIэ къищтэу, и ныбжьэгъум адэкIэ ищIэн хуейуэ итхахэм мырат я купщIэр: Залинэ дяпэкIэ къыхуэнэжа гъащIэр ауэ сытми ирилъэфэкIынукъым, гъащIэщIэм щIедзэри, игу хэщIу щысынукъым; лэжьыгъэ Iуэхум апхуэдизкIэ и фIэщу пэрытынущи, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу, лIам хуэдэу жеинущ. Зеиншэ цIыкIу Хася хуэдэу, и щхьэгъусэу щытам къыхуишииным пэплъэу, лъаIуэу дэтынукъым, атIэ езым ахъшэ къилэжьыжынущ. Абы къыхэкIыу, и цIэкIэ щыт фэтэрыжьым щIэс я благъэ-Iыхьлыхэр икIэщIыпIэкIэ щIегъэкIыжри, бэджэнду яIыгъыну, зы илъэс псокIэ пщIэкIэ ет. ЕтIанэгъэ, езым ейуэ, мыбдеж къыщызэIуех нотариус IуэхущIапIэ. Фэтэрыр къалэкум, нэхъ цIыху зекIуапIэ дыдэм дежщ, япэ къатщ – хэти и хъуэпсапIэщ. Зы пэшыр IуэхущIапIэ ищIыным хуегъэхьэзыр, бжэр щхьэхуэу хегъэувэ, зекIуапIэ-щIыхьэпIэр нэгъуэщI уэрамымкIэ егъазэ, адрей пэшхэр пщIэкIэ зритам яIыгъщ. Метр пщыкIутху фIэкIа мыхъу а пэш цIыкIур фIы дыдэу ирикъунущ езыр щылэжьэну.

Юристу зэрылэжьа илъэситхум Iэмал кърет Маряшэ и лэжьапIэм кIуэуэ, стажировкэ абы щригъэкIуэкIыну. Езы Маряшэ нотариусу куэдрэ лэжьащи, псоми хуригъэсэнщ, псори иригъэлъагъунщ, тхылъымпIэ зегъэкIуэн, тхэн сыт жыпIэми. Езым деж къекIуалIэхэм ящыщ зэкIэ къритынщ. Махуищ дэкIмэ, Залинэ лэжьапIэ докI, апщIондэху унэщIэм мэIэпхъуэри, щыпсэуну пэшыр егъэхьэзыр.

Лянэ и фэтэрым Залинэ мэIэпхъуэри, Оксанэ иджыри къэс хуэмыща и фэтэрри зы илъэс пIалъэкIэ бэджэнду пщIэкIэ ет. Клиникэ къызэIуахын папщIэ зэхуахьэс ахъшэр ирагъэкъун хуейщ, ар зы илъэскIэ зэфIэмыкIынкIэ хъуну Iуэхущ. Сыт хуэдиз ахъшэ хьэзыру Залинэ дэдзыхауэ иIэр, зы мин щитху хуэдиз? ФIы дыдэщ, ахъшэ зытекIуэдэн гуэрхэри щыIэщ иджыри. Нотариус лэжьыгъэм тIэкIу хэгъуэза нэужь, Залинэ мазэ бжыгъэм ахъшэ къыхэхъуэу щIидзэнущ. ФэтэрыпщIэу къратым нэмыщI, нотариусыпщIэм езым и Iыхьэри къыхэкIынущ. Ар ирипсэуну ирикъунущ, зыгуэрхэри хуэгъэтIылъынущ. Мы ди щIыпIэм щызекIуэ улахуэхэм еплъытмэ, етIанэгъэ ахъшэфI къилэжьу щIидзэнущ. Къэралым щекIуэкI хабзэмкIэ, илъэс блыщIрэ тхурэ

ухъуху улэжьэну ухуитщ нотариусу. Аращи, иджыри илъэс куэд щыIэщ, лэжьыгъэфI ирихьэкIынымкIэ.

АдэкIэ уокIуэри, шофёр курсхэм зыбогъэтх, машинэ етIуанэр къыбохуж, уи гаражым щIыбогъэувэжри, уи теплъэм икIэщIыпIэкIэ елэжьын щIыбодзэ. Уи щхьэм тебгъэкIуэдэну сыт щыгъуи хухэпхын хуейщ зэмани, къаруи, ахъши. ЦIыхубзым и дахагъэм елэжь дэтхэнэми Маряшэ и щхьэр дзыхь яхуищIыркъым. Езыр зэкIуалIэ псори и ныбжьэгъуми иригъэцIыхунщ. Компьютерми тIэкIу бгъэдэсын хуейщ, зыхуеину псоми Iэзэу зыхуигъэсэжын папщIэ. Пщыхьэщхьэ къэс, Маряшэ и гъусэу, а лъэбакъуэ минибгъур къамыкIухьу хъунукъым. Апхуэдэурэ мазэ зы-тIум къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжынущ Залинэ. ПщIэрэ, лъыщIэж Iущ жыхуаIэр? ЕхъулIэныгъэ зиIэ къудейкъым узэрыхъун хуейр, атIэ ЦIЭ-РЫ-IУЭ-Щ!

А Маряшэ зэхилъхьа, къигупсыса къомыр Залинэ дежкIэ жыжьэ дыдэу, гугъэ нэпцIхэм хуэдэу, фантастикэ гуэрт. Хъунщ, и ныбжьэгъум дэIэпыкъунщ, и IуэхущIапIэм зэзэмызэ хущIэсынщ, хуэтхэ, цIыхухэм епсалъэ, тхылъымпIэ къаIих хуэдэу, и фэтэрхэми унафэ гуэр трищIыхьынщ. Ауэ компьютерти, машинэ къехуэкIынти жыхуэпIэхэр... Илъэс щэщIым къихутэжын лъэкIынукъым абы. Апхуэдэ Iуэхухэм пэрыхьэнуи дзыхь ищIыркъым. И ныбжьыр здынэсам абыхэм дауэ зрипщытын, илъэс дэкIмэ, и закъуэ пэлъэщыну ар а лэжьыгъэ гугъум? Залинэ къригъэкIуэкIахэр Маряшэ ауи къридзакъым. КъыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэху хуэдэу жиIащ: 

– Унафэр уэращ зейр, залымыгъэкIэ зыри насыпыфIэ пхуэщIынукъым... АтIэ, щIэсыж уи унэ, гъынанэ, уипхъухэм яхуэтхьэусыхэ, ущхьэзакъуэ-улъакъуитIщ, яхэтIысхьэж. Малъхъэхэмрэ уипхъухэмрэ  я кум удэту, я Iуэхухэм ухэпщэфIыхьу яхэс, хуэм цIыкIуурэ жьыхуегъэзэкI ухъуухукIэ къыхэузыкIхэр убжу щыс. Сэ афIэкIа укъысщымыгугъ! Зыпхъуэжынумэ, уи гъащIэри зэпхъуэкIынумэ – псори уи IэмыщIэращ зэрылъыр. Зыми зыри къыпхуищIэфынукъым, афIэкIа зэи нэгъуэщI Iэмали уиIэжынукъым. ИкIэм-икIэжым, сэ зэкъым сызэрыхыфIэбдзар. Ещанэ щыIэжынукъым.

Залинэ тегушхуащ. Хъурэ – хъарзынэщ, мыхъурэ – сызэсам сыхуэкIуэжынщ, шхын щхьэкIэ сагъэлIэнкъым. КIий-гуо хэмыту, и хъыджэбзитIым епсэлъащ, я фэтэрхэм трищIыхьа унафэри, лэжьэн мурад зэрищIари – псори кIэщIу ягуригъэIуащ. ТIури пыхьащ, икIэщIыпIэкIэ яхэтIысхьэжын хуейуэ къелъэIуахэщ, ауэ Залинэ идакъым: щIэуэ псэун къыщIидзэжын хуейщ. Мыхъурэ – сыт щыгъуи хуитщ и бынхэм я деж игъэзэжыну.

ЗэхэтIысхьэхэри, яIэмрэ ямыIэмрэ зэхагъэкIащ, къыщIашын хуей хьэпшыпхэм унафэ тращIыхьащ: фэтэрыщIэм унэлъащIэу зыгуэрхэри щIэтт, яхуримыкъур – мащIэ дыдэт. ПсынщIэу, IэкIуэлъакIуэу зыхуей тIэкIур къыщIагъэIэпхъукIати, пщIэнтэкъым апхуэдизрэ щыпсэуа езы унэр Залинэ къыщIихуну щIэбэг фIэкIа. Маряшэ захуэщ: уи нэпсри пэпсри зэхэлъэдэжауэ ущыс хъунукъым, адэкIэ кIуэтэн хуейщ, зыгуэр щIэн хуейщ.

Мазэр блэлъэтащ, иджы Залинэ зэманыр къемэщIэкI зэпытщ,

ауэ япэ ехъулIэныгъэхэри иIэщ: компьютерым Iэзэ хуэхъуащ, шофёру зэреджамкIэ тхылъхэри кърэтыжын хуейщ, и унэм щIэса я благъэ щIалэри Iэпхъуэри, тIуми – абыи, Оксанэ и фэтэрми – пщIэкIэ цIыху щIигъэтIысхьащ. Нэхъ къехьэлъэкIыр – пщыхьэщхьэкIэрэ куэд къызэрикIухьырт, абы щыгъуэми, псынщIащэу, ущу. Маряшэ лъэщIэмыхьэурэ зэригъэгувэм иригузавэрт. Дауи, Маряшэ нэхъ Iэзэт: ар куэд щIауэ и узыншагъэм кIэлъыплъырт, и Iэпкълъэпкъри къэжыхьыным есат.

Сапэ лъэпкъ хэмыIэбэу, мастэ хригъэIуурэ, сакъат зиIэ и лъынтхуэхэр игъэхъужащ. Дохутыр Iэзэ къигъуэтам, ишх хъунумрэ зэранымрэ хузэхигъэкIащи, абы жиIэ псори егъэзащIэ. Тыншыжащ: и давленэри дэуеижыркъым, дауи, лъэсу куэд къызэрикIухьри хэту къыщIэкIынщ абы сэбэп къыхуэхъуам. Пэж дыдэу, сышхащэрэти жиIэркъым, ауэ зыбгъэмэжалIи хъунукъым.

Хьэсэн и гъащIэм зыри хищIыкIыртэкъым Залинэ. Зымахуэ и пщыкъуэ нэхъыжьыр лъагъунлъагъу къыдыхьат. Залинэ и фэтэрым иужь дыдэу щIэсар абы и къуэрылъхум и унагъуэрат, и щхьэгъусэмрэ и сабиймрэ щIыгъуу. Шэч хэмылъу, абыхэм псори жраIэжагъэнт. Къэхъуар и жагъуэ хъуауэ, хъущIэрт, и къуэшым хущIитхъуэрт. «А зи щхьэ ежьам къыхуэгъэгъу, псори тэмэм хъужынщ. А щхьэпс цIыкIур зэи ди бжэщхьэIум едмыгъэбэкъуэнуращ. И къуэм зэхищIыхьахэр къищIэмэ, ди анэм и гум техуэххэнукъым, жьы хъуащ». Залинэ дежкIэ а псалъэмакъхэр зыкIи гъэщIэгъуэныжтэкъым: «къыдагъэхьэни – ирамыгъэбэкъуэни» – зыри хуеижтэкъым. Тхьэусыхафи псалъэмакъ леи хэмыту, щэныфIэу едаIуэщ, пщыхьэщхьэшхэ иригъэщIри, и пщыкъуэр ежьэжащ. Апхуэдэурэ зы мазэм щIигъу дэкIащ.

Судым ираджэн хуейт, ауэ зы тхылъымпIэ кIапи къыхуэкIуатэкъым. Августым и кIэм Маряшэ къелъэIуащ, тхьэмахуитI хуэдизкIэ Тыркум зыгъэпсэхуакIуэ дыгъакIуэ, жери. Маряшэ и ныбжьэгъу туроператорым путёвкитI нэхъ пуду къыхуигъуэтауэ арат, зыгуэрхэр хущIегъуэжри, кърэтыжауэ. И пхъуитIри щыгуфIыкIащ абы. «Сыту фIыт!» – жаIащ. Оксанэ и хамэ къэрал паспортыр щызэрихъуэкIым, и анэми апхуэдэ паспорт къыхуIихат. Залинэ зихъунщIат абы щыгъуэ – сыткIэ хуейт?.. Иджы мис, хъарзынэкъэ уиIэныр. Тыркум нэса нэужьщ абы и гум «уэху» щыжиIэжар: иужьрей мазитIым и псэм бэлыхь телъат, и гур зыгуэрым икъуз зэпыту екIуэкIат. Маряшэрэ абырэ налкъутыфэ тенджызыпс хуабэм  махуэ къэс хэст, дыгъэ зрагъэурт, куэдрэ лъэсу къакIухьырт, пщыхьэщхьэкIэрэ сату щIапIэ ехьэжьахэм кIуэрти щыщахуэрт. Залинэ и щыгъынхэр хуэхъужыртэкъыми, иджы щIэуэ къежьахэм хуэдэ куэду къещэху, икIи мылъапIэ дыдэу: игъащIэм щымыгъа джинсхэр, гъэмахуэ кIэстум зыпытхэр, джанэ жьыщIэхухэр.

Мазэ бжыгъэ ипэкIэ, зэрызагъэпскI щыгъын фIэкIа щымыгъыу, Залинэ зэи зыпхуимытIэщIынурат! Иджы мис, зоплъыжри, гъуджэм къищ цIыхубзыр нэгъуэщI гуэр хуэдэщ: дыгъэм ижьауэ, и щхьэцыр дахэ дыдэу щIэщауэ, лы лей лъэпкъи кIэрымылъу. Ауэ, пэжщ, и нитIыр иджыри зэрынэщхъеифэщ.

Тырку кофекIэ загъэтхъэжыну, пщыхьэщхьэкIэрэ зэрахабзэу, ахэр

шхапIэ цIыкIу гуэрым щIохьэ. НэкIуэпакIуэу зылI, жьы дыди мыхъуауэ, къабгъэдотIысхьэ. Швейцарием къикIа гъэщIэгъуэн гуэрт. Апхуэдэ хабзэ щызокIуэ тенджыз Iуфэм зыщызыгъэпсэхухэм я деж.

«Бьютефул»-кIэ Залинэ деж къыщыщIидзэри, тIуми псалъэ дахэу къажримыIар укIуэдыж. Ар къелъэIуат и гъусэу пщыхьэщхьэкIэрэ дахэ дыдэ хъу тенджыз Iуфэм къыщакIухьыну, ауэ фIыщIэ хуащIри, IуагъэкIыжащ.

ЦIыхухъу лъэпкъ теплъэнуи Iуплъэнуи зэрыхуэмейр Залинэ щыжиIэм, Маряшэ пэрыуащ:

– ЦIыхухъунэр – цIыхубзым дежкIэ гъуджэщ. УфIэгъэщIэгъуэну зыгуэр къоплъыху, уэ иджыри уцIыхубзщ, абы иужькIэщ ущыанэри, ущыщхьэгъусэри, ущынанэри. Япэ уилъадэу, щхьэ хэбгъэкIуэдэн хуей нэхъыщхьэ дыдэр – узэрыцIыхубзыр! Псалъэм папщIэ, сэ цIыхухъу гуэр си гъащIэм къыхэзгъэпшэхъуэну фIэщщIыгъуейщ, ар зэи къэмыхъун Iуэхущ, ауэ, хэт къытпэплъэр зыщIэр? «Зэи» жумыIэ зэи. СфIэфIщ зыгуэрхэм ягу сыщрихькIэ. ПцIыр хьэрэмкъэ, ди теплъэр – ди Iэмэпсымэ бэлыхьщ. Уи теплъэр гуакIуэмэ, куэдкIэ нэхъ тыншщ сыт хуэдэ Iуэхури зэфIэпхыну: лэжьыгъэ IэнатIэм е нэгъуэщI зыгуэрхэм епхами. КъищынэмыщIауэ, уэ езым уи Iэпкълъэпкъ дыдэри фIыуэ плъагъужын, пщIэ хуэпщIыжын хуейщ, узыхуэсакъыжу, узыкIэлъыплъыжу – ар ди щэнхабзэм и зы Iыхьэ хэхауэ щытщ. Сыт къыпIэрыхьэми зыкIуэцIыпкудэу, сыт къыпхурагъахъуэми епкIыхыу упсэу хъунукъым. ЗэрыжаIэу, жьыгъэми екIуу упежьэн хуейщ: удахэу, уузыншэу, щIалафэ птету. ЛIыгъуэ-фызыгъуэм и гугъу пщIымэ, егъэлеяуэ абы ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым, цIыхухэм я гъащIэм абы щиубыдым нэхърэ псалъэмакъыу иращIэкIыр нэхъыбэщ: щхьэгъусэ имыIэми, цIыхубзыр и закъуэ насыпыфIэу псэуфынущ.

Маряшэ, сыт щыгъуи хуэдэу, захуэщ, Iущыцэщ. Дэнэ абы а псор щызригъэщIар? Дауи, ар зыхалъхуар унагъуэшхуэкъыми, арагъэнщ. Унагъуэшхуэхэм къыщыхъу пщащэхэр, щысабийм щегъэжьауэ, сытри яшэчыфу ягъасэ, цIыхухъум и губжьым апхуэдизкIэ щошынэри, зыхуейр хуащIэ, цIыхухъу балигъхэм деж щыщIэдзауэ щIалэ цIыкIухэм деж щиухыжу. КIий-гуо зи хабзэр сыт щыгъуи къэрабгъэщ, хэт и губжьыреи шынэм зэщIеIыгъэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, гугъуехь куэд зышэча цIыхубзхэми сыт езыхэм я къуэхэр «пащтыхь таж ящхьэрысу» щIагъасэр? Нэхъ пасэм щыгъуэ я фIэщ хъурт жьыхуегъэзэкI хъумэ, я къуэхэм зэрызэрахьэжынур. Иджы ар куэдым яхуэгъэзэщIэжыркъым, «Iущыцэ» хъуа нысэхэм, щхьэусыгъуэ гуэрхэр ящIурэ, а къалэныр пхъухэм пщэрылъ щащIыну йоIэхэр.

ЗыгъэпсэхуакIуэ къикIыжу Залинэ и фэтэрыщIэм щыщIыхьэжам, гурэ псэкIэ зыхищIащ ар игу зэрырихьыр, абы зэрыхуэзэшар. Япэрей и унэшхуэм сытым хуэдэу сабэ куэд щызэтрихьэрэт, дэни къикIрэт апхуэдизыр – къащIэ. Хъыдан кIапэр иIыгъыу, махуэ къэс, унэ къатищым дэкIуей-къехыжу, сабэр илъэщIын хуей хъурт. ФэтэрыщIэм апхуэдиз саби щIэлъкъым, тхьэмахуэм зэ фIыуэ игъэкъабзэмэ, дахэ дыдэу щIэсщ, къэзыуцIэпIыни иIэкъым. Абы зэманыфI къыхудегъахуэ. Нэхъыщхьэращи, иджы махуэм щэ пщэфIэжкъым, гузавэуи щыскъым, си лIыр гу-

вауэ къэкIуэжынщи, шхэни имыдэу, спщэфIари игу иримыхьу, убалъэм срилъхьэнщи, мышхэу гъуэлъыжынщ, жиIэу.

Къуаншагъэ гуэр бгъэдэлъу, е хуэмыфащэу гулъытэ лей къыхуащIауэ зыхищIэркъым Залинэ. Абы иджы зэрыщымыту зыкъигъэлъэгъуэну хэткъым, абы щхьэкIи уафэм фIыщIэ къыхуищIу къыфIэщIырт – мылъку къыхигъахъуэрт. И лэжьапIэмкIи сытри къыщохъулIэ. И къуэм сабий къыхэхъуати, Маряшэ ахэр щыпсэу къэралым хьэщIапIэ кIуат, мазэкIэ щыIэну. Ар къэтыху, Залинэ хузэфIэкIащ абы и лэжьыгъэри здрихьэкIыну, ауэ, пэжщ, фIы дыдэу псоми хэзыщIыкI секретаршэри къыдэIэпыкъуащ. ТхылъымпIэ гуэр иригъэтхыну хуейуэ, зы цIыхубз гуэр къэкIуат. Ар Залинэ и гъунэгъум и шыпхъурауэ къыщIэкIащ, мащIэу зэрыцIыхурт. Хамэ цIыхубзым хуабжьу игъэщIэгъуащ Залинэ, къыпхуэмыцIыхужыну, и теплъэкIэ зэрызихъуэжар. Абы къыжриIащ и щхьэгъусэ зыкъизыIуэнтIыкI хьэлыншэм Хьэсэн зэрыдэпсэур, хъыджэбз цIыкIу сымаджэ дыдэ яIэщи, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, дохутыр машинэр я куэбжэм зэрыIутыр. Абы зэрыжиIамкIэ, Хьэсэн къишэжар, пудрэр зыкIэритхьэщIыкIрэ адэкIэ-мыдэкIэ кIэригъэпщIа псори зыкIэрихыжмэ, зы нэджэIуджэ гуэрщ, икIи гъурыбзэщ. Зы гъунэгъуи сэлам ярихыркъым, и пэр уафэм етауэ дэтщ, сабийм кIэлъыплъхэмрэ я унагъуэ Iуэхухэр зезыхьэхэмрэ махуэ къэс ехъуэж. АпхуэдизкIэ абыхэм ящIокIиери, гъунэгъу псоми зэхах.



Залинэ зыкIи еупщIыртэкъым, ауэ икIи зэпиудыртэкъым. Ар дауэ, хуабжьу зэжьа щIалэ цIыкIур-щэ?! Хамэ къакIуэу, унэр ягъэкъабзэу Хьэсэн игъащIэм фIэфIакъым, иджы, къызэрыщIэкIымкIэ, шофёрри хэтыжу, зы гуп ятолажьэ. Аращ иджыри къэс судым тхылъымпIэ къыщIрамыгъэхьари. Нэчыхьыр къутэжын жыхуэпIэ Iуэху цIыкIуфэкIухэр зэрахуэну а тIур хущIыхьэркъым.

Маряшэ Минвод къэлъэтэжырти, Залинэ, рулым дэсу, пежьащ къишэжыну. Iэзэу зэрехуэ машинэр, ауэ шынэр иджыри пкърыкIыпакъым. Псом хуэмыдэу ар щышынэр къалэм дэкIын хуей щыхъукIэщ, ауэ сыт, зэ мыхъуми зэ утегушхуэн хуейкъэ.

Октябрым и кIэр къэсат. Мазитху дэкIащ Залинэ къызэрыдэIэпхъукIрэ. ХъыджэбзитIри гъуэрыгъуэурэ я анэм деж къокIуэ, езыри зэ-тIэу якIэлъыгъуэзащ. Я адэм и гугъу тIуми зэи ящIыртэкъым, ауэ Залинэ зыхищIэрт тIури абы зэрыхуэзэр. Ипхъухэр егъэлеяуэ щыгуфIыкIат я анэр нэжэгужэу, и теплъэри дахащэу щалъэгъуам, и лэжьыгъэ Iуэхухэри ефIакIуэу къыщащIам.

Махуэр уэфIт, гъуэгур гъущэт, ауэ, япэхэм хуэмыдэу, Залинэ нобэ рулыр нэхъ икъузырт. Тхьэм и фIыщIэкIэ, тэмэму нэсащ, и ныбжьэгъур къригъэтIысхьэжауэ къыщишэжым, къелъэIури, тIэкIу едзэкъэнхэу, Псыхуабэ дэт шхапIэ гуэрым Iухьахэщ. Гъуэгуанэр кIыхьт, къэкIуэжари мэжалIэрт.

ЗдыIухьар шхапIэ ехьэжьа гуэрт – Маряшэ фIэфIщ апхуэдэхэр. Мазэ кIыхьым иужькIэ, Залини и ныбжьэгъур игъэгуфIэну хэтт. ШхапIэм цIыху куэд дыди щIэстэкъым, макъамэр хуэму къеуэрт. Шхыныгъуэ IэфI гуэрхэр къыхуахьыхукIэ, Маряшэ илъэгъуахэр, здэщыIахэр, къыщыщIахэр жиIэжу, дыхьэшхыу зэбгъэдэст.

Нэжэгужэу тIури здэщысым, фIы дыдэу яцIыхуу, Хьэсэн и цIыхугъэ лIы гуэр къабгъэдыхьащ. Залинэ занщIэу къызэримыцIыхужамкIэ зиумысыжа нэужь, абы жиIащ ар нэхъ дахэж зэрыхъуар. АдэкIэ къажриIащ Хьэсэн зэрынасыпыншэр, и сабийми гъащIэ кIыхь зэримыIэр, къишэжари гъунэгъуу зэрымы-Залинэр. Зы псалъэ памыдзыжу, абы жиIэхэм едаIуэщ, псынщIэу шхэн яухри, ахэр я гъуэгу теувэжащ. Абы иужькIэ, мазэ бжыгъэ фIэкIа дэмыкIыу, Залинэ зэхихащ Хьэсэн и сабийр зэрылIэжар. Ягъэхъыбарырт а цIыкIум и анэм уэндэгъу хъун щхьэкIэ зрихьэлIа хущхъуэ куэдым абы и узыр къыхэкIауэ. Залинэ и гур ятезэгъауэ аратэкъым, сабийм сыт и лажьэт! Ауэ, сыт жаIэрэ, Iей зылэжьам и гуэныхьыр къолъеижри, нэхъ лажьэ зимыIэ дыдэм техуэнкIэ мэхъу. «Iей пщIауэ, фIым ущымыгугъ» щIыжаIар апхуэдэ гуэрщ, дауи.

ЦIыхубзхэм я махуэшхуэм и пэ къихуэу, Залинэ налог инспекцэм IуэхукIэ щIэлъэдэн хуей хъуащ. Фэ джэдыгу кIэщI дахэ щыгъыу, и щхьэц Iувыр и плIэм илъу, цIыхубз шырыкъу лъэдакъэ лъагэм тету, и Iупэр плъыжьыбзэу IурылыкIауэ, моуэ къыщыдэкIыж дыдэм шокъу жиIэу Хьэсэн Iууащ. ТIури зэщIэувыIыкIащ, апхуэдизу зэрымыщIэкIэ зэхуэзати. Залинэ занщIэу гу лъитащ и щхьэгъусэу щытар зэрызэщIэтхъуам, нэхъ жьыфи къызэрытеуам: и нэщIащэхэр иуауэ, зэгуэр игъэджэгуу щыта и нитIми гурыщIэ лъэпкъ щIумылъэгъуэжу. Езыми, дауи, гу лъимытэу къэнакъым Залинэ и теплъэкIи, и зыIыгъыкIэкIи зэхъуэкIыныгъэ куэд зэрыбгъэдэлъым.

Зэхихауэ, ар щыгъуазэу къыщIэкIынт Залинэ нэхъ дахэж зэрыхъуам. Ауэ жаIэу зэхэпхымрэ уи нэкIэ плъагъумрэ зыкъым, дауи.

Сэлам ирихыу, Залинэ адэкIэ ежьэжыну щыхуежьэм, Хьэсэн ар къегъэувыIэ:

– Къысхуэгъэгъу, си щхьэр хэтIащ, ахъшэ ныпхуезгъэхьыну зикI сыхущIэмыхьэурэ, нобэм къэзгъэсащ... Уэ жыхуэпIэм деж сыныIухьэнт, дызэхуэгъазэ. Дэнэ деж хъуну?

– Упсэу, ауэ фIы дыдэу схурикъун сэ иджы къызолэжь.

Ар жиIэри, екъури ежьэжащ, адэкIэ и гъуэгум пищэу... ГъэщIэгъуэнкъэ, и макъ къудей кIэзызакъым, и лъакъуэхэр щIэщIакъым, и зы нэпс ткIуэпси и нэм къыщIэувакъым. Дауи, адрейми ар зыхищIа къудейкъым, атIэ и гущхьэм кIуэцIрыкIащ.

Тхьэмахуэ дэкIри, ипхъу нэхъыжьыр къэпсэлъащ, инфаркт иIэу ди адэр сымаджэщым щIэхуащ, жиIэри. Аргуэру Залинэ и бгъэгум зы мэскъал щыхъеякъым. Дауи, фIэгуэныхьщ, и узыншагъэр тхьэм зэтригъэувэж, ауэ а сымаджэщым езым щищIэн щыIэкъым. Я адэм щIэупщIэу къэзыгъэзэжа хъыджэбзитIыр, я анэр щыту, шхыдэхэрт, зи сабийр дыгъуасэ щIэзылъхьа щхьэпсыр, цIугъэнэу зэщыхуэпыкIауэ, и лIым деж къызэрыкIуам щхьэкIэ. Ар къахуэтхьэусыхащ я адэм и сейфым и бжэр зэрыIуахыр дзыхь къызэрыхуимыщIым, дохутырхэм я жып ирилъхьэн ахъшэ зэримыIэм, тхьищэ къыхуиIуа пэтми, нэчыхь хуригъэтхын Iуэху зэрызэримыхуэм папщIэ. Абы и анэми IущIахэщ, и напщIэхэр щIыхубзэу къилыкIарэ езыри, и пхъум ещхьу, егъэлеяуэ цIугъэнэу зэщыхуэпыкIауэ.

Зэман гуэр дэкIри, Залинэ лицензие къратри, и фэтэрым щыщ пэ-

шышхуэм нотариус IуэхущIапIэ, езым ейуэ, къыщызэIуихащ. Ар зыхуей хуигъэзащ: щIэтынухэр псори щIигъэуващ, зыщыпсэуну пэшхэри зэлъыIуихыжащ. ПщэфIапIэмрэ унэ щIыхьэпIэмрэ зэхигъэхьэжри, лэгъунэ хъарзынэ къыхищIыкIыжащ. ГъуэлъыпIэри, и щыгъын зыдэлъ шкафри, зыщилэкIэ зыбгъэдэтIысхьэ гъуджэри, стIолри – псори щIигъэхуащ. ХьэщIэщ екIу, щыпщафIэ-щышхэ плIанэпэ зэригъэпэщащ, абыхэм яхуэфэщэн унэлъащIэ щIэрыпси, зэрыхуеймхуэдэу, щIигъэувэжащ. Нэхушхуэу, лей лъэпкъ щIэмыту, хуитышхуэу, зэманым екIуу ищIащ. Дуней псом нобэ аращ щыхабзэр – унэм унэлъащIэу щIэтыр мащIэу, езыр нэхуу, Iэхуитлъэхуиту, уи псэр щытыншу, уи гум зыщигъэпсэхуу щытын хуейщ. Ди щIыпIэм, тIэкIу ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыри нэхъыбэу щекIуэкIыр зы хабзэщ – «лъапIэрэ – зэщIэцIууэжу». Залинэ игу къэкIыжащ я ныбжьэгъу «цIыхугъэунагъуэ» жыхуаIэхэм ящыщ зы. Абыхэм я псыунэ нэгъунэ хрусталь люстрэхэр фIэлът. Я псыунэм телъ щхьэтепIэхэр дыщэпскIэ къилыкIат, я унэ лъэгу плинтусхэр дыщэпс лэчкIэ къелэкIат. Ауэ езыри нэхъ щIагъуэт?.. Сериал кIыхьышхуэхэм телевизоркIэ еплъырти, сыхьэт бжыгъэкIэ телефонкIэ абы тепсэлъыхьыжурэ зэманыр игъакIуэрт. Хэт и гугъэнт?! И унэм щIэт унэлъащIэхэр, хьэлъэрэ-лъапIэу, гъэщIэрэщIарэ я уасэр я натIэм тетха фIэкIа умыщIэну, егъэлея защIэт. Сыту фIыщэу къыгупсысат абы: и фэтэрыбжэр зэрыIуихыу, занщIэу и лэжьапIэм къыщIохутэ. Дауи, Маряшэ мыхъуамэ, апхуэдэу щIэх мыхэр хузэгъэпэщынутэкъым. ТхылъымпIэ псори хьэзыр хъуху, абы къигъакIуэурэ къыдимыгъэIэпыкъуар укIуэдыж.



ЯмыщIэххэу, Оксанэ къэлъэтэжащ. Пщыхьэщхьэ хъури, Хьэсэн къэкIуащ. Залинэ къыгурыIуащ: и пхъум елъэIуауэ аращ, дауи, къэкIуэжу къыдэIэпыкъуну. И пхъур и адэм хуэарэзыт, зыхилъхьи щыIэтэкъым: и клиникэр къыщищэхум ахъшэ хуримыкъур абы хухилъхьат. Уеблэмэ и адэм къритауэ щыта и фэтэрри ищэн хуей хъуакъым. Хьэсэн нэхъ гъури, къаруунши хъуат, и фэм итыжтэкъым – хэпщIыкIыу и гукъыдэжыр ехуэхат. Оксанэ гукIэ зэхилъхьа, зригъэщIа псалъэмакъыр къригъэжьащ: пэжщ, ди адэр щыуащ, абы щхьэкIэ цIыху яукIрэ? Мамочкэ, Ляночки сэри ди фIэщу дынолъэIу: мы зэ закъуэм къыхуэгъэгъу, зы гугъапIэ закъуэ етыж, и щыуагъэр зэригъэзэхуэжыну Iэмал ет. Сыт хуэдиз игъэва абы, сыт хуэдиз ишэча, иджыпстуи хъужыпакъым... Псори къыгурыIуэжащ, уэр фIэкIаи зыри фIыуэ илъагъуркъым. А щхьэкIуртIэм зыгуэрхэм къригъафэурэ, кърихьэлIэурэ, и щхьэр зэтрихуащ, нэф дыдэм дежкIи IупщIщ ар. Куэд щIащ ар папэ зэрыдихужрэ, иджы и закъуэу мэпсэу. Езы дыдэм къыгурыIуэжыркъым а псори къызэрыхъуар. Апхуэдэу къэхъуххэнкIи щхьэ хъуа?!

Хьэсэн и щхьэр ехьэхауэ щыст, и IитIыр иIуэту. И щхьэр къиIэтыху, Залинэ и нэгум иплъэрт: а жаIэр къызэрыщыхъур ирилъэгъуэну пIэрэ?.. ЩIы щIагъым къыщIэIукI хуэдэ, Хьэсэн макъ дэгукIэ къыщIидзащ:

– СынолъэIу, къэгъэзэж унэм. Мы илъэсым сэ куэдым сегупсысащ, минрэ сыхущIегъуэжащ. ДыкъэзыгъэщIам сигъэунэхуну а дерсыр къызитауэ аращ, уэркIэ сызэрехъулIар къызгуригъэIуэжын папщIэ. Иджыри зэ Iэмал закъуэ къызэтыж, уэ къысхуэпщIамрэ ди бынми, абы

я быныжми яхуэпщIамкIэ уэ пщIэуэ къэблэжьар сыгъэпшыныж. Хамэ фэтэрхэм ущIэсу уи гъащIэр епхьэкIыну?

– Сэ сыздэIэпхъуэр зэгуэр дэ зэрыбыниплIыми къэралым къыдитауэ щыта фэтэрщ. Си нотариус IуэхущIапIэри абы хэтынущ. Зыри пщIэкIэ афIэкIа ттыжынукъым. Фи Iыхьэ хэлъу, ар пшыныжын хуеймэ, сыхьэзырщ.

– Мамочкэ, апхуэдэу дауэ пхужыIэрэ? – и пхъур къэпыхьащ. – Сэ сщIэжыркъэ дэ дызэрыпсэуар, папэ уэ къызэрыпхущытар, сабэ къыптримыгъэтIысхьэу укъришэкIащ, сыт абы уэ къыпхуимыщэхуар, ари лъапсей защIэу?!

– Сыту фIыуэ сигу къэбгъэкIыжа. А джэдыгу лъапIэхэри, а налкъутналмэс лъапсей къомри сэ зесхьэну си фIэщ хъущэркъым. Схуэхъужи яхэткъым, къысщолэл. А цIугъэнэ псори нобэ зэрыслъхьэххэркъым. Къэфщтэжи, унэм фхьыж, си пэшым нэхърэ нэхъ гъэтIылъыпIэхъумапIэ куэд фиIэщ. Зэманыр къекIэрэхъуэкIрэ, хэт ищIэрэ, фыхуей хъумэ, Ляночкэ фэрэ зефхьэнщ: модэми зихъуэж хабзэщ.

– Мамэ, папэ къыщIэкIуар уэращ. Дэ щыри аргуэру лъэкI-лъэщу дынолъэIу, кхъыIэ, папэ и къуаншагъэр игъэзэкIуэжыну мы зэ закъуэм Iэмал етыж. Унэм укъикIыурэ машинэкIэ лэжьапIэм укIуэми, папэ едэ, улажьэми, уи ныбжьэгъухэм уахуэзэми, IэнатIэкIэ удэкIуэтеин хуейми – зыри жиIэнукъым, щыпфIэфIкIэ, уи гум щиплъхьакIэ, зыкIи къыппэрыуэнукъым. Унэр къабзэу зэрихьэну, ди адэм кIэлъыплъыну, пщэфIэну, цIыхубз гуэр къэтщтащ. КхъыIэ, дынолъэIу, унэм нэгъэзэж! – Я пхъур аргуэру ину мэпыхьэ. Хьэсэн, и нэгур зэхэуауэ, къыжраIэнум йожьэ.

Залинэ нобэ икъукIэ езэшащ, сытуи махуэ хьэлъащэт! Зэм – унэр зезыхьэхэр, зэм – тхылъымпIэ къом кърихьэкIхэр, зэми – Iуэху цIыкIуфэкIу къыпэщылъхэр – ныжэбэ кIуам и напIэр зэтрилъхьакъым. Мыпхуэдиз псалъэмакъ къекIуэкIхэм хэтыну къаруи-псэруи къыхуэнэжакъым.

– Нобэ зыщIыпIи сыкIуэркъым. Сегупсысынщи, пщэдей жэуап фэстыжынщ. ФыкIуэж, кхъыIэ!.. Фи адэм куэд щIащ зэрыхуэзэгъэгъурэ. ЗэрыжаIэу, насыпри къыдэуэлIэнутэкъым, насыпыншагъэр къыддэмыIэпыкъуамэ.

Хьэлъэ-хьэлъэу зыкъиIэтри, Хьэсэн къыщIэкIыжащ. Абы хьэкъыу пхыкIауэ ищIэрт: мы цIыхубзым зыгуэр жиIамэ, ар Iэмал имыIэу игъэзэщIэнущ. Абы и ужь иту Оксанэ щIэкIыжащ. ИкIэм-икIэжым, Залинэ хуит хъуащ зигъэпсэхуну. Жей куум здыхилъафэм, ар егупсысырт: кIапэр тIэкIу-тIэкIуурэ пыбупщI хъунукъым, гугъэ нэпцIкIи зыми ухуэупсэ хъунукъым. Зэгуэр игъэзэжыну мурад ищIми, абы къыгурыIуэрт: къепцIыжам, унэм къыщIэзыхуам аргуэру ар дыдэр иджыри кърищIэфынущ. Апхуэдэу щыщыткIэ, япэрауэ, сыт пщэдей ищIэн хуейр? И щхьэгъусэм зэрыбгъэдэкIыжымкIэ лъэIу тхылъ судым макIуэри щIелъхьэ. Щхьэхуиту зытет дуней нобэ иIэ хъуащи, ар къызэзыгъэплъэкIыжын щыIэкъым.

*ЗэзыдзэкIар* **БЕЗРОКЪУЭ Маритэщ**

# МЫВЭ ДЖЕЙ ПIАЩIЭХЭМ КЪЫХЭЩIЫКIА УНЭХЭР

Кавказ лъэпкъхэм яхъумэ пасэрей щIэинхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиIэхэм хабжэ дольменхэр. Сыт дольменыр зищIысыр? Ар мывэ джей пIащIэхэм къыхэщIыкIа унэ цIыкIухэрщ – испы унэкIэ дызэджэрщ. Ахэр я щIэинщ пасэрей адыгэ-абхъаз лъэпкъхэу илъэс мини 5 ипэкIэ псэуахэм. Аращ а лъэпкъхэр зэрыс щIыналъэхэм къыщIыщагъуэтари. Мыр Урысей Федерацэм и щэнхабзэм и беягъышхуэщ. Мывэ джей фэеплъхэм нобэ Абхъаз Республикэм, Краснодар крайм, Адыгей Республикэм уащрохьэлIэ. Сэ слъэгъуахэм ящыщщ АР-м и Хьэджэхъу дольмен гупым хабжэ испы унэхэр. Ахэращ Адыгейм щынэхъ цIэрыIуэр, турист нэхъыбэм ялъагъур. Хьэджэхъу дольменхэр Каменномост жылэм дэтщ. Гъуазэрыплъ щыIэхэр нэхъ инщ, ауэ щIыпIэкIэ зэрынэхъ жыжьэм къыхэкIыу, псори нэсыфыркъым. Абыхэм я ныбжьыр ди эрэм ипэкIэ илъэс мин ещанэм икухэм къыщежьэу хуагъэфащэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мывэ джей унэхэр куэд хъужыркъым. Нэхъапэм абыхэм я бжыгъэр 300-м нэсырт. Археологхэм иджыпсту зэфIагъэувэжыну иужь итщ абыхэм ящыщу зэтещэхахэр.





Шэч къызытумыхьэнщ КIахэ Кавказым къыщагъуэта испы унэхэр пасэрей адыгэ-абхъаз лъэпкъхэм (абазэхэм, абхъазхэм, убыххэм, кIахэ адыгэхэм, шапсыгъхэм) я IэдакъэщIэкIыу зэрыщытыр. КъуэкIыпIэ-Ищхъэрэ Кавказым щыIэ испы унэхэр псори зэхэту мини 2-м нызэрохьэс, абы щыщу 100-м щIигъум Абхъазым ущрохьэлIэ, адрейхэр псори Адыгэ Республикэмрэ Краснодар хэгъэгумрэ щыIэщ.

Мы унэхэр зыджа щIэнытъэлIхэм гу лъатащ дольменхэм я нэхъыбэм я гупэр дыгъафIэ лъэныкъуэмкIэ зэрыгъэзам. Испы унэхэр а

11 Заказ №219

щIыкIэм тету щIащIыр, зэращI щIыкIэр иджыри нэсу къахутакъым. Абы теухуауэ щIэныгъэлIхэм Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ яIэщ. Псалъэм папщIэ, щIэныгъэлI, къэхутакIуэ зы гупышхуэм зэдэарэзыуэ къызэдащтащ мыпхуэдэ еплъыкIэ: дольменхэр иныжьхэм яухуащ, хэмыхъуэ цIыху цIыкIухэм я лIакъуэм шынагъуэмрэ уэлбанэмрэ зыщыщахъумэн хуэдэу. А цIыху хэмыхъуэхэр гуащIэмащIэти, псэуалъэ яухуэну я къару хурикъуртэкъым, таурыхъхэм къызэрыхэщыжымкIи ахэр апхуэдизкIэ цIыкIути, тхьэкIумэкIыхьхэм шэсырти, абыкIэ зэхэзекIуэрт. Абыхэм зэреджэр испыт, арауэ къалытэ «испы унэ» фIэщыгъэцIэр къызыхэкIари.

### ***Хэт а испы хъужыр? Сыт хуэдэу ахэр IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжыр?***

«Адыгэ мифологием и энциклопедие» тхылъым зэритымкIэ, ахэр Нарт эпосым хэт цIыху цIыкIужьей лъэпкъыгъуэщ. Я цIыкIуагъым емылъытауэ, испыхэр хуабжьу къарууфIэт, губзыгъэт, акъылышхуэ ябгъэдэлът, лIыгъэшхуэ яхэлът, пагэхэт. Щхьэхуитыныгъэр я нэрыгъыу, къызыфIэщIыж хьэл яхэмылъу эпосым къыхощыж.





Испыхэр шы папщIэу зытесыр тхьэкIумэкIыхьт, иныжьхэр лIыщIэу ягъэлажьэрт. Я тхьэмадэ жьакIэхур я пашэу ахэр къуршым щыпсэурт, я быдапIэхэмрэ испы унэ цIыкIухэмрэ ису. IуэрыIуатэм къызэрыщыхьамкIэ, испыхэр лъэпкъкIэ НэщIгъущIыдзэм къытекIащ.

Испыхэм я псэукIэр нартхэм я псэукIэм ещхьщ. Абыхэм хуэдэу мэщакIуэ, щIым йолэжь, Iэщ ягъэхъу; языныкъуэ нартхэм хуэдэуи испыхэр тхьэпэувщ (тхьэпэщIэтщ). Испыхэмрэ нартхэмрэ яку зэзэмызэ зэныкъуэкъу къыдохъуэ.

Псалъэм папщIэ, испы пашэм Сэтэнейр ехь, нартхэм ар хуит къащIыжу испыхэм я быдапIэр зэтракъутэ, зыдыгъуар яукI. Ауэ чынтхэмрэ нартхэмрэ яку дэлъ зэбиинныгъэм хуэдэ испыхэмрэ нартхэмрэ зэхуаIэкъым.

Абы къыщымынэу, испыхэр нартхэм сэбэп яхуохъу: гъубжэ зэращIыр ирагъащIэ, нэчыхькIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ. Испыпщым и пхъур нарт Хъымыщ фызу къешэ. Абы ипэ къихуэу испы пщащэм Хъымыщ псалъэ Iех «мыгъуэ цIыкIу» жиIэу зэи къыжримыIэну. Шхын гъэхьэзырыным куэдрэ пэрыта и фызым «мыгъуэ цIыкIур» къыжьэдэхуу щыжриIэм, зи псалъэ зымыгъэпэжа Хъымыщ къигъанэри, сабийр ныбэрылъу испы-гуащэр икIыжащ. ЩIалэ цIыкIур къыщыхъум (ар нарт лIыхъужь Батрэзт), и быдзышэ Iуимыгъахуэу нартхэ яритыжащ. Батрэз и анэ быдзышэм щыщ зы Iэпхъуалъэ из Iухуауэ щытамэ, дунейр жыхьэнмэ ищIыфын хуэдизу къару иIэнут. Нартхэ я физ Iущу Вакъуэ Нанэ, Батрэз къану зратам, испы-гуащэм и чэнджэщхэмкIэ сабийр ипIащ. IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, испыхэр я пагагъэм къыхэкIыу тхьэм игъэкIуэдащ. Испыхэр щыкIуэдыжым, тхьэкIумэкIыхьхэр лъэхъауэ къагъэнати, аращ абыхэм иджыри къыздэсым пкIэуэ-лъэуэ къыщIажыхьыр. Мис аращ IуэрыIуатэм жиIэр.



### *Кхъэлэгъунэ*

Дольменхэр зищIысым теухуа еплъыкIэ зыбжанэ зэрыщыIэм и щапхъэу къэтхынщ мыри. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, дольмен хъужыр кхъэлэгъунэщ, абы щылIэн щхьэкIэ цIыхухэр кIуэурэ щIэтIысхьэу щытауэ. Апхуэдэ лъэбакъуэм тегушхуэфынур жылэм пщIэшхуэ щызиIэ цIыхухэрт (гупым я пашэхэрт, лъэпкъым и тхьэмадэхэрт, лIыхъужьыгъэкIэ адрейхэм къахэщахэрт, н.къ.)

Апхуэдэ цIыхухэм я унафэкIэ, зи блынхэри унащхьэри мывэ джей пIащIэхэм къыхэщIыкIа, зы пэш фIэкIа мыхъу унэ ирагъэщIырт. А хабзэм къежьапIэ хуэхъуар нарт Бэдынокъуэ и адэр зэригъэпщкIуам теухуа хъыбарыжьым къыщылъыхъуэн хуейщ. Дызэрыщыгъуазэщи, Бэдынокъуэ и адэр Жьыгъэибг щидзын хуейт, ар зекIуэ ежьэхэм ядэмышэсыфу, щакIуэ мыкIуэфу, икIэрауэ унагъуэм къыщымысэбэпыжыфу жьы зэрыхъуам щхьэкIэ. Арат нартхэм я хабзэр. Ауэ Бэдынокъуэ апхуэдэу ищIакъым икIи и адэр игъэпщкIури, псэууэ къигъэнащ. Дэнэ ар абы щигъэпщкIуар? Кхъэлэгъунэм ещхьу, блын джабиплIрэ унащхьэрэ зиIэ мывэ унэрщ. Ар пэж дыдэу кхъэлэгъунэт икIи Псатхьэм щымышынэу зы цIыху абы еIусэфынутэкъым. Мис ар япэ дольмену щымытауэ хэт жызыIэфынур? Мывэ джейхэм къахэщIыкIа унэм ису, иужькIэ нарт Бэдын и чэнджэщ IущхэмкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъуащ, къытепсыха мыгъуагъэ куэдым лъэпкъыр къригъэлащ. Бэдынокъуэ и щэхур адрей

нартхэми къыщащIэм, абыхэм зыханащ жьы хъуа я адэхэр бгым щадзын хабзэр икIи абы и пIэкIэ дольменхэр яухуэу къаублащ, жьы хъуахэр, я ажалыр къэсыху апхуэдэ унэхэм щIэсыну езы нэхъыжьхэм унафэ къызэращтам къыхэкIыу.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ иджырей цIыхухэм яхэтщ а испы унэхэм уэгум къыхэкI къару ябгъэдэлъу зи фIэщ хъухэр. Шэч къызытумыхьэр зыщ, абы и щIыпIэм ущитым деж даущыншэ хъу дунейм уи гупсысэр куэдым зэрыхуишэрщ, къару нэрымылъагъу гуэр уиIэу къызэрыпщигъэхъурщ.

КъыхэгъэщыпхъэщфIэщхъуныгъэмрэ абы пыщIа хабзэу цIыхухэм зэрахьэмрэ иджыри къыздэсым и кIэм нэсу зэрамыджар, езы испы унэхэми ещхьу. Иджырей археологхэр а Iуэхум епха хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм щыIууэкIэ, гъэщIэгъуэну тотхыхь, ауэ къагъуэтахэр зэпхам щхьэфэду фIэкIа лъэIэсыркъым. Апхуэдэу щытми, дольменхэм къапкърокI ахэр зыщIауэ щыта лъэпкъхэм я щэнхабзэ псэкупсэм теухуа хъугъуэфIыгъуэ куэд, къыдагъащIэ а цIыхухэр ухуэныгъэм хэзагъэу, гъущIми, къупщхьэми, мывэми, ятIагъуэми я щэхухэм щыгъуазэу зэрыщытар.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# АКТЁР ТЕЛЪЫДЖЭТ, ЦІЫХУ ЩЫПКЪЭТ



Дэтхэнэ лъэпкъри къыхэзыгъэщхьэхукIыр, мыкIуэдыжу е нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэмышыпсыхьыжу къызэтезыгъанэр, икIи ар ипэкIэ зыгъэкIуатэр и бзэм, и культурэм, и искусствэм игъуэт зыужьыныгъэрщ. Адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абыхэм я зыужьыпIэ нэхъыщхьэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зэзыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр. Абы и гугъу щыпщIкIэ, япэ дыдэу уигу къэкIхэм ящыщщ Москва дэт ГИТИС-р къэзыуха, иужькIэ режиссёр IэщIагъэри а еджапIэм щызэзыгъэгъуэтыжа актёр цIэрыIуэ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист, КъБР-ми Адыгэ Республикэми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мысостышхуэ Пщызэбий. А актёр гъуэзэджэм и гъащIэ псор триухуат адыгэ театрым хуэлэжьэным, лъэпкъым и гъащIэр гъэдэхэным, егъэфIэкIуэным.



Мысостышхуэ Пщызэбий Зэбэч и къуэр 1935 гъэм октябрым и 15-м Аруан районым щыщ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Ар зэрысабийрэ дихьэхырт актёр IэщIагъэм. Къуажэ еджапIэм щыщIэсым жыджэру щыджэгурт я къуажэгъу Црым Тобий къызэригъэпэща гупым. КъищынэмыщIауи, театр джэгум гу хуэзыщIа щIалэ цIыкIум а IэщIагъэмкIэ щапхъэгъэлъагъуэхэр и куэдт. Апхуэдэхэт и къуажэгъу артист цIэрыIуэхэу Болэ Мурат, Сонэ Мухьэрбий, Жыгун Тимэ сымэ.

1958 гъэм ГИТИС-р къиуха нэужь, Мысостышхуэ Пщызэбий ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ.

Театрым щигъэзэщIа япэ ролхэм наIуэ къащIат Мысостышхуэм зыми хэмыгъуэщэн творческэ зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр. Ар лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблагъэкIэ – илъэс 45-кIэ – ирилэжьащ къыхиха IэщIагъэм, роль нэхъыщхьэу 100-м щIигъу игъэзэщIащ. Мысостышхуэм и ролхэм ящыщу цIэрыIуэ хъуащ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым къытращIыкIа спектаклым хэт Къамбот, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм хэт Заур, IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» трагедием хэт Джэгъэтей, ар дыдэм и «Эдип» пьесэм хэт Тиресий, Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэм» хэт Андрей, Шэру Азрум и «Къэнэмэтрэ Къасболэтрэ» хэт Къасболэт, Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд и «Мыщэ и къуэ Батырым» хэт Батыр, Къущхьэ

СулътIан и «Ущымыуэ, Чэрим!» жыхуиIэм хэт Чэрим, Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэтам» («Поднятая целина») хэт Давыдовыр, Розов Виктор и «Гъуэгу махуэ» («В добрый час») хэт Алексей, Бояджиев Мар и «ЩIакIуэкIапэм» хэт Азиз, Каплер Иосиф и «Уафэгъуагъуэ илъэсым» хэт Матвеевым, Шатров Михаил и «Революцэм и цIэкIэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым хэт Яшкэ, Островский Александр и «Гу пщтырым» («Горячее сердце») хэт Гаврилэ, Арбузов Алексей и «Си Марат тхьэмыщкIэ» («Мой бедный Марат») хэт Марат, Вольтер (Аруэ Франсуа-Мари) и «Магомет»-м хэт Саид, Мольер Жан-Батист и «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэзэм» («Лекарь поневоле») хэт Сганарель, Ануй Жан и «Медея»-м хэт Ясон, Эдуардо де Филиппо и «Филумена Мартурано» хэт Риккардо, нэгъуэщIхэри. Ар ядэлэжьащ режиссёр цIэрыIуэхэу Моисеев Георгий, Теувэж СулътIан, Ерчэн Леонид сымэ.



**Пщызэбийрэ Балъкъэр Тамарэрэ «Мадинэ» спектаклым щоджэгу.** *1968*



ИгъэзэщIа ролхэм я гугъу ищIыжу, Мысостышхуэ Пщызэбий мыр жиIэгъат: «Дэтхэнэ актёрми иIэщ фIыуэ илъагъу образ. Си дежкIэ апхуэдэу щытщ Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэ» пьесэм хэт Андрей (Кировым) и ролыр... Ар лIыгъэшхуэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху щыпкъэу щытащ. Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам» щызгъэзэщIа Давыдовым и ролри сигу къинэжахэм ящыщщ. Розов Виктор и «Гъуэгу махуэ» пьесэм щызгъэзэщIа Алексей и ролыр сэ къыстратхыкIами ярейщ. Ар згъэзэщIэн сухыу сценэм сыкъыщикIыжа дакъикъэхэм нэхърэ нэхъ дэрэжэгъуэшхуэ сиIауэ сщIэжыркъым. Алексей и хьэл-щэным, и къабзагъэм, и цIыхугъэм, и ерыщагъым сэ

фIы куэд къыхэсхащ. ИкIи а фIыгъуэр си ныбжьэгъухэм, театрыр фIыуэ зылъагъухэм естыжащ. Актёрхэр аращ насыпкIэ дызэджэжыр».

Мысостышхуэ Пщызэбий художественнэ фильм зыбжанэми хэтащ. Абыхэм ящыщу Ковалев Марк триха «Колокол священной кузни» (1982) фильмым Абхъазым и ЛIыхъужь Лакобэ Нестор и образ телъыджэр къызэрыщехъулIам папщIэ абы къыфIащащ «Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр. Апхуэдэуи, режиссёр Бондарчук Сергей триха «Красные колокола» (1982) фильмым Багратуни и ролыр, Журавлев Дмитрий триха «Лавина с гор» (1958) фильмым Хьэбалэ и ролыр щигъэзэщIащ, Къандур Мухьэдин триха «Потерянная в горах» фильмым, Амирэджиби Чабуа и «Дата Туташхиа» куржы фильмым, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэм къытращIыкIа «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» адыгэ фильмым щыджэгуащ.

Пщызэбий Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Абы игъэуващ спектакль 20-м нэблагъэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Ширванзаде Александр и «Жин фIыцIэ» («Злой дух»), ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Мольер Жан-Батист и «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэзэ» («Лекарь поневоле»), Теппеев Алим и «Уи нэху» («Твой свет»), Хугаев Георгий и «Андрорэ Сандрорэ», Кригценкэ А. и «Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ» («Счастье неделимо»), Шамхалов Мэжид и «Гуащэ» («Свекровь») жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къахощхьэхукI Кавказ зауэм и гуауэмрэ тхыдэм и пэжымрэ наIуэу къызыпкърыщыжу Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ» («Громовый гул») повестым къытрищIыкIа спектаклыр. А лэжьыгъэм режиссёрым и псэр хилъхьащ, и лъэпкъым папщIэ иIэ гурыгъухэр IупщIу къыщигъэлъэгъуащ.

Мысостышхуэ Пщызэбий и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, тхэнми дихьэхырт – усэхэр, рассказхэр, пьесэхэр, уэрэдхэр итхыу, урысыбзэкIэ тха пьесэхэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIыу щытащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ усакIуэ Лыкъуэжь Нелли къыдигъэкIащ «Дунейр чэзущ» зыфIища тхылъыр. Абы ихуа тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Пщызэбий зытетхыхьу щытар куэду зыгъэгузавэ, и гур хэзыгъэщI Iуэхухэрт. ГушыIэ зыхэлъ тхыгъэ псынщIэ цIыкIухэр иIэми, Мысостышхуэм и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэм гупсысэ куу ящIэлъщ, лъэпкъым, цIыхубэм я гукъеуэхэр щхьэтечауэ къыщыгъэлъэгъуауэ гъэпсащ. Щапхъэу къэпхь хъунущ, къапщтэмэ, «Адыгагъэр тхокIуэсыкI» усэр. Абы и пэщIэдзэм деж япэу гу зылъыптэр и гъэпсыкIэрщ. Ар ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и гъэпсыкIэм тету, стопаиплIу зэхэт хорейкIэ тхащ, а романым и пэщIэдзэ сатырхэри эпиграфу къыщыхьащ. Усэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр къэзыгъэщIыр лъэпкъым и псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр кIуэ пэтми IэщIыб зэращIым, цIыхухэм я зэхэщIыкIыр нэхъ лъахъшэ, я гъэсэныгъэри гущIэгъури нэхъ мащIэ зэрыхъум лирикэ лIыхъужьым кърит гукъеуэхэрщ. Псалъэм папщIэ, усэм и пэщIэдзэм къыщыгъэлъэгъуащ нобэрей языныкъуэ адыгэ щIалэхэм я «шыфэлIыфэр»:

*Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр*
*Ныкъуэгъасэу щытыгъакъым.*

*Япэ къэсым игъэшынэу*
*Напэншагъи илэжьакъым!*
*<...>*
*Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр*
*И лъэпкъ мащIэм хуэщIыIакъым!*
*Мылъкум и нэр къыщхъэрипхъуэу*
*И щхьэ закъуи хуэпщылIакъым!*
*Фыз быныбэр сондэджэру*
*Бэзэр шэдым хигъэсакъым!*
*Къилэжь мащIэр къыIэщIитхъыу*
*Ефэ-ешхэу дэтыгъакъым!*

АдэкIэ усэм къыщокIуэ иджырей адыгэ бзылъхугъэм и теплъэр, зыхуэпэкIэр, хьэл-щэныр, гъэсэныгъэр здынэсыр IупщIу къыщыгъэлъэгъуа сатырхэр. Ахэр зэгъэпщэныгъэ зэфэзэщкIэ – ипэрей адыгэ бзылъхугъэмрэ иджырейхэмрэ я образхэр щызэпэщIэгъэуvауэ – гъэпсащ:

*Нобэ хуэдэу адыгъэпхъур*
*Хъурмыжбанэу щытыгъакъым!*
*И щхъэгъусэм пэпсэлъэжу,*
*Игъэпуду и хабзакъым.*
*<...>*
*Нобэ хуэдэу адыгэпхъур*
*Нэхъуеиншэу щытыгъакъым!*
*Нэмысынши, укIытэнши,*
*ПцIыIуэпцIыши яхэтакъым!*
*ГуемыIуу ар хуэпауэ*
*Утыку къихьэу щытыгъакъым!*
*Нэхъыжь щыту ину псалъэу,*
*ТIысу шхэуэ ялъэгъуакъым.*





**«Красные колокола» фильмым Багратуни и ролыр щегъэзащIэ.** *1981*

Усэм и кIэм деж къыщызэщIэкъуэжащ икIи художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ цIыхухъумрэ адыгэ бзылъхугъэмрэ нобэкIэ я щыIэкIэпсэукIэу ищхьэкIэ къыщыхьам лъэпкъыр зыхуашэ щыхупIэхэр: «адыгагъэм гужьеигъуэ къызэрылъысар», «нэхъыжь и псалъэм нэхъыщIэр ебакъуэ зэрыхъуар», нобэкIэ «хьэгъэщагъэм и пхъэр къызэрикIыр», «лъагъуныгъэм и псэр зэрыхэкIыр».



**Мысостышхуэ Пщызэбий и унагъуэр и гъусэу.** *2007*



ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа «Адыгагъэр тхокIуэсыкI» усэм нэмыщI, Мысостышхуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Псэм и уаз», «Бзаджэ» усэхэр, «Цыцэу зыц къызытемынэжын», «Къэгъази сIых», «СабырщIэгъей», «СыпкIэщIотхъыкI» гушыIэ, ауан рассказхэр, нэгъуэщIхэри. И тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ пыухыкIа хуищIами, Пщызэбий тхакIуэу зэи зибжыжакъым. Тхэным зэрыдихьэхамрэ щIыдихьэхамрэ тепсэлъыхьу, артист цIэрыIуэм мыр жиIэгъауэ щытащ: «Сэ си щIалэгъуэр зэрызгъэкIуам, балигъ сыхъуа нэужь, си нэгу щIэкIахэм, гуапагъэ, цIыхугъэ зыдэслъэгъуа си ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, гъащIэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм къыщысIэщIэщIа щыуагъэхэм сатетхыхьыж си хабзэщ. Стхыжхэм хэтщ уси, пьеси, уэрэди, рассказ и, ауани, гушыIи. Дауи, сэ сызэрытхэр зыфIэауани, аргуэру зы тхакIуэ мыкIуэмытэ къэунэхуащ жызыIэни щыIэнущ. Сэ сытхакIуэкъым, тхакIуэхэм сахэвбжэнуи сыхуейкъым. Ар си дежкIэ насыпышхуэIуэщ, къалэн абрагъуэщ. Сэ схузэфIэкIынурати, си гъащIэм и зы плIанэпэ цIыкIу си тхыгъэхэм яхухэсхауэ, ар сэр-сэру згъэдэхэжу, згъэщIэрэщIэжу, стхахэм сыкъеджэжрэ гухэхъуэгъуэ къызату сыпсэуащ...».

Мысостышхуэр и зэчийм, къыхиха IэщIагъэм я закъуэкъым зыхуэлэжьар. Абы сыт щыгъуи жылагъуэ, лъэпкъ Iуэхугъуэ мытыншхэр и пщэ къыдэхуэу икIи ахэр екIуу зэфIихыфу, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным, дахагъэм къыхуэгъэушыным гулъытэшхуэ хуищIу щытащ. Режиссёр цIэрыIуэ Теувэж СулътIан игу къегъэкIыж: «Кавказ Ищхъэрэм искусствэмкIэ и институтым щыщезгъаджэм, си гъэсэнхэм сытым дежи Пщызэбий щапхъэу къахуэсхьырт. НыбжьыщIэхэм

къазэрыгурызгъэIуэным иужь ситт сэ езгъащIэр алыфбей къудейуэ зэрыщытыр, зыщагъэсэнур, я щIэныгъэм щыхагъэхъуэнур сценэр зэрыарар. Феджэмэ, фылажьэмэ, къыхэфха IэщIагъэр фIыуэ флъагъумэ, Мысостышхуэм хуэдэ фыхъунщ, яжесIэрт».

Пщызэбий телевидениеми радиоми я лэжьыгъэм и гуащIэ хилъхьащ. ЦIэрыIуэ хъуат икIи щIэупщIэшхуэ яIэт абырэ и щхьэгъусэ артисткэ цIэрыIуэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ ирагъэкIуэкIа «Хасэ», «Iэдииху», «Пшыналъэ», «Жьэгу пащхьэ», «Аркъэн», «Театрымрэ театреплъымрэ», «ГушыIэмрэ ауанымрэ» нэтынхэм. Радиом и «Дыщэ фондым» хэлъщ абыхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.

Мысостышхуэр хэтащ «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым, «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым, Театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. Апхуэдэуи, ар «Бжьамий» IуэрыIуатэ ансамблым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщу щытащ. А ансамблым хэткIэрэ, абы и макъ лъэщыр щыIуащ дунейм и щIыпIэ куэдым – Москва, Варшавэ, Париж, Дамаск, Амман, нэгъуэщIхэми.

Мысостышхуэм ита интервьюхэм язых[э]зым щыжиIауэ щытащ: «Театрым зи гъащIэр езыпххэм икъукIэ гъуэгуанэ гугъу, ауэ пщIэшхуэ зиIэ къапэщылъщ... Насып иIэщ пэжыгъэм, захуагъэм, IуэхуфIым цIыхухэр хуэзыунэтIыф актёрым». Апхуэдэ актёр гъуэзэджэу щытащ езы Пщызэбий, и зэчийм хуиубзыхуа гъуэгуанэ гугъури дахэу, пщIэрэ щIыхьрэ пылъу икIун хузэфIэкIащ. Мысостышхуэм и лэжьыгъэфIхэр, къигъэщIа образ, роль гъэщIэгъуэнхэр республикэм исхэм ноби ящыгъупщэркъым. Актёр IэщIагъэм щиIэ зэфIэкIыр къалъытэри, абы къыхуагъэфэщащ къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр. Апхуэдэщ «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжанык[I]ам папщIэ» (1958), «Лэжьыгъэм и ветеран» (1986) медалхэр, Абхъаз Республикэм Гулиа Дмитрий и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр (1984), Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр (1998), Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъхэр (1965, 1996).

Мысостышхуэ Пщызэбий артист гъуэзэджэу, щхьэгъусэфIу, адэфIу, ныбжьэгъуфIу, Хэкур фIыуэ зылъагъу цIыху екIуу дунейм тетащ. Iэужь дахэ къэзыгъанэ цIыхум и фэеплъыр зэи кIуэдыркъым. Апхуэдэ насып зи натIэ хъуахэм ящыщщ Пщызэбий.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

# Мысостышхуэ Пщызэбий хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Сэ Мысостышхуэ Пщызэбий соцIыху 1953 гъэм къыщыщIэдзауэ.

Курыт еджапIэр къэзыуха ныбжьыщIэ зыбжанэ Москва еджапIэ ягъэкIуэну къыщыхахым, Пщызэбий, сригъусэу, япэ этюдыр ищIауэ щытащ. Ар дзапэ уэрэд щIэлъу жиIэну чэнджэщ естат, макъ телъыджэ иIэу къэслъытэрти.

Зыбгъэдэувa IэнатIэр къыгурыIуэрти, ар егугъурт. Аращ ГИТИС-м къыдыщIэсахэм япэ ищауэ еджэныр къыщIехъулIари.

Сэ ролыфI куэд дэсщIащ Мысостышхуэм. Режиссёрми актёрми образу къагъэщIу хъуар зэхуэдэу фIыуэ къехъулIэркъым, ар икIи Iэмалыншэкъым. Ауэ Пщызэбий къехъулIауэ роль куэд иIэщ. Абыхэм ящыщ зыщ Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэтам» хэт Давыдовым и образыр. Ар Пщызэбий къызэрыгурыIуар, къызэригъэлъэгъуа щIыкIэр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ. Абы и щыхьэтщ Шолоховым и тхыгъэм къытращIыкIа спектаклхэр Ростов щыщагъэлъэгъуам ди лэжьыгъэр нэхъыфIу къалъытауэ зэрыщытар.

Мысостышхуэр актёр гъуэзэджэ къудейкъым. Сэ нэхъапэIуэкIи гу лъыстат абы режиссёр хъарзыни къызэрыхэкIынум. Ар къыхэслъхьэри, 1970 гъэм Пщызэбий ягъэкIуащ ГИТИС-м и режиссёр курс нэхъыщхьэхэм щеджэну. Абы зыщигъэсащ егъэджакIуэ цIэрыIуэ Гончаров Алексей деж. ИужькIэ Гончаровым сыхуэзауэ Пщызэбий и еджэкIэм сыщIэупщIати, ифI къызэрызжиIам хуабжьу сыщыгуфIыкIат.

Мысостышхуэр 1972 гъэм къэкIуэжри, Къэбэрдей драмэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Режиссёрым и къалэнщ сценэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну, ахэр никъусаныгъэншэу зэкIэлъигъэкIуэну. Актёрыр зэлIэлIэн хуейр и щхьэ закъуэрамэ, режиссёрым жэуап ехь сценэм щыджэгу дэтхэнэ зымкIи. Пщызэбий хузэфIэкIащ режиссёрым и къалэнри, актёр лэжьыгъэри щIыхь пылъу зэдихьын. Абы куэд пэлъэщыркъым.

**ТЕУВЭЖ СультIан,**
*Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ.*
*2016*

* * *

Адыгэ театрым и утыкум бжьыпэр щызыIыгъахэм, абы роль телъыджэ куэд щызыгъэзэщIахэм ящыщщ Мысостышхуэ Пщызэбий. И роль псоми я гугъу сщIынкъым. Сигу къэзгъэкIыжыну сызыхуейр зы Iуэхугъуэщ. Абхъазым я цIыхушхуэ, и цIэр жаIамэ, лъэпкъыр зыхуэтэдж Лакобэ Нестор и ролыр кином щызыгъэзэщIэн артист къэрал псом къыщалъыхъуэрт. ФIым я фIыжу къалъытэу «Мосфильм»-м зэхуишэсу зыхэдэжа артист 16-м къыхахар Пщызэбийщ. Къызэрыщыгугъар игъэпэжри, ди къуэш абхъазхэр игъэгуфIащ, икIи «Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр къыфIащащ, Дмитрий Гулиа и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтри къратащ.

... Пщызэбий радиоми лэжьыгъэшхуэ щигъэзэщІащ. Абырэ КІунэрэ илъэс куэдкІэ ирагъэкІуэкІащ цІэрыІуэ хъуа, цІыхухэм фІыуэ ялъэгъуа «Іэдииху», «Жьэгу пащхьэ», «Пшыналъэ», «ГушыІэхэмрэ ауанхэмрэ», «Театрымрэ театреплъхэмрэ» нэтынхэр, нэгъуэщІхэри. Ахэр радиом и дыщэ фондым къыхэнащ.

Мысостышхуэр телевиденэми режиссёр нэхъыщхьэу щылэжьащ, зэфІэкІышхуэ къигъэлъагъуэу. Ауэ, сыт хуэдэу щымытми, абы игури и псэри здэщыІэр къызыхуалъхуа артистыгъэмрэ театрымрэти, абы игъэзэжащ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ.*
*2000*

* * *

ЩыІэщ артист, комикыу, нэгъуэщІ ролхэр имыгъэзэщІэфу, щыІэщ артист, драматическэу, комикыу мыджэгуфу. Ауэ Пщызэбий а тІури зэхуэдэу къохъулІэ.

«ИстамбылакІуэм» абы щыжиІэ монологыр апхуэдизкІэ гущІыхьэщи, умыгъынкІэ Іэмал имыІэу укъызэщІещІэ. Уи нэгум къыщІегъэхьэж а зэман хьэлъэр зэрыщытар...

Мысостышхуэр гурыхуэщ, тхыгъэ куэд гукІэ ищІэу. А тхыгъэхэм гугъэтІысу къызэреджэр-щэ?

А псом ищІыІужкІэ, макъ дахи иІэщ, уэрэджыІакІуэу къэплъытэну. Ар артист куэдым яхузэфІэкІыркъым.

**КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку,**
*тхакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкІэ*
*щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.*
*2005*



* * *

Образыр, зэрытщІэщи, тІэкІу-тІэкІуурэ зэхэлъщ. Мис а тІэкІу-тІэкІухэр къыумыгъуэтауэ образыр пхуэгъэнэхуэнукъым. «Ещхь» пхуэщІынущ, ауэ «хуэдэ» пхуэщІынукъым. «ИстамбылакІуэ» спектаклым «ещхь» куэд хэтщ, ауэ «хуэдэ» и мащІэщ. «Хуэдэ» жыпІэмэ, Уэзырыкъуэ хьэзырщ... Уэзырыкъуэу джэгур Мысостышхуэ Пщызэбийщ. Мис ар образщ!.. Ар уи гум къонэ, уи нэгуми къыщІонэ – и хьэлкІи, и щэнкІи, уеблэмэ и пыІэ тегъэсыкІэкІи... ЩэныфІэу, укІытэхыу, ауэ, къэбгъэгубжьмэ, къопыджыну хьэзыру!.. ИкъукІэ си гуапэу Мысостышхуэ Пщызэбий и Іэр быдэу сокъуз!

ЕфІакІуэ, ныбжьыщІэ!

**ШОРТЭН Аскэрбий,**
*тхакІуэ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ.*
*1963*

* * *

Хуабжьу срогуфIэ Мысостышхуэм и къеджэкIэм, и Iэзагъэм кIуэтэху зэрызиужьым. Тхьэм абы кърита щ лъэпкъ литературэ тхыгъэхэр художественнэ и лъэныкъуэкIэ гъэзэщIэным и зэхэублакIуэ, и узэщIакIуэ зэрыхъун зэчий.

**ТЕУНЭ Хьэчим,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.*
*1968*

* * *

Мысостышхуэ Пщызэбий еджэныр къиухыу къыщигъэзэжам псори дыщыгуфIыкIауэ щытащ, «мис иджы къэдгъуэтащ щIалэ-лIыхъужь» жытIэри, икIи дыщыуатэкъым. Илъэс куэдкIэ роль нэхъыщхьэхэр игъэзэщIащ абы. Пщызэбий апхуэдизкIэ цIыху жыджэрщ, гудзакъэ зиIэщи, театрым ар зэи къыщIыхьакъым е къыкIэрыхуауэ, е и ролыр имыщIэу.

**ТОКЪУИЙ Хъусен,**
*Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист.*
*1970*



* * *

Мысостышхуэр щIалэ дыдэу къэзыцIыхуахэм, и талант абрагъуэм гу лъызытахэм сащыщщ. Пщызэбий игъэзэщIа дэтхэнэ зы ролри гукъинэжщ. Ауэ псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэм» Заур, Погодиным и «Кремлым и лIыкIуэм» Кировым, Шоу Ирвин и «ЛIыукIым» лIыукIым я ролхэр телъыджэу зэрыщигъэзэщIар.

**ЕРЧЭН Леонид,**
*режиссёр, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист.*
*1976*

* * *

Дэ диIащ икIи диIэщ лъэпкъ Iумахуэм и щэнхабзэ лъагэр ди къэралым и щIыпIэ куэдым, нэгъуэщI къэралхэм щызыгъэлъэгъуа икIи щызыгъэлъагъуэ, гъуазджэм и лэжьакIуэ щыпкъэхэр.

Апхуэдэ артист цIэрыIуэхэу ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ зэгъусэу щыджэгуа зы спектакль и гугъу сымыщIын слъэкIынукъым. Театрыр фIыуэ зылъагъухэм ямыщIэжынкIэ Iэмал иIэкъым зи гугъу сщIыну спектаклыр – Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэта» романым къытращIыкIар. КIунэ абы щигъэзэщIащ Лушкэ и ролыр, Пщызэбий Давыдову джэгуащ. Мы спектаклыр Теувэж СулътIан и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Куэд тетхыхьащ спектаклым, критикэм гулъытэншэу къигъэнакъым зэи тщымыгъупщэ ТIыхъужь Алий (Щукарь), Токъуий Хъусен (Нагульнов) сымэ, ауэ нобэми нэгум

щIэтщ КIунэ и Лушкэмрэ Пщызэбий и Давыдовымрэ. Актёрым ролыр къехъулIа нэужькIэ зэхыбох: «Драматургым а ролыр а актёрым щхьэкIэ итха хуэдэщ». КIунэрэ Пщызэбийрэ а спектаклым къыщагъэщIа образхэр къайхъулIа къудейкъым, атIэ сценэм къыщыхъумрэ гъащIэмрэ зэпэгъунэгъу ящIын яхузэфIэкIащ. Театреплъым и фIэщ хъуркъым а утыкум щекIуэкI гъащIэм езыр хэмыту, абы щымыпсэууэ.

ЛъэныкъуэкIэ укъыщыту артистым и лэжьыгъэм утепсэлъыхьыну тыншщ. Ауэ сыт хуэдиз къару тригъэкIуадэрэ абы зыгуэрым и образ уи фIэщ хъуэ, гъащIэм узэрыщрихьэлIэм ещхьу уигъэлъагъуным! 1981 гъэм «ЩIыщIэ къэIэтар», щIэрыщIэу ягъэувыжри, Ростов яшауэ щытащ, Шолоховыр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэлъэгъуэну. Театр куэд щызэхуэсат абы. «ЩIыщIэ къэIэтар» нэхъыфI дыдэу зыгъэувахэм ящыщу ди театрри ди артистхэри къалъытат. Езы Шолохов дыдэр гуапэу къехъуэхъуауэ щытащ ди актёрхэм.

**ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*1995*

* * *

«Сыту ди насып, ди адыгэ лъэпкъым апхуэдэ цIыху нэхухэр, талант ин зыбгъэдэлъхэр зэрыдиIэр», – жысIэу си напщIэм телъу сропагэ ди театр гъащIэр зыгъэбжьыфIэ, ар япэкIэ зыгъэкIуатэ зэщхьэгъусэхэу ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ. ЖыпIэ хъунущ КIунэрэ Пщызэбийрэ ди лъэпкъ театр искусствэм и тхыдэр ягъэбеяуэ.

Сэ сщIэркъым Пщызэбий спектакль дапщэм щыджэгуами, ауэ шэч къытезмыхьэу мыр жысIэфынущ: Мысостышхуэм дежкIэ ролышхуэ, роль цIыкIу щыIэкъым, атIэ абы псори мыхьэнэшхуэ зиIэу къелъытэ. Пщызэбий и актёрскэ Iэзагъым режиссёрхэм Iэмал ярет спектакль ягъэувым хэлъыну зыхуей псори къагъэлъэгъуэну. Сэ сщымыгъупщэжыну сигу къинащ Мысостышхуэ Пщызэбий «Дахэнагъуэм» зэрыщыджэгуауэ щытар.

КIунэрэ Пщызэбийрэ адыгэ усыгъэм, прозэм къызэреджэр гум имыхужыщ, гушыIэ рассказхэращи, абыкIэ яIэ зэфIэкIым псалъэ къыхуэбгъуэтынуи гугъущ.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр,**
*Урысей Федерацэмрэ Адыгэ Республикэмрэ*
*гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ.*
*1990*

* * *

ГИТИС-м щеджэ языныкъуэ студентхэм хуэдэу, зыхуэмейуэ зы предмети институтым щрагъэджу Пщызэбий зэи къилъытакъым. Артистым и Iэзагъми, театрхэм я тхыдэми, эстетикэми зэхуэдэу дихьэхауэ, темызашэу сыт щыгъуи ар хуеджащ сценэм зыщыIыгъыным, псэлъэкIэм, къэфэкIэм, нэгъуэщIхэми. Пщызэбий ерыщу хущIэкъурт

зи роль игъэзащIэ цIыхум и гурыщIэри, и хъуэпсапIэри, и хьэл-щэнри, и гъащIэ еплъыкIэри театреплъым хьэкъыу и фIэщ ищIу образыр къигъэщIыну. Арат Станиславский, Немирович-Данченкэ сымэ я лэжьэгъу пэжу щытахэу Судаков И., Андерс А., Раевский И., Старостинэ О. сымэ я деж щIыщеджэр.

ГИТИС-м и адыгэ студием щеджэхэм я диплом лэжьыгъэу ягъэхьэзырырт Мольер и «Жорж Данден» пьесэм къытращIыкI спектаклыр. Мысостышхуэм къылъысащ унэIут нэжэгужэ, Iэмалшы Любен и ролыр. Студент-артистым гъуэзэджэу къигъэлъэгъуащ Iуэхур щекIуэкI зэманкIи зи гугъу ищIкIи апхуэдизу тпэIэщIэ Франджым щыпсэу унэIутым и образыр. Зи псэукIи, зи дуней тетыкIи, зи хьэлщэни игъащIэм умылъэгъуам и образыр апхуэдэу къэбгъэщIын папщIэ зэфIэкIышхуэ уиIэн хуейт.

Ар зэрызэфIэкIышхуэм и щыхьэтщ Къэбэрдей литературэмрэ искусствэмрэ я махуэхэр 1957 гъэм Москва щекIуэкIыу а спектаклыр ягъэлъэгъуа нэужь, Мольер и лIыхъужь ныбжьыщIэм и образыр нэхъыфIу зыгъэзэщIахэм Мысостышхуэр зэрыхабжамрэ зи ныбжьыр илъэс 22-м ит студент щIалэм а гъэ дыдэм «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалыр къызэрыхуагъэфэщамрэ.

Пщызэбий и зэчийм и акъужь гуакIуэр театрым и гъащIэм къыщIихуащ, спектакль къэс абы къыщигъэщIащ зыкIи зэмыщхь образ телъыджэхэр. КъигъэщIри, зэи тщымыгъупщэжыну театреплъхэм дигу къринащ гузасэу зи лъахэм ираша, ауэ зи лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ зыфIэмыкIуэда, уэрэдыр и дамэрэ къудамэ гуэщIыкIахэм щIэгъэкъуэн абыкIэ яхуэхъу Уэзырыкъуэ (Акъсырэ Залымхъан. «ИстамбылакIуэ») щIалэ хъыжьэм, цIыху пэж къыкъуэувэмэ хуэгукъабзэ, хуэпсэхьэлэл, цIыхубэм я насыпыр яIэщIэзыхыну хэт гуфIейхэм яхуэгущIэгъуншэ Къарэмырзыкъуэ (Акъсырэ Залымхъан. «Щхьэхуеуэ пшынэ»), зи къарур из, щIалэ пхъашэ, сытми тегушхуэну хьэзыр Азэмэт (Лермонтов Михаил. «Ди зэманым и лIыхъужь»), нэгъуэщI куэдми я образхэр. Псом хуэмыдэу гукъинэж хъуащ урыс тхакIуэшхуэ Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къаIэтам» ар зэрыщыджэгуар.

Мысостышхуэр ехъулIэныгъэм зи щхьэр игъэкIэрэхъуахэм ящыщкъым. Ар зэтеубыдауэ, Iэдэбу, ауэ еш имыщIэу пэрытащ ирихьэкIа сыт хуэдэ IэнатIэми. И режиссёр лэжьыгъэм абы гулъытэ хэха щыхуищI зэпытт ди лъэхъэнэгъум и дуней тетыкIэр, хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэным, и гурыгъу-гурыщIэр къэIуэтэным, а псори образ гукъинэжкIэ къызэрызэкIуэцIихыным.

**КIЭЩТ Мухьэз,**
*усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*
*1983*

* * *

Зауэ нэужьым зи сабиигъуэр хуэза дэтхэнэми хуэдэу, Пщызэбий пасэу лэжьыгъэр зыхищIащ, ар вырэ шыкIэ ващ, нартыхуи къыдичащ, мэкъуи еуащ. Абы мэкъумэшыщIэ IэкIуэлъакIуэ къыхэкIынкIэ гугъэу,

къэзылъагъухэри къыщыгуфIыкIырт. Езыми зэи и гущхьэ къэкIакъым артист хъуну.

Къалэм кърашу къуажэм зэзэмызэ спектакль щыщагъэлъагъуэхэм деж, артистхэм ехъуапсэу щIалэ нэIурыт цIыкIум къижыхьырт, Iэпыдзлъэпыдз яхуэхъуну хьэзыру.

МащIэт апхуэдэу хъуапсэу щыта щIалэ цIыкIухэр?! Абыхэм езыхэм я «театр» къызэIуахауэ уэрамхэм, пщIантIэхэм, губгъуэхэм зыкъыщагъэлъагъуэрт. Яхэтт ахэм Пщызэбии. А «театрым» ущыджэгун папщIэ цIыхухэр бгъэдыхьэшхыфу ущытын хуейт. Ар псом хуэмыдэу Пщызэбий къехъулIэрт. «Артист» ныбжьыщIэхэм я къызэгъэпэщакIуэу яхэтт цIыкIу псоми фIыуэ ялъагъу, фIыуэ зэдаIуэ егъэджакIуэ Црым Тобий. Ар щIалэ цIыкIухэм я ущиякIуэт, ягъэувыну теплъэгъуэхэр езы «артистхэм» щызэхалъхьэкIэ ядэIэпыкъурт, абыхэм я еджэкIэм кIэлъыплъырт.

Мысостышхуэ Пщызэбий ГИТИС-р къиухри, республикэм къигъэзэжащ икIи зы махуэ щIэмыужьыхыу, «уей-уей» жригъэIэу лъэпкъ искусствэм хуэлэжьащ. Образ гукъинэж дапщэ сценэм къыщигъэщIа абы а зэманым? Ахэр щэ бжыгъэщ, дэтхэнэр къыхэбгъэбелджылыкIын?! Ауэ ахэр къанэ щымыIэу адыгэ театр искусствэм и хэлъхьэныгъэшхуэщ.

Мысостышхуэм и гуащIэм къыгуэпх мыхъун IыхьэфIщ и гушыIэ рассказхэр, усэхэр, пьесэ кIэщIхэр. Абыхэм езыр къеджэжу уедэIуэну сыт и уасэт?!

**ЖЫЛЭТЭЖ Сэлэдин,** 
*тхакIуэ.*
*2010*

* * *

Мысостышхуэр ящыщщ гъащIэм набдзэгубдзаплъэу хэплъэ, лъэпкъым и фIыр хуэсакъыу хъумэным зи гур хуэгъэпса, хабзэ тхуэхъункIэ къемызэгъ Iуэхугъуэхэм жьэнахуэу тепсэлъыхь икIи и Iэзагъкlэ наIуэ къэзыщI ди цIыху пэрытхэм.

Пщызэбий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ я пщалъэр къыщыплъытэкIэ, къыхэгъэщыпхъэщ абы адыгэбзэр сценэм зэрыщигъэбзэрабзэр, усэ е рассказ къыщеджэкIэ, язынықъуэхэм гугъуу къалъытэ ди бзэм и IэфIагъымрэ и кууагъымрэ щIыфэр игъэтхытхыу зэрызыхыуигъащIэр.

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист.*
*2016*

* * *

ЦIыхур махуэ къэс щыплъагъум деж, ар сыт хуэдизу мыцIыхушхуэми, адрейхэм къахыумыгъэщхьэхукIыу уосэж. ЩIэх узэмысэжыр апхуэдэ цIыхур зэрыпфIэкIуэдам къыпхуихь гуныкъуэгъуэрщ. Махуэ къэс узыдэуэршэру, узыдэгушыIэу щытар щумыгъуэтыжым деж, уи гъащIэми зэуэ Iэджэ кIэроху.

Мысостышхуэ Пщызэбийрэ IутIыж Борисрэ ныбжьэгъу къызэрыгуэкI къудейтэкъым. Зэрыартистышхуэм, зэрытхакIуэшхуэм къы-

щымынэжу, ахэр икIи цIыхушхуэт, Iуэхугъуэ инхэм укъыхуагъэушу, ухуагъэпабгъэу. Сэ си щхьэкIэ къысфIощI ахэр зэрытхэмытыжрэ дызэрыадыгэр нэхъ тщыгъупщэжырей, ди адыгэпсэхэр жейм нэхъ хилъэфэрей хъуауэ. Сыту фIыт, нэгъуэщI мыхъуми, а тIум къызэранэкIа тхыгъэхэм нэхъыбэIуэрэ деджамэ! Абы щхьэукъуэхэр нэхъ мащIэ дищIынут.

**ДЖЭРЫДЖЭ Арсен,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *

Пщызэбий сэ сыщрихьэлIащ гуфIэгъуэми, гуауэми, Iуэхушхуэхэми, зэрыхьзэрий гуэрхэми. Зэи къэхъуакъым хабзэр, нэмысыр, цIыхугъэр, зыIыгъыкIэ дахэр, адыгэ лъэпкъым и уардагъэр, щыпкъагъыр щыдэзмылъэгъуа.

Талантышхуэ бгъэдэлът – актёрышхуэт, режиссёрт, уэрэджыIакIуэт, тхакIуэт, усакIуэт, драматургт, егъэджакIуэт, жылагъуэ лэжьакIуэт.

**ГУРТУЕВ Эльдар,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.*
*2010*

* * *



Мысостышхуэ Пщызэбий щыжаIэкIэ, япэ дыдэ си гум къридзэр адыгэбзэращ, артистым и бзэ къабзэрщ, ди бзэм и зэфIэкIырщ. Абы адыгэбзэр макъамэм хуэдэущ зэрызыхыуигъэхыр. ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ я макъ гъуэзэджэмрэ я адыгэбзэ къабзэмрэ хуэдэ, Болэ Мурат и ужькIэ, къэгъуэтыгъуейщ.

Зы IэщIагъэм ущрилажьэм деж тыншкъым епкуу цIыхум и дагъуэр ебгъэлъагъужыну. Ауэ Мысостышхуэр илъагъу мыхъумыщIагъэм ебэкъуэфынутэкъым. Ар лэжьыгъэ ирехъу е гъащIэрауи щрети, зы псалъэ игу иримыхьыну къыбжьэдэкIамэ, ар зэригъэзэхуэжынут, зыщIыпIэ деж уи Iуэху щыдэмыкIарэ нэхъыфI хъуну Iэмал щыIэмэ, блэмыкIыу и ущие къуихьэлIэнут.

**КЪЭЖЭР Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист.*
*2016*

* * *

Мысостышхуэ Пщызэбийрэ сэрэ илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьащ, «ГушыIэр – гушыIэщ» радио нэтыным дызэдыхэтащ. А зэманым сэ фIыуэ къэсцIыхуащ гугъуехь куэд къызэзынэкIа, ауэ ерыщу зи мурадхэр зэзыгъэхъулIа, зи зэфIэкIыр щапхъэ артист гъуэзэджэр.

Пщызэбий теухуауэ жысIэфынур гъунэжщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэу къыхэзгъэщыну сызыхуейр абы и гуащIэракъым зэхьэлIар, атIэ и анэм зэрыхущытарщ. Нобэми си фIэщ хъуркъым Мысостышхуэм хуэдэу зи анэр зылъэгъуа зы цIыхухъу дунейм тетауэ. Абы зэридэIэпыкъуэгъум къыщымынэу, егъэлеяуэ пщIэ хуищIырт, жиIауэ имыщIэн къэгъуэтыгъуейт.

12 Заказ №219

Артист гумызагъэт, и ролым зэрелIалIэм хуэдэ дыдэу адрейхэм ягъэзащIэм щхьэкIи гузавэрт, зэрыхузэфIэкIкIи къыбдэIэпыкъунут. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ IэнатIэ бгъэдэмытами, апхуэдэт Пщызэбий – хьэлэлт, сыткIи зыкъыпщIигъэкъуэнут, псэ мызагъэрэ Iэпкълъэпкъ емызэшрэ зиIэт.

Ныбжьэгъур зыгъэлъапIэу, зи сомыр пудрэ зи щхьэр лъапIэу дунейм тета цIыхущ Мысостышхуэр. Абы и гушыIэхэр, и уэрэдхэр сытым дежи щIэщыгъуэт, зыхыхьэм ар я гупгъэдахэт.

**ИУАН Владимир,**
*КъБР-мрэ Адыгэ Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист.*
*2010*

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, дунейм текъухьа адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэми зы къуажи къали щыIэу си фIэщ хъуркъым Мысостышхуэм и макъыр щымыIуа, ар къыщамыцIыху. Абы къигъэлъагъуэр зыщ: Пщызэбий цIыхубэм я артисту аращ.

**ХЪЫДЗЭДЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист*

* * *



Мысостышхуэм ди театрым роль нэхъыщхьэ куэд щигъэзэщIащ. Си фIэщ хъуркъым Пщызэбий къемыхъулIа лэжьыгъэ щыIэу. Абы и талант абрагъуэм хеубыдэ и макъ лъэщри, къызэрыфэри, сыт хуэдэ сэфэтым зэрихьэфри.

**БАЛЪКЪЫЗ Валерэ,**
*Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*щIыхь зиIэ я артист*

* * *

Театрым сыкъэкIуэну си пщIыхьэпIэ къыщыхэмыхуэ лъандэрэ Пщызэбий и творчествэм сыщыгъуазэщ. Жагъуэ тщымыхъуу къанэркъым иджыпсту цIыхухэм, къытщIэхъуэ щIэблэм артистхэм я гуащIэм зэрыхамыщIыкIыр. ИпэкIэ артист цIэрыIуэхэр псоми яцIыхурт.

Сэ си насып кърихьэкIащ Мысостышхуэм и гъусэу сценэм ситыну. Американ драматург О,Нил Юджин и «Лъагъуныгъэ, лъагъуныгъэ» спектаклым Пщызэбий сэрэ зэадэзэкъуэу дыщыджэгуащ. Абы щыгъуэ сыщIалэ дыдэт, апхуэдэ роль ин згъэзэщIэну япэу къысхуихуэу арат. Пщызэбий сызэригъусэм Iуэхум сызэрытригъэгушхуам пцIы хэлъткъым. Сценэм сыкъихьэн ипэ къихуэу ар зэрыджэгум, и псэлъэкIэм, и зыIыгъыкIэм сыкIэлъыплъырт, абы къару къысхилъхьэуи къысщыхъурт. Сыт и лъэныкъуэкIи сыдэплъейрт, щапхъэ схуэхъу зэпытт.

Мысостышхуэ Пщызэбий хуэдэ актерхэм щхьэкIэ «мастер» жаIэ.

**ДЭБАГЪУЭ Роман,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *

Сызэрысабийрэ адыгэ театрыр фIыуэ солъагъу, абы къыщыщIэдзауи сэ Мысостышхуэм и лэжьыгъэхэм сыщыгъуазэщ. Абы адыгэбзэр зэригъэIурыщIэм, ар зэригъэбзэрабзэм хуэдэу къызэхъулIэ артисти гъуэтыгъуейт.

Си щхьэкIэ си насыпу къызолъытэ Пщызэбий хуэдэ актёр сыдэлэжьэну къызэрысхуихуам папщIэ. НэхъыжьыфIт, удэлэжьэну тыншт, чэнджэщэгъу нэст. Мысостышхуэр и цIыху хэтыкIэкIи, и артистыгъэкIи, хабзэ, нэмыс хэлъкIи щапхъэ зытепх хъун цIыхут. Ахърэт нэху Тхьэм кърит!

**ХЬЭЩЭ Къанщобий,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист*

* * *

Пщызэбийрэ КIунэрэ (а тIум я цIэр зэпэщхьэхуэу жыпIэну къезгъэзэгъыркъым) зи IэщIагъэм гурэ псэкIэ ета цIыхухэщ. Пщызэбий еш жыхуаIэр псэуху ищIакъым, гугъэпсэхут, лэжьыгъэм удригъэхьэхыф къудейм къыщымынэу, IэщIагъэр фIыуэ уигъэлъагъурт.

**ЛУ Рэмэзан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист*

* * *



Мысостышхуэ Пщызэбий 1953 – 1958 гъэхэм ГИТИС-м щеджащ, Сталиным и цIэкIэ ягъэува стипендиер къихьу.

Къэбэрдей драмэ театрым абы роль нэхъыщхьэу 120-рэ, «Мосфильм»-м щытраха художественнэ фильми 6-м роль нэхъыщхьи къызэрыгуэкIи щигъэзэщIащ. Езым спектакль 20-м щIигъу игъэуващ. Драмтеатрым къыдэкIуэу, Пщызэбий дэлэжьащ «Бжьамий» ансамблми.

И Iэзагъэмрэ и зэфIэкIымрэ папщIэ Мысостышхуэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, СССР-м и Гостелерадиом я ЩIыхь тхылъхэр. Ар Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артистщ, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артистщ.

Япэ дыдэу Мысостышхуэ Пщызэбий «къытракъута» Iэгуауэ гуфIэгъуэмрэ иужь дыдэу нэщхъейуэ Iэгу щыхуеуэжамрэ я зэхуакум дэлъщ гъуэгуанэ кIыхь, хьэуэ, зы мэскъал, зы къэлыдыгъуэ, зы цIыху гъащIэ гупыкIыгъуей...

**ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли,**
*усакIуэ*

*Мысостышхуэ Пщызэбий хужаIахэр зыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ.**

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз




*ЕкIуэкIыу:* **7.** Гъуабжэ псори мыщэкъым, лыд псори … . **8.** … лъэIукIэкъахьыркъым. **10.** Дзэркуэдрэузмэ — … . **11.** ЗэхуэгъафIэ … къыхокI. **12.** … напщIэщ, пхъур набдзэщ. **15.** ПхъащIэ … мэзыр и благъэщ. **16.** … гугъэр и гъусэщ. **17.** ЩыкIыр насып … . **19.** … и гъуэмылэ пэшхщ. **20.** Шхэгъуэм жьантIакIуэщ, зауэ … шы Iыгъщ. **23.** ЖыIэгъуафIэ … , щIэгъуафIэкъым. **25.** Адыгэр … , мэупсэ, урысыр … , матхэ. **26.** … и кIапсэр бейм егъэлажьэ. **29.** Анэдэлъху … хъужыркъым. **30.** Нэхъыжьым жьэ ет, … гъуэгу ет. **31.** Быныр дыгъуэмэ, анэр мыгъуэ … . **34.** … насыпымрэ зэгуэшэгъущ. **35.** КъэдаIуэ, си хъыджэбз, … , си нысэ.

*Къехыу:* **1.** ... къэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ, кIуэжыгъуейщ. **2.** Псэм фIэIэфIыр ... фIэдахэщ. **3.** ... мыгъуэ мэхъу. **4.** ... хьэзыр щхьэкIэ, бысым хьэзыр? **5.** ... и кIапэр щIэм и напэщ. **6.** ... щхьэусыгъуэ и куэдщ. **9.** Уи анэ къимылъхуар уи ..., уи къуэш къимышар уи нысэкъым. **13.** Сэтэнейр ..., гъунэ иумылъэж. **14.** ... гъэтIылъыгъэфIщ. **17.** Бзаджэр ... , бзаджэм IущIэри ... . **18.** ... зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ. **21.** Махуэ къэси щыблэ ... . **22.** Абы и гъащIэр Iэхъуэ ... ехь. **24.** ... улъия. **27.** ХьэщIэр ... щысмэ, бысымыр йозэш. **28.** Уи делэ бгъакIуэмэ, уи Iуэху ... . **32.** ... гъуам псы щIэбгъэлъадэкIэ къэщIэрэщIэжыркъым. **33.** Псалъэр куэдрэ бгъэныщкIумэ, ... хъужкъым.

---

## Нэгъабэрей ехана къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр



*ЕкIуэкIыу:* **1.** Ауан. **6.** ХумкIэ. **8.** Адэм. **9.** IэкIэ. **10.** Ду. **12.** Пэ. **13.** ИтIанэ. **14.** Къигъэ. **15.** Щхьэх. **16.** Лъэпэдщи. **19.** Зэдилъмэ. **21.** ЗимыIэм. **23.** ЗауэфIрэ. **25.** ЗэхуэдитI. **28.** Уунэхъуащ. **31.** Джэду. **33.** ЩIэлъщ. **34.** Анэрэ. **35.** Вы. **36.** ГъущI. **37.** Щхьэм. **38.** Хэдзэ. **39.** Нэри. **40.** Щхьэж.

*Къехыу:* **2.** Уеущиймэ. **3.** Набдзэ. **4.** Мэлищэ. **5.** Хуэдэгущ. **6.** Хуэдэщ. **7.** КIапсэшхуэ. **11.** Дахэщ. **17.** ЗиIэм. **18.** ЗылъэкI. **20.** Мыр. **22.** ИщIэ. **24.** Абрэмывэ. **26.** Имылъагъумэ. **27.** ХьэщIэр. **29.** УлIакъуэщ. **30.** Анэмэт. **32.** Унэщи. **33.** ЩIасэщ.

# ЩЫГЪУЭ ПСАЛЪЭ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм, литературэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 94-м иту 2023 гъэм январым и 31-м дунейм ехыжащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф.

Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1929 гъэм октябрым и 16-м къыщалъхуащ.

Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр 1960 гъэм къиухащ. А илъэсым щегъэжьауэ 1965 гъэ пщIондэ Елгъэрыр редактору щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм. 1965 – 1970 гъэхэм ар «Ленин гъуэгу» газетым и литературэ лэжьакIуэу, итIанэ жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу щытащ. 1970 гъэм щегъэжьауэ илъэс 43-кIэ Кашиф «Iуащхьэмахуэ» журналым щылэжьащ: япэщIыкIэ къудамэм и унафэщIу, иужькIэ журналым жэуап зыхь и секретару. 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэсиплIым щIигъукIэ абы игъэзэщIащ «Iуащхьэмахуэм» и редактор нэхъыщхьэ къалэныр.

Елгъэр Кашиф литературэм япэ лъэбакъуэр зэрыхичар усыгъэкIэщ, нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, гушыIэрэ ауанкIэ гъэпса и тхыгъэхэмкIэщ. Апхуэдэт Кашиф 10-нэ классым щIэсу итха и япэ усэр. «Сэ епщIанэр къэзухащ» и IэдакъэщIэкIыр 1955 гъэм февралым и 20-м къыдэкIа «Советская молодежь» газетым къытехуат. А гъэ дыдэм «Къэбэрдей пэж» газетми къытрадзат «Лу шыдыгум икIуэдащ» и усэри. УсакIуэ щIалэм къуажэ школыр къыщиухым ирихьэлIэу, и тхыгъэ зыбжанэ «Къэбэрдей» альманахми къытехуауэ щытащ. ИужькIэ дунейм къытехьащ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ пщIы бжыгъэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, «Дыгъэр къыщыщIэкIым», «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», «ГугъапIэ», «Бгыхэм я жьауэ», «ЩIым и набдзэ», «Псэм и къалэн», «Вагъуэ псынщIэ» зыфIищахэр, нэгъуэщIхэри.

Елгъэрым зэчий зэрыбгъэдэлъыр, ди гъащIэм куууэ пхыплъыф усакIуэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр наIуэ къэзыщI тхыгъэ куэд и къалэмыпэм къыщIэкIащ. ГъащIэм и пэжкIэ узэщIа абы и тхыгъэ купщIафIэхэр топсэлъыхь гурэ псэкIэ зыхищIа Iуэхугъуэхэм. Удимыхьэхыу къанэркъым усакIуэм и бзэр зэрыжаным, зи гугъу ищI цIыхухэр, уи нэкIэ плъэгъуам хуэдэу, уи нэгу къызэрыщIигъэхьэм. Кашиф и усэхэр псом япэу зыхуигъэпсар ди нобэрщ, ди лъэхъэнэгъуэхэм я гъащIэрщ, я дунейрщ, я гурыгъу-гурыщIэхэрщ. Сытым темытхыхьами, ди зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр къыхиубыдыкIыфырт икIи нэсу зэпкърихыфырт Кашиф.

Елгъэрым прозэми и зэфIэкI къыщигъэлъэгъуащ. Абы и рассказхэмрэ повестхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ Налшыки Москваи

къыщыдэкӀащ. Апхуэдэхэщ «Сабиигъуэм и дыгъэ», «Мэз бгъуэщӀым», «Ухеймэ, улъэщщ», «Лъэужьхэр», «Лъагъуныгъэм и бзэ», «Гъуэгуанэ хьэлъэ» зыфӀища тхылъхэр. 1988 гъэм дунейм къытехьащ абы и «Щыуагъэ» романыр.

ТхакӀуэм куэд хузэфӀэкӀащ нэгъуэщӀыбзэкӀэ ятхахэр зэдзэкӀыным теухуауэ. Апхуэдэщ урыс-совет классикхэм, Украинэм, Абхъазым, нэгъуэщӀ щӀыналъэхэми я усакӀуэхэм, тхакӀуэхэм, драматургхэм я тхыгъэхэу газетхэм, журналхэм къытехуахэри, тхылъ щхьэхуэу къыдэкӀахэри. Ауэ абы и ӀуэхукӀэ нэхъыщхьэ дыдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащӀэм теухуа тхылъымрэ (1993) КъурӀэнымрэ (1998) адыгэбзэм къигъэтӀэсэным лэжьыгъэшхуэ зэрырихьэлӀар. ТхакӀуэм и гуащӀэм къыхуащӀ пщӀэм и щыхьэту, езым и тхыгъэ куэди нэгъуэщӀыбзэхэмкӀэ зэрадзэкӀащ.

Елгъэрыр Урысей Федерацэм и ТхакӀуэхэм я союзым хэтащ, абы «КъБР-м щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ», «КъБР-м и цӀыхубэ тхакӀуэ» цӀэ лъапӀэхэр къыхуагъэфэщащ.

Зи тхыгъэхэмрэ ӀуэхущӀафэхэмрэ, дуней тетыкӀэ дахэмрэ цӀыхугъэмрэ фэеплъу къытхуэзыгъэна тхакӀуэ гъуэзэджэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

***КъБР-м ЩэнхабзэмкӀэ и министерствэ,***
***КъБР-м и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэ,***
***«КъБР-Медиа» къэрал кӀэзонэ ӀуэхущӀапӀэ,***
***«Ӏуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ,***
***«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ***

**ӀУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 03.01.23. Выход в свет 27.02.23
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 16,1.Уч-изд. л. 12,6. Тираж 1.942 экз. Заказ №219
Подписная цена на 2 месяца 41р. 77к.
Подписная цена на 6 месяцев 125р. 31к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ставрополь щІыналъэ, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

*23.02.1937–3.09.1988*

## СИ ЛЪАХЭ – СИ УДЗ ДАХЭ

«СяужькIэ хуейми удзи кърemыкI...» –
ЖиIат, жи, цIыху Iей гуэрым,
ЩылIэм щыгъуэ.
СызэрыцIыкIурэ си гум зэи имыкI
А псалъэ Iейхэр – ноби срощыгъуэ.
Ар дауэ цIыхум и жьэ къыжьдыукI:
«СяужькIэ хуейми удзи кърemыкI...»

Мо дыгъэ къепсу псоми хуэжумартым
И бзийхэм щыщ абы къылъымысарэ!
Къыпхитхъыу уэсыр ажэгъуэмэр мартым
Дунейм къыщытехьам ар хуэмызарэ!
Ар дауэ цIыхум и жьэ къыжьдыукI:
«СяужькIэ хуейми удзи кърemыкI...»

Ди пщIантIэм дэзу сэ удз дахэ згъэкIт,
Шыпхъуншэу схьыти,
Шыпхъу къалэн згъэзащIэу;
Гъэгъахэр гъунэгъу Iыхьэу къезгуэшэкIт,
Сэ нэщхъыфIагъэт къайIысхри гуфIапщIэу.
Ар дауэ цIыхум и жьэ къыжьдыукI:
«СяужькIэ хуейми удзи кърemыкI...»

СощIэж, сэ губгъуэм Iэджэрэ сыкIуащ,
Си пщащэр згъэгуфIэну удз дахэхьэ,
Сэ куэдрэ гуфIэ нэпсхэр къысфIекIуащ
Сыкъеджэу усэ удз къыщысIэщIалъхьэм.
Ар дауэ цIыхум и жьэ къыжьдыукI:
«СяужькIэ хуейми удзи кърemыкI...»

Уэшх къошх, е цыIэрылъхьэу уэсыр къос –
Ди щIылъэр щремыщIэ зэи удз дахэ!
Ажалыр бжэм нэхъ благъэщ – хъумэ къэс –
«Си ужьыр махуэ пхухъу...» –
БжызоIэ, лъахэ!